**A. DA'WLETOV, M. DA'WLETOV**

# QARAQALPAQ TILI

## MORFOLOGIYA HA'M SINTAKSIS

7-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

*Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an*
*u'shinshi basi'li'm*

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw*
*ministrligi tasti'yi'qlag'an*

NO'KIS
«BILIM»
2013

**UOK 811.512.121 (075)**
**BBK 81.2 Qar**
**D-59**

**A. Da'wletov, M. Da'wletov. Qaraqalpaq tili. 7-klass ushi'n sabaqli'q.** No'kis, «Bilim». 2013. 160 bet.

**UOK 811.512.121 (075)**
**BBK 81.2 Qar**

Pikir bildiriwshiler:

**Bekbosi'nova Baxi't** — No'kis qalali'q 7-sanli' mekteptin' I kategoriyali' mug'allimi.
**Abdijabbarova Xurlixan** — No'kis qalali'q 1-sanli' qa'nigelestirilgen mekteptin' II kategoriyali' mug'allimi.
**Qalbaeva Na'wba'ha'r** — No'kis rayon 1-sanli' mekteptin' joqari' kategoriyali' mug'allimi, Qaraqalpaqstan xali'q bilimlendiriw ag'lasi'.

**Respublikali'q maqsetli kitap qori' qa'rejetleri yesabi'nan ijara ushi'n basi'p shi'g'ari'ldi'.**

ISBN 978-9943-327-94-8

**© «Bilim» baspasi', 2013**
**© «O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» Ma'mleketlik ilimiy baspasi', 2013**

## 1-SENTYABR – G'A'REZSIZLIK KU'NI



## Mustaqi'lli'q maydani'nan wo'tkende

Bu'gin A'miw boli'p aqqi'm keledi.
Arg'i'maq at boli'p shapqi'm keledi.
Bu'gin wo'n'irine wo'zbek ag'amni'n'
Kewlimnen gu'l u'zip taqqi'm keledi.

Nawayi', Berdaqlar da'stan bitkende,
Babur ta'rki watan qi'li'p ketkende,
Mashrab g'azzelleri pa'ryad yetkende,
Woyg'a alg'an maqsetine jetken be?

Babalar ruwxi' keshti woyi'mnan,
Mustaqi'lli'q maydani'nan wo'tkende.

Akmal, Allayarlar ati’li’p ketkende,
Jawlar Qadiriydi qatl yetkende,
Sharapatli’ insan uyqi’si’n buzi’p,
Qa’birinen shi’g’ari’p ali’p ketkende...
Ba’ri ko’z wo’n’imnen wo’tkendey boldi’,
Mustaqi’lli’q maydani’nan wo’tkende.

«Aq alti’n»nan tawday qi’rman pitkende,
Woni’ jat ka’rwanlar ali’p ketkende,
Sen woyshan’ su’yenip awi’r ketpenge,
U’nsiz turi’slari’n’ yeleslep ketti,
Mustaqi’lli’q maydani’nan wo’tkende...

Senin’ ruwxi’n’dag’i’ ma’rtlik, danali’q,
Jan’a da’wran joli’n tappag’i’ lazi’m.
Biyik insanli’g’i’n du’nya ta’n ali’p,
Ja’ha’n minberinen shi’qsi’n hawazi’n’.

Kewil talwas yetip, ilham yosh urar,
Miyrim suwi’ menen tolg’anday Aral,
Yeser bir a’jayi’p jag’i’mli’ samal,
Mustaqi’lli’q maydani’nan wo’tkende.

Wo’zbekstan — Ku’nshi’g’i’sti’n’ Sholpani’,
Ko’p qi’yi’n jollardan wo’tersen’ asi’p.
Binyad tawi’p azat insan a’rmani’,
Joli’n’di’ jaqti’rar i’g’bal quyashi’.

«Qutli’ qa’demin’e ha’sanat!» diyip,
Qan-qardash xali’qlar qol berip qolg’a,
Qara qalpag’i’mdi’ shalqayta kiyip,
Jani’n’da baraman bul ulli’ jolda!

*(I.Y)*

## *Sorawlar:*

1. Wo’zbekstan wo’z g’a’rezsizligine qashan iye boldi’?
2. Qosi’qti’ ta’sirli yetip woqi’p, ideyali’q mazmuni’n ayti’p berin’.
3. G’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ wo’zgerislerdi tu’sindirin’.

# KIRISIW

## A’debiy til ha’m woni’n’ a’hmiyeti

Tildin’ ku’ndelikli turmi’sta awi’zeki so’ylew ha’m jazba tu’rde ha’mmege ten’dey tu’sinikli qollani’latug’i’n tu’rine **a’debiy til** dep ataladi’. A’debiy til — tildin’ fonetikali’q, leksikali’q ha’m grammatikali’q qag’i’ydalari’ ha’m normalari’n wo’z ishine alg’an milliy tildin’ yen’ joqari’ formasi’. Qaraqalpaq milliy tili — ha’zirgi qaraqalpaq milletinin’ wo’zine tiyisli bolg’an birden-bir ana tili. Wol ha’rqanday jazba a’debiyatlar — ja’miyetlik-siyasiy, ilimiy-texnikali’q, miynetlerdin’, ko’rkem shi’g’armalardi’n’, woqi’w qurallari’ni’n’ ha’m t.b. jazi’w arqali’ iske asatug’i’n a’debiyatlardi’n’ tili boli’p yesaplanadi’.

A’debiy til awi’zeki so’ylew ha’m jazba til boli’p yekige bo’linedi. Awi’zeki so’ylew tili — xali’qti’n’ yerteden qollani’li’p kiyati’rg’an qatnas qurali’. Sonli’qtan wol uluwma xali’qli’q til dep te ataladi’. Awi’zeki so’ylewde so’zler a’debiy normadan wo’zgeshe fonetikali’q wo’zgeriske ushi’rap yamasa jergilikli wo’zgeshelikke iye boli’p ta keledi. Mi’sali’: jarpaq-japi’raq, quwla-qubla, ko’n’il-kewil, ko’ylen’ke-ko’len’ke, shali’-sali’, shag’al-sag’al t.b. Buni’n’ son’g’i’si’ a’debiy til ushi’n norma boli’p yesaplanadi’.

A’debiy tildin’ jazba tu’ri xali’q awi’zeki so’ylew tiline tiykarlanadi’. Wol jergilikli wo’zgesheliklerdegi ha’mme ushi’n ten’dey tu’sinikli so’zlerdi wo’z ishine aladi’.

### *Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:*

1. A’debiy til dep nege aytami’z?
2. A’debiy til qanday tu’rlerge bo’linedi? Wolardi’n’ bir-birinen wo’zgesheligin ayti’n’.
3. Awi’zeki so’ylew tilindegi **jambadi’, ali’ppar, sarala, jon’qa, Sa’rsembay** so’zlerinin’ a’debiy tilde qalay jazi’latug’i’ni’n du’zetip ayti’p berin’.

*1-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi berilgen so'zlerdin' awi'zeki so'ylew tiline ha'm jazba tilge qatnasli' tu'rlerin u'lgiden paydalani'p, bo'lek-bo'lek ko'shirip jazi'n'.

Topi'raq, torpaq, ko'mbedi, ko'nbedi, kelmedi, kemedi, kelati'r, kiyati'r, kelemis, kelemiz, shan'araq, shan'raq, tu'n'gi, tu'ngi, basshi', bashshi', russha, wori'ssha, jazsi'n, jassi'n, Aytpay, Aytbay, Turg'anbay, Turg'ambay, jiyirma, jigirma, digirman, diyirman, sa'ksen, seksen, tog'i'z, toqqi'z, musi'lman, musi'rman.

U'lgi: ***So'ylew tili*** ***A'debiy tili***
*barami's,...* *barami'z,...*

*2-shi'ni'g'i'w.* Qosi'qti' woqi'p, so'ylew tilge qatnasli' so'zlerdi tawi'p ayti'p berin'.

A'wel atqani'n'da «Birinshi adi'm»,
«Yerkin qaraqalpaq» boldi' laqabi'n'.
Gedey, diyqan xali'qti'n' maqset-muradi'n,
Su'renlep jar sali'p aytqan ga'zitsen'.

A'wel Seyfulg'abit, son'ra Ta'mendar,
Da'slepki qol qoyg'an redaktorlar,
A'repshe, lati'nsha tu'rlenip xatlar,
Sa'l u'yretse, ba'rin bilgen ga'zitsen'.

Aldi'ng'i'lar ta'jiriybesin quwatlap,
Kim teris pikir bolsa hu'jdani'n sotlap,
Da'wir menen barli'q waqta ten' atlap,
Shi'n teperish boli'p ju'rgen ga'zitsen'.

*(I. Y.)*

## VI KLASTA WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

### Fonetika ha'm imla boyi'nsha wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw

***Sorawlar:***

1. Fonetika neni u'yretedi?
2. Dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z sesler neshew, wolardi' atap ayti'n'.

3. Dawi'sli' seslerdin' bo'liniwin ayti'n', wolar qanday tu'rlerge bo'linedi?

4. U'nleslik ni'zami' haqqi'nda tu'sinik berin'. Wol qanday tu'rlerge bo'linedi?

5. Imla degen ne? Imla ha'm orfoepiyani'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' qanday?

***3-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdegi dawi'sli' seslerge fonetikali'q tallaw jasan' ha'm wolardi' juwanjin'ishke, yerinlik-yeziwlik, ashi'q-qi'si'q tu'rlerine aji'rati'p ayti'n'.

**Wo'mir** wo'z joli' menen **a'weldegidey** boli'p wo'te berdi. Awi'llar da kem-kemnen qurg'i'nlasi'p, **yel** toqshi'li'qqa shi'qti'. **Ko'rgen** azap-aqi'retlerimiz **umi't** boli'p, **adamlardi'n'** kewlinde qalg'an uri's dag'lari' wo'she basladi'.

**Aliman yekewimiz** awi'l xojali'g'i'na **bilek** boli'p islep ju're berdik. Fronttan soldatlar qayti'p keliwden-aq men **brigadirlik** wazi'ypani' **jaslarg'a** tapsi'rg'an yedim.

Sol waqi'ttag'i' jaslar yelege deyin "Brigadir apay" dep, **meni** si'ylap turadi'. (Sh.A.)

***4-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Di'qqat yetilgen so'zlerden u'nli dawi'ssi'zlardi'n' asti'n bir, u'nsiz dawi'ssi'zlardi'n' asti'n yeki si'zi'n'. Ne ushi'n u'nli ha'm u'nsiz boli'p bo'liniwin tu'sindirin'.

— A'y, menin' **qa'dirdan, qutli'** ken' dalam, ha'zir ji'yi'nterimnen keyin dem ali'p ati'rsan'. **Ha'zir** bul **jerlerde** adamlardi'n' dawi'si' yesitilmeydi. **Mashinalar** da arman-berman qatnap joldi'n' shan'i'n suwi'rmaydi'. Kombaynlar da ko'rinbeydi, **ati'zlarg'a** yele **mallar** da jayi'lg'an joq. Ha'zir bul a'tirapta sen ha'm men barman. Basqa heshkim joq. **Sen** menin' barli'q **wo'mir tariyxi'mdi'** bilesen'. (Sh.A.)

***5-shi'ni'g'i'w.*** Awi'zeki so'ylew tu'rinde berilgen so'zlerdi a'debiy tildegi imlasi' boyi'nsha ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' awi'zeki so'ylew ha'm jazba tu'rdegi wo'zgesheligin ayti'n'.

Aman'geldi, A'dembay, Aman'gu'l, Qaroy, torat, qarala, kelalmadi'm, tabalmadi'm, barmeken, ag'alti'n, Ko'go'zek, temirg'azi'q, a'llegim t.b.

***6-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tu'bir so'zlerge qawi's ishindegi qosi'mtalar qosi'lg'anda awi'zeki so'ylewdegi wo'zgeriske ushi'raw sebebin tu'sindirin' ha'm wolardi' imla qag'i'ydalari' boyi'nsha duri's jazi'n'.

Bas(shi')— bashshi', qos(shi')— qoshshi', duz(shi')— dushshi', du'z(sin)— du'ssin, jaz(si'n)— jassi'n, jan(badi')— jambadi', ko'n(bedi)— ko'mbedi, Qurban(bay)— Qurbambay.

***7-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' u'nlesiw ni'zamli'li'qlari'na di'qqat yetin'. Wolardi'n' qaysi'lari' buwi'n u'nlesligi, qaysi'lari' ses u'nlesligi yekenligin ani'qlan'.

Mine, Qi'zi'lqum **boylari'nda** haqi'yqat ba'ha'r baslandi'. **Ko'kte** quyash jarqi'rap, jer-anani'n' bawi'ri'n balqi'tti'. Tumli'-tus ko'k jasi'l **do'ngen** lipaslar kiyindi. Ha'tte say-salalar menen **wo'zeklerdegi** ko'k **suwlardi'n'** wori'nlari'n iynedey ji'lti'rag'an **ko'zge** na'zik ko'rinetug'i'n ko'k sho'pler qaplap ketti. Tek bul yemes, al tuw **uzaqlardan** ko'zge tu'setug'i'n taw jotalari' menen qum janbawi'rlari' jasi'l maysalar menen **bo'lendi.** (W.X.)

## Leksikologiya boyi'nsha wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw

### *Sorawlar:*

1. So'z ha'm woni'n' ma'nisi, ko'p ma'nili so'zlerge qalay tu'sinesiz?
2. Tilde ko'p qollani'latug'i'n ha'mmege wortaq so'zlerge qanday so'zler kiredi?
3. Ka'sipke baylani'sli' so'zlerge qanday so'zler kiredi?
4. Terminler dep nege ayti'ladi'?
5. Dialektlik so'zler degen ne? Tu'sinik berin'.
6. Orfoepiyali'q ha'm orfografiyali'q so'zliklerge qanday so'zler kiredi?

***8-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen so'zlerdin' leksikali'q ha'm grammatikali'q ma'nileri boyi'nsha tu'sinik berin'.

Ay, juldi'z, awi'l, qala, taw, ko'l, da'rya, kitap, bari'w, keliw, woqi'w, jazi'w, qi'zi'l, ko'k, sari', u'lken, ha'zir, bu'gin, u'sh, won, jigirma, men, sen, wol, tars, du'rs, ji'lt-ji'lt, zir-zir, ah.

*9-shi'ni'g'i'w*. Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge leksikali'q tallaw jasan'. Wolardi'n' leksikali'q ma'nisi jag'i'nan qanday so'zler yekenine tu'sinik berin'.

Shi'mbayg'a ji'ynaydi' alg'an **beldari'n**,
Xorezmge saldi' beldar sa'rdari'n
**Ha'meldarlar** tawi'p qoydi' sa'rdari'n,
Xali'q tilekles boli'p qala basladi'.

Sharjawdan mindirgen sol **wotarbasi'**,
Aldi'nan wo'te almas ushqan g'arg'asi',
**Japakeshler** qarsi' turi'p qozg'aldi',
Paraxat xali'qqa **woyaz jar saldi'.**

Jeti u'yge bir adam **ma'rdikar** aldi',
Xali'qti' teren' woylandi'rg'an ma'rdikar.

*(Xali'q qosi'g'i')*

## So'z jasali'w boyi'nsha wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw

***Sorawlar:***

1. So'zler qalay jasaladi'?
2. Qosi'mtalar qanday tu'rlerge bo'linedi? So'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtalardi'n' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
3. So'zlerdin' jasali'w usi'llari' qanday?
4. Qospa so'zler qalay jasaladi'?

***10-shi'ni'g'i'w*.** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' quri'li'si'na di'qqat awdari'n'. Wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'p, qosi'mtani'n' qaysi' tu'ri yekenin tu'sindirin'.

**Jazdi'n' payi'zli' azani'**. Tan' azannan **jumi'sshi'lar** qosi'q ayti'p ati'zg'a shi'qti'. A'l hawada ko'zge ilinbey, shi'ri'ldap sayrag'an poshsha torg'aydi'n' jag'i'mli' dawi'si' yesitildi. Poshsha torg'aydi'n' qon'i'rawday si'n'g'i'rlag'an saz dawi'si' **to'mendegi yegislikke** quyash nuri'na aralasi'p, jayi'li'p ati'rg'anday seziledi.

Usi' **ma'ha'lde** gu'llan **quslar** ja'mlenip, du'rlep **aspang'a ko'terildi.** Poshsha **quslardi'** ko'rip, quwani'shtan baqi'ri'p jiberdi.

*11-shi'ni'g'i'w.* Tekstti ko'shirip jazi'n'. So'z jasawshi' qosi'mtali' so'zlerdin' asti'n si'zi'p, sol so'zdin' qaysi' so'z shaqabi' yekenin ayti'n'.

## Ayg'abag'ar

Ayg'abag'ardi'n' watani' Arqa Amerika boli'p, wol Evropag'a XVIII a'sirde ali'p kelindi. Ayg'abag'ar tiykarg'i' may ali'natug'i'n yeginlerdin' biri. Da'ninde 50-52 procent may boladi', jug'i'mli'li'g'i' jag'i'nan basqa wo'simlik maylari'nan joqari' turadi'. Ayg'abag'ar mayi'ni'n' azi'q-awqatli'q zat si'pati'nda bahali'li'g'i' sonda, woni'n' qurami'nda adam densawli'g'i' ushi'n ju'da' paydali' joqari' biologiyali'q a'hmiyetke iye may kislotasi' bar. Ha'zirgi ayg'abag'ardi'n' jer ju'zilik yegislik maydani' 9,6 million gektardi' quraydi'.

Ayg'abag'ar ma'deniy ha'm jabayi' boli'p yeki tu'rge bo'linedi. Wol jaqti'li'qti' jaqsi' ko'retug'i'n wo'simlik. Hawani'n' bultli' ku'nleri wo'sip rawajlani'wi' toqtaydi'. («Y.Q».)

*12-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi so'zlerdin' qosi'li'wi' arqali' jasalg'an qospa so'zlerdi tu'rlerine aji'rati'p ko'shirip jazi'n'.

**U'lgi:**
1. Birikken so'zler: qolg'ap, ...
2. Birikpegen qospa so'zler: qara tori', ...
3. Jup so'zler: yer-ju'wen, ...
4. Qi'sqarg'an so'zler: QR, ...

Aral ten'izi, Dawi'tko'l, at arba, aq qutan, Worta Aziya, qarabaraq, palawga'di, asqabaq, BMSH, QMU, azi'q-awqat, Ten'geshashqan, Qaraoy, ashi'q ju'zli, awi'l xojali'g'i', heshkim, ha'rkim, ha'rqashan, jer ju'zilik, ha'r ku'ni, ha'r adam, TashMI, Go'ne U'rgenish, miynet haqi', bi'yi'l, bu'gin, demali's, yersili-qarsi'li'.

## Morfologiya boyi'nsha wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw

***Sorawlar:***

1. Morfologiyada neler u'yreniledi?
2. So'z shaqaplari' neshege bo'linedi?
3. Ma'nili so'z shaqaplari' ha'm ko'mekshi so'z shaqaplari'n ayti'n'?
4. Wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' qanday?

***13-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi so'z shaqabi'na aji'rati'p ayti'n'.

**G'awashalari'** qulpi'rg'an u'lken-u'lken **ati'zlar** shalqar ten'izdey **ko'k-ko'n'bek**. Arqa betten **yesken** salqi'n samaldi'n' yepkini menen **wolar** ga' **terbelip**, ga' shayqali'p qarag'an adamg'a ta'jim yetkendey zawi'q **bag'i'shlaydi'**.

U'lkemizdin' **yerte** tan'dag'i' ti'ni'q **taza** hawasi'nan ko'ki-rekti tolti'ri'p dem ali'wdi'n' la'zzeti wo'z aldi'na **g'oy. Men** a'dettegi ta'rtibim boyi'nsha azang'i' saat **beste turi'p**, ati'zla-ri'mdi' aralap, keshegi jumi'slardi'n' **wori'nlani'wi'n baqlayman**. Arqayi'nli'q diyqang'a **ba'rhama** pa'nt berip kiyati'rg'ani' belgili. Ku'n sanap wo'sip rawajlani'p barati'rg'an **daqi'l** arqayi'nli'qti'n' aqi'betinde joli'nan qaladi'. («Y.Q».)

***14-shi'ni'g'i'w***. Tekstti ko'shirin'. Feyillerdin' asti'n si'zi'p wolarg'a morfologiyali'q tallaw jasap, feyillerdin' qaysi' meyil, qaysi' bette ha'm ma'ha'lde yekenin ani'qlan'.

## Qi'slawda

Buri'ng'i' qaraqalpaq awi'llari'ni'n' qi'sta jasag'an jeri qi'slaw dep ataladi'. Qi'slawlar qami'stan, ji'n'g'i'ldan, shen'gelden islenedi. Wolardi'n' tu'bi jerge ko'milip, wortasi'nan qi'spaq buwi'ladi'. Bul qoralar bir qon'si'ni'n' qoralari' menen yekinshi qon'si'ni'n' qoralari' bir-birine tutasti'ri'li'p u'lken qora qi'li'na-di'. Wolar ko'she-ko'she boladi'. Bunday qali'n' qoni'slasqan awi'ldi' «bir gu'ren' awi'l» dep ataydi'. Qoralardi'n' ishine qara u'yler tigiledi. Qi's aylari' awi'l adamlari' usi' qara u'ylerdin' ishinde wo'mir keshiredi. (Q.A.)

***15-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Sanli'q, almasi'q, ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n ha'm ga'ptin' qaysi' ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqari'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Yelimizde agrarli'q salag'a u'lken itibar berilmekte. 2. Wo'z waqti'nda fermerlik ha'reketine ken' jol ashi'p berildi. 3. Ha'zir-gi waqi'tta fermerlik ha'reketi tek wo'zin, shan'arag'i'n bag'i'w g'ana yemes, usi'ni'n' menen bir waqi'tta wo'zinin' aldi'na uzaq ha'm ani'q maqsetler qoydi'. 4. Awi'llari'mi'z, pu'tkil yeli-

mizdin’ bu’gingi ku’ni ja’ne keleshegi ushi’n juwapkershilikti wo’zine ali’wg’a i’layi’q bolg’an sheshiwshi siyasiy ja’miyetlik ku’shke aylani’p barmaqta. 5. Bi’yi’lg’i’ paxta zu’ra’a’tinin’ 90 procentten aslami’ joqari’ sortlar menen jetistirildi. 6. Respublikami’zdi’n’ aldi’ng’i’ fermer xojali’qlari’ paxta zu’ra’a’tin ha’r gektar jerden 45 — 50 centnerge deyin jetkerdi. («Y.Q.»)

***16-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerden toli’qlawi’sh, ani’qlawi’sh ha’m pi’si’qlawi’shlardi’ tawi’p, wolardi’n’ qanday so’z shaqaplari’ arqali’ bildirilgenin ani’qlan’.

1. Ko’shenin’ yeki qaptali’ndag’i’ qi’yaban joldi’n’ u’sti arman-berman ju’rip ati’rg’an kewilli adamlarg’a toli’. 2. Jan’a uyasi’nan shi’qqan ay kem-kemnen joqari’ ko’terilip jaqti’li’g’i’ arti’p barati’rg’anday. (A.B.) 3. Sizdi wo’zimizdin’ sheshemizdey qa’dirleymiz. 4. Wolardi’n’ aldi’nda Worazgu’l meni quwi’p kiyati’rg’an shi’g’ar dep, japti’n’ biyik i’rashi’nan to’menge qaray asi’p tu’stim (J.A.). 5. Aydos jazi’q man’layi’n ji’yi’ri’p alaqani’na basi’n qoyi’p biraz woti’rg’annan keyin tiklendi ha’m qami’rdan qi’l suwi’rg’anday jay paraxat ga’p basladi’. (T.Q.) 6. Men bul so’zlerge tu’sinbey, awzi’m ashi’li’p apama qaradi’m. (G.E.)

## MORFOLOGIYA HA’M IMLA

## KO’MEKSHI SO’Z SHAQAPLARI’

### § 1. Ko’mekshi so’zler haqqi’nda tu’sinik

Tildegi barli’q so’zler **ma’nili so’z shaqaplari’** ha’m **ko’mekshi so’z shaqaplari’** boli’p, u’lken yeki toparg’a bo’linedi.

Jeke turg’anda belgili leksika-grammatikali’q ma’nige iye bolg’an so’zler ma’nili so’z shaqaplari’ dep ataladi’.

Jeke turg’anda leksikali’q ma’ni an’latpaytug’i’n ha’m belgili ga’p ag’zasi’ni’n’ xi’zmetin atqara almaytug’i’n so’zlerge ko’mekshi so’zler delinedi.

Ko’mekshi so’zlerdin’ geyparalari’ so’zlerdi yamasa ga’plerdi bir-biri menen baylani’sti’rsa, geyparalari’ ga’pke yaki jeke so’zge qosi’msha grammatikali’q ma’ni beredi.

Mi’sali’: 1. Tilewbiyke ketken **son’** to’menge si’pi’ri’li’p tu’stim. 2. Arti’q ag’a **menen** Atamurat ko’lden shi’g’i’wdan-aq tog’ayg’a **qaray** bag’dar aldi’. 3. Ku’n a’dewir basi’layi’n depti, **tek** jag’i’msi’zlaw **g’ana** samal yesip tur. (W. X.)

Bul mi’sallarda **son’, menen-aq, tek, g’ana** ko’mekshi so’zleri ma’nili so’zler ha’m ga’pler menen birge qollani’li’p, ko’mekshi so’z wazi’pasi’n atqari’p kelgen.

Ko’mekshi so’zler grammatikali’q ma’nisi ha’m atqaratug’i’n xi’zmetine qaray, **tirkewish, da’neker** ha’m **janapay** boli’p u’sh tu’rge bo’linedi.

***17-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti ko’shirip jazi’p, ko’mekshi so’zlerdin’ asti’n si’zi’n’. Ma’nili so’zlerden ayi’rmashi’li’g’i’na itibar berin’.

Balani’n’ wo’zi birge woynaytug’i’n joralari’ bolmag’anli’qtan a’ne usi’nday sumli’qsi’z ha’m biyqayg’i’ na’rselerdin’ qorshawi’nda qalatug’i’n yedi. Tek avtolavkani’ ko’rgen ma’ha’lde g’ana wol bir na’rseler jo’ninde bas qati’rg’andi’ qoyi’p, u’y betine qaray zi’tqi’ydi’. Wo’ytkeni avtolavka wog’an qanday da bir taslar menen sho’plik yemes, aqi’ri’. Aytari’ bar ma, woni’n’, avtolavkada ne joq deysen’, ba’ri bar! (Sh.A)

***18-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Teksttegi ko’mekshi so’zlerdi tawi’p, wolardi’n’ qanday so’zler menen qollani’li’p kelgenine ha’m ma’nilerine di’qqat awdari’n’. Ga’plerdegi ko’mekshi so’zlerdin’ bir-birinen wo’zgesheligin tu’sindirin’.

Baratug’i’n u’yi a’dewir jer bar yedi. Wol awi’li’nan shi’g’i’p biraz ju’rgennen keyin, qa’dimgi To’rtku’l menen Shi’mbaydi’ baylani’sti’ri’p turg’an u’lken gu’zar jolg’a tu’sti.

Qi’sti’n’ aqi’rg’i’ aylari’. Keshke qaray aspandi’ bult qaplap, bati’stan ku’shli samal yesti. Worazbay arbasi’n ju’klep boli’p ha’wliden shi’g’i’p hawani’ baqladi’. Hawa tu’nde ju’riwge qolaysi’z yedi. Woni’n’ menen isi bolmadi’. Arbasi’n aydap shi’g’i’p, da’rwazag’a qulp urdi’. Arbani’n’ altaqtasi’na mindi.

— Shu’w, ja’niwar, — dep atti’n’ delbesin qaqti’. At ju’rip ketti. Da’ryag’a baratug’i’n jolg’a tu’sti. Kegeylinin’ muzi’ yele bekkem yedi. Wonnan irkilmey-aq wo’tip, qublag’a qarag’an jol menen ju’rip woti’rdi’. (S. X.)

***19-shi'ni'g'i'w.*** Teksttin' ishinen ko'mekshi so'zli ga'plerdi terip ko'shirip jazi'n'. Ko'mekshi so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' ma'nili so'zler menen baylani'si'n ha'm wolarg'a qanday qosi'msha grammatikali'q ma'ni ju'klep kelgenin ani'qlan'.

1. Son'g'i' gezleri sayaman shertektin' asti' payi'zli' boli'p ketti. U'lken japti'n' aqqan suwi' wog'an salqi'nli'q berdi. Kelgen de, ketken de usi' jerde irkilip, ha'z yetip shay ishedi. Arqa betten jag'i'mli' samal yesip turadi'.

2. Ja'ha'ngir usi' waqi'tqa shekem kim menen islesip, kim menen dos bolg'ani'n yesledi. Biraq, qatti' woylandi'.

Ja'ha'ngir basi'p wo'tken wo'mir joli'n yesledi. Seni bul baxi'tqa, bul izzet-hu'rmetke jetkerip, sha'n-sha'wketke jetkergen kim deysen'. A'lbette, xalqi'n' ha'm doslari'n'. A'ne, sol ushi'n jani'n'di' pida' qi'lsan' arzi'ydi'. (W. X.)

# TIRKEWISHLER

## § 2. Tirkewish haqqi'nda tu'sinik

***20-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat awdari'n'. Wolar ga'p ishinde jeke turg'anda wo'z aldi'na ma'ni an'latatatug'i'nli'g'i'n yamasa wo'zinen buri'ng'i' so'zge dizbeklesip qosi'msha ma'ni bildiretug'i'nlig'i'n tu'sindirin'.

1. Basqani' woqi'ti'w **ushi'n** aldi' **menen** wo'zin' woqi'. 2. Wol qabaqti' toli' suwi' **menen** ko'terip kiyati'r. 3. Suw barg'an **sayi'n** teren'ley basladi'. 4. Usi'lar **ushi'n** irkilip qaldi'm. 5. Men usi'lar **jo'ninde** woylag'an yedim. (I. Y.) 6. Ku'n **sayi'n** yeki jaq telefon **arqali'** xabarlasi'p turadi'. 7. Shertek qaqi'ra **ta'rizli** quri'lg'an. 8. Qardi'n' beti qorag'a **deyin** sozi'lg'an. (W.X.)

Atli'q ha'm atli'q ma'nisindegi so'zlerge dizbeklesip, wolardi' basqa bir ma'nili so'zlerge bag'i'na baylani'sti'ratug'i'n ko'mekshi so'zler **tirkewish** delinedi.

Tirkewishler dizbeklesip kelgen so'zi menen birge bir sorawg'a juwap beredi ha'm sol so'z benen birge bir ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqaradi'.

Tirkewishler dizbeklesetug'i'n so'zinen bo'lek jazi'ladi'.

Mi’sali’: Qoylar **ushi’n** wot-sho’p ji’ynadi’. Sali’ni’ kombayn **menen** ji’ynadi’. Men kelgen **son’** koncert baslandi’. Wol awi’l **jaqqa** na’zer saldi’.

**An’lati’w**: **menen (benen, penen)** ko’mekshi so’zi tirkewishlik xi’zmeti menen qatar, birgelkili ma’nili yeki so’zdin’ arasi’n baylani’sti’ri’p, da’nekerlik xi’zmette de qollani’ladi’. **Mi’sali’:** Jan’a qoni’s boli’p ati’rg’an sali’keshler **menen** sharwalardi’n’ balalari’ woqi’ytug’i’n mektep Asqardikinen ta’wir-aq ali’s yedi. (I. Q.)

Bul ga’pte **menen** ko’mekshi so’zi ten’ ma’nili birgelkili ag’zalardi’ baylani’sti’ri’p kelgen.

*21-shi’ni’g’i’w.* Ga’plerdi woqi’n’. Qara ha’rip penen jazi’lg’an tirkewishlerdin’ qanday so’z shaqaplari’ menen dizbeklesip ma’nilik baylani’sqa tu’sip turg’ani’n ayti’p berin’.

1. Yerten’ine tu’slik awqattan **son’** Ru’stem jumi’sshi’lardi’ ji’ynadi’. 2. Polat bul so’zlerdi di’qqat **penen** ti’n’lag’annan **keyin,** kewli jay tapti’. 3. Ga’p brigadani’n’ dan’qi’ **haqqi’nda** boldi’. 4. Usi’ ji’ynali’stan **keyin,** Polatti’n’ minezinde a’lleqanday bir wo’zgeris payda boldi’. 5. Aradan az waqi’t wo’tpey-aq jumi’s **penen** ta’miyinlendi. 6. Brigada aldi’nda ju’zi to’men bolmawi’ **ushi’n**, Ru’stemdi qoymawi’ **ushi’n** Xalmattan wozi’p shi’g’i’wg’a ha’reket yetti. 7. Polat keshte jumi’stan sharshap shi’g’i’wi’na **qaramay,** Ru’stem **menen** birge bali’q awlawg’a bardi’. (Sh. R.)

*22-shi’ni’g’i’w.* Ko’shirip jazi’n’. Tirkewishlerdi tawi’p, wolardi’n’ dizbeklesip kelgen so’zi menen qosa asti’n si’zi’n’. Tirkewishlerdin’ wo’zi dizbeklesip, kelgen so’zi menen qaysi’ ag’zani’n’ xi’zmetinde yekenin ani’qlan’.

1. U’yine kelgennen keyin de wol bul sorawlarg’a juwap izlep a’dewir ha’leklendi. (K. A.) 2. So’ytse de, si’r bermeyin degen qi’yal menen To’rebay worni’nan turi’p, to’rinen wori’n ko’rsetti. 3. Aqi’ri’ bolmag’an son’ u’yge qaytti’m. 4. Birazdan son’ tag’i’ ko’shege shi’qti’m. 5. Quwani’wi’m menen u’yge keldim, atam menen apam qapalang’an tu’rde woti’r. 6. Da’rha’l mektepke qaray juwi’rdi’m. (A’. Sh.) 7. Ku’n sayi’n quri’li’sti’n’ pa’ti wo’se berdi.

## § 3. Tirkewishlerdin’ tu’rleri

***23-shi’ni’g’i’w.*** Tirkewishlerdi tawi’p, wo’zleri tirkesetug’i’n so’zlerge qanday qosi’msha ma’ni bildirip turg’anli’g’i’na di’qqat yetin’.

1. Wol aytqan so’zin da’lillew ushi’n a’n’gimesin dawam yetti. 2. Wo’tebiyke kempir tu’ni menen uyqi’lay almadi’. 3. Qudaybergen u’yden shi’g’i’p ketkennen baslap, woni’ sorawshi’lar ko’beyip ketti. 4. Bunnan keyin wol shi’rani’ jen’inin’ ushi’ menen jelpip wo’shirdi de, to’segine jatti’. 5. A’llen waqi’tlarg’a shekem uyqi’si’ kelmedi. (K.M.)

Tirkewishler shi’g’i’si’na qaray u’sh toparg’a bo’linedi: **tu’pkilikli tirkewishler**, **atawi’sh tirkewishler** ha’m **feyil tirkewishler**.

1. Tu’pkilikli tirkewishlerdin’ topari’na wo’zinin’ jeke turg’andag’i’ leksikali’q ma’nisinen birotala ayi’ri’lg’an ko’mekshi so’zler kiredi. Wolar mi’nalar: **ushi’n, deyin, sheyin, shekem, sayi’n, kibi, yan’li’, ta’rizli, si’yaqli’, menen, haqqi’nda, tuwrali’, jo’ninde, arqali’** t.b. Bulardi’n’ ma’nisi wo’zleri dizbeklesip kelgen so’zler menen birge ani’qlanadi’.

2. Atawi’sh tirkewishlerdin’ topari’na atawi’sh ha’m ra’wish so’zlerden ko’mekshilik xi’zmetke wo’tken **keyin, son’, buri’n, aldi’n, basqa, wo’zge, jani’nda, qasi’nda, u’stinde, tusi’nda, arti’nda, u’stinde, ishinde, beri, (berli),** t.b. so’zler kiredi. Bul toparg’a kiretug’i’n ko’mekshi so’zler worni’ menen birde ma’nili so’z, birde ko’mekshi so’z xi’zmetinde qollani’ladi’. Mi’sali’: 1. Wol **keyin** keldi. 2. Bizler u’yge **buri’n** keldik. 3. Wol ha’mmeden **keyin** keldi. 4. Wol bizlerden **buri’n** keldi.

Bul mi’sallardag’i’ 1-2-ga’plerdegi **keyin, buri’n** so’zleri wo’z aldi’na jeke qollani’li’p ra’wish, al 3-4- ga’plerdegi **keyin, buri’n** so’zleri aldi’ndag’i’ seplik qosi’mtali’ so’zlerge dizbeklesip, tirkewish wazi’ypasi’n atqaradi’.

3. Feyil tirkewishlerdin’ topari’na ko’mekshi so’z wazi’ypasi’na wo’tken **qarap, qaray, qarag’anda, qaramastan, baslap, boylap, jag’alap,** t.b. ko’mekshi so’zleri kiredi. Bular ga’p ishinde qollani’li’w wo’zgesheligine qaray, birde ma’nili so’z, birde ko’mekshi so’z

wazi'ypalari'nda qollani'la beredi. Ko'mekshi (tirkewishlik) xi'zmette kelgende, wolar wo'zinen buri'n kelgen ha'r tu'rli seplik qosi'mtali' so'zler menen dizbeklesedi.

*24-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Tu'pkilikli tirkewishlerdi tawi'p, wolardi' dizbeklesip turg'an so'zi menen birge ayti'p berin'.

1. Mine, Seydan 12 ji'ldan berli wo'z wo'mirinde artti'rg'an usi' gewishin su'yrep ju'r. 2. Sonnan beri Seydan g'arri'ni'n' yesabi' boyi'nsha, yeki gewishke bir mi'n' bir jamaw tu'sken yeken. 3. U'ydin' u'zikleri de g'arri'ni'n' gewishlerinen kem jamalmag'an si'yaqli'. 4. Piskennen keyin u'ydin' ha'jeti ushi'n u'zip ali'ng'anlari'nan basqasi' pa'lek penen birge basti'rmag'a wo'rmelegen hali'nda qali'p qoyadi'. 5. Jaman yesik wo'zinin' jag'i'msi'z dawi'si' menen ashi'li'p, sen ishke atlap tu'skennen keyin a'llen waqi'tqa shekem ko'zin' qaran'g'i'li'qtan basqa hesh na'rseni ko'rmeydi. 6. Ku'nge pisken mi's ren'li bet almalari'na deyin qali'n' buwri'l saqal qaplag'an. 7. Gewish ji'rti'li'w menen ha'lek, Seydan g'arri' jamaw menen ha'lek. (I.Y.)

*25-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Atawi'sh tirkewishlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'na dizbeklesip kelgenin ha'm qanday sepliktegi so'zlerdi basqari'p turg'ani'n ani'qlan'.

1. Men usi' mektepke kelmesten buri'n wo'z aldi'ma paxta ali'p ju'rgen mug'allim yedim. 2. Direktordi'n' aldi'na barg'an bul jigitlerdin' ishinen wo'tken woylasi'q boyi'nsha ga'pti Asqar baslawi' kerek yedi. 3. Wol direktor menen sa'lemlesip boli'wdan da'rha'l woyi'n wortag'a sali'wg'a bati'na almay irkildi. 4. Asqar barsa, Shamurat yesiginin' aldi'nda kiyinip shi'g'i'p tur yeken. (I. Q.)

*26-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Tirkewishlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi'si' tu'pkilikli tirkewish, qaysi'si' atawi'sh ha'm qaysi'si' feyil tirkewish yekenin aji'rati'p ayti'n'.

1. Bag' yegiw ushi'n ashi'lg'an won yeki gektarday jerdi Sultan g'arri' suwg'ari'p ju'r. 2. Wol berilgen sorawlarg'a qi'sqa so'z benen juwap berdi. 3.U'yine kelgennen keyin Sultan g'arri' pechke wotti' wajlati'p jaqti'. 4. Palsa'nem jumi's kiyimlerin

kiyip fermag'a qaray ketti. 5. Kelse, medpunkttin' aldi'nda bir topar qi'z-jigitler tur yeken. (J. M.) 6. Taw janbawi'ri'nan baslap tap ko'k aspang'a tutasi'p turg'an ko'k jiyekke shekem ha'mme jer lala gu'llerden lipas kiydi. (Sh. R.) 7. Bizler Jandulla ag'ag'a qi'zi'w jumi's u'stinde gezlestik. (N. D.)

*27-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi tirkewishlerdi keltirip yadtan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan 8 ga'p tawi'p jazi'n'. Jazg'an ga'plerin'izdegi tirkewishler atli'q, almasi'q, atawi'sh feyil, kelbetlik feyillerge dizbekle-setug'i'n bolsi'n ha'm wolardi'n' seplik qosi'mtali' tu'rinde keliwin de yesapqa ali'n'.

Tirkewishler: sayi'n, tuwrali', arqali', si'yaqli', kibi, menen, taman, buri'n.

## § 4. Tu'pkilikli tirkewishlerdin' qollani'li'wi' ha'm ma'nileri

Tu'pkilikli tirkewishler ataw, bari's, shi'g'i's, seplik-lerindegi atawi'sh ha'm atawi'shli'q xi'zmettegi so'zler menen dizbeklesip qollani'ladi'.

1. Ataw sepligindegi so'zler menen **ushi'n, sayi'n, arqali', menen** (penen, benen), **haqqi'nda, tuwrali', boyi'nsha, kibi, si'yaqli', ta'rizli, sebepli** tirkewishleri qollani'li'p, sol so'zlerge qatnasli' **wori'n, waqi't, sebep, zatli'q** ha'm t.b. ma'nilerdi bildiredi. Mi'sali': 1. Kanal-di'n' boyi'ndag'i' **jol menen** birewler kiyati'r. 2. Jumi's **ku'n sayi'n** qi'zdi'. (J. A.) 3. Ayxan **a'kesi tuwrali'** ku'nde woylanatug'i'n yedi. (T. Q.)

2. Bari's sepligindegi so'zler menen **taman, deyin, sheyin, shekem, sali'm** t. b. tirkewishler qollani'li'p, **wori'n, waqi't** ha'm **mug'dar**, **qarsi'li'qli'** ma'nilerdi bildiredi. Mi'sali': 1. **Keshke taman** xali'q toparlasi'p ten'qurbi'-lari' menen gu'rrin'lesip ati'r (J.Sh.) 2. Keleshek wo'miri jo'ninde yekewi ko'p **waqi'tqa shekem** so'ylesip jatti' (M.D.) 3. Mashina jerdin' asti'n woti'z metr **teren'likke deyin** qazadi'. (T. N.) 4. **Keshke sali'm** ayi'ri'm adamlar shegin boli'p u'ylerine qayti'wg'a beyimlesken. (J. Sh.)

3. Shi'g'i's sepligindegi so'zler menen **go'ri**, **aslam** t.b. tirkewishler qollani'li'p, waqi't, sali'sti'ri'w ha'm ku'shey-

tiwshilik ma'nilerdi an'latadi'. Mi'sali': 1. A'rmanda **wo'lgennen go'ri** gu'resip wo'lgen jaqsi'. (J.A.) 2. Yel ishinen **mi'n'nan aslam** no'ker ji'ynap qaytti'.

*28-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an tirkewishlerdin' qaysi' sepliktegi so'z benen qollani'li'p kelgenin ha'm ma'nisin ani'qlan'.

1. Inkamal apay quni'si'p ton'g'ani'na qaramastan, geografiya sabag'i' waqti'nda Indiya jag'alawlari'na jaqi'n okeandag'i' Ceylon atawi' **jo'ninde** woqi'wshi'larg'a so'ylep berip ati'r. 2. Biraq, ba'rinen de **beter** bul jerdin' i'ssi'si'n aytsan'-a'. 3. Ceylonda tu'ni **menen** de tap ku'ndizgidey i'ssi'li'qti'n' ha'wiri sezilip mudami' jaz boli'p turadi'. 4. Shomi'lg'i'n' kele me, meyli azannan keshke **deyin** shambi'rlati'p shomi'la ber. (Sh. A.) 5. Men To'rtku'lde ju'rip usi' shaydi' siz **ushi'n** aldi'm. 6. Jaqi'nlag'an **sayi'n** gu'rildi qatti' yesitildi. (X. S.) 7. Bular ji'ynali'sta ko'riskennen **beri** bir-yeki ret ushi'rasti'. (W.X.) 8. Adamlar Ra'wshanni'n' ko'rsetiwi **boyi'nsha** tag'i' da iske kiristi. (J. A.)

*29-shi'ni'g'i'w.* Ko'p noqatti'n' worni'na to'mendegi tirkewishlerdin' tiyislisin qoyi'p, ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Tirkewish dizbeklesip turg'an so'zlerdin' qaysi' so'z shaqabi', qaysi' seplikte yekenin ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

Tirkewishler: menen. (penen, benen), deyin, sheyin, shekem, sayi'n, go'ri, beri. (berli), tuwrali', ushi'n, si'yaqli'.

1. Men dosti'm Wori'nbay ... ati'z jaqtan qayti'p kiyati'rman. 2. Keshe men sizlerge xali'q bati'rlari' ... so'ylep bergen yedim. 3. Ko'p waqi'ttan ... heshkimge aytpay kiyati'rg'an si'ri'm yedi. 4. Bizlerdin' u'ylerge kirip ju'rgenimizdi ko'rgen ... wol ti'pi'rshi'p bir wori'nda tura almadi'. (Q. D.) 5. Wol keshke ... ti'nbadi'. 6. Ali'stag'i' Aqsayg'a bari'p fronttag'i'lar ... qosi'msha ju'zlegen gektar jazli'q biyday yegiw ... aytti'. 7. Joldasi' ... jani'n da ayamaydi'. 8. Wol da basqa barli'q bati'rlar ... wo'zinin' menshigindegi tulpari' jipek jaldi' jani'nday jaqsi' ko'redi. (Sh. A.)

*30-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Tirkewishlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday sepliktegi so'zler menen dizbeklesip kelgenin ha'm ma'nilerin ani'qlan'.

1. Wol ku'ndegiden go'ri bu'gin yerterek turi'p, balasi'ni'n' motocikli turg'an jayg'a kirdi. 2. Sha'ripbay qa'lpeden Yesimge shekem woti'rg'an won bir-won yeki bala qollari'n jaydi'. (A'. Sh.) 3. Mektep-u'yde woqi'wdi'n' baslanatug'i'ni' haqqi'nda ku'nnen buri'n xabar berildi. 4. Bu'gin aqshami' menen jawi'n jawdi'. (Wo'. A.) 5. Yeshki i'laqlari'n yertip soqpaq penen ketip barati'r. (S. S.) 6. Gu'lsimnin' selk-selk ku'lkisi Temirbektin' kirip keliwi menen ti'yi'ldi'. (T. Q.) 7. Bir ku'ni men sa'skege taman qayti'p keldim. 8. Hasi'ljan bul ret wo'zin da'slepkiden de beter bati'l tutti'. (A. Sh.)

## § 5. Atawi'sh tirkewishlerdin' qollani'li'wi' ha'm ma'nileri

1. Atawi'sh tirkewishler wo'zi dizbeklesip kelgen so'zi menen birge to'mendegi ma'nilerdi bildiredi:

1) atawi'sh tirkewishlerdin' **keyin, son', buri'n, aldi'n, ilgeri, ti'sqari'**, t. b. tu'rleri shi'g'i's sepligindegi so'zlerge dizbeklesip, **waqi'tli'q, sebeplik** ha'm **ayi'ri'mlawshi'** ma'nilerdi bildiredi. M i ' s a l i ' : 1. **Bayanlamadan son'** jari's so'z baslandi'. 2. **Shaydan keyin** Ulmeken balasi'n yertip dalag'a shi'g'i'p ketti. (A. A'.) 3. Bi'yi'l ba'ha'r wortasi' bolar-bolmastan-aq, biz qara u'yge **ha'mmeden buri'n shi'qti'q**. (Q.D.) 4. Wol **awqatlani'wdan aldi'n** qollari'n sabi'nlap juwdi'.

2) atawi'sh tirkewishlerdin' **aldi', arti', jani', qasi', tusi', u'sti, si'rti', boyi', arasi',** t.b. tu'rlerine bari's, shi'g'i's, wori'n sepliklerinin' qosi'mtalari' qosi'li'p, iyelik sepligindegi atawi'sh so'zler menen dizbeklesedi. Wolar iyelik sepligindegi so'zler menen dizbeklesip kelgende, ko'binese **wori'n, waqi't** ha'm **si'nli'q** ma'nilerdi an'latadi'. M i ' s a l i ' : 1. **Dalan'li'qti'n' u'stine** ku'n arqan boyi' ko'terildi. 2. Ma'tjan jumi'stan yari'm aqshamda, geyde **tan'ni'n' aldi'nda** keledi. (J.Sh.) 3. Jas shopan **qoylardi'n' si'rti'nan** baqlap ju'rdi. (W.X.)

***31-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Atawi'sh tirkewishlerdi wo'zi dizbeklesip turg'an so'zi menen birge asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Sonda da ba'ri bir Sultamurat woni' i'q jag'i'na woti'rg'i'zi'p, suwi'q samal hu'wlegen jag'i'nda wo'zi woti'rar yedi. 2. So'ytip, tap woqi'w kitabi'ndag'i' su'wrettegidey boli'p, pildin' yeki qulag'i'ni'n' arasi'na woti'ri'p aladi' da, awi'ldi'n' arasi'nda i'rg'aqlap ju're berer yedi dag'i'. 3. Keshte u'ydin' aldi'ndag'i' alma ag'ashi'ni'n' asti'nda woti'ri'p, ha'mmesi samawri'ndi' wortag'a ali'p shay ishti. 4. Bir sapari' ag'ayinli yekewi usi'ni'n' u'stinde to'belesip te qaldi'. 5. Bul a'sbaplardi'n' ba'ri de qardi'n' asti'nda jati'r. (Sh.A.)

***32-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, qaysi'si' ma'nili so'z, qaysi'si' tirkewish yekenin ani'qlan'. Tirkewishlerdin' qanday so'z shaqabi'na tirkelip kelgenin ayti'p berin'.

1. Bul ma'ha'lde yeki g'arri' ne bilgenin ishine tu'yip, u'yge **qarap** qa'dem basi'p ketti. 2. Wol do'geregine **qaray** berdi. (O'.A.) 3. Paqi'rbay **buri'n** Allaniyaz baydi'n' padashi'si' yedi. 4. Bunnan u'sh ji'l **buri'n** «Qosshi'lar» awqami'ni'n' qarari' menen baydi'n' jeri, iri basli' mal-mu'lki xatlani'p, kooperativ qarawi'na berildi. 5. Zaman sonday bolg'an **son'** ne qi'lasan', Seydan ag'a. (I.Y.) 6. **Son'** bul is heshkimnin' yadi'na kelmedi. 7. Ha'zirshe usi'dan **basqa** uzi'n ha'm ken' kiyim-kenshegimiz joq, usi'ni' kiyip tursan', **keyin** boyi'n'a shaqlap kiyim tiktiremiz. 8. Al yendi, **keyin** qash. 9. Jandos **keyin** ba'skennen **keyin,** g'arri' qaqpandi' shi'ji'mlap bari'p bosatti'. (M.S.)

***33-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin' woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan tu'pkilikli tirkewishi bar u'sh ga'p, atawi'sh tirkewishi bar yeki ga'pten tawi'p jazi'n'. Jazg'an ga'plerin'izde tirkewishler atli'q, almasi'q, atawi'sh feyil ha'm kelbetlik feyillerge dizbeklesken bolsi'n.

## §6. Feyil tirkewishlerdin' qollani'li'wi' ha'm ma'nileri

Feyil tirkewishlerdin' **qaray, qarap, qaramastan, qaramay** tu'rleri bari's sepligindegi, **boylap, jag'alap**

tu'rleri tabi's sepligindegi, al **baslap** tirkewishi shi'g'i's sepligindegi so'zler menen dizbeklesip qollani'ladi'.

a) **qaray, qarap** tirkewishleri bari's sepligindegi so'zler menen qollani'lg'anda, wori'n, waqi't ha'm si'n ma'nilerin bildiredi. M i ' s a l i ' : Awi'ldan shi'qqan yeki atli' **tawg'a qarap** bag'darlang'an yedi. Iz tuppa-tuwri' **A'miwda'ryag'a qaray** tartti'. (T.Q.)

b) **qaramastan, qaramay** tirkewishleri bari's sepligindegi so'zler menen qollani'li'p qarsi'lasli'q ma'ni an'latadi'. M i ' s a l i ' : 1. **Ji'ynali'sti'n' ashi'li'wi'na qaramastan** adamlardi'n' ko'bisinin' betinen jan'ag'i' uzaq ku'lkinin' izi wo'shpedi. (I.Y.) 2. Wolar **ko'p bolg'ani'na qaramay** ti'm-ti'raqay qashti'. (A'.T.)

d) **jag'alap, boylap** tirkewishleri tabi's sepligi menen qollani'li'p **wori'n** ma'nisin, **baslap** tirkewishi shi'g'i's sepligindegi so'zler menen dizbeklesip **waqi'tli'q** ma'ni bildiredi. M i ' s a l i ' : 1. Paroxod ketip barati'rg'an jaqqa qaray **jag'i'sti' jag'alap** juwi'rdi'. (K.S.) 2. Asfalt joldi' **boylap** yeki yari'm saattay waqi't ju'rdik. Sol **ku'nnen baslap** mag'an mu'na'sebeti wo'zgerdi. (T.Q.)

***34-shi'ni'g'i'w*.** Ga'plerdi woqi'n'. Feyil tirkewishlerdi tawi'p wolardi'n' qanday so'z shaqabi' ha'm qaysi' sepliktegi so'zler menen qollani'li'p kelgenin ani'qlan'.

1. Ko'l quslari' tawi'stay tarani'p ko'ldin' ishinen si'rtqa qaray shi'g'a basladi'. (J.A.) 2. Wol wo'zinin' jasli'g'i'na qaramay Atamuratqa is te buyi'ri'p qoyadi'. 3. Jumagu'ldin' qarsi'li'g'i'na qaramastan yeki jigit Sa'nemdi ko'terip arbag'a mingizdi. (T.Q.) 4. Aspanda qara bultlar birinin' izinen yekinshisi bati'sqa qarap ko'shiwde. (W.A.) 5. Keyin izeykeshtin' ka'nari'n jag'alap az g'ana ju'rgennen keyin i'rashti'n' basi'na shi'qti'. (W.X.) 6. Yari'm aqshamnan baslap bizin' artilleriya iske kiristi. (N.D.)

***35-shi'ni'g'i'w*.** Ko'p noqatti'n' worni'na to'mende berilgen feyil tirkewishlerdin' tiyislisin qoyi'p ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qollani'lg'an so'zi menen birge qanday ma'ni bildirip turg'ani'n tu'sindirin'.

1. Ha'r ku'ngi a'detimiz sa'ske boli'wdan u'sh dos i'laqqozi'lari'mi'zg'a su'yrik a'keliw ushi'n awi'li'mi'zdi'n' wortasi'nan burqasi'nlap ag'i'p wo'tetug'i'n japti' ... ketemiz. (G.Y) 2. Qarsi' aldi'nan aymalag'an samal yepkini aqquba ju'zine sorg'alag'an terdi keyin ... jumalatadi'. 3. Tuwri' arqag'a barati'rg'ani' qashqi'nni'n' wo'zine ma'lim yedi. (Sh.S.) 4. Iz tuppatuwri' bi'lay ketken. (T.Q.) 5. Asfalt joldi'... qatara tigilgen aq terekler uzaqtan ko'rinip awi'lg'a sa'n berip tur. Yesiktin' aldi'ndag'i' salmani' ... qashi'ni'n' basi'na shi'qti'q. (N.D.)

F e y i l  t i r k e w i s h l e r: qaray, qarap, qaramastan, qaramay, boylap, jag'alap, baslap.

***36-shi'ni'g'i'w.*** Feyil tirkewishlerdin' ha'rbir tu'rine yadtan 3 ga'pten 6 ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' bayanlawi'sh penen baylani'si'w ma'nisine qaray qanday ma'nilerdi an'lati'p turg'ani'n ani'qlan'.

## TIRKEWISHLERDI MORFOLOGIYALIQ TALLAW

### Tallawdi'n' jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi.
II. Morfologiyali'q belgisi: Wo'zgermeytug'i'n so'z shaqabi'. Tu'pkilikli, atawi'sh, feyil tirkewishler.
III. Sintaksislik xi'zmeti

### Tallaw u'lgisi:

Ku'n wo'tken sayi'n do'gerekti qar basa basladi'. (O. A.)

| Awi'zsha tallaw | Jazba tallaw |
|---|---|
| I. **Sayi'n**-tirkewish, | I. **Sayi'n**-tir:<br>══ sayi'n ══ |
| II. Morfologiyali'q belgisi: tu'pkilikli tirkewish, wo'zgermeytug'i'n so'z | II. Morf. bel.: tu'p., wo'zg. so'z |
| III. Ga'p ag'zasi' bolmaydi'. | III. Ga'p ag'z. bolm. |

*37-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdin' da'slepki 4 ga'pindegi tirkewishlerdi tawi'p, wolardi' awi'zeki morfologiyali'q tallaw tu'rde, al qalg'an yekewin jazba tu'rde tallaw jasan'. Tirkewishlerdin' qaysi' so'z benen qaysi' so'zdi baylani'sti'ri'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Da'ryadan qayi'q arqali' wo'ttik. 2. Keshke qaray qali'n' qar jawi'p ketti. 3. Duman azdan keyin tarap ketti. 4. Wol ko'pke shekem ko'zin asha almadi'. 5. Sen bul a'detti qashannan beri ka'r yetip ju'rsen'? 6. Yendi ko'p keshikpey muzdi'n' u'stine minemiz. (W. A.)

## TIRKEWISHLERDI TA'KIRARLAW

### *I. Sorawlarg'a awi'zeki juwap berin':*

1. Tirkewishler ne ushi'n ko'mekshi so'z dep ataladi'? Wolardi'n' ma'nili so'zlerden ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
2. Tirkewishlerdin' tu'rlerin ayti'n'. Qaysi' tirkewishler tu'pkilikli tirkewishke, qaysi' so'zler atawi'sh tirkewishke kiredi?
3. Tirkewishler qaysi' so'z shaqaplari' menen dizbeklesedi?
4. Tirkewishler dizbeklesken so'zi menen birge qanday ma'nilerdi bildiredi?

### *II. Tapsi'rmalardi' wori'nlan'*

1. Tirkewishlerdin' atli'q, almasi'q, atawi'sh feyil ha'm kelbetlik feyil menen dizbeklesip qollani'li'wi'na mi'sallar keltirin'.
2. Ataw sepligindegi so'zlerge dizbeklesetug'i'n tirkewishlerdi atan' ha'm wolarg'a mi'sallar keltirin'.
3. Bari's sepligindegi so'zler menen qollani'latug'i'n tirkewishlerdi atap ko'rsetin' ha'm ga'p tu'rinde mi'sallar keltirin'.
4. Shi'g'i's sepligindegi so'zler menen dizbeklesetug'i'n tirkewishlerdi ayti'n', wolarg'a mi'sallar keltirin'.
5. Atawi'sh tirkewishlerdin' iyelik sepligi menen dizbeklesetug'i'n tu'rine to'rt ga'p jazi'n', wolardi'n' ma'nisin tu'sindirin'.

*38-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Tirkewishlerdin' wo'zi dizbeklesip turg'an so'zi menen birge asti'n si'zi'n' ha'm ga'ptegi bayanlawi'shqa qanday ma'nide baylani'si'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Inkamal apay Ceylon haqqi'nda, ten'iz, i'ssi' yeller jo'nindegi ga'pinin' keynin ayta berdi. 2. Qatti' suwi'q baslan-

g'ang'a deyin, bul jerde buri'n Mi'rzagu'l woti'ratug'i'n yedi. 3. Janar-may tasi'w ushi'n ha'rbir fermer xojali'g'i' ku'sh-ko'lik aji'rati'p qoyi'wg'a minnetli yedi. 4. Wol u'lken qi'yi'nshi'li'q penen bul si'rdi' qupi'ya saqlawg'a yeristi. 5. Shay iship bolg'annan, a'kesi menen birge wolar ha'remnin' si'rti'ndag'i' ko'k sho'pli jerge baradi'. 6. Atti'n' at boli'wi' ushi'n woni' jaqsi'lap semirtip, baplap ku'tiw kerek. 7. Anasi'na woramal, wonnan basqa da ha'r qi'yli' shireli zatlar aldi'. 8. Fronttan qayti'p kelgennen keyin, jaqi'nda gu'zden beri basli'q boli'wi'na qaramastan, wol da bul jerdegilerdin' ba'rin biledi. 9. Solay yetip, du'nyadag'i' qa'dimgi arbalar si'yaqli', mi'na arba da uli'-tasi'rli' boli'p zi'mi'rap kete berdi. (Sh.A.)

***39-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Atawi'sh tirkewishlerdi tawi'p, wolardi' dizbeklesken so'zi menen birlikte qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge sali'sti'ri'p ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'p berin'. Jeke qollani'lg'an ma'nili so'zlerdin' qaysi' so'z shaqabi' yekenin tu'sindirin'.

1. Pildin' u'stine minemen dese, pu'tkil klastag'i'lardi'n' ba'ri de jayg'asadi'. 2. Qorqqandi' qoyi'p, u'stine taltayi'p minip alami'z da, qi'di'ri'p ju're beremiz. 3. Jani'na jaqi'nlawg'a da tarti'nasan'. 4. Men pilge mingende bul qarap turar deysen' be, wol da qasi'na maymi'l ali'p bir pilge minip ju'rer yedi dag'i'. 5. Gazeta woqi'ytug'i'n toti' qustan da birewin tawi'p ali'p, ha'mmesin arti'na woti'rg'i'zi'p alar yedi. 6. Bunnan son' woni' bir jumsaq sho'ptin' u'stine jatqi'zadi' da, u'stine gu'rteshesin jawadi'. 7. Sultanmurat woyani'p, tusawlang'an atlardi'n' gu'tsheklerdin' a'tirapi'nda wotlap ju'rgenin yesitedi. 8. Seyisxanani'n' qasi'nda dizilisip turg'an balalardi'n' aldi'nda basli'q Ti'naliev mine usi'lay degen yedi. Awi'ldi'n' arti'nda yegislik jerler bar yedi. (Sh.A.)

***40-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen tirkewishlerdi u'lgige qarap, tu'rlerine aji'rati'p bo'lip jazi'n'.

T i r k e w i s h l e r: qaray, qarap, menen, benen, penen, taman, qarsi', keyin, son', buri'n, sheyin, shekem, deyin, aldi'n, qaramastan, ushi'n, sayi'n, go're, beri, berli qarag'anda, basqa, beter, haqqi'nda, si'yaqli', arqali', tuwrali', jo'ninde, jaqi'n, ti'sqari', jani'nda, qasi'nda, tusi'nda, u'stinde, boylap, jag'alap, baslap, si'rti'nda, arasi'nda.

U’lgi:

| Tu’pkilikli tirkewishler | Atawi’sh tirkewishler | Feyil tirkewishler |
|---|---|---|
| menen... | aldi’n... | qarap... |

## DA’NEKERLER

### § 7. Da’neker haqqi’nda tu’sinik

***41-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerden da’neker so’zlerdi tabi’n’. Wolardi’n’ ma’nili so’zlerge qatnasi’na itibar berin’.

1. Wol wo’zi ha’rbir balani’n’ atasi’ yamasa anasi’nday balalarda bolatug’i’n ha’rqanday wo’r ko’kireklik penen kishipeyillikti, jen’il minezlik penen turaqsi’zli’li’qti’, nati’qli’q penen bati’rli’qti’, qullasi’, balalardi’n’ barli’q minez-qulqi’n bir qarag’anda-aq biletug’i’n yedi. 3. Sonli’qtan da, bir adam woni’n’ usi’ ha’reketin baqlap turi’p «Temirxan ag’a, siz sabaqqa ku’ta’ berilip ketipsiz» degeni de duri’s. Al yeger balalar tuwrali’ a’n’gime bolsa, wonda Temirxan ag’ani’n’ sol a’n’gimenin’ basli’ qaharmani’ yekenin Shi’mbayda kim bilmeydi!

Ga’ptegi birgelkili ag’zalardi’ ha’m qospa ga’ptin’ qurami’ndag’i’ jay ga’plerdi wo’z ara bir-biri menen baylani’sti’ratug’i’n ko’mekshi so’zlerge da’neker delinedi.

Da’nekerler morfologiyali’q quri’li’si’na qaray dara ha’m qospa boli’p bo’linedi.

Dara tu’rde qollani’latug’i’n da’nekerler: **ha’m, ja’ne, tag’i’, menen** (penen, benen), **da, de, ta, te, al, ya, ya’ki, yamasa, ga’, ga’hi, geyde, sebebi, sonli’qtan, wo’ytkeni, biraq, lekin, yeger,** t.b.

Qospa tu’rde qollani’latug’i’n da’nekerler: **ja’ne de, tag’i’ da, ha’m de, biraq ta, nege desen’, degen menen, sol sebepli, ya bolmasa, ya’ki bolmasa, sonda da, yeger de, sol ushi’n, soni’n’ ushi’n, birde, birese, ga’de** t.b.

Qospa da’nekerlerdin’ **birde, birese, ga’de** tu’rleri birigip jazi’ladi’ da, qalg’anlari’ bo’lek jazi’ladi’.

Jazi'wda **biraq, lekin, sebebi, sonli'qtan, wo'ytkeni, sol sebepli, soni'n' ushi'n** da'nekerlerinin' aldi'na u'tir qoyi'ladi'. Sonday-aq **ha'm, da, de, ja'ne, ga', ga'hi, ya, ya'ki** t.b. da'nekerler ta'kirarlani'p kelgende de, birgelkili ag'zalardi'n' arasi'na u'tir qoyi'ladi'.

Da'nekerler grammatikali'q ma'nisi ha'm baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'metine qaray, **dizbeklewshi** ha'm **bag'i'ndi'ri'wshi'** da'neker boli'p yekige bo'linedi.

***42-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Da'nekerlerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi'lari' so'z benen so'zdi (birgelkili ag'zalardi'), qaysi'lari' jay ga'plerdi baylani'sti'ri'p kelgenin ayti'n'. Ga'ptegi birgelkili boli'p bayla-ni'si'p kelgen so'zlerdin' qaysi' so'z shaqabi' yekenin ani'qlan'.

1. Wol ku'ta qatan' ha'm talapker komandir boli'p, wo'zi-nin' jawi'ngerlerin ti'nbay ha'm jali'qpay a'skerlikke u'yretti ha'm ta'rbiyaladi'. (S.S.) 2. Ja'miyla menen Jumabaydi'n' ja'ne Qaliylani'n' Taxtako'pirden awi'lg'a kelgenine yari'm ayday boldi'. (K. S.) 3. Gu'zde ha'm qi'sta kekliklerge jem jetispeydi, sonli'qtan wolar joldan wo'tip, qori'qqa kelip jigildik ha'm basqa da na'rseler menen awqatlanadi'. 4. Kebirlikte boyanlar wo'sip tur. Bul shi'pali' wo'simlikti qi'rg'awi'l qorek (azi'q-awqat, tag'am) yetedi, biraq ha'zir yemes. (B.B.) 5. Qi'rman da kewip qaldi', paxtani'n' japi'rag'i' da tu'sirildi. 6. Asqar jerge tu'siwge shulg'i'di', al Muratov bolsa woni'n' u'yine qoy aydap qayti'w mu'mkinshiligin yeslep ti'ni'shsi'zlandi'. (W.X.)

***43-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Dara da'nekerlerdin' asti'n bir, qospa da'nekerlerdin' asti'n yeki si'zi'n'. Wolardi'n' ne ushi'n dara, ne ushi'n qospa da'neker dep atali'wi'n ha'm baylani'sti'ri'wshi'li'q ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Geyde woni'n' ko'zleri baqi'rayi'p, kirpigi tikenektey shanshi'li'p, geyde yerinleri u'nsiz ji'bi'rlap ketedi. 2. Sonli'qtan gu'rre da'rhal birese artqi' ayaqlari'n, birese aldi'ng'i' ayaqlari'n aspang'a ko'terip wo'n'kiley basladi'. 3. Qara jal gu'rre tag'i' da wo'n'kileydi, tag'i' da ji'g'i'ladi', tag'i' da minedi. 4. Ne sebep adamlar tu'yeden yamasa attan ji'g'i'lg'ang'a qarag'anda yeshekten ji'g'i'lg'an qatti' boladi' desedi? 5. Atti'n' yamasa tu'yenin' u'stinen ji'g'i'lg'an adam to'men tu'sip kiyati'ri'p hesh bolmasa yeki qoli'n tarban'lati'p qaladi'. 6. Adam yeshekten

ji'g'i'la qoysa, bunday yetiwge shamasi' kelmay, birden won'ba-g'anday boli'p du'rs yete qaladi'. (Sh. A.)

***44-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Birigip jazi'latug'i'n da'nekerlerdin' asti'n bir, bo'lek jazi'latug'i'n da'nekerlerdin' asti'n yeki si'zi'n'. Wolardi'n' qanday ga'plerdin' qurami'nda kelgenin (birgelkili ag'zali' ga'plerdin' qurami'nda ma ya'ki qospa ga'ptin' qurami'nda ma?) ayti'p berin'.

1. Wori's yerteginde a'jayi'p qus birew g'ana, al baday tog'ayda mi'n'lag'an qi'rg'awi'l bar, sonda da pa'rin taba almay sebil boli'p ju'rmen. 3. Tag'i' bir samolyot bulardi'n' to'besinen zuwlap wo'tip ketti de, uzaqta gu'rildegen sesti birese ali'slap, birese jaqi'nlap, arti'na qarawi'llap turg'anday seziledi. (K.S.) 4. Aqsuli'w Turdi'bektin' turpayi' so'zine ashi'wlani'p qalg'an, solay da wol tuwi'sqan degen so'zdi ayri'qsha bahalaydi'. (X.S.)

***45-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi da'nekerlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Ga'plerin'izdin' qurami'ndag'i' da'nekerler birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'p kelgen bolsi'n.

Da'nekerler: ha'm de, biraq ta, tag'i' da, sol sebepli, soni'n' ushi'n da, degen menen, sonda da, ya bolmasa, yeger de.

## § 8. Dizbeklewshi da'nekerler haqqi'nda tu'sinik

Ga'ptegi birgelkili ag'zalardi' ha'm ma'nileri wo'z ara ten' bolg'an jay ga'plerdi bir-birine baylani'sti'ri'wshi' da'nekerlerge dizbeklewshi da'nekerler delinedi.

Dizbeklewshi da'nekerler baylani'sti'ri'w xi'zmetine qaray to'mendegi tu'rlerge bo'linedi:

1. **Biriktiriwshi da'nekerler**: ha'm, ja'ne, tag'i', da\de (ta\te), menen (benen, penen), al t.b.
2. **Qarsi'las da'nekerler**: biraq, lekin, biraq ta, sonda da, so'ytse de, degen menen, al t.b.
3. **Awi'spali' da'nekerler**: ya, ya'ki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne, a'lle, meyli t.b.
4. **Gezekles da'nekerler**: ga', ga'hi, ga'de, geyde, bir, birese, birde, bazda, a'ri t.b.

***46-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Dizbeklewshi da'nekerlerdin' asti'n si'zi'n'.

1. Jaqi'nlag'an gezde Mi'rji'qti'n' asi'g'i's atlani'p arqag'a qaray ketkenin ko'rdi, biraq izinen shaqi'rmadi'. 2. Yesengeldinin' Yelgeldi atli' uli'nan qi'zi'n aqi'lli' ha'm qi'yi'n qi'stawda ga'p tapqi'sh dep woylaytug'i'n yedi. Sol ushi'n ha'm hu'rmetleydi, ha'm aybi'nadi' (T.Q.) 3. Bala wo'zinin' a'kesi haqqi'nda a'n'gime ketkenin ha'm jaqsi' a'n'gime yekenin de abayladi', lekin birden ashi'wlana qoyatug'i'n minez Allayarda joq yedi. 4. Wo'zleri ji'li'nadi', al bulardi' tu'rli-tu'rli suwi'q xabarlar menen muzlati'p ketedi. (Sh.S.) 5. Dospan yendi ga' woni'n', ga' qami'sli'qqa a'lleqashan sin'ip ketken qi'z ta'repke alma-gezek qarap, bir gezde ten'gesin yesledi. 6. Qaraqalpaq shayi'ri' son'g'i' gezeginde de belgili bir dana menen bati'rdi'n' ati'n tilge almadi', ti'n'lawshi'lar ga' biyikke ko'terilip shamallag'anday, ga' ti'mi'ri'qta qali'p tunshi'qqanday halg'a tu'sip woti'rdi'. 8. Biytani's jolawshi'lar bul awi'ldi' geyde ten'iz wortasi'ndag'i' kishkene atawg'a, al geyde ushi' qi'yi'rsi'z dalan'li'qta irkilip qalg'an to'be-to'be qan'baqli'qqa megzetedi. (T.Q.)

## §9. Biriktiriwshi da'nekerler

Birgelkili ag'zalardi' ha'm jay ga'plerdi wo'z ara ten' ma'nide baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge biriktiriwshi da'neker delinedi.

Biriktiriwshi da'nekerlerdin' xi'zmetin ha'm, ja'ne, ja'ne de, tag'i', tag'i' da, menen (benen, penen) da, de (ta, te) al da'nekerleri atqaradi'.

***47-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Biriktiriwshi da'nekerlerdin' baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmetine di'qqat yetin': Qaysi' da'nekerler birgelkili ag'zalardi', qaysi'lari' jay ga'plerdi baylani'sti'ri'p kelgenin aji'rati'p ayti'n'.

1. Neft ha'm gaz xali'q xojali'g'i'ni'n' barli'q tarawlari'nda paydalani'ladi'. («Y.Q.») 2. Ta'biyat ji'lma-ji'l wo'zinin' ma'wsimi kelip, az irkilis jasaydi' da, ja'ne aldi'na qaray zi'rlay beredi. (W.X.) 3. Qapi' qatti' ashi'ldi' da, awi'zdan u'lken deneli adam ko'rindi. (K.S.) 4. Suwg'a sali'ng'an na'rete de, kergen aw da, tartqan ji'li'm da si'gasi'p bali'qqa tolg'an. (W.A.)

*48-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na to'mendegi da'nekerlerdin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n' ha'm da'nekerlerdin' baylani'sti'ri'w xi'zmeti tuwrali' tu'sinik berin'.

1. Wol wo'z isine ju'da' puqta ... aqi'lli'. (A.A'.) 2. Wol kemesinin' basi'n qi'r jag'ag'a tiredi ... awzi' arqag'a qarag'an baraqti'n' qasi'na kelip toqtadi'. (W.A.) 3. Petkani'n' qasi'na bardi'm ... ishke kirdim. (Sh.S.) 4. Wol ... qaraydi', ... qosi'g'i'n dawam yetedi. (M.D.) 5. Wonnan keyin Rawshan ... Boris, Murat ... Aysa'nem woyi'ng'a shi'qti'. (J.A.)

Da'nekerler: tag'i', de, ha'm, ja'ne, menen, ha'm de, ja'ne de, al.

***49-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Menen (benen, penen) ko'mekshi so'zlerinin' qaysi' ga'plerde tirkewish, qaysi' ga'plerde da'neker xi'zmetinde qollani'lg'ani'n ani'qlan'.

1. Tap usi' jerden baslap an'g'ardi'n' bag'dari' menen tawg'a qaray sozi'li'p ketetug'i'n qori'q tog'ayi' baslanadi'. 2. Qarawi'l tawg'a jetkennen keyin jol tar wo'tkeldin' ultani' menen joqari' ko'terilip, wonnan son' sho'p shi'qpag'an jalan'ash tu'serlik penen bajbanni'n' u'ylerine kelip tireledi. 3. Wo'zi aqshi'l, ko'gis su'r boli'p gu'jireygen jelkesi menen du'n'kiygen man'layi' birotala kelisip qalg'an. 4. Qa'lwen (tikenli jabayi' sho'p) — woni'n' bas dushpani'. Bala geyde ku'ni menen ju'rip, wolardi' shawi'p taslaydi'. 5. Al shi'rmawi'q bolsa, jabayi' boli'wi'na qaramastan, jag'i'mli' gu'lleri menen adamdi' wo'zine tartadi'. 6. Bala portfelin usi' qatardag'i' hayallardi'n' yen' jas u'lkeni Gu'ljamal menen woni'n' qi'zi'na ko'rsetiw ushi'n shawi'p ketti. (Sh.A.)

## §10. Qarsi'las da'nekerler

Ma'nileri wo'z ara qarama-qarsi' bolg'an birgelkili ag'zalar yamasa jay ga'plerdi bir-birine baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge qarsi'las da'nekerler dep ataladi'.

Qarsi'las da'nekerlerinin' xi'zmetin **biraq, lekin, al, sonda da, so'ytse de, degen menen** da'nekerleri atqaradi'.

Jazi'wda birgelkili da'nekerlerden aldi'n u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': Arqa betten jag'i'msi'zlaw samaldi'n' yepkini keledi. Boran woni' narttay qayi'sti'rg'i'si' keledi, al wol bir qi'ri'nlaw menen qoy qorag'a betleydi. (W.X.)

***50-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n' qarsi'las da'nekerlerdi tawi'p, wolardi'n' ga'pte qollani'w xi'zmetin ani'qlan'.

1. Tu'n yari'm aqshamnan awg'an yedi, biraq yele tog'ay-dan da, joldi'n' da keyni tawsi'lar yemes. (K.M.) 2. Allayar wolardi' shi'rami'tadi', lekin tani'maydi'. 3. Atalari'ni'n' su'ye-neri joq, sonda da tas ju'reklik yetkisi keledi. (T.Q.) 4. Dayi'm da qara aspandi' qapi'lti'p berdi, degen menen aytqani'ni'n' ba'ri duri's. (Sh.S.) 5. Jurtlardi'n' u'ylerinin' a'tirapi'nda sa'n bergen yeginler bar, al buni'n' u'yinin' qasi'nda yegin de joq. 6. Jawi'ngerler aqi'rg'i' woq qalg'ang'a shekem sawash ju'rgizdi, biraq keyin sheginbedi. (T.Q.)

***51-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n', da'nekerlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmetin (birgelkili ag'zalardi' ma yamasa jay ga'plerdi me) tu'sindirin'.

1. Boyi' kishkene, biraq wog'i'ri' iri dawi'sli' Su'yindik wori'nsi'z qi'zbaytug'i'n g'arri' yedi. 2. Kelinshek woni'n' ha'reketlerinen-aq a'lle na'rselerge kewli toqli'g'i'n, biraq asi'g'i'sli'g'i'n an'g'ardi'. (T.Q.) 3. Aldi'nda yari'm bettey jazi'lg'an xat jati'r, lekin qa'lemi ko'rinbeydi. (Sh.R.) 4. Woraz-xan bati'r uli'ni'n' dawi'si'n yesitti, lekin qaramadi'. (T.Q.) 5. Wol tayi'p tu'sip ji'g'i'ldi', sonda da jatqan jerinen ushi'p turdi'. (K.S.)

***52-shi'ni'g'i'w.*** **Biraq, lekin, sonda da, biraq ta, degen menen, al** da'nekerlerinin' qatnasi'nda birgelkili ag'zalardi', qospa ga'ptegi jay ga'plerdi baylani'sti'ri'p kelgen 6 ga'p yadtan du'zip jazi'n'.

## §11. Awi'spali' da'nekerler

Birgelkili ag'zalardi' yamasa jay ga'plerdi awi'spali' ma'nide baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge **awi'spali' da'nekerler** delinedi.

Awi'spali' da'nekerlerdin' xi'zmetin **ya, yaki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, yaki bolmasa, ne, a'lle, meyli** da'nekerleri atqaradi'.

Awi'spali' da'nekerler birgelkili ag'zalardi'n' ha'rbiri menen ta'kirarlani'p kelgende, awi'spali' da'nekerlerdin' aldi'nan u'tir qoyi'li'p jazi'ladi': Wol menin' xati'mdi' sira' woqi'mag'anday, **ya** ga'p qozg'amaydi', **ya** juwap bermeydi. (T.Q.)

***53-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Ga'plerdegi awi'spali' da'nekerlerdin' qanday ma'nide qollani'li'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Jazdi'n' shi'jg'i'rg'an i'ssi' ku'ni. Hawada ya quslar, ya janli' maqluqlar boli'p silt yetpeydi. 2. Wol ku'ni-tu'ni qi'rman basi'nda, bolmasa da'n qabi'llaytug'i'n stanciyada, yamasa jolda ju'retug'i'n yedi. (Sh.A.) 3. Ne ati'z-shelde, ne jolda qi'bi'r-lag'an jan joq. (W.B.) 4. A'lle woshaqta wot bar, a'lle shi'ra jani'wli'. (W.X.) 5. Yendi ani'qlap woylani'p qaran', qa'ne shopandi' sizlerge men tayarlap bermedim be, ya'ki bolmasa mag'an sizler tayarlap berdin'iz be? (Sh.S.)

***54-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jai'n'. Awi'spali' da'nekerlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday sintaksislik xi'zmet atqari'p kelgenin (birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'p kelgen be yamasa jay ga'plerdi me) ani'qlan'.

1. Hawa rayi'nda ku'n sayi'n mi'n' tu'rli qubi'li'p turadi', ya qar jawadi', ya ti'nbastan jan'bi'r quyadi', ya ku'shli samal yesedi. (A.A'.) 2. Ya tu'nde, ya tan' aldi'nda maraldi'n' man'i'rag'ani'n yesitpeytug'i'n boldi'. (Sh.A.) 3. Biraq ta Nesibelinin' meyli u'yinde bolsa da, meyli jumi'sta bolsa da, ya'ki basqa jerde bolsa da, awi'l xojali'q instituti'n pitkerip shi'g'i'p agronom boli'w a'rmani' hesh waqi'tta woyi'nan ti'rnaq ushi' shi'qqan yemes. (W.X.) 4. Biraq wol ne ku'yinip, ne su'yinip woti'rg'ani'n sezdirgen joq. (W.A) 5. Woni'n' si'n-si'mbati' yel gezgen da'rwish ya mollag'a uqsas yedi. (W.L.)

***55-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatlar worni'na awi'spali' da'nekerlerdin' tiyislisin qoyi'p, ko'shirip jazi'n' ha'm qollani'w xi'zmetin tu'sindirin'.

1. Tariyxti' ... geografiyani' woqi'sam ta'wir-aq bilemen. (N.N.) 2. Kimnin' balasi'ni'n' ... inisinin' ... su'yiklisinin' qay

jerde islep ati'rg'ani'n bes barmag'i'mday bilip aldi'm. (W.X.) 3. Yeki adam dos bolg'i'si' kelse, tuwi'sqan ba, ... meyli yerlizayi'p pa, ... ten'-qurbi' ma ba'ribir birewi wo'z paydasi'n woylamawi' kerek. (T.Q.) 4. Bul so'zdi wo'z adamlari'na Ismayi'l aytti', ... saray adamlari' aytti'. (K.M.) 5. ... bul tu'lkinin' iyttin' sharpi'wi'na tu'siwi kerek ta', ... yeki adamni'n' arasi'nan zip yetip quwi'stan qashi'p shi'g'i'wdan basqa joli'n tabi'wi' qi'yi'n. (Sh.A.)

Da'nekerler: ya, bolmasa, meyli, ya bolmasa.

## §12. Gezekles da'nekerler

Birgelkili ag'zalardi' yamasa jay ga'plerdi gezekleslik ma'nide baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge **gezekles da'neker** delinedi.

Gezekles da'nekerlerdin' xi'zmetin **ga', ga'hi, bir, birese, birde, ga'de, geyde, bazda, a'ri** da'nekerleri atqaradi'.

Gezekles da'nekerler de, ko'binese birgelkili ag'za ha'm jay ga'pler menen ta'kirarlani'p keledi.

Bunday jag'dayg'a ta'kirarlang'an birgelkili ag'zalardi'n' aldi'nan jazi'wda u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': Wol ga' tu'rgelip, ga' ju'rdi, ga' woti'ri'p, ga' jatti'. (A.B.)

***56-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Gezekles da'nekerlerdin' asti'n si'zi'n'. Qanday ma'nide jumsalg'ani'na kewil awdari'n'.

1. Xiywa ta'rbiyasi'n alg'an jas baydi'n' woyi'nsha, atqosshi' a'ri duwpiyaz, a'ri dana, a'ri qari'wli', shi'g'i'si' da da'stiyarli' boli'wi' kerek yeken. (T.Q.) 2. G'arri' quwang'ani'nan ga' Aydosti', ga' Begis, Mi'rji'qti', ga' «yelge quwani'sh a'keldi» dep Qumardi' alg'i'sladi'. (T.Q.) 3. Yesjan g'arri'g'a sho'p te, shar da baspashi'g'a aylani'p ketkendey tu'yildi. Wolardi'n' ga'si qi'li'shi'n qayrasa, ga'si su'mbelerin tazalap, ga'si lawlap jang'an wotqa shi'lg'awlari'n keptirip ati'rg'anday ko'rinedi. G'arri' wo'zinin' ati'n yesitkende selk yete qaldi', sebebi «Yesjan baba»degen so'zi a'ri tosi'nnan, a'ri keyistey yesitilgen yedi. (Sh.S.) 4. Bizin' awi'lda Yesjan ata degen a'ri bag'man, a'ri diyqan bir shi'rashi' g'arri' boldi', basi'nda tap yelege shekem shi'ra janadi'. (Sh.S.)

***57-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Gezekles da'nekerlerdi tawi'p, birgelkili ag'za ha'm ga'plerdi baylani'sti'ri'w ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Hawi'zdag'i' jalpaq bali'q, shortan bali'q, i'laqa bali'qlar ga' suwdi'n' betine ju'zip shi'g'i'p, nanni'n' taslang'an qi'y-qi'mlari'n jeydi, ga' bulqi'ni'p woynap su'n'gip ketedi. 2. Ba'-ha'r jamg'i'ri' ga' jawi'p, ga' ti'nadi', quyash bultlardi'n' arasi'nan ga' ko'rinedi, ga' jasi'ri'nadi'. 3. Wol jer wo'lshep ju'rgen atasi'ni'n' qasi'na, birese a'jesi Ayshani'n' qasi'na keledi. (S.Sh.) 4. Geyde botalaq anasi'ni'n' a'tirapi'nda yebetey-siz tu'rde tayran'lap, sekirip-sekirip woynaqlaydi', geyde wol qo-rada jalg'i'z wo'zi qalsa anasi'n izlep bozlaytug'i'n yedi. (Sh.A.) 5.Hawa rayi' ku'nine qi'rq qubi'ladi', birde quyash ko'rinip aynalani' i'si'tadi', birde silpilegen jawi'n burshaqli' qarg'a ulasadi'. (T.Q.)

***58-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatlardi'n' worni'na to'mendegi gezekles da'nekerlerdin' muwapi'q keletug'i'ni'n qoyi'p ko'shirin' ha'm baylani'sti'ri'w xi'zmetin (jay ga'plerdi me yamasa birgelkili ag'zalardi' ma) ani'qlan'.

1. ... jawi'n burshaqqa aylandi', ... qar yepelekleydi. (T.Q.) 2. So'ytip, aq shashli' analar, ka'ywani' hayallar meni ... wo't-mishke, ... baxi't tan'i' atqan ku'nlerge yertip ketedi. (W.X.) 3. Ku'n ... ashi'li'p, ... tu'nerip bultlasadi'. (T.Q.) 4. Wol jipektey qoli' menen ... basi'mnan, ... shashi'mnan si'ypaydi'. (W.X.) 5. Hawa rayi' ... tu'neredi, ... ku'n jadi'raydi', ... no'ser jawi'n tamshi'laydi', ... aynala tazari'p, na'pes ali'w ken'eyedi, ... Qaraqum jaqtan ko'terilgen shan'g'i't ko'z ashti'rmaydi'. (T.Q.)

Da'nekerler: ga', birese, bazda, ga'hi, geyde.

***59-shi'ni'g'i'w.*** Woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan **ga', ga'hi, birese, geyde, birde** da'nekerlerin qatnasti'ri'p 5 ga'p du'zin'.

## §13. Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerler haqqi'nda tu'sinik

**Tapsi'rma**. Ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge itibar berip, wolardi'n' ma'nisi ha'm xi'zmetin tu'sindirin'.

1. Biz buni' isley alami'z, **sebebi** jaqti'li'q biz ta'repte. (A.M.) 2. Bala ko'len'kede tur yedi, **sonli'qtan** jol boyi'nan ani'q ko'rindi. (T.M.) 3. **Yeger de** qaynap turg'an ko'lden ju'zip wo'tsen', men sag'an mi'n' atti' si'yli'qqa beremen. (yertekten)

**Wo'z ara bir-birine bag'i'natug'i'n jay ga'plerdi baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge bag'i'ndi'ri'wshi' da'neker delinedi.** Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerlerdin' xi'zmetin **sebebi, wo'ytkeni, nege desen', ne degende, sonli'qtan, sol sebepli, soni'n' ushi'n, na'tiyjede, soni'n' na'tiyjesinde, yeger, yeger de** t.b. da'nekerler atqaradi'.

Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerler jay ga'plerdi baylani'sti'ri'w ma'nisine ha'm xi'zmetine qaray u'shke bo'linedi: 1) **sebep da'nekeri;** 2) **na'tiyje da'nekeri;** 3) **sha'rt da'nekeri.**

***61-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerlerdin' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday qatnastag'i' ga'plerdi baylani'sti'ri'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Woni'n' bul a'detleri ha'mmeden ko'birek mag'an jag'atug'i'n yedi, sebebi g'arri'lar ji'ynali'wdan woshaq a'tirapi'nda a'ngime du'kani' quri'ldi'. (T.Q.) 2. Yeger de usi'nnan ku'n ji'li'masa, qi'raw tu'siwin dawam yete berse, bi'yi'l yeriklerde miywe bolmaydi'. 3. Ana kiyiktin' bawi'ri' az g'ana ji'li'g'anday boldi', wo'ytkeni tuwi'sqanlari', balalari' wog'an pana boli'p tur yedi. (A'.A.) 4. Yeger sumli'qli' kisi bir adamdi' aldasa, shi'daw mu'mkin. Yeger wol sumli'g'i' menen bir ma'kemenin' basshi'si' bolsa, ya tolayi'm bir xali'qti'n' ati'nan so'ylew imkaniyati'na iye bolsa, wonda wo'mirge bir ku'ye tu'skeni. (T.Q.) 5. Wolar ushi'n bu'gingi tan' bu'lgen tan' boldi', wo'ytkeni ana kiyik janari'nan jas parlap, tuyaqlari'nan dimar qashi'p qatti' boldi'rdi'. (A'.A.) 6. Yeger de g'arri' usi' bu'gingi tan'nan aman shi'g'a qoysa, wo'mirinshe bul aqshamdi' yadlap ju're jaq, bul ku'ndi yesinen shi'g'arajaq yemes. (Sh.S.)

***61-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerlerdi tawi'p, wolardi' tu'rlerine aji'rati'p ayti'n'.

1. Palwan A'wezdin' g'a'zzellerinin' ko'pshiligin yadtan biledi. Wolar ma'rt jigitlerdin' ju'reginen teren' wori'n alg'an,

sol sebepli Palwan A'wezdin' ta'g'dirine ku'ta' qi'zi'qqan yedi. (S.Sh.) 2. Jap qazi'p apara almaymi'z, sebebi wol jerdin' moyni' uzaq. (W.A.) 3. Yeger usi' woti'rg'an u'shewimiz u'sh diyqandi' aytqani'mi'zg'a ko'ndirsek, wolardi'n' ha'rbiri keminde bir-birden dos tabadi'. (T.Q.) 4. Woni'n' berilip so'ylegen so'zleri ha'mmenin' ju'regine jag'i'p, kewline unap tur, soni'n' ushi'n bul so'zler ji'ynali'sqa qatnasi'wshi'lardi' qatti' qi'zi'qti'radi'. (Sh.R.) 5. Bizin' jan'a qon'si'mi'z da sog'an megzes, nege desen'iz bizler jerdi jan'adan ashti'q. (W.X.)

## §14. Sebep da'nekerleri

Jay ga'plerdi wo'z ara sebep ma'nisinde baylani'sti'ratug'i'n da'nekerlerge sebep da'nekeri delinedi.

Sebep da'nekerlerinin' xi'zmetin **sebebi, wo'ytkeni, nege desen', nege degende** da'nekerleri atqaradi'.

Jazi'wda sebep da'nekerlerinin' aldi'nan u'tir qoyi'li'p jazi'ladi'. Mi'sali': Bala soqpaq penen u'yler ta'repke qaray juwi'ri'p ketti, **sebebi** wol avtolavkani'n' kiyati'rg'ani'n xabarlag'i'si' keldi. (Sh.A.)

Bunda birinshi jay ga'ptegi is-ha'rekettin' isleniwine, yekinshi jay ga'ptegi is-ha'reket sebepshi, yag'ni'y balani'n' u'yge qaray juwi'ri'p ketiwine avtolavkani'n' kiyati'rg'ani' sebepshi.

***62-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Sebep da'nekerlerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' ga'plerdi baylani'sti'ri'w ma'nisin tu'sindirin'.

1. Abdurahman sol jerde qaldi', wo'ytkeni u'lken u'ydin' iyesi bul waqi'tta u'yinde yemes yedi. (Q.D.) 2. Biraq Ba'ha'r bul waqi'yani' basqasha tu'siniwi mu'mkin, nege degende Polat To'rexanovti' jaqti'rmaydi'. (Sh.R.) 3. Dushpanlar bizdi jen'e almaydi', sebebi xalqi'mi'z miytindey bekkem. (S.A.) 4. Buni'n' ushi'n seni ayi'plawg'a bolmaydi', nege desen', sen yele ko'p na'rselerdi ko'rgenin' joq. (Sh.R.)

***63-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na ga'ptin' ma'nisine qaray berilgen da'nekerlerdin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' baylani'sti'ri'w ma'nisin ani'qlan'.

1. Bul balani’ men hu’rmetleymen, ... wol menin’ sezimimdi woyatti’. (W.X.) 2. Biz yelimizdin’ tabi’slari’n maqtani’sh yetemiz ... bul tabi’slar pu’tkil du’nyada paraxatshi’li’q isine xi’zmet yetedi. («Y.Q.») 3. Ba’lkim, wol kelmes, ... woni’ men ko’shede ko’rdim. (N.N.) 4. Alan’li’qtan shi’g’i’p uyqi’lawg’a uyg’ardi’q, ... ku’ndiz alg’a ju’riw qa’wipli yedi. (A.G.)

Da’nekerler: sonli’qtan, wo’ytkeni, nege desen’, sebebi, sonda da.

## §15. Na’tiyje da’nekerleri

Jay ga’plerdegi is-ha’reketlerdin’ birinin’ biri isleniw na’tiyjesin bildiretug’i’n da’nekerlerge na’tiyje da’nekerler delinedi.

Na’tiyje da’nekerlerinin’ xi’zmetin **sonli’qtan, sol sebepli, soni’n’ ushi’n, na’tiyjede, soni’n’ na’tiyjesinde** da’nekerleri atqaradi’.

Na’tiyje bildiriwshi da’nekerler is-ha’rekettin’ na’tiyjesi bolg’an ga’ptin’ aldi’nda keledi.

Jazi’wda na’tiyje da’nekerlerdin’ aldi’na u’tir qoyi’p jazi’ladi’. Mi’sali’: Ku’n ayaz yedi, sol sebepli bala qali’n’ kiyingen. (Q.D.)

Bundag’i’ birinshi ga’ptegi is-ha’reket yekinshi ga’ptegi is-ha’rekettin’ isleniw na’tiyjesin bildiredi.

***64-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi woqi’n’. Na’tiyje da’nekerlerin tawi’p, wolardi’n’ ga’plerdi baylani’sti’ri’w ma’nilerin tu’sindirin’.

1. Ko’bisinin’ nawalari’, suw saqlag’i’shlari’ joq, sonli’qtan qudi’qti’n’ suwlari’ qumg’a sin’ip na’tiyjeli paydalani’lmay ati’r. («Y.Q.») 2. Wol yelatli’ punktlerden ali’s, sol ushi’n sol jerden jumi’sshi’lar posyolkasi’n sali’w kerek. (S.S.) 3. Geypara adamlar meni ti’n’lag’i’si’ kelmedi, na’tiyjede suwdi’n’ kiyati’rg’an jag’i’ndag’i’ qashi’ni’ suw basi’p ketti. 4. Bul biz ushi’n u’lken quwani’sh, sol sebepli wo’mirimde seni ken’ peyillik penen si’ylayman. (M.Sh.) 5. Men okeanni’n’ tu’binde turaman, soni’n’ ushi’n da bizler hesh waqi’tta bir-birimizdi ko’rgenimiz joq. (yertekten)

*65-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Da'nekerlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' xi'zmeti ha'm ma'nisin ayti'n'.

1. Qori'qtag'i' jalg'i'zaqlar adamnan qorqpaydi', sonli'qtan wolardi' jaqsi' baqlawg'a boladi'. (V.B.) 2. Ha'mmesine wo'zi jaqsi' tu'sinedi, sol sebepli Gu'lbiyke si'r bermey jaqsi' ti'n'lap woti'r. (T.Q.) 3. Siz menin' atamni'n' qoli'nan ko'p duz ishken adam yekensiz, soni'n' ushi'n men sizdi wo'zimnin' atamday ko'remen. (B.B.) 4. A'kemnin' wo'zinen u'lken ag'asi' biyperzent yeken, sol ushi'n anam meni qa'yinbiykesinin' yetegine sali'pti'. (W.X.) 5. Yemlewshi shi'pakerler woni'n' operaciya yetilgen ayag'i'n uwqalaw, keriw ha'm sozi'w usi'llari'n asi'rdi', na'tiyjede ayaq buri'ng'i' qa'ddine kele basladi'. (W.X.)

## §16. Sha'rt da'nekerleri

**Yeger, yeger de** ko'mekshi so'zleri sha'rt da'nekerleri dep ataladi'.

Sha'rt da'nekerleri, jay ga'plerdi wo'z ara sha'rt ma'nisinde baylani'sti'radi'.

Sha'rt da'nekerleri ko'binese qospa ga'ptin' qurami'nda birinshi jay ga'ptin' basi'nda keledi. Mi'sali': **Yeger** respublikami'zg'a joqari'dan samolyottan qarasan', woni'n' ko'pshilik bo'legi jasi'l tog'aylar menen qorshalg'an boli'p shi'g'adi'. («Y.Q.») **Yeger** ko'zin'di uwqalap, dize bu'ksen', turg'an jerin'de qoli'n'di' suwi'q aladi'. (W.X.)

*66-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Ga'plerdin' sha'rt da'nekeri arqali' baylani'si'w ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Yeger Aytmurat darg'a bolmag'anda, meni de bul jaqqa kirgizbeytug'i'n yedi. (K.M.) 2. Yeger kimde-kim mag'an dus kelgen woqi'wshi' bola beredi dep woylasa, wol qa'telesedi. (Sh.A.) 3. Yeger wonda qayi'r-saqawat, hu'jdan degen bolg'anda, sag'an woni'n' bir arbasi'n bermespe yedi. (K.M.) 4. Yeger de sen meni dos biletug'i'n bolsan', men sag'an ja'ne bir ken'es bereyin. (G.I.)

*67-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Sha'rt da'nekerlerinin' qanday ga'plerdin' qurami'nda qollani'li'p kelgenin ani'qlan'. Baylani'sti'ri'p kelgen jay ga'plerdin' bayanlawi'shlari'ni'n' asti'n si'zi'n'.

1. Yeger Ha'miyda da wo'zindey islegende, qanday jaqsi' bolar yedi. 2. Yeger ushpag'a qanati' bolsa, Aqbulaq betke ha'zir bari'p qayti'wg'a tayi'n. 3. Yeger boran kem-kem u'dey berse, mo'min qoy biysharalar ne qi'ladi'. 4. Yeger Shelpeklinin' a'tirapi'na tastay qaran'g'i' tu'nde kelsen'iz, ko'z aldi'mi'zda ushi'-qi'yi'ri' joq aq sagi'm woynaydi'. (W.X.)

***68-shi'ni'g'i'w.*** Sebebi, wo'ytkeni, sonli'qtan, soni'n' na'tiyjesinde, yeger, yeger de da'nekerlerin keltirip, wolardi'n' ha'rbirine yadi'n'i'zdan bir ga'pten tawi'p jazi'n' ha'm wolardi'n' baylani'sti'ri'wshi'li'q ma'nilerin tu'sindirin'.

## §17. Da'nekerlik xi'zmette qollani'latug'i'n so'zler

***Tapsi'rma.*** To'mende berilgen ga'plerdegi aji'rati'p ko'rsetilgen so'zlerdin' xi'zmeti ha'm ma'nisin ani'qlan' ha'm birinshi, yekinshi ga'plerdegi irkilis belgilerinin' qoyi'li'w wori'nlari'na di'qqat yetin'.

1. **Qansha** miynet yetsen', **sonsha** hu'rmetke iye bolasan'. 2. Wolar ha'mme waqi't joqari' bilim aladi' **dep**, bizler u'mit yetetug'i'n yedik. (K.S.)

Geypara soraw almasi'qlari' ha'm **dep, dese, degenshe** ko'mekshi so'zleri da'nekerlik xi'zmette qollani'ladi'. Wolar tu'pkilikli da'nekerler si'yaqli' qospa ga'p qurami'ndag'i' ga'plerdi bir-biri menen ha'r tu'rli ma'nilerde baylani'sti'radi'.

Da'nekerlik xi'zmettegi so'zler mi'nalar:

1. Qansha-sonsha, qanday-sonday, qalay-solay, qanshelli-sonshelli, qanshama-sonshama, qayda-sonda, qaydan-sonnan t.b. Bul juplasi'p kelgen so'zlerdin' birinshi si'n'arlari' da'slepki jay ga'pte qollani'ladi' da, son'g'i' si'n'ari' yekinshi jay ga'pte keledi. Mi'sali': 1. Bali'q **qansha** mol bolsa, aqsha **sonsha** ko'p boladi'. (As.M.) 2. Aldi'ng'i' arba qaydan ju'rse, son'g'i' arba da sonnan ju'redi. (naqi'l)

Birinshi ga'ptin' jay ga'pleri qansha-sonsha so'zleri arqali' sali'sti'ri'wshi'li'q ma'nide, yekinshi ga'ptegi qaydan-sonnan so'zleri jay ga'plerdi wori'n ma'nisinde baylani'sti'radi'.

2. **Dep, dese, degenshe** ko'mekshi so'zleri da'nekerlik xi'zmette kelgende, ko'binese sebep, maqset, waqi't, sha'rt bag'i'ni'n'qi'li' qospa qurami'ndag'i' jay ga'plerdi baylani's-ti'ri'w ushi'n qollani'ladi'.

Mi'sali': 1. Ondatra qaqpandi' **su'yrep ketpesin dep**, wol yernektegi qami'sqa qaqpandi' muqi'yatlap baylap qoydi'. (K.S.) 2. Wol sag'an **barmayman dese**, Begjan ku'sh ko'rsetip bari'wg'a zorlaydi'. (W.A.)

***69-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Da'nekerlik xi'zmettegi so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' jay ga'plerdi baylani'sti'ri'w ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Qos qanalasti'n' si'rtqi' pishimleri qanday uqsas bolsa, keyip-ka'raqti'lari' ha'kimge degen ko'zqaraslari' sonday uqsas yedi. (T.Q.) 2. Ximiya neshe tu'rli boyaw shi'g'arsa, sonsha tu'rli tufli bar. (T.Q.) 3. Ha'kim qayda jumsasa, wol sonda isleydi. (B.B.) 4. Biya'deplik qi'ldi'm dep, wo'zinen wo'zi qi'si'ni'p, ishi wottay janadi'. (A.D.) 5. Qoylardi'n' ju'ni taza bolsi'n dep, ku'ni-tu'ni juwg'i'zi'p ati'rman. (J.A.) 6. Jiyenbay si'rtqa shi'g'i'p qi'r-do'gerekti barlasti'raman degenshe, Toqsan-bay zi'm-g'ayi'p boldi'. (S.X.)

***70-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Da'nekerlik xi'zmettegi so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' baylani'sti'ri'p kelgen jay ga'plerinin' wo'z ara baylani'si'w ma'nilerin ani'qlan'.

1. Toyg'a kelgen qonaqlar g'arq boli'p bir toysi'n dep, wol mol molaqay qazan asti'ri'p ati'r. (T.Q.) 2. Tapi'raqlap shawi'p kiyati'rg'an at qag'i'p ketpesin dep, biz shetley berdik. (Q.D.) 3. Qon'i'ratli'lar tariyxta qanshelli yerte ko'ringen si'yaqli', Qon'i'rat qalasi' da qaraqalpaq tariyxi'nda sonshelli yerteden belgili. (I.Y.) 4. Jurt to'sek worni'n ji'ynasti'raman degenshe, paroxod Moynaqqa jaqi'nlap qaldi'. (N.D.) 5. Xojanni'n' a'kesi-nin' kindik qani' qay jerge tamsa, balasi' da sol jerde turadi'. (X.S.) 6. Direktordi'n' ashi'wi' qansha tez kelse, basi'li'wi' da sonsha tez yedi. (G.S.) 7. Siz qalay wo'mir su'r desen'iz, solay wo'mir su'rgim keledi. (T.Q.)

***71-shi'ni'g'i'w.*** Woyi'n'i'zdan yamasa wo'zlerin'iz woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalarda da'nekerlik xi'zmettegi **qansha-sonsha, qalay-**

**solay, qay jerde-sol jerde, dep, degenshe** so’zleri baylani’sti’ri’p kelgen 5 ga’p tawi’p jazi’n’. Wolardi’n’ jay ga’plerdi baylani’sti’ri’w ma’nilerin tu’sindirin’.

## DA’NEKERLERDI MORFOLOGIYALIQ TALLAW

### Tallawdi’n’ jobasi’:

I. So’z shaqabi’. Uluwma ma’nisi.
II. Morfologiyali’q belgileri: a) dizbeklewshi yamasa bag’i’n-di’ri’wshi’; b) wo’zgermeytug’i’n so’z.
III. Sintaksislik xi’zmeti.

### Tallaw u’lgisi:

Wol a’ste so’yleydi, biraq ga’pi ko’pshilikti tolqi’nlandi’rdi’. (J.Sap.)

| Awi’zsha tallaw | Jazba tallaw |
|---|---|
| I. **Biraq**—da’neker<br>Dizbekli qospa ga’ptin’<br>jay ga’plerin baylani’sti’radi’<br>II. Morfologiyali’q belgisi:<br>dizbeklewshi da’neker,<br>wo’zgermeytug’i’n so’z<br>III. Ga’p ag’zasi’ bola almaydi’ | I. **Biraq**—da’neker<br>----, biraq ----<br><br>II. Morf. bel. dizb. da’n.<br>wo’zgerm. so’z.<br><br>III. Ga’p ag’z. bola alm. |

*72-shi’ni’g’i’w.* Woqi’n’. Berilgen ga’plerdegi da’nekerlerdi joqari’dag’i’ u’lgi boyi’nsha awi’zsha tallaw jasan’.

1. Birden awi’ldi’n’ iytleri shuwlasi’p u’rdi ha’m at kisnedi. (Q.D.) 2. Al, yeger demografiyali’q mashqalalar bilgirlik penen sheshilip ati’rsa, wonda jas adamlar birin-biri tabadi’, baxi’tli’ boladi’. («Y.Q») 3. Bala ko’len’kede tur yedi, sonli’qtan wol jol boyi’nan ani’q ko’rindi. 4. Alan’li’qqa shi’g’i’p dem ali’wdi’ uyg’ardi’q, nege desen’ ku’ndiz alg’a ju’riw qa’wipli yedi. (A.G.) 5. Wol geyde jan’ali’qlar, geyde sheshiwi qi’yi’n jumbaqlar aytatug’i’n yedi. (T.Q.)

## DA'NEKERLERDI TA'KIRARLAW

### *1. Sorawlarg'a awi'zsha juwap berin'.*

1. Da'nekerler dep qanday ko'mekshi so'zlerdi aytami'z ha'm wolar qanday xi'zmet atqaradi'?
2. Da'nekerler qanday tu'rlerge bo'linedi?
3. Dizbeklewshi da'nekerlerdin' topari'na qanday da'nekerler kiredi, atap ko'rsetin' ha'm wolar qanday ga'plerdi baylani'sti'radi'?
4. Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerlerdi atap ko'rsetin' ha'm wolar qanday ga'plerdi baylani'sti'radi'?
5. Da'nekerlik xi'zmettegi so'zlerdi ayti'n' ha'm wolar qanday ga'plerdi baylani'sti'radi'?
6. Dizbeklewshi ha'm bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerlerdin' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' qanday?

*73-shi'ni'g'i'w.* Sebebi, wo'ytkeni, sonli'qtan, sol sebepli, soni'n' ushi'n da'nekerlerin keltirip ga'p du'zin', wolardi'n' qanday ga'plerdi baylani'sti'ri'p keletug'i'ni'n ayti'n'.

*74-shi'ni'g'i'w.* Ko'p noqatti'n' worni'na **al, biraq, ya, yeger, sebebi, sonli'qtan, ha'm, da, de** da'nekerlerinin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Usi' da'nekerler birgelkili ag'zalardi' baylani'sti'ri'p tur ma yamasa ga'p penen ga'pti baylani'sti'ri'p tur ma?

1. Suwg'a a'bden qang'an ji'lqi'lar asi'qpay jolg'a shi'g'i'p aladi' ..., seyisxanag'a qarap tasi'rlasi'p shawi'p ketedi. 2. Bu'gin islegen jaqsi'li'g'i'n'di' wol keleshekte ju'z ... mi'n' yese yetip aldi'n'a keltiredi. 3. Sultanmurat Anataydi' quwi'p jetip wo'te bergende, woni'n' qarsi'lasi' bir ba'lege ushi'rag'ani'n bildi, ... qarap turg'an balalar shuwlasi'p qoya berdi. 4. ... qi'sti'n' qa'ha'ri sozi'la berse, buni'n' aqi'betinin' nege do'nip ketetug'i'ni'n kim biledi deysiz. 5. Geyde Sultanmuratti'n' qi'yali'na ti'ni'q, ... taza woylar keledi. 6. Jamanquldi'n' wo'zi ayti'p turdi'dag'i', ... Sultanmurat woni'n' aytqan so'zlerin jazi'p woti'rdi'. 7. Ha'mmesi de woni' qayta bastan aylandi'ri'p ko'rip yedi, ... kewillerine gu'dik bolg'anday hesh na'rse taba almadi'. (Sh. A.) 8. Qorani'n' bul jag'i' aralari'na sho'p sali'p qali'n'law qi'spalang'an yedi, ... sa'l i'qlaw. (W.X.)

***75-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'p, da'neker so'zlerdi tawi'n'. Wolardi'n' ga'pti yaki ga'p ag'zalari'n qalay baylani'sti'ri'p turg'ani'n ayti'n'.

1. Buri'ng'i'si'na qarag'anda kelbetine shamali' shi'ray yengen, biraq qabag'i' qalqi'p, ko'zi qi'zari'n'qi'rap tur. 2. A'n'gimenin' tu'p deregin aytqanda, jawi'zli'q ta, qayg'i'dan to'giletug'i'n ko'z jaslar da, ju'reklerdi tarsa ayi'ratug'i'n quwani'shlar da basqa bir jaqtan kelmeydi... 3. Xojeli tu'we Go'neni de ko'rip qaytpaqshi'-a', tek balalari' kelmey ati'rda', yel ti'ni'shi'may ati'r! (Sh.S.) 4. Bazda ha'rqanday ku'shli-a'm kewli i'di'sqa megzeydi. Arti'q-aspay na'rse si'ymay shi'rt yetip si'nadi' yamasa jari'ladi'. 5. Pay wo'zinin'-a'm minezi si'ni'q, a'ri diyqan, a'ri sharwa adam yedi. (T.Q.) 6. Yekewi ga' yabi'g'a, ga' yeshekke min'gesip, ha'r ku'ni shi'ra jaqqan da'ryali'g'i'nan a'jik-gu'jik so'ylesip qayti'p ju'rdi. (SH.S.) 7. Jas balalardi'n' besigine yamasa ka'tine maydalang'an chesnokti' siylege worap, baylap qoyi'lsa, ti'maw boli'wdan saqlaydi'.

## JANAPAYLAR

### § 18. Janapay haqqi'nda tu'sinik

***Tapsi'rma.*** Ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat awdari'n' ha'm wolardi'n' so'z ha'm ga'plerge qanday ma'ni ju'klep kelgenin tu'sindirin'.

1. Sen **de** solay deysen' **be**? 2. Bu'gin bizler ketip qalsaq, yerten' wolar ketip qalmay ma? 3. Asawdi' **da** arqa-moyni'n si'ypalap u'yretedi deydi **g'oy**, soni' sen nege tu'sinbeysen'? 4. Men tu'sinip turman-**aw**, Ayi'mxanni'n' gu'mani' **g'oy**. (I.Q.)

**Ga'pke yamasa ga'ptegi wo'zi qatnasli' so'zge ha'r tu'rli qosi'msha ma'ni ju'kleytug'i'n ko'mekshi so'zlerge janapay dep ataladi'.**

Janapaylardi'n' xi'zmetin **ma\me**. (ba\be, pa\pe), **tek, g'ana, tek g'ana, g'oy, bolsa, gilen', da\de, tap, aq, aw, shi'\shi, a, a', wo, mi's\mis, mish\mi'sh** t.b. ko'mekshi so'zler atqaradi'.

Janapaylar wo'zi qatnasli' ga'p ha'm so'zlerge soraw, ayi'ri'w-sheklew, ku'sheytiw ha'm modalli'q ma'nilerdi ju'kleydi.

***76-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' ko'mekshi so'zlerdin' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'. Wolardi'n' ga'pke yamasa so'zlerge qanday qosi'msha ma'ni ju'klep turg'ani'n tu'sindirin'.

Hay-hay, tuwi'lg'an jerdin' samali'n-**ay**! Buni'n' ra'ha'ti wo'z aldi'na-**aw**, bolmasa, biz xi'zmet yetken jaqti'n' samali' **da** usi'nday samal **g'oy**.

Awi'ldi'n' tozan'i' **da** yeki ji'l ishinde meni sag'i'ni'p qalg'anday, murni'mni'n', qulaqlari'mni'n' tesigine shekem qaldi'rmay ati'r. Kewlimnin' ko'terilgenliginen **be**, men wo'zimdi shan'ni'n' yemes, toda-toda aqsha bultti'n' arasi'nda ushi'p barati'rg'ang'a megzetemen.

Qasi'nda Nazli' woti'rg'ang'a **ma**, Sa'rsenbay traktorshi' duwsi'yi'ndi' ti'n'lar yemes. Wo'zi de bayag'i'da men ketpesten buri'n-aq, maqtag'andi' ta'wir ko'retug'i'n, yesheyinde jayparaxat aydasa da qasi'n'nan quyi'ldi'ri'p wo'tetug'i'n bala yedi g'oy. Yendi ma'rtligin wog'an ko'rsetpesin be, aqi'ri'? (Sh.S.)

***77-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Janapaylardi' tawi'p asti'n si'zi'n' ha'm qanday ma'nide qollani'li'p kelgenin ayti'n'.

1. Qi'si'-jazi' ti'nbay-aq isleytug'i'n yedim. 2. A'metke bul sapari'nda a'kesi tek si'rtqi' ko'rinisi boyi'nsha g'ana yemes, ishki quri'li'si' menen, so'zleri menen jaqsi' ko'rindi. 3. Jay pitken son', ko'p uzamay-aq ishine kirip aldi'. 4. Aylani'p kelip menin' jalg'i'z balama qa'wip boladi'-aw. 5.Atan'a usi'nday hu'rmet ko'rsetedi yekensen' g'oy. 6. Bayag'i' din' aspandag'i' yeki ko'zden wo'limsirep sa'wle g'ana tu'sip turi'pti'. (M.K.)

***78-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na g'oy, g'ana, mish, aq, yemish, tek, ma janapaylari'ni'n' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'.

1. Woni'n' yeki ko'zi ... A'mette yedi, sonli'qtan Ataxandi' sira' serlemedi. 2. Ko'rdin'iz ..., yeger at bolmasa, men sizlerge yerip ju're almas yedim. 3. Yendi izinde qansha dushpan bar yekenine ko'zin' jetti ... ? 4. Bolmasa Serjanni'n' an'li'g'ani'n bilip kele berdin' ... ? (T.Q.). 5. Bazarg'a kelse, adamlardi'n' zatlari'n shashi'p, tewip jazi'qsi'z pa'ten'ge keltiredi... ? 6. Woni'n' ayag'i'n qushaqlap ji'lawg'a ... ku'shi jetti. 7. Barli'q

waqi'tta progresske qarsi' shi'g'atug'i'n ker tartpa ... . 8. Mashinalar heshkimnin' ko'rsetiwisiz ... sapqa dizile basladi' (M.S.).

*79-shi'ni'g'i'w.* Ha'm, da (de,ta,te) ko'mekshi so'zlerinin' qaysi' ga'pte janapay, qaysi' ga'pte da'neker xi'zmetinde jumsali'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Yendi paydasi' ne, usi' romani'mdi' senin' yesteligin'e yadigarli'q yetip qaldi'rsam da sag'an ba'ri bir yemes pe? (Sh.S.) 2. Atasi' woni' arti'na min'gestirip aladi' da yekewi ga' jortaqlap, ga' adi'm-adi'm ju'ris penen kete berdi. (Sh.A.) 3. Ji'ynalg'anlardi'n' ha'm pikiri usi'nday yedi. 4. Qansha qorqsa da aynani'n' si'ni'q ko'zine go'ne ko'rpesheni jumbarshaqlap, bizin' jaydi'n' da ti'rnag'i'na shen'gel ko'mip, atan' paqi'r yekewimiz baslap yedik. (Sh.S.) 5. U'rgin qar ha'm dawi'l ko'zdi ashti'rmaydi'. 6. Demali's zali' bir neshew, ken' ha'm to'besi din' aspanda. 7. Yesikleri tu'we terezelerinen de qalay bolsa solay arba aydap kirip shi'g'a beriwge boladi'. (A'.A.)

## JANAPAYLARDI'N' TU'RLERI

Janapaylar ma'nisi ha'm xi'zmetine qaray **soraw janapayi', ayi'ri'w-sheklew janapayi', ku'sheytiw janapayi'** ha'm **modal janapayi'** boli'p to'rt tu'rge bo'linedi.

## §19. Soraw janapaylari'

Ga'ptin' yamasa wo'zi qatnasli' so'zdin' mazmuni'na sorawli'q ma'ni beretug'i'n ko'mekshi so'zlerge soraw janapayi' delinedi.

Soraw janapaylari'ni'n' xi'zmetin **ma\me (ba\be, pa\pe), she** janapaylari' atqaradi'. Mi'sali': 1. Da'rya baylang'an ba? Usi' wo'zimizdin' A'miwda'rya **ma**? I'ras aytasan' **ba**? Di'g'i'ri'qtan qi'rq adi'mday to'menirekte yemes **pe**?. (I.Q.)

2. Su'wshigin she? Mine tu'bi qi'yi'lmag'an g'oy. Haram sho'p g'awashalardi'n' jerden alatug'i'n azi'g'i'n wo'zine tarti'p aladi'. Usi'ni' bilmeysen' **be**?. (A.T.)

**Ma\me** (ba\be, pa\pe) soraw janapaylari' so'zlerge dizbeklesip qollani'lg'anda sol qa'lpin wo'zgertpesten bo'lek

jazi'ladi': Ko'rip tursan' **ba**? Diyqanshi'li'qqa wolardi' u'yretiw an'sat boldi' **ma,** ba'rin bilesen'. Aytpadi'n' **ba** usi'lardi'. (I.Q.)

**Ma\me** (ba\be, pa\pe) janapaylari' II bettegi so'zlerge birigip te qollani'ladi'. Bunday jag'dayda sol betlik qosi'mtalari'ni'n' aldi'nan qosi'li'p (mi\mi', bi\bi', pi\pi') tu'rinde wo'zgerip ayti'ladi' ha'm sol wo'zgergen tu'rinde jazi'ladi'. Mi'sali':

— Aman**bi'**san' qutli' dalam, — dedi a'ste g'ana. — Shu'kir. Tolg'anay, Sen keldin' be?. (Sh.A.)

— Qalay, sawsap qalg'an joq**pi'**san', soldat? — dedi ku'lip. (Sh.S.)

***80-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an soraw janapaylari'ni'n' ma'nisi ha'm xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. «Quday **ma**, ya qurqi'ltay **ma,** kim sheber yeken? Jari'qli'q-ay!»—dedi anam uyag'a kelip. (I. Y.) 2. Buri'ni'raqta bul jerde taw bolg'an **ba,** ya bir sha'wketli patsha da'ryani' baylamaqshi' boldi' ma? (K. M) 3. Buni'n' si'ri'n bilesen' be?. (M.N) 4) Wo'zin'iz de woqi'wshi' yemessiz **be**? 5. Mag'an u'yretiwge waqti'n'i'z bolar **ma** yeken? (G. Y.) 6. Saw-salamat ju'r**mi**sen', balam? (A. A'.) 7. Bunday iske aralasi'p bala**mi'**-san'? 8. Soni'n' da'ni qi's azi'qqa jete **me**? 9. Sonda meni qatarlari'mnan qaldi'rajaq **pa**? — dedi A'met. (T.Q.) 10. Dosti'n' quwang'anda quwanbasan' bola **ma**? (M.N)

***81-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Soraw janapaylari'n tawi'p, wolardi'n' jazi'li'wi'n ayti'p berin'.

1. — Yekinshi jan'ali'q mi'naw, — dedi Begdulla.
— I'nti'q yete bermey tars-tars aytpaysan' ba?
— Ayt deysen' be? Joq, ha'zir aytpayman.
— Sen meni bala dep woylaysan' ba?
— Yel amanli'q pa?
— Amanli'q. (W.A)
2. — Al kitap woqi'wdi' u'rdis yetesiz be?
— Anda-sanda. (Z.B)

3. Basli'q u'yinde bolmasa she? (K.S) 4. Saw-salamat ju'r-misen', balam? 5. Bunday iske aralasi'p balami'san'? (A.A')

***82-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Soraw janapaylari'ni'n' asti'n si'zi'n'. Ne ushi'n soraw janapayli' ga'plerdin' aldi'na si'zi'qsha qoyi'li'p jazi'latug'i'nli'g'i'na itibar berin'.

1.— Sali' tuqi'mlari'n jaydi'n' ishine ji'ynaymi'z — dedi Lyuba.
— Sol isenimli bola ma? — dedi direktor.
— Bulardi' Boris bile me? —dedi Nadejda.
— Wog'an ayti'wdi'n' keregi joq, tu'sindin' be? — dedi Coy.
— Balani' qoy, meni ti'n'la, yesittin' be?
— Boristin' bilgeninen bilmegeni ko'p... (T.N)
2. — Bizin' u'yge barasan' ba, ali'p barayi'n?
— Barmayman, wo'zimnin' u'yime baraman.
— Ajag'an' kim boli'p isleydi.
— Injenermen deydi g'oy.
— Al, a'ken' she?
— A'kem islemeydi, pensiyada.
— Apa, senin' mendey balan' bar ma? — dedi bala.
— Yeger bar bolsa she?
— Birge woynaymi'z. (G. Y.)

## §20. Ayi'ri'w-sheklew janapaylari'

**Wo'zi qatnasli' so'zdin' ma'nisin ayi'ri'p-sheklep ko'rsetetug'i'n janapaylarg'a ayi'ri'w-sheklew janapayi' delinedi.**

Ayi'ri'w-sheklew janapaylari'ni'n' xi'zmetin tek, g'ana, tek g'ana, bolsa, gilen', gilkiy, i'lg'i'y ko'mekshi so'zleri atqaradi'. Mi'sali': **Tek** I'ri'squl biy tikeymey, shayi'qqa wo'z to'rinen wori'n awi'sti'ri'w ushi'n sa'l ji'li'sti'. (T.Q.) 2. **Tek g'ana** basli'q Tinaliyevtin' ha'zirshe balalardi' marapatlag'i'si' kelmeytug'i'n yedi. (Sh.A.) 3. Adam degen **tek** ju'riwdi, ju'ziwdi **g'ana** bilmeytug'i'nbedi . (Sh.A.)

**Bolsa** janapayi' wo'zi qatnasli' so'zdin' keyninde kelip, woni' basqa so'zlerden ayi'ri'p, bo'leklep ko'rsetedi. Mi'sali': Shi'mshi'qlar **bolsa** jug'i'rlasi'p ana shaqadan, mi'na shaqag'a ushi'p qoni'p ju'r. (Sh.R.)

**Gilen', gilkiy, i'lg'i'y** janapaylari' wo'zleri qatnasli' so'zlerden buri'n kelip, sol so'zlerdi basqa so'zlerden aji'rati'p ko'rsetedi. Mi'sali': Qalani'n' jaylari'ni'n' ko'p-

shiligi ha'zirgi usi'lda sali'ng'an ko'p qabatli' **gilen'** aq jaylar. (M.S.) **Gilkiy** qon'i'ratli'lar boli'p Sari'tawdi' jag'alap woti'radi'. (K.M.)

***83-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi aji'rati'p jazi'lg'an ayi'ri'w-sheklew janapaylari'ni'n' ma'nisi ha'm xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. **Tek g'ana** aman-yesen jetip alsan' bolg'ani'. (M. I) 2. Tek wo'zin'e saq boli'p, yeplilik penen **g'ana** is apari'w kerek. (J.A) 3. Tap bayag'i'day **g'ana** qaran'g'i' tamg'a tu'stik. (M.I) 4. **Tek** to'besi **g'ana** gu'jimdey bu'rkelip ko'p-ko'gis boli'p turadi'. 5. **Tek** ku'n yari'mi'nan awg'an son' **g'ana** ti'ni'shli'q bolatug'i'n yedi. (N.O) 6. **Tek** aspandag'i' ay menen jerdegi jenshilip qalg'an sho'pler **g'ana** bulardi'n' guwasi' boldi'.

***84-shi'ni'g'i'w.*** Jazi'n'. Ayi'ri'w-sheklew janapaylari'ni'n' asti'n si'zi'p, wo'zleri qatnasli' so'zlerge beretug'i'n ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Yeger baxi't degen na'rse tek ha'zirgi ma'ha'lde g'ana adam balasi'na keletug'i'n bolsa, wonda wo'tken iske wo'kinip, keleshek baxi'ttan u'miduwar boli'wdi'n' wonsha keregi joq yeken. 2. Tek waqti'nda wot-jem berip, suwg'ari'p, barlap ku'tip jeksen'— bular heshqashan uyatqa qaldi'rmaydi'. 3. Wol jerde tek u'sh xojali'q bar. 4. Tek g'ana jag'ag'a kelgen tolqi'nlardi'n' appaq ko'bikleri zorg'a bilinip ati'r.

***85-shi'ni'g'i'w.*** Yadi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan ayi'ri'w-sheklew janapayi'ni'n' tek, g'ana, tek g'ana tu'rleri qatnasqan alti' ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' qollani'li'w ma'nilerin tu'sindirin'.

## §21. Ku'sheytiw janapaylari'

Ga'ptegi ayi'ri'm so'zlerdin' yamasa pu'tin ga'ptin' ma'nisin ku'sheytip ko'rsetetug'i'n janapaylarg'a ku'sheytiw janapayi' delinedi.

Ku'sheytiw janapayi'ni'n' xi'zmetinde da\de, tap, g'oy, -aq, ha'm t.b. ko'mekshi so'zleri qollani'ladi'.

Jazi'wda **aq** janapayi' wo'zi qatnasli' so'zden keyin kelip, defis arqali' jazi'ladi'. Ku'sheytiwshi janapaylardi'n' basqa tu'rleri bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': 1. Sen buni'

heshqanday ruqsatsi'z-**aq** islewin'e boladi' **g'oy**. (Z.V.) 2. Biz niyet yetip barg'an du'kani'mi'zg'a **da** kire almadi'q. 3. Qi'yat tap bizdi a'skerlikten wo'zi qaytarg'anday mardi'yi'p, to'rde maldas quri'ni'p ali'pti'. (Sh.S.)

**An'lati'w**: **da\de, ha'm** ko'mekshi so'zleri ga'pte qollani'li'wi'na qaray birde da'neker, birde janapay ma'nilerinde keledi.

1. Janapayli'q ma'nide qollani'lg'anda, jeke so'zlerge qosi'msha ku'sheyttiriwshilik ma'ni beredi. Mi'sali': Bul a'distin' wo'zi **de** kim kimdi jen'er yeken degendey gu'reske uqsaydi'. Ji'ynalg'anlardi'n' **ha'm** pikiri usi'nday yedi. (Sh.S.)

2. Da'nekerlik ma'nide qollani'lg'anda yen' kemi yeki so'zdi (birgelkili ag'zani' yamasa yeki jay ga'pti) baylani'sti'radi'. Mi'sali': Wol qapi'ni'n' aldi'nda sa'lkem yeglenip turdi' **da**, ishkerige kirip ketti. (Sh.S.) Shopan bag'ana azanda qoylardi' jayi'p ketti **de**, Yerpolat da'rka'r na'rselerdi ali'p izinen jetpekshi boli'p qali'p yedi. (M.D.) Men woni'n' qasi'na baraman **ha'm** wol meni bawi'ri'na basadi'. (S.K.)

***86-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an ku'sheytiw janapaylari'ni'n' ma'nisi ha'm xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. Menin' ne qi'li'p ju'rgenimnen ha'mme xabardar yeken **g'oy**. (T.Q) 2. Bul bayag'i' atqari'wi'n'i'zg'a qarag'anda wo'zgeshe **g'oy,** shamasi'? 3. Sen bari'p ali'p qayta **g'oy**. 4. Qi'si'jazi' ti'nbay-**aq** isleytug'i'n yedim. (T.Q) 5. Sen dem ali'p, ka'mine kelemen degenshe, yegis taman boladi'-**g'oy**, shi'rag'i'm-aw. (G.Y.) 6. Jay pitken son', ko'p uzamay-**aq** wog'an kirip aldi'q. (T.Q) 7. Atan'a usi'nday hu'rmet ko'rsetedi yekensen'-**g'oy**. 8. Wol, yele mektep partasi'na woti'rmay ati'ri'p-**aq**, ju'zge deyin sanap biledi yeken. (M. J) 9. Ji'ynalg'anlardi'n' **ha'm** pikiri usi'nday yedi. (Sh.S) 10. Qarawi'l qoyi'p **ha'm** ko'rdi. (T.Q) 11. Da'rmenbay **da** wonnan qali'spawg'a ti'ri'sadi'. (T. Q)

***87-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirin'. Janapaylardi'n' asti'n si'zi'p, ku'sheytiw janapaylari'ni'n' wo'zi qatnasli' so'zge qanday ma'ni berip turg'ani'n ayti'n'.

1. Ku'nnin' qi'rq gradusli'q i'ssi'li'g'i' tikkeley tap tas to'be-n'e kelip quyi'li'p turg'anday. 2. Baxi'tlari', ilayi'm, bunnan da aydi'n ashi'q bola bersin. 3. Meste suwdi'rlap barati'rg'an suwdi' ko'rsen', u'sti-u'stine sho'lley beretug'i'n yedin' g'oy. 4. Ekspediciya qi'sqa mu'ddettin' ishinde-aq artezian qudi'qlari'n qazi'p pitkerdi. 5. Bul awhalda qorqqani'nan baqi'ri'p jibermekshi yedi, yerinleri de iykemge kelmedi. 6. Jaz qolayli' ma'wsim g'oy. 7. Woni'n' qasi'na Tilew de keldi. (G'.S.)

***88-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Janapaylardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' janapay yekenin ha'm qanday so'z shaqaplari'na qatnasli'li'g'i'n, ma'nilerin ani'qlan'.

1. Jazdi'n' qi'zi'g'i' da wo'tip ketti. Ati'zlar bosap qalg'an-li'qtan adamlardi'n' g'awi'rli'si' da yesitilmeydi. Ali'sta g'awqi'yi'p ju'retug'i'n kombaynlar da ko'rinbeydi. Ati'zlarg'a yele mallar jayi'lmag'an yedi. (Sh.A.)

2. — Bilemen, Tolg'anay. Wo'zim de seni keler dep jati'r yedim. Bul sapari' da aqli'g'i'n'di' yertip kelmedin' be, Tolg'a-nay?— Ko'rip tursan' g'oy. Qara basi'm keldim.

— Wo'ytip woylap ne qi'lasan'? Yerte me, kesh pe, aqi'ri' bir ku'ni wo'zi-aq biler-da'. Wo'zi de yeseyip, jaqsi'-jamandi' biletug'i'n boli'p kiyati'r.

— So'ytse de, adamni'n' haqi'yqatli'qti' bilgeni maqul g'oy, Tolg'anay.

— Tu'sinemen ba'rine de. Biraq qalay aytarman? Men biletug'i'n haqi'yqatli'qti', qa'dirdan dalam, sen biletug'i'n , ha'tteki, ha'mme biletug'i'n haqi'yqatli'qti' ha'zirshe tek g'ana wol bilmeydi. (Sh.A.)

## §22. Modal janapaylari'

Ga'ptegi pikirge yamasa ayi'ri'm so'zlerge boljaw, wo'ti-niw, gu'man yetiw, buyi'ri'w, mi'sqi'llaw t.b. qosi'msha ma'ni ju'kleytug'i'n janapaylarg'a modal janapaylari' delinedi.

Modal ma'nili janapaylardi'n' xi'zmetin **aw, ay, shi', shi, wo's, sesh, da', a, a', wo, mi's, mis, mi'sh, mish** ko'mekshi so'zler atqaradi'.

**Aw, ay, a, a', wo, da'** janapaylari' wo'zleri dizbeklesip kelgen so'zlerdin', ga'plerdin' ma'nisine beyimlesip wo'zger-meli boli'p keledi.

**Shi', shi, sesh, wo's** janapaylari' ko'binese buyri'q-wo'tinish ma'nisin bildiredi. **Mi'sali':**

— Qa'ne, Volodiya qalay qolg'a tu'sip qalg'ani'n'di' ha'm wolardan qalay quti'lg'ani'n'di' ayti'p **bershi**, - dep wo'tindi anasi'. (Z.U.)

**Mi's, mis, mi'sh, mish** janapaylar kek yetiw, mi's-qi'llaw ma'nilerin an'latadi'. Mi'sali': Paxta ji'ynali'p bol-g'an son' **ketedimis**, — deydi g'oy jurt. Jayhun boylari'na jetkende bir sahabasi' mi'nanday aqi'l **beriptimish**. (T.Q.)

*89-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an modal janapaylardi'n' ma'nilerine ha'm xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. Sondag'i' si'ltawi' — buri'ng'i' salma tar **yemish,** suw ju'rmeydi yemish, suw ju'rmegen son' sali' suw ishe almay, jo'nli zu'ra'a't bermeydi **yemish**. (K.A) 2. Adam degen bunshama da ashi'li'sadi' yeken-**aw**. (M. J) 3. Aylani'p kelip menin' jalg'i'z balama qa'wip boldi'-**aw**! 4. Yendi bolsa, awi'l ma'deniyati'n ko'teriwge qarsi' shi'g'i'p ati'rg'an**bi'sh**. (K.A) 5. Sonnan beri wonbes ji'ldi'n' maydani' boli'p qaldi'-**aw** deymen. (G. Y.) 6. Ga'ptin' mayi'n tami'zi'p ayt-**a**. 7. Woni'n' aytqani' keler-**a'y**. 8. Jaraydi' deymiz-**aw**, tap yeki tasti'n' arasi'nan aman ali'p shi'g'adi'. (M.N) 9. Wog'an hesh adamni'n' da ku'shi jetpeydi **yemish**. (K.A) 10. Sen ali'p kelemen degenshe yegis tamam boladi' **g'oy**, shi'rag'i'm-**aw**. (G.Y.)

*90-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Janapaylardi' tawi'p, wolardi'n' ga'pke qanday ma'ni berip turg'ani'n ha'm qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

1. Jat yelde ju'rgende de bizlerdi sag'i'ni'p, bizlerdin' g'ami'mi'zdi' jep ju'rdin'-aw, jumi'sta da bizler ushi'n qaralay wo'ship, qan juti'p ju'rdin'-aw dep woylani'p woti'rdi'. (Z.V.) 2. Mag'an usi'nshama u'lken isenim bildirgensiz-a',— dep jawtan'lap qaradi' Asqar direktorg'a. 3. Wo'zlerinin' aman qaytqani'n aytsesh. 4. Bali'q awlasan'shi', du'kanda hayal-qi'zlar da islemey me? (K.S.) 5. Anaw Da'wlet u'yine qaytadi'mi'sh.

(S.X.) 6. Ha'y, Shamurat, suw alsan'-a', qollardi' juwi'p woti'ra-yi'q. 7. Sizin' u'yge bari'p birge woynaymi'z da'. (G.Y.) 8. Bay-bay, mi'nani'n' an'go'degin-ay. (W.X.) 9. Ha'y, qoysan'-a',—dep tag'i' baqi'ri'p jiberippen. (Sh.S.)

***91-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Modal ma'nili janapaylardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' ga'pke qanday ma'ni berip kelgenin tu'sindirin'.

1. Biraq qolaysi'zlaw bir jeri, mi'na boshkalardi'n' u'stinde sozi'li'p jatqanday bir wori'nni'n' bolmay turg'ani'n aytsan'-a'. 2. Yendi woni' jubati'w kerek yedi, basi' ba'lege qaldi'-aw. 3. —Baqi'ra bermesen'-a', beremiz. (Sh.S.) Qi'rqi'na shi'dag'an zan'ga'r birine shi'damapti' da'. (I.Q.) 5. A'tten', belden ku'sh, dizeden quwat qaytti'-a'. 6. Qali'n'mal aladi'mi's. (K.S.) 7. Way, biyshara-ay! Qorqaq pi'shi'q. (I.Y.) Ha', duzi'm urg'i'r-a', bul jaman yendi jo'nine turmay, na'ha'nlerdi aldap, kesirin jurtqa tiygizedi-aw. (Sh.S.)

## § 23. Janapaylardi'n' jazi'li'wi'

1. Soraw, ayi'ri'w-sheklew, ku'sheytiw ma'nilerin bildiretug'i'n **ma, me, she, g'ana, tek, tek g'ana, ha'tte, da, de, tap, g'oy** t.b. janapaylar ga'p ishinde so'zlerden bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': **aytti' ma, barasan' ba, kelesen' be, ag'am she, wo'zim de, sen de alg'an g'oy;** tek A'bdimurat g'ana kelmedi; tek g'ana Sultamurat yerte keldi; jaydi'n' ishi tap ku'ndizgidey jari'q, t.b.

Al, **ma, me. (ba, be, pa, pe)** janapaylari' so'zlerge birigip jazi'lg'anda da'slepki qa'lpin wo'zgertip **mi', mi, bi', bi, pi', pi** tu'rinde so'z benen betlik qosi'mtani'n' arasi'nda jazi'ladi'. Mi'sali': adam**bi'**san', woqi'y**mi'**san', sen**bi**sen', kele**mi**sen', ko'rip**pi**sen'. t.b.

2. **shi', shi, sesh, wo's, mi's, mis, mi'sh, mish** t.b. si'yaqli' modalli'q janapaylar so'zlerdin' son'i'na qosi'li'p, birigip jazi'ladi'. Mi'sali': aytshi', kelsesh, ayto's, ketsesh, baradi'mi'sh, keledimish, ayti'pti'mi'sh, ko'riptimish t.b.

3. **aq, ay, aw, a'y, a, a', sa, se, da** t.b. si'yaqli' jana-paylar defis arqali' jazi'ladi'. Mi'sali': sen-**aq**, sonday-**aq**, aytaman-**aw**, keler-**aw**, qoy-**a**, aytsan'-**a**, ishsen'-**o**, qoy-**a'y**, qoysan'i'z-**da**, shi'damapti'-**da**, t.b.

*92-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi tiyisli irkilis belgisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Janapaylardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' jazi'li'w wo'zgesheliklerin tu'sindirin'.

1. —Bul jigitti tani'madi'q g'oy, — dep soradi',— ga'zetten kelgen xabarshi' ma? 2. Woni'n' ko'z aldi'nda keshe g'ana tep-tegis malalani'p yegilgen sali' ati'zlari' ko'lbep jatti'. 3. Ba'ri de qon'i'r-aqshi'l gilemdey jayi'li'p ati'r. 4. A'ttegen-ay, —dedi Aytbay. 5. Aytbay wolarg'a jaqi'nlawdan-aq Tawman so'z basladi'. 6. Ba'rinen de shi'rri'qli'g'i' wo'rtep ketti-aw. (I.Q.) 7. Isti usi'nday yetip sho'lkemlestirip, bir jag'adan bas, bir jen'nen qol shi'g'arsan', ba'ri sazda'. (W.X.) 8. Ayto's qos-shi'm, son'g'i' ji'llari' woti'ri'spag'a qatnasa almay qulag'i'm ti'g'i'li'p ju'r. 9. Aytshi', Maman ag'a, bizler adam aydap kelippedik ya bizlerdi aydap kelippedi? (T.Q.)

*93-shi'ni'g'i'w.* **U'yge tapsi'rma**. Ko'shirip jazi'n'. Janapaylardi'n' jazi'li'wi'na di'qqat yetip, wolardi'n' bo'lek, defis arqali' ha'm qosi'li'p jazi'li'w wo'zgesheliklerin ayti'n'. Defis penen jazi'latug'i'n janapaylardi' wo'zlerin' du'zep jazi'n'.

1. — Wo'mirbekke jari'spay-aq qoy, yashulli'?— dedi wol. 2. Sen de Wo'mirbek bol — a'. Yegindi ayap jen'il ayaq bolayi'n degeni g'oy. 3. Digildik boli'psan' — a'. 4. Degen menen jalan'-ayaq ju'riwge bolmaydi' g'oy. 5. A'y, toba-ay... Ne isleysiz? 6. Ha' demey-aq wol ji'ynalg'anlarg'a jetip keldi. 7. —Aldasa, Yusipti aldapti' — da'. (S.S.) 8. —Ug'i'p turman-aw,—dep mi'n'g'i'rladi' Tawman.

*94-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdegi qaysi' so'zlerde **ma, me, (ba, be, pa, pe)** ha'm **mi',mi, bi', bi** soraw janapaylari'ni'n' worni'n almasti'ri'wg'a boladi', qaysi'lari'nda wori'n almasti'ri'wg'a bolmaydi'. Wolardi'n' jazi'li'wi'na itibar berin'.

1. Bir jola mag'an sol Babaxan bay jo'ninde ayti'p bergensiz be? 2. Sol xabardi' yesitippisen', yelden bir u'y ko'shkenine ari'n' kele me? 3. Arza berip ketken joqpi'san'? 4. Abaylap qara, bul senin' a'ken' minetug'i'n mashina yemes pe? 5. Az-maz dem alami'san? 6. — Saw boli'n'lar, - dedi g'arri' wolar-di'n' sorawi'n a'lik ali'p, - ju'rmeysizler me? 7. — Way, Ata-murat, senbisen'?! Mi'naw atti' min de qalag'a shap! (T.Q.).

8. Bari'n'a, jog'i'na qaraytug'i'n ku'n bolar ma yeken? 9. Ma'rdikar beresen' be, joq pa? (Q.A.). 10. Quri' bari'p kelgen menen mu'yiz shi'g'arasan' ba? 11. Sonnan kelisim bermegende ne qi'lasan'? Topi'raqqa wot qoyasan' ba? Yen' bolmasa bir zaman ko'silip jatqanni'n' ra'ha'tin aytpaysan' ba? 13. Sen sharshag'anda men sharshamadi'm ba? 14. Turdi'murat ag'an' qi'zi'q kitap jiberetug'i'n jerde me? 15. Mi'na qi'zlarg'a «qosqa kir» dep mira't yetpeysen' be? (M.N.).

## JANAPAYLARDI' MORFOLOGIYALI'Q TALLAW

### Tallawdi'n' jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi.

II. Morfologiyali'q belgisi: a) tu'rlerge bo'liniwi, b) wo'zgermeytug'i'n so'z.

III. Sintaksislik xi'zmeti.

### Tallaw u'lgisi:

Men tek g'ana usi' yertekti bilemen. (J.A.)

| Awi'zsha tallaw | Jazba tallaw |
|---|---|
| Tek g'ana—janapay,<br>I. Ayi'ri'w-sheklew ma'ni beredi,<br>II. Morfologiyali'q belgisi:<br>ayi'ri'w-sheklew janapay,<br>wo'zgermeytug'i'n so'z.<br>III. Ga'p ag'zasi' bola almaydi'. | Tek g'ana—janapay<br>I. Qosi'msha ma'ni beredi<br>II. Morf.belg.ayi'r.jan.<br>wo'zgerm.so'z.<br><br>III. Ga'p ag'zasi' bola alm. |

***95-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi janapaylardi' awi'zsha ha'm jazba tu'rde tallaw jasan'.

1. Buni'n' si'ri'n bilesen' be? Saw-salamat ju'rmisen'? (A.A'.) 2. Awa, men de g'arri'ni'n' so'zine qosi'laman. (K.S.) 3. Mine, bizlerdi usi' sarsan' kesekke salg'an ha'm usi' belgisiz arali'q yedi. (S.S.) 4. Usi'ni' yesitiwden-aq Qanli'qi'li'shti'n' tu'kleri tebendey shanshi'ldi'. (Sh.S.) 5. Yendi tek to'gin

to'gip, suwg'ari'w kerek. (W.X.) 6. Al paroxod bolsa a'ste-aqi'ri'n ji'lji'p ali'slay berdi. (Sh.A.)

## JANAPAYLARDI' TA'KIRARLAW

### *I. Sorawlarg'a awi'zsha juwap berin'.*

1. Qanday ko'mekshi so'zlerdi janapay deymiz?
2. Janapaylar qanday tu'rlerge bo'linedi? Tu'rleri boyi'nsha mi'sallar keltirin'.
3. Qaysi' janapaylar so'zge qosi'li'p jazi'ladi', qaysi'lari' bo'lek, qaysi'lari' defis arqali' jazi'ladi'? Mi'sallar keltirin'.
4. Janapaylardi'n' tirkewish ha'm da'nekerlerden ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.

### *II. Tapsi'rmalardi' wori'nlan'.*

1. Ma, me. (ba, be, pa, pe) janapaylari'na 2 ga'p du'zin'. Wolardi'n' mi', mi tu'rine qanday jag'dayda wo'zgerip jazi'li'wi'n ayti'n' ha'm mi'sallar keltirin'.
2. Ha'm ko'mekshi so'zinin' janapay ha'm da'nekerlik xi'zmette keliwine 2 ga'p jazi'n'. Wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin ayti'n'.

***96-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Janapaylardi' tawi'p, wolardi' ma'nilik tu'rlerine aji'rati'p ayti'p berin'.

1. Baslari' bir-birine du'gisip ketken toran'g'i'llardi'n' ha'rriyisken shaqalari'nda biren'-saran' japi'raqlar g'ana ko'rinedi. 2. Azanda men A'met penen Serjanni'n' ha'mdamlasi'p, so'ylesip turg'ani'n da ko'rip yedim g'oy. 3. Menin' ne qi'li'p ju'rgenim-nen ha'mme xabardar yeken g'oy. (T.Q.) 4. Ba'rin'iz de baladan adam bolg'ansi'z g'oy. 5. Dosti'n' quwang'anda sen de quwanbasan' bola ma? 6. Al qi'zi'l shalbari'na qarap, woni' qulag'i'rdan-aq aljasti'rmay tani'w qi'yi'n yemes. 7. Yendi bolsa, awi'l ma'deniyati'n ko'teriwge qarsi' shi'g'i'p ati'rg'anbi'sh. 8. Qala berdi, bazarshi'lardi' so'gip, azaplap, uratug'i'n da a'detleri bar yemish. (K.A.)

***97-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Janapay so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' tu'ri yekenligin ha'm ma'nilerin ayti'n'.

1. Son’ mag’an baqi’ri’p jiberdi. — Sen, bala, barsan’-a’ mali’n’a. 2. Ha’r na’rseni waqti’nda islep taslamasan’, bolajag’i’ soldag’i’. Qi’si’ menen iyt qi’rqti’n’i’z ba, shi’rag’i’m-aw. Tamasha, tap biz bir menshik mashinami’zg’a shu’y sorap bari’p turg’anday. 3. Ha’, aytari’n’i’z bar ma, bir na’rseni abaylaytug’i’n bala ko’rinesen’. 4. Ta’rtip boyi’nsha jem g’oy bi’lay tursi’n, mallarg’a tu’nemeligine de wot sali’wi’mi’z kerek. 5. —Qoysan’i’z da, ha’y, bu’lip qalarman, qoysan’i’z-da’, aqi’ri’. 6. Bul na’rse qashshan-aq boli’wi’ kerek yedi. (Sh.S.) 7. Awi’l betten topari’ menen ushi’p kelip, keshe g’ana tuqi’m sali’ng’an ati’zdi’ shoqi’p, da’nlerdi jep ketipti. (Sh.S.)

***98-shi’ni’g’i’w.*** Kesteden paydalani’p, to’mendegi janapaylardi’ ma’nisine qaray tu’rlerine aji’rati’p bo’lip jazi’n’.

Janapaylar: ma, me, aw, ay, a’y, ba, be, pa, pe, shi’, shi, a, a’, wo, mi’s, mis, she, g’ana, sesh, tek, g’oy, tek g’ana, aq, da, de, wo’s, sa, tap, da’, gilen’, gilkiy, ha’tte, mi’sh, mish t.b.

| **Janapaylardi’n’ tu’rleri** | **Janapaylar** |
|---|---|
| Soraw janapaylari’<br>Ayi’ri’w-sheklew janapaylari’<br>Ku’sheytiw janapaylari’<br>Modal janapaylari’ | |

## MODAL SO’ZLER

### §24. Modal so’zler haqqi’nda tu’sinik

***99-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdegi qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerge di’qqat yetin’. Wolar ma’nili yamasa ko’mekshi so’z shaqaplari’nan qanday wo’zgeshelikke iye. Zatli’q yamasa ha’reketlik ma’nilerdi bildire me, usi’ jaqlari’na itibar berin’.

1. **A’lbette**, bul sizin’ qoli’n’i’zdan keledi. (W.X.) 2. Yelge, **so’z joq**, jen’is penen keledi. (W.A.) 3. **Ba’lkim**, wol u’ydin’ a’tirapi’n aylani’p ju’rgen shi’g’ar. 4. **Mu’mkin,** wolar jerlerin a’lleqashan to’gip qoyg’andi’. (T.Q.) 5. **Qi’sqasi’**, paxta ushi’n gu’reste da’slepki jen’iske qa’dem atti’n’. (W.X.) 6. **Awa**, anaw

biyik tawg'a qarap, bag'darlap ayday ber. (T.N.) 7. Wol tu'ske deyin bul a'tirapqa kelgen **joq.** (W.A.) **Shi'ni'nda**, usi'lay boli'wi' kerek.

So'ylewshinin' ga'ptegi ayti'lg'an pikirge boljaw, isenim, gu'man yetiw, maqullaw, biykarlaw, tasti'yi'qlaw t.b. si'yaqli' qatnaslari'n bildiretug'i'n so'zler modal so'zler dep ataladi'.

Modal so'zlerdin' topari'na **a'lbette, ba'lkim, qullasi', demek, ma'selen, mu'mkin, itimal, shi'ni'nda, duri's, ras, so'zsiz, awa, jaq, shamasi', mi'sali', ma'selen, tilekke qarsi', aytpaqshi'** t.b. so'zler kiredi. Wolar so'ylewshinin' haqi'yqatli'qqa bolg'an ha'r tu'rli modalli'q, sezimlik, isenim, maqullaw, biykarlaw, t.b. ma'nilik qatnaslari'n bildirip keledi. Mi'sali': 1. Wol respublikami'z boyi'nsha da birinshilikti ali'wi' **mu'mkin**. (S.X.) 2. **Shi'ni'nda** da, qay waq bir waq usi'nday a'leme-juwa so'zdin' baslanatug'i'ni'na Su'yindiktin' ko'zi jetken yedi. (T.Q.) 3. **Tilekke qarsi**', wol kisi bu'gin joq, yerten' keledi,—dedi. (T.Q.)

Bul mi'sallarda birinshi ga'ptegi **mu'mkin** so'zi boljawdi', shamalawdi', yekinshi ga'ptegi **shi'ni'nda da** modal so'zi isenimdi bildirse, u'shinshi ga'ptegi **tilekke qarsi'** modal so'zi ga'ptegi pikirge qi'ynali'w ma'nisin bildiredi.

Modal so'zler ma'nili bo'leklerge (tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a) aji'rati'lmaydi'. Ga'p ag'zalari' menen sintaksislik baylani'sqa tu'speydi. Sonli'qtan wolar so'z dizbeginin' bir si'n'ari' bola almaydi'. Tek uluwma ga'pke yamasa woni'n' bir ag'zasi'na ma'nilik jaqtan g'ana qatnasli' boli'p baylani'sadi'. Mi'sali': 1. **Shi'ni'nda**, bul g'awashani' suwg'ari'wg'a yeki adam ko'plik yetpeydi. **Mu'mkin**, wog'an Aydanani'n' so'zleri ta'sir yetken shi'g'ar. (W.X.) 3. Woqi'wdan ko'p qali'w, **a'lbette**, wo'zine zi'yan. (G.I.)

Bul mi'sallarda 1-2-ga'ptegi di'qqat yetilgen modal so'zler uluwma ga'p penen ma'nilik baylani'sqa tu'sken. Al, u'shinshi ga'ptegi **a'lbette** modal so'zi wo'zinen son'g'i' toli'qlawi'sh penen ma'nilik jaqtan baylani'sqan.

***100-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Modal so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday ma'ni bildirip kelgenin ani'qlan'.

1. A'lbette, siz meni tani'ysi'z. 2. Qullasi', yeki ji'lda yen'sem gu'jireyip, awi'lg'a qayti'p keldim. (K.M.) 3. Wol aytqani'nan qaytar, ba'lkim. 4. Jaq, keletug'i'n wolar joq. 5. A'y, yag'a', wolar wonday axmaq yemes. (Sh.S.) 6. Awa, awa, sennen u'yrenemiz. (S.X.)

***101-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi jazi'p, modal so'zlerdin' asti'n si'zi'n'. Modal so'zlerdin' ga'pke qanday ma'ni berip kelgenin tu'sindirin'.

1. Qullasi', Du'ysenbaydi'n' so'zi tawsi'lmadi'. 2. A'lbette, menin' jan'ali'qsi'z kelgen jerim bar ma, sira'. (S.X.) 3. Bul, ba'lkim, ji'lli' so'z tirilerge tiriliginde yemes, wo'lgennen son' ha'm kerek yekenligin mag'an Da'megu'l uqti'rdi'. 4. Xalqi'm — ten'iz, men — tamshi'. Demek, ten'izdin' ma'nisin bayanlawg'a tamshi'si' haqi'li'. (I.Y.)

5. Ba'lki, shi'g'i'p ketkenmendi yesin'nen,
Wo'ytkeni tek bir men be wo'rshigen sennen? (I.Y.)

***102-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na to'mendegi modal so'zlerdin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Wolarg'a qatnasli' irkilis belgilerinin' qoyi'li'wi'na da di'qqat yetin'.

Modal so'zler: demek, a'lbette, mu'mkin, ba'lkim, joq, kerek, tiyis.

1. Hu'jdan aldi'nda wo'zin yen' a'dil tutqan sudyani'n' wo'zi de albi'rap, ha'tte, qayti'p ketken ten'izdin' wo'zi de tasi'p, wo'z worni'na tu'siwi ... 2. ...soni'n' saldari'nan bolsa kerek son'g'i' ji'llar ishinde ju'rek awi'ri'wi' menen awi'rg'an adamlardi'n' sani' ko'beyip ketti. 3. Si'rlasi'w... ...adamlardi'n' kewlin jumsartar. 4. ... ha'zirshe sizge ko'p qozg'ali'wg'a bolmaydi',—dedi ayaq ushi'nda woti'rg'an bir qi'z. (K.M.) 5. Sonda da, miyneti bahalani'wi'... 6. Wol u'yler de meni quri' qoymaydi', ..., wolar da menin' mu'ta'jimdi pitkerip turadi'. 7. ... wolardi' bizin' adamlar yekendag'i', watani'nan bezdirgen. (Sh.S.)

## § 25. Modal so'zlerdin' ma'nileri

***103-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi asti' si'zi'lg'an so'zlerdin' ma'nisi ha'm xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. Tilekke qarsi', wol kisi bu'gin joq. (T.Q) 2. Demek, siz be woni' jumi'stan quwg'an?. (I. Y) 3. Qi'sqasi'n aytqanda, toy wo'kpesiz bolmaydi' dep, ata-babalar biykar aytpag'an. (T.Q) 4. Shi'ni'n aytsam, men bug'an qapa boldi'm. (K.S) 5. Menin'she, usi' awi'lda su'yenishleri bar. (T.Q) 6. Aqi'ri', barli'q ba'lamatti'n' aldi' ali'ni'wi' za'ru'r. (T.Q) 7. Shamasi', bir jerlerge tayi'p ketip qulag'an bolsa kerek. (W.X) 8. Haqi'y-qati'nda, wol so'zden uti'lg'an yedi. (W.X) 9. Demek, ku'n bati'wg'a taqali'p qalg'an. (I.Y)

Modal so'zler pu'tin ga'pten an'lati'lg'an pikirge ya'ki woni'n' bir ag'zasi'na qatnasi'na qaray to'mendegi ma'ni-lerde qollani'ladi':

1. Ga'ptegi ayti'lg'an pikirge isenim bildiriw ma'nisinde qollani'ladi'. Bul ma'nide **a'lbette, duri'si'nda, shi'ni'nda, rasi'nda, so'zsiz, shubhasi'z** t.b. modal so'zler keledi.

2. Boljaw, shamalaw, gu'man yetiw ma'nilerin bildire-di: **ba'lkim, mu'mkin, shamasi', qa'ydem, ma'ga'r, sira'** t.b.

3. Maqullaw, biykarlaw, tasti'yi'qlaw ma'nilerin bildiredi: awa, joq, jaq (yaq), jaqsi' (yaqshi'), maqul, t.b.

4. So'ylewshinin' sezimlik (emocionalli'q) qatnas ma'nisin an'latadi': **tilekke qarsi', baxti'mi'zg'a, menin' baxti'ma, ne qi'layi'q, i'qti'yari'**, t.b.

5. So'ylewshinin' pikirinin' da'slepki pikir menen baylani'sli'li'g'i'n, juwmag'i'n, na'tiyjesin bildiredi: **demek, qi'sqasi', qullasi', aqi'ri', wolay bolsa, mi'sali', ma'selen, so'ytip, na'tiyjede, al ga'rez**, t.b.

Bulardan basqa da modalli'q ma'nini **aytpaqshi', aytqanday, menin'she, kerisinshe, birinshiden, yekinshiden, jaqsi'si', qa'ne, qa'nekey, minekey,** t.b. si'yaqli' so'zler an'lati'p keledi.

***107-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an modal so'zlerdin' ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Jigit jandalbasi' zorg'a jetken bolsa **itimal**, qayi'qqa mi-niwden yeki iyni bari'p kelip, mazasi' qashi'p sala berdi. 2. Qa-rasam, Bag'diyar qolti'g'i'mnan su'yep ati'rg'an yeken, **shama-si'**, ji'g'i'la jazlag'an qusayman-aw. 3. **A'lbette**, wo'z dosti'ni'n'

jag'daylari' menen tani'si'wi' **tiyis**. 4. **Rasi'nda da**, qatnasi' bolg'an qusaydi', azi'-kem ha'lekshilikke tu'sti. (Sh.S.) 5. **Qullasi'**, puli'n'a qayttan bazardan si'yi'r sati'p al, sheshe, — dep jali'ndi'm. (K.M.) 6. **Awa**, aqi'ri', inim, brigadir degenlerdin' ku'ndiz ju'reri **bar**, tu'nde ju'reri **bar**. 7. **Jaqsi'**, Qaljan ag'a bul arzadan xabari'n'i'z bar ma? **Joq**, ayta almay turg'an bir si'ri'm bar. (S.X.)

***105-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Modal so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi' ma'nisine qaray tu'rlerine aji'rati'p ayti'p berin'.

1. Joq, wolar watani'nan bezbeydi, tek qara basi'n ali'p qashi'p ju'rgen adamlar. 2. Jaq, isleytug'i'n wolar joq. (Sh.S.) 3. Qullasi', istin' ko'zin bilmesen' bolmaydi'. 4. Demek, zaqi'mlang'an ju'rekke ko'p ja'bir beriwge bolmaytug'i'n shi'g'ar. 5. Qaljan apa, Turdi'baydi'n' paxtalari'n da bir ko'reyik. — Maqul, maqul, ju'rin'ler. 6. Awa, awa, to'gin, yegin yegip, ta'jiriybe almasi'w, ba'rin de sensiz sheshkenbiz, yele de asi'qpay sheshe beremiz. 7. Ayti'p woti'rg'an men yemes, ilim, turmi's, woni' u'yreniw, ti'n'law kerek. (S.X.)

***106-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' sinonimin tawi'p, solardi'n' worni'na almasti'ri'p ayti'p berin'.

1. Woni'n' kelip qali'wi' **itimal**. 2. **Rastanda**, jan'ali'qti' ko'rmey woti'rsan' ba? (S.X.) 3. **Ma'selen**, paxtashi'li'q penen shug'i'llanatug'i'n tek bizin' respublikami'z yemes. 4. **Qullasi'**, tan'di' uyqi'si'z atqardi'q. 5. **So'zsiz**, wa'demizden shi'g'ami'z.

## § 26. Modal so'zlerdin' sintaksislik xi'zmeti

Modal so'zler to'mendegi sintaksislik xi'zmetlerdi atqaradi':

1. Modal so'zler pu'tin ga'ptin' mazmuni'na qatnasli' kiris ag'za xi'zmetin atqaradi'. Kiris ag'za xi'zmetinde kelgen modal so'zler ga'ptin' basqa ag'zalari'nan u'tir arqali' bo'linip jazi'ladi'. Mi'sali': 1. **Demek**, aytqani' kelgen yeken-da'. 2. Waqti'nda jetip barami'z, **a'lbette**. 3. **Itimal,** wol wa'desinen shi'g'ar. 4. Tapsi'rma, **so'zsiz**, wori'nlanadi'. 5. Biz, **mu'mkin,** keshigemiz. 6. **Joq**, aytqani'm-aytqan.

2. Maqullaw, biykarlaw, boljaw, t.b. ma'nilerdegi modal so'zler ga'plik intonaciyag'a iye boli'p, so'z-ga'p xi'zmetin de atqaradi'. Mi'sali':

—Toqta kim wol? Na'ziyra yemes pe?

—**Awa.**

—Basqa adamlar joq pa?

—**Joq**. (B.B.)

—**Joq**. Men bul xorli'qqa shi'day almayman. Qojban? (S.X.)

—Bu'gin qarsi' bolg'anlar bar shi'g'ar?

—**A'lbette**. (W.X.)

— Yendi, nede bolsa, no'ker saqlap, yel boli'wdi'n' g'ami'n jen'ler. Amanqul biy, maqul ma?

—**Maqul.** (T.Q.)

***107-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Modal so'zlerdi tawi'p wolardi'n' qanday jag'dayda kiris ag'za, qanday jag'dayda qospa bayanlawi'sh xi'zmetinde kelgenin tu'sindirin'.

1. Ba'lki, si'rlasi'w ushi'n jazi'lg'an shi'g'ar. 2. Bul Wo'temistin' kelinshegi bolsa itimal. 3. Joq, men bug'an isenbeymen. (K.M.) 4. Itimal, wol ku'ta' aqi'lli' qabag'an iyt bolsa kerek. 5. Duri's, joybari'n'ni'n' jani' bar. 6. A'lbette, bul jag'daylar menen ha'r qi'yli' ko'zqaraslar Yerjan maqsi'mni'n' kesesine buri'ng'i'dan da beter ta'sir yetti. (A.B.)

***108-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n', modal so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday sintaksislik xi'zmette kelgenin ayti'n'.

1. Duri's, aytqani' kelgen-da'! 2. Tilekke qarsi', bizin' zamanlaslari'mi'zdi'n' ko'pshiligi sizge uqsamaydi'. 3. Yelge, so'z joq, jen'is penen keledi. (W.A.) 4. Bug'an, a'lbette, maqtana alaman. 5. Mu'mkin, yeliw centnerden de asar. (W.A.) 6. Koncertke barasi'zlar ma? — A'lbette! («Y.Q») 7. Yaqshi', qalada tani's u'yin' bar ma? — Joq. (S.X.) 8. Qaysi' Mi'rzagu'l wol? Sizin' klastag'i' ma? — Awa! (Sh.A.)

***109-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin' woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan modal so'zlerdin' ha'rbir tu'rine bir-birden 6 ga'p tawi'p jazi'n'.

## MODAL SO'ZLERDI MORFOLOGIYALI'Q TALLAW

### Tallawdi'n' jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi;
II. Morfologiyali'q belgisi: a) tu'rlerge bo'liniwi;
III. Sintaksislik xi'zmeti;

### Tallaw u'lgisi:

Mu'mkin, wol tap bu'gin-aq barar. (W.X.)

| Awi'zsha tallaw | Jazba tallaw |
|---|---|
| I. Mu'mkin-modal so'z<br>II. Morfologiyali'q belgisi: boljaw ma'nisinde<br>III. Sintaksislik xi'zmeti grammatikali'q ga'p ag'zasi' bola almaydi' | I. Mu'mkin—modal so'z<br>II. Morf. bel. bolj.ma'ni beredi wo'zgm.so'z<br>III. Gramm.ga'p.ag'z.bola alm. |

***110-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerge awi'zsha tallaw jasan'.

1. Ba'lkim, biraz so'zlerin umi'tqan shi'g'arman. 2. Tilekke qarsi', bizin' zamanlaslari'mi'zdi'n' ko'pshiligi sizge uqsamaydi'. (T.Q.) 3. Ma'gar, usi' mashina menen Aydana kiyati'rg'an shi'g'ar. 4. Menin'she, bul jerdi tan'lap ali'wda Aydana nayati'y tapqi'rli'q yetken. (W.X.)

## MODAL SO'ZLERDI TA'KIRARLAW

### *I. Sorawlarg'a awi'zsha juwap berin'.*

1. Modal so'zler dep nege aytami'z?
2. Modal so'zler qanday ma'nilerdi bildiredi? Wolardi'n' tu'rlerin ayti'n'. Mi'sallar keltirin'.
3. Modal so'zler ga'p ag'zasi' bola ala ma?
4. Modal so'zler qanday jag'dayda kiris ag'za boladi'?
5. Modal so'zlerdin' xi'zmeti qanday?

## *II. Tapsi'rmani' wori'nlan'.*

A'lbette, mu'mkin, qi'sqasi', menin'she, so'zsiz modal so'zlerin kiris ag'za yetip ga'p quran' ha'm wolardi'n' ma'nilerin ayti'n'.

***111-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Modal so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday ma'ni bildirip kelgenin ha'm qanday ag'za boli'p turg'ani'n ayti'n'. Ne ushi'n modal so'zler ga'p ishinde u'tir arqali' bo'linip jazi'li'wi'n tu'sindirin'.

1. Qalay degen menen iyt ati' bar, a'ytewir... 2. Wol bug'an bir qi'si'm konfetti iytke taslaw ushi'n bergen joq g'oy, aqi'ri'. 3. Ba'lki, sonnan shi'g'ar, wol wo'z ruwlaslari'ni'n' asabatlari'ni'n' ba'rine de qalmay qatnasadi'. 4. Wo'zin wo'zi qa'dirlemegendi heshkim de qa'dirlemeydi, — dep adamlar biykarg'a aytpaydi', aqi'ri'. 5. A'lbette, wol woylasi'qqa barg'an menen de qarq qi'lmaydi'. 6 — He, yaqshi', woynay ber, wonda. 7. Mu'mkin, wolar u'lken qalalarda bolatug'i'n shi'g'ar. (Sh.A.)

***112-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'p, modal so'zlerdin' asti'n si'zi'n'.

1. Qullasi', Du'ysenbaydi'n' so'zi tawsi'lmadi'. 2. Wo'zlerine tag'i'lg'an atqa ashi'wlani'p turg'an wolar joq. (K.M.) 3. A'lbette, menin' jan'ali'qsi'z kelgen jerim bar ma sira'? (S.X.) 4. Birinshi atqani'nda pan'qi'ldi'si' qulag'i'mdi' jari'p ketken shi'g'ar dep yedim, joq, qulag'i'm aman yeken. 5. Bul, ba'lkim, ji'lli' so'z tirilerge tiriliginde yemes, wo'lgennen son' ha'm kerek yekenligin keshlew bolsa da teren' tu'singenimnen shi'g'ar, buni' mag'an Da'megu'l uqti'rdi'. 6. Basi'n' jas bolsa yeken, wonda aldag'i' waqi'tta aljasi'g'i'n'di' ta'kirarlamaw ushi'n-aq an'si'z basqan qa'demlerin'di yeslewin' za'ru'r. 7. Joq bolsa joq shi'g'ar, menin' wo'zim usi' baspashi'lardi' «ko'k» deymen. (Sh.S.) 8. A'sirese, si'yqi'rli' dawi'si'n' senin', jang'a da'rt saladi' si'n'q-si'n'q ku'lgenin'.

9. Ba'lki, shi'g'i'p ketkenmendi yesin'nen,
Wo'ytkeni men bir men be wo'rshigen sennen?
Balali'q waqi'tlar wo'ter ha'rkimnen,
Ba'ri yeste qala bermes, Kegeyli. (I. Y.).

*113-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerde aji'rati'p ko'rsetilgen modal so'zlerdin' qanday ma'ni bildiretug'i'ni'n ayti'p berin'. Wolar modal so'zlerdin' qaysi' tu'rine jatadi'?

***Birinshiden***, azadali'q a'debinin' tiykarg'i' talabi' bul – jeke gigiena qag'i'ydalari'na boysi'ni'w boli'p tabi'ladi'. M***a'selen***, ha'rbir adam wo'z jeke tis shyotkasi', su'lgi, sabi'n ha'm tag'i' basqa gigienali'q qurallari'na iye boli'wi' **kerek**. Ha'rbirimiz wo'z denemiz ha'm kiygen kiyimimizdin' tazali'g'i'na itibar berip bari'wi'mi'z **lazi'm**. Yeger u'stimizden yaki awzi'mi'zdan jag'i'msi'z iyis shi'g'i'p tursa, a'tirapi'n'i'zdag'i' adamlarda unamsi'z ta'sir qaldi'ri'wi'mi'z **mu'mkin.**

## TAN'LAQ

## §27. Tan'laq haqqi'nda tu'sinik

*114-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, ma'nilerin ani'qlan'.

1. Ag'a, Maqset kiyati'r. —Wo'y degen kim?—degen Qaypan ag'ani'n' dawi'si' shi'qti'. —**Haw**, Aytmurat ag'ani'n' Maqseti me? Yapi'rmay, bala, di'm jaqsi' bala-aw,— dep **traktorg'a qaray** ju'rdi.

—**Way, ba'rekella**, aman-yesen yelge quwi'sti'n' ba, qos-shi'm?—dep arqamnan qaqti'. — **Pay**, kelgenin' jaqsi' boldi'-aw. (Sh.S)

2. **Woho**, sen yele u'p-u'lken jigit boli'p qali'psan' g'oy. **Haw**, sen balami'san', min degen son', mine ber, — dedi Ka'rim. 3. Rastan da, **pah-pah**, a'ne na'tiyjeli is. 4. **Yashaqay**, Sara apam kiyati'r. (A. B.)

> Tan'lani'w, wo'kiniw, quwani'w, buyi'ri'w, aydaw-shaqi'ri'w t.b. si'yaqli' tuyg'i'-sezimlerdi bildiretug'i'n so'z shaqabi'na tan'laq dep ataladi'.
>
> Tan'laqlar jazi'wda, ko'binese u'tir arqali' bo'linip jazi'ladi'.

*115-shi'ni'g'w.* Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Tan'laq so'zlerdi tawi'p asti'n si'zi'n', ma'nilerine aji'rati'p ayti'n'.

1. Pay-pay, jalg'i'z wog'i'n' jaqsi' boldi'-aw, mi'naw qawi'n pa'leklerdi tumsi'g'i'na qi'sti'ri'p woynap, don'i'z bu'ldirip turi'p yedi. 2. Yapi'rmay, kelinnin' jag'dayi' qalay yeken, Allayari' tu'spegir, hal u'stindegi anasi'n adamsi'z qaldi'ri'p, aw-pawg'a alag'ada boli'p ketpedi me yeken... 3. Wa naysap,—dedi birden jumbaqti'n' juwabi'n tapqani'na ishinen quwani'p. (Sh.S.) 4. Shu'w ja'niwar, qara jorg'a, wo'nerin'di ko'rset, qa'ne. Ushqan quslar ilese almas sa'zendenin' du'ldu'line. (I.Y.) 5. Way-way, a'kem bolg'anda usi'nday boli'p ju'rermedim. 6. Bay-bay, quri'p qaldi'q, ag'asi', xalayi'qlar, mi'nda kelin'ler. 7 Haw, bul ne turi's? Wo'y, jiyen bala, sen ne qi'li'p tursan'? (Sh.S.)

***116-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Tan'laq so'zlerdi tawi'p, ma'nilerin tu'sindirin'.

1. Yapi'rmay-a'! Qorqi'ni'shli' yemes pe? 2. Shu'w-shu'w, sari' ayg'i'r, — dep ati'r wol. 3. Wah, sen-a'y! — dedi A'jimurat son'i'nan. 4. — Yashasi'n! —dep dawi'slap, baqi'ri'p jiberdi. 5. Yapi'rmay, adam degen de bunshelli biyqa'siyet boladi' yeken-aw! 6. Kewlin tolqi'nlati'p ju'rgen barli'q woylari'n aytqi'si' keledi, a'tten', yendi qag'azg'a jazayi'n dep ati'rg'anda, reti kelip, juplasi'p kete bermeydi-da'. (Sh. A.) 7. Wo'ybey sori'ma, bizin' at ta ko'rinbeydi g'oy — dedi wol. (T. Q.) 8 Pah, jer bolg'ani'n'a! 9. Toba-a'y! — dedi belin uwqalap turi'p. (I.Q.) 10. Haw, men jalg'i'z wo'zim kete almayman g'oy. (Z.V.)

***117-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqat worni'na to'mendegi tan'laq so'lerdin' tiyislisin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' ma'nilik tu'rlerin ayti'p berin'.

T a n' l a q l a r: pay, a'y, haw, astapi'ralla, wo'ybey, way, alaqay, ha'sseniy, yapi'rmay, woy, yashaqay.

1. ... wo'zim bolg'ani'mda ma, barli'g'i'n birdey tas qi'li'p taslaytug'i'n yedim. 2. ... sol kinoni' su'wretke ali'p ati'rg'anda to'rt at mertilipti dep yesittim. 3. ... qay jerde woti'rami'z, si'rtta ma, ishte me?. 4. ... wol jag'i'n ne qi'lasan', bizler de jobani' wori'nlap, bir abi'rayli' boli'p ju'reyik. 5. ... yelespesizliginin' sadag'asi' keteyin. 6. ... ayti'p ati'rg'ani'n' i'ras pa?

7. ... wol jag'i' shataq yeken. (K.M.) 8. ... du'nyasi' qurg'i'r, ne sebepten bunday. 9. ...ag'a, bul az ba? 10. ...Palman ag'am kiyati'r. (N.D.)

## § 28. Tan'laqlardi'n' quri'li'si' boyi'nsha tu'rleri

***118-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi asti' si'zi'lg'an tan'laq so'zlerdin' quri'li'si'na di'qqat awdari'n'.

1. Wo, senin' wo'mirin' bir da'stan yeken!. (I.Y.) 2. Woho, g'arri' kelgen shi'g'ar birazg'a. (I.Y) 3. Qudayg'a shu'kir, wog'an da qoli'm jetti. (T. Q) 4. Bende yemes yeken so'zge de, pay-pay!. (I. Y.) 5. Pish-a'y, —dep i'rg'i'p tu'rgeldi bay. (Sh.S) 6. A'dira qalg'i'r, shan'araq wortasi'na tu'sti me yeken dep yedim, biraq shi'pta aman yeken. (T.Q) 7. Pay-pay-pay, usi' qaraqalpaqti'n' qi'zlari'ni'n' kestege sheberin-ay. (S.B) 8. Ba'rekella! Mine, wo'lige hu'rmet. (I. Y.) 9. Wo, a'diwli mug'allimim, ustazi'm. (I.Y.) 10. Hay-hay, tuwi'lg'an jerdin' samali'-ay!. (Sh.S)

Tan'laqlar quri'li'si' boyi'nsha **tiykarg'i'** (tu'bir) **tan'laqlar** ha'm **do'rendi tan'laqlar** boli'p yeki toparg'a bo'linedi.

1. Tiykarg'i' tan'laqlardi'n' quri'li'si'n haqi'yqi'y tan'laq ma'nisindegi bir, yeki yamasa wonnan da ko'birek seslerden quralg'an tan'laqlar du'zedi. Mi'sali': a, wo, ah, ax, woy, woho, pa, pay, pah, haw, wax, uwh, yasha, tfiw, jit, pi'sh, shu'w, i'x, tur, to't, wo-o, woy-oy, haw-haw, pah-pah, shu'w-shu'w, ha'yt-ha'yt, to'te-to'te, t.b.

2. Do'rendi tan'laqlardi'n' topari'n basqa so'z shaqap-lari'nan tan'laq ma'nisine wo'tken so'zler quraydi'. Wolar to'mendegi so'zlerdin' qurami'nan turadi':

1) tan'laq ha'm atawi'sh so'zlerdin' qosi'li'si'wi'nan boladi': yapi'rmay bala, yapi'rmay jani'm, alla ba'rekella, qu'diretli qudayi'm-ay, yapi'rmay qudayi'm-ay, pay tama-sha-a'y, way, qudayi'm-a'y, t.b;

2) atawi'sh ha'm feyil so'zdin' dizbegindegi turaqli' dizbek qa'lpinde keledi: joli'n' bolsi'n, alla bilsin, a'dira qalsi'n, ta'n'ir jari'lqasi'n, alla rehimi jawsi'n, quday saqlasi'n, t.b.

*119-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Tan'laqlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi'si' tu'pkilikli dara tan'laq, qaysi'si' jup, qaysi'si' do'rendi qospa tan'laq yekenin ayti'n'.

1. Wo, qu'direti ku'shli anam, a'piw yetego'r mendey biygu'na perzentin'di. 2 Api'ray bala, jalpaq betli, murni'ni'n' u'sti jumalaq birew baldag'i'n ali'p jolg'a shi'qti' g'oy. 3. Pay, qoshshi'm, kele qoysan' bolmay ma, aqi'ri'. (Sh.S.) 4. Haw-haw, japsarday ba'le g'oy. (K. S.) 5. Woy-ba'rekella, yelde woni'n' adami' so'zsiz bar,—dedi Ja'lmen Jiyemuratti' quwatlap. (T.Q.) 6. Pah, shi'jg'i'ri'p pistidag'i'. 7. Kirttay sirke bolg'anda ma, pay, ayti'p ketetug'i'n yedi-aw. 8. Uwh, shi'g'arli'qqa ko'terile bergende biz yeshektin' ju'ginen usladi'q. 9. Ha'-ha',—dep u'rkitip, biz wog'an kesek i'laqti'rdi'q. (Q.D.)

*120-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Tan'laqlardi' tawi'p, wolardi'n' qurami' boyi'nsha qanday tan'laq yekenin ani'qlan'.

1. «Aha, g'arri' sag'al, tu'stin' be qolg'a?!» — dep, woni' a'keldi xali'qti'n' aldi'na. 2. Wo, senin' womirin' bir da'stan yeken. 3. Iy, a'dira qalsi'n, buzi'ldi' desesh... (I.Y.) 4. Pay-pay, bali'qlari' sonshama mazali' yedi-aw!... 5. Yapi'rmay, usi' ku'nleri de sonshama qi'lmi's qi'li'p, adamlardi'n' da ju'reginin' tu'gi bar yeken-aw... 6. Woho! Tani'sti'ri'wdi' da qati'radi' yekensiz. 7. Bay-bay-bay! Wo'zim bolg'anda ma? 8. Haw, Wo'temis ag'a, assalawma a'leykum,—dep qoli'mdi' bir maydang'a shekem jazdi'rmay turatug'i'n yedi.

*121-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdeg'i ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli tan'laqlari'n qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Jazi'wda tiyisli irkilis belgilerin wo'zlerin' qoyi'n'.

T a n ' l a q l a r: pa, pay, a'ttegen-ay, bay-boy, way, wo'ybey, yapi'rmay bala.

1. ... yekewi de qara jerdin' qi'rti'si'n aylandi'ratug'i'n diyqan yedi-aw. (Sh.A.) 2 ... ana bir shabandozdi'n' bir tabannan qayti'wi'na qara. (N.D.) 3. ... awzi'nan bir jaqsi' so'z shi'qpaytug'i'n adam yekensen',—dedi Wo'temis wog'an ashi'wlani'p. 4. ... samolyotqa bilet ali'w degen de u'lken sa'b-

be boli’p ketken-da’,—dedi Wo’temis awqat jep woti’ri’p. (K.M.) 5. ... ja’niwarlar, ash boli’p qali’pti’-aw. (N.D.) 6. ... sizler de demde kelip qaldi’n’i’zlar ma?. (Sh.S.) 7. ... mi’na bir atli’lar tuppa-tuwri’ usi’nda kiyati’r g’oy. (N.D.)

## TAN’LAQLARDI’N’ MA’NISINE QARAY TU’RLERI

Tan’laqlar ma’nisine qaray u’sh tu’rge bo’linedi: 1) tuyg’i’-sezim (emocional) tan’laqlar; 2) buyri’q (imperativ) tan’laqlar; 3) turmi’s-salt (etiketlik) tan’laqlar

## §29. Tuyg’i’-sezim tan’laqlari’

***122-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdegi tan’laqlardi’ tawi’p, wolardi’n’ ma’nisine di’qqat awdari’n’ ha’m qanday ma’ni bildirip kelgenin ayti’n’.

1. Ah, qanday jaqsi’ yelim. (I.Y.) 2. Qudayi’m-ay, mi’naw bir a’jepta’wir dawi’s g’oy. (K.S.) 3. Yasha, kim yekenin men yendi bildim. (I.Y.) 4. Ya toba, ne degen danali’q bar bunda. (I.Y.) 5. —A’stapiralla!... Wo’zin’ a’piw yete ko’r allatala!... (W.X.)

Tuyg’i’-sezim tan’laqlari’ adamlardi’n’ quwani’w, shadlani’w, ra’ha’tleniw, tan’lani’w, wo’kiniw, qi’ynali’w, hayran qali’w t.b. si’yaqli’ sezimlerin bildiredi. Wolar mi’nalar: pa, pay, pah, wo, pah du’nya-a’y, ba’rekella, yasha, yashaqay, aquday, hay-hay, a’tten’, astapi’ralla, yapi’rmay, ah, u’wh, ha’sseniy, tu’w, way, qudayi’m-ay, t.b.

***123-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’n’. Tuyg’i’-sezim tan’laqlari’n tawi’p, wolardi’n’ ma’nilerin tu’sindirin’.

1. — Hay-ay ba’rekella, ga’p bolg’ani’n’- a!

— Zamani’ birdin’ hamali’ bir, — dep ga’pin ulasti’rdi’ bay. (Sh.S.) 2. Pay, qanday mazali’? – dep maqtadi’q. 3. Haw, bereket tapqi’r! – dep quwatladi’ woni’ Yusup qallash. 4. A’ttegen-ay, wolay bolmay shi’qti’. 5. Woy-boy sorlap qali’psan’ g’oy. 6. Zali’m Turdi’qi’li’sh bug’i’p qaldi’, wox netesen’.

***127-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'p shi'g'i'p, tan'laq so'zlerdi tabi'n'. Wolardi'n' qanday ma'nide qollani'lg'ani'n ayti'p berin'.

1. Ha', yelespesizliginin' sadag'asi' keteyin. 2. Astapi'ralla, bul jan'ali'qtan menin' haslan xabari'm joq yeken. 3. Pay, sen de kelistirdin'-aw dedi, taqatsi'zlani'p worni'nan turi'p ketken Asan. 4. Way, qayda? Bizde wog'an jetkendey bilim bar ma? 5. A'y, wonday u'lken wo'tinishim joq. 6. A'tten', bul quwani'sh uzaqqa sozi'lmadi'. (T.Q.) 7. Haw, wol mal yemes, wo'zin'dey adam g'oy. (W.X.) 8. Pah, qanday taza, qanday jag'i'mli' hawa. (A.B.)

## §30. Buyri'q tan'laqlar

Adamlardi'n' di'qqati'n awdari'w, qarati'w, janli' ja'niwarlardi' aydaw, shaqi'ri'w, toqtati'wg'a baylani'sli' qollani'latug'i'n tan'laqlarg'a buyri'q tan'laq delinedi.

Adamlarg'a qatnasli' buyri'q tan'laqlar: **ha, ha-a, hey, qarag'i'm, shi'rag'i'm, posh, tss, a'llo, a'llo-a'llo** t.b. Bul qollani'li'w ma'nisi jag'i'nan qaratpa, buyri'q ma'nilerin bildiredi. Mi'sali': Ha, aman-yesen ju'rsen' be, inim, u'y-ishin' aman ba? (A.B.) Qarag'i'm, sen woti'ri'p tur, men ha'zir kelemen. (N.D.) Posh, posh. Jol ber, shi'g'i'n' bir shetke. (Mi'rza Tursi'n-Zada)

U'y haywanlari'na qatnasli' buyri'q tan'laqlar: ha'wkim-ha'wkim, ma'h-ma'h, qurray-qurray, shu'w-shu'w, sha'wip-sha'wip, pi'sh, pi'sh-pish, jit, ku'ske-ku'shke, to't, to'te-to'te, sherim-sherim, jari'qli'q, jan'iwar-ay t.b. Bul tan'laqlar aydaw, shaqi'ri'w, toqtati'w, marapat beriw, ayaw, g'arg'aw ma'nilerin bildiredi. Mi'sali': 1. Bir ku'ni xojayi'n quri' shelekti dan'g'i'rlati'p atlarg'a **ma'h-ma'h**, dep jaqi'nlay berdi. 2. **Shu'w**, Gu'lsari', alg'a. 3. **Tur-r**, Gu'lsari' qayaqqa asi'g'i'p barati'rsan'! – dep dizgindi tartatug'i'n yedi. **Jari'qli'q**, ko'lik degenge ne jetsin, mu'ta'j waqti'nda isine jaraydi'. (Sh.A.)

***125-shi'ni'g'i'w***. Woqi'n'. Buyri'q tan'laqlardi' tawi'p, wolardi'n' ma'nisin tu'sindirin'.

1. Shu'w! — dep qoli'ndag'i' tayag'i' menen arbag'a jegilgen shi'bi'g'i' menen tanasi'n bir u'rdi. 2. Pish-ay, — dep i'rg'i'p tu'rgeldi bay. (T.Q.) 3. «Jit», — degen dawi'si'ni'n' da yerksiz shi'qqani'n bilmey qaldi'. (X.A.) 4. Ha'l-ha'l!—dep qa'ha'rlenip baqi'rdi' wol iytke. (Sh.S.) 5. Gunan biye ju'yrik keledi yeken jani'war. (I.Y.)

*126-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi buyri'q tan'laqlardi' qatnasti'ri'p ga'p du'zin'. Wolardi'n' qanday ma'ni an'lati'p kelgenin tu'sindirin'.

Tan'laqlar: shi'rag'i'm, allo, ha'y, to'te-to'te, ha'l-ha'l, shu'w, tur-r.

## §31. Turmi's-salt tan'laqlari'

Turmi's-saltqa baylani'sli' sa'lemlesiw, xoshlasi'w, qutli'qlaw, xoshemetlew, alg'i's ayti'w, t.b. ma'nilerde qollani'latug'i'n tan'laqlarg'a turmi's-salt tan'laqlari' delinedi.

Bul tan'laqlardi'n' topari'na **assalawma a'leykum, waleykum a'ssalam, xosh, xosh bol, saw bol, qutli'qlayman, qutli' bolsi'n, qi'rmang'a bereket, a'piw yetin', marhamat, raxmet, harma, bar bol, qayi'rli' kesh, kesewin' ag'arsi'n** t.b. so'zler kiredi.

Turmi's-salt tan'laqlari' ko'binese dialog ga'plerde ken' qollani'ladi'.

*127-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Turmi's-salt tan'laqlardi' tawi'p, wolardi'n' turmi'sqa baylani'sli' qanday ma'nilerde qollani'p kelgenin tu'sindirin'.

Ibrayi'm attan tu'sip, ken' peyillenip qushag'i'n jaydi':

— Assalawma a'leykum, baybetshe?

— Wa'leykum assalam! — Tanabay kelgenlerdin' qoli'nan aldi'.

— Saw-salamatsi'z ba?

— Qudayg'a shu'kir.

— I'rza bol, jora? Meni keshir, yesitip tursan' ba, jora, meni keshir!

— Amanbi'san', qutli' dalam? — dedi a'ste g'ana.

— Shu'kir, Tolg'anay, sen keldin' be?. (Sh.A.)

Sol barati'rg'anda wol: Xosh bol, yene! Meni keshir, menin' ketkenim yendi, — dedi. Men de woni'n' keyninen juwi'ri'p barati'ri'p: Xosh bol, shi'rag'i'm! Xosh bol, A'liyman. Baxi'tli' bolg'aysan', xosh bol! (Sh.A.)

***128-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Tan'laq so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' tan'laqti'n' qaysi' tu'ri yekenin ha'm ma'nilerin ayti'n'.

1. —Assalawma a'leykum, ag'a! Aman-yesen barmi'san' g'arri'!. (I.Y.) 2. Raxmet, Abdiraman, xali'qti'n' balasi'. (I.Y.) 3. Qarag'i'm, sen at qoya g'oy, — dedi Ulbosi'n. (N.D.) 4. — Ata, harma! — dep Sadullani'n' betine qaradi'm. 5. — Bar boli'n', — dep qi'sqa g'ana juwap berdi. (N.D.) 6. Tawi'qlar menen sho'jelerdi ko'rgen Turdi'gu'l: "To't, ha to't", — dep quwdi'. (J.A.) 7. Ura-ura! Jasasi'n bizin' Watan!. (N.D.)

***129-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Tan'laqlardi'n' qaysi'si' tuyg'i' sezim, qaysi'si' buyri'q, qaysi'si' turmi's-salt tan'lag'i' yekenin aji'rati'p tu'sinik berin'.

1. Pay, qoysan'-a, usi'nday waqi'tta adamni'n' miyine anekdot si'ya ma? 2. Raxmet, Murat Muxammedovich, menin' jataqxanag'a qayti'wi'm kerek yedi. 3. Assalawma a'leykum, qi'mbatli' dosti'm. 4. Yapi'rmay, saddaq bul adamlarg'a. 5. Haw, kel, Qasi'm inim. (K.M.) 6. Pah-pah, woni'n' sawabi'na ne jetsin. 7. A'y harman', jigitler! 8. Ta'wbe! Kim woylag'an aldi'nan jori'p, seni bunsha keledi g'oy dep. (I.Y.) 9. Sho'k degende sho'germisen', ko'p jasag'an tu'ye yekensen'. (Ku'nxoja)

***130-shi'ni'g'i'w.*** Woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan tuyg'i'-sezim tan'laqlari'na 3 ga'p, buyri'q tan'laqlarg'a 2, turmi's-salt tan'laqlari'na 2 ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' ha'rbir tu'rine mi'sallar tiykari'nda tu'sinik berin'.

## § 32. Tan'laqlardi'n' intonaciyasi', ga'ptegi xi'zmeti ha'm irkilis belgileri

***131-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi tan'laqlardi'n' intonaciyasi'na, ga'ptegi xi'zmetine di'qqat awdari'n'.

1. **Toba**, qoy bul adamlardi'!. (I.Y.) 2. Hay, jit, jolli'. (K. S) 3. **Wo**, xan qi'zi'! Sabi'r a'yle azg'ana. (J.Y.) 4. **Pay-pay**! Bali'qlari' sonshelli mazali' yedi-aw. (K.M) 5. —Ata, **harma!** —dep Sadullani'n' betine qaradi'm. (N.D) 6. Nede bolsa, bizler «**ha'wkem-ha'wkem**», — dep bug'ag'a jaqi'nlap bara berdik. 7. **Haw,** nege dalada turmi'z, ishkerileyik,—dedi Allayar. (T.Q) 8. **Ba'-rekella,** balalari'm, qari'wdi' sala berin'. (I.Y.)

Tan'laqlardi'n' intonaciyali'q wo'zgesheligine qaray, woni'n' sintaksislik xi'zmeti ha'm irkilis belgileri ani'qlanadi':

1. Yeger tan'laqlar wo'z aldi'na ga'plik intonaciya menen ayti'lsa, tan'laq so'z-ga'p xi'zmetin atqaradi'. Bunday jag'dayda ayti'li'w intonaciyasi'na qaray noqat, u'ndew belgileri qoyi'ladi':

a) so'z-ga'p xi'zmetinde kelgen tan'laqlar ko'terin'ki ayti'lsa, keynine u'ndew belgisi qoyi'ladi'. Mi'sali': 1. **Ba'rekella**! Ju'da' jaqsi'. Ha'rkim wo'z ma'kani'nan kamal tapsa. (S.X.) 2. Su'yinshi, Tolg'anay apa, Jorabek atamni'n' kelini bosandi'! —Qoy-a'! Qashan bosandi'? — Bu'gin tan'ni'n' aldi'nda. (Sh.A.);

b) so'z-ga'p xi'zmetinde kelgen tan'laqlar pa'sen' intonaciya menen ayti'lsa, tan'laqtan keyin noqat qoyi'ladi'. Mi'sali': 1. Qa'lesen' kuzovqa woti'r, awi'lg'a deyin apari'p taslayi'n — Raxmet. Ati'm bar. (Sh.A.) 2. Yapi'rmay. Mi'naw woqi'wg'a kelip buri'ng'i'dan da suli'wlani'p ketipti. (S.X.)

2. Tan'laqlar ga'p ishinde kiris ag'za xi'zmetinde jay intonaciya menen ayti'ladi'. Kiris ag'za xi'zmetinde kelgen tan'laqlar ga'ptin' basi'nda kelse keyninen, wortasi'nda kelse yeki jag'i'nan, aqi'ri'nda kelse aldi'nan u'tir qoyi'ladi'. Mi'sali': 1. **Ba'rekella,** azamat jigitler, mag'an yetken bul hu'rmetin'iz alti'nnan da arti'q. (A.B.) 2. Mi'nawi'n' ha'rre g'oy, **ha'y**, zan'g'ar. 3. Bul ne ko'rgensizlik, **toba**. (I.Y.)

3. Geyde tan'laqlar jekke-siyrek atli'qlasi'p kelip grammatikali'q g'ap ag'zalari'ni'n' xi'zmetin de atqaradi'. Mi'sali': 1. Ali'stan **ura** yesitildi. (X.S.) 2. Adamlar i'lay

ati'p ati'rg'anlarg'a **barekella'si'n** jetkerip tur. (T.Q.) 3. Yerpolat asti'ndag'i' qara narg'a **sho'k-sho'k** dep buydasi'n yeki ret qaqti'. (M.D.)

4. Juplasi'p kelgen tan'laqlar defis arqali' jazi'ladi': 1. **Yax-yax**, qoli'ma tiymen'. (A.B.) 2. A'tirapqa qara, sen, **bay-ba-ay**. (Sh.S.)

*132-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Tan'laqlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday intonaciya arqali' ayti'lg'ani'n, sol intonaciyag'a baylani'sli' qanday ga'p ag'zasi' boli'p turg'ani'n ha'm irkilis belgilerinin' qoyi'li'wi'n tu'sindirin'.

1. —Wax-a'y! —dedi Aytbay. 2. —Haw, suwdi' zorg'a ji'ynap alg'anda ma? 3. Haw... qalay bolmasi'n na'ldi wo'ltirmewdin' ilaji'n woylaw kerek. —Haw, ne isleymen sonda? 4. —Asta-pi'ralla, si'ri' ko'p g'oy.

5. —Paqali' wo'skin g'oy.

— «Kuban-3» degen sort.

—Yapi'rmay-a'.

—Tan'lanatug'i'ni' joq, yashulli'.

—A'tten', paqali' uzi'n yeken.

6. A'y, toba-ay... Ne isleymiz? 7. Haw, mi'na basli'q ne qi'ladi'. 8. Ba'rekella, Asqar, jerdin' ilaji' bolar. Uwh!—dedi Asqar. (I.Q.)

*133-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Tan'laqlardi'n' asti'n si'zi'p, ayti'li'w intonaciyasi'na qaray tiyisli irkilis belgilerin qoyi'n' ha'm wolardi'n' sintaksislik xi'zmetin ani'qlan'.

1. Haw Sapar ag'a, usi'nday du'beleyde qayda ju'rsiz?. 2. Raxmet balalari'm raxmet. 3. — Yeh balam-ay, ayti'wg'a an'sat-aw. 4. Astapi'ralla Sapar ag'a jati'p qaldi' ma?—dep dawi'slap soradi'. —Ta'wbe keshe g'ana sap-saw ju'r yedi g'oy. Alla yar bolsi'n Sapar ag'a... A'wmiyin aytqani'n'i'z kelgey. (Sh.S.) 8. Alla jari'lqasi'n inim, bulardi'n' ba'rinin' ne keregi bar. 9. Raxmet hesh na'rse buyi'rtpa yetpey-aq qoy. 10. —Way-way jag'i'mli'si'n-ay. (Sh.S.) 11. Pah-pah qanday go'zzalli'q. (A.Bek.)

## TAN'LAQLARDI' MORFOLOGIYALI'Q TALLAW

### Tallaw jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi.
II. Morfologiyali'q belgisi: wo'zgermeytug'i'n so'z shaqabi'.
III. Sintaksislik xi'zmeti.

### Tallaw u'lgisi:

**Yapi'rmay-a'**, qi'zi'q woyi'n yeken bul. (I.Y)

| **Awi'zeki tallaw** | **Jazba tallaw** |
|---|---|
| I. **Yapi'rmay-a'** —tan'laq<br>II. Morfologiyali'q belgisi: wo'zgermeytug'i'n so'z<br>III. Sintaksislik xi'zmeti: kiris ag'za | I. **Yapi'rmay-a'**—tan'l yapi'rmay-a'<br>II. Morf.bel: wo'zgm. so'z<br>III. Sint.xi'z: kiris ag'za |

*134-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Tan'laq so'zlerdi tawi'p, wolarg'a u'lgi boyi'nsha awi'zeki tallaw jasan', sintaksislik xi'zmetin ani'qlan'.

1. Way, dosti'm, ha'r na'rseni wo'z ati' menen ataw kerek g'oy. 2. Pu'tkil Qaraqalpaqstan menen Xorezm duz asti'nda qali'w qa'wpi bar. —Yapi'rmay-a'! 3. Bay-bay-bay, yendi qa'ytemen, mi'naw qay tuslar yedi. (Sh.S.) 4. Pay-pay! Bali'qlari' sonshelli mazali' yedi-aw. 5. Raxmet, jaqsi',—dep juwap qaytardi' qi'z. (K.M.)

## TAN'LAQLARDI' TA'KIRARLAW

### *I. Sorawlarg'a awi'zsha juwap berin'.*

1. Qanday so'zler topari'n tan'laq deymiz?
2. Tan'laqla quri'li'si'na, ma'nisine qaray neshege bo'linedi?
4. Tan'laqlardi'n' intonaciyasi'n, irkilis belgilerin ayti'n'.
5. Tan'laqlardi'n' sintaksislik xi'zmetin ayti'n'.

### *II. Tapsi'rmalardi' wori'nlan'.*

1. Tiykarg'i' tan'laqlarg'a yadi'n'i'zdan yeki-u'sh so'z, do'rendi tan'laqlarg'a yeki so'z tawi'p ayti'n'.
2. Tan'laqlardi'n' ma'nisine qaray ha'rbir tu'rine ga'p du'zip jazi'n'.

*135-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Tan'laq so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday ma'nide qollani'li'p turg'ani'n ayti'n'.

1. Ata, payg'azi'! —Hah!—dep qoydi' mali'nan da'rek ta'me yetken g'arri'. Shi'qti' ma bir jerden? 2. Haw, jinlimisen', nege ku'le beresen'?!... 3. Woy bo-oy, ko'p so'ylep jiberdim be? 4. —Way, qoshshi'm-ay, til menen aytsan' ba'ri de an'sat. (Sh.S.) 5. Wo,o! wol ju'da' shaqqan qi'z. (T.Q.) 6. Bew, sheshe, yele yesitkenin' joq pa yedi. (N.D.) 7. Wo-ho! Ag'amni'n' qoli' tap temirshi ustani'n' qoli'nday, sira' qayi'spaydi'. (A.Bek.) 8. — I'q-i'q! —dep suwpi' yesheginin' taqi'mi'n qaqti'. (K.S.)

*136-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Tan'laq so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' intonaciyasi'na qaray irkilis belgilerinin' qoyi'li'wi'n ha'm sintaksislik xi'zmetin ani'qlan'.

1. Matroslar barli'g'i' bir awi'zdan «Ura» dep ses berdi. 2. Pay... zan'g'ar ana bir jigittin' biylewine qara, ayag'i' jerge tiymeydi. 3. Ha'y, a'ttegene-ay! Bunday woylar woy yemes-aw, so'zler ha'rkimde de bar yedi. 4. —Way, du'nyasi' qurg'i'r, ne sebepten bunday. 5. Haw! Ana ishindegi adamdi' qara. 6. — Ura! Ura! — dep alg'a umti'ldi'. (N.D.) 7. Jit. jit!—dep jan'a kelgen Xojanazar Qa'dirbaydi'n' qasqi'rday qabag'an iytlerin keseklep, ishten quli'p uri'wli' da'rwazasi'n qaqti'. (A.Bek.)

*137-shi'ni'g'i'w.* **Yapi'rmay, pay, wax-wax, haw, uwh, woy ba'rekella, a'tten'** tan'laq so'zlerinin' ha'r birine bir-birden ga'p du'zin'. Du'zgen ga'plerin'izdegi tan'laqlardi'n' irkilis belgilerine di'qqat yetin'.

## YELIKLEWISH SO'ZLER

### § 33. Yeliklewish so'zler haqqi'nda tu'sinik

*138-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qaysi'lari' ko'riniske, qaysi'lari' seske baylani'sli' ayti'lg'ani'n ani'qlan'.

1. Ali'stan **buwdaq-buwdaq** shan' ko'rindi. 2. **Si'ldi'r-si'ldi'r** suw ag'ar. 3. Wol **jalt** buri'li'p, arti'na qaradi'. 4. **Shi'yq** yetip

qapi' ashi'ldi'. 5. Ko'zinen **mo'lt-mo'lt** jas aqti'. 6. Qami'sli'q-ti'n' arasi' **ti'si'r** yete qaldi'. 7. Si'rttan **du'rs-du'rs** ses yesitildi.

Yeliklewish so'zler turmi'stag'i' ha'r tu'rli ko'rinis ha'm seslerge yeliklep ayti'ladi'. Mi'sali': 1. Ju'nleri **ji'lt-ji'lt** yetip juwi'p taralg'an atlarg'a qarag'an sayi'n qarag'i'n' keledi. (Sh. A.) 2. I'rashtag'i' putani'n' arasi'nan mi'lti'q **taq** yete qaldi'. (N.D.) 3. Qay waq ko'rsen' de, ustaxanada **i's-pi's-i's** ko'rik basi'w, **shi'q-shi'q-shi'q** sho'kkish uri'w ti'nbaydi'. (T.Q.)

Bul mi'sallarda 1-ga'ptegi **ji'lt-ji'lt** so'zi ko'riniske yeliklewdi, al 2—3 ga'plerdegi **taq** (yete qaldi'), **i's-pi's-i's**, **shi'q-shi'q-shi'q** so'zleri seske yeliklewdi bildiredi.

Zatlardi'n', qubi'li'slardi'n' ses ha'm ko'rinisine yeliklewdi bildiretug'i'n so'zlerge **yeliklewish** dep ataladi'.

Yeliklewish so'zler dara (jalt) ha'm jup so'z (jalt-jalt) tu'rinde qollani'ladi'. Wolar dara tu'rinde de, jup tu'rinde de, ko'binese **yet** ko'mekshi feyili menen dizbeklesedi: gu'mp yetti, tars yetti, tars yete qaldi', taq yete qaldi', ji'lt-ji'lt yetedi, tars-turs yete qaldi' t.b.

***139-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi'si' ko'riniske, qaysi'si' seske yeliklep ayti'lg'ani'n tu'sindirin'.

1. Saydi'n' arjag'i'ndag'i' tas miytin boli'p qalg'an, jag'a menen iytten qorqqan tu'lki arti'na jalt-jalt qarap qashi'p barati'rg'an yedi. 2. Tu'lki yekewinin' de kewlin qaldi'rmay arasi'nan ji'lp yetip wo'tip ketetug'i'nday tuwri'lap keldi. 3. Wolar qasari'sqannan keyin A'jimurat soli'g'i'n basa almay, li'q-li'q yetip woti'ri'p, ko'zinin' jasi'n qoli'ni'n' arti' menen si'pi'rdi'. (Sh.A.) 4. Turi'mbet ju'da' sharshap boldi'rg'an ba, ha demey-aq qurr-qurr uyqi'lap ketti. (T.Q.) 5. Asqardi'n' ayaqlari' dir-dir yetedi. 6. Wol wo'zinin' g'arri'li'g'i'na qaramastan, g'abur-g'ubi'r kiyinip, da'rriw dalag'a shi'qti'. Qoli'ndag'i' beli shomp yetip suwg'a tu'sti. 7. Ku'n bati'p, gewgim tu'sken waqta awi'l ishi uw-shuw bola qaldi'. (A.Bek)

***140-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeliklewish so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolar juplasi'p tur ma, yamasa ko'mekshi so'zli qollang'an ba, aji'rati'p ayti'n' ha'm yeliklewish so'zdin' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

1. Ha'mmeden izde qali'p a'ste kiyati'rg'an kelinshektin' birewi wo'sek so'zinen seziklengen pishinde jan-jag'i'na jalt-jalt qaradi'. 2. Birden ha'ywanni'n' ishi jarq yete qali'p, Tursi'n-ni'n' ju'regi jayi'na tu'skendey ti'ni'sh tapti'. (A.Bek.) 3. Al-di'mdag'i'-lar g'awi'r-g'awi'r so'ylesedi, birewleri ku'lisip kiyati'r. 4. Mikola jerge ji'g'i'lg'an dushpandi' ti'rr yettirip atti'. (Q.D.) 5. Sari'mbet tap uyqi'dan shorshi'p woyang'anday selk yetip, Ma'mbetke jalt qaradi'. (A.A'.) 6. Ku'nge ku'yip, ku'yrep tur-g'an qami's qoralar ko'zdi ashi'p jumg'ansha bi'j-bi'j ali'sti'. (T.Q.)

***141-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdin' ishinen yeliklewish so'zlerdin' ko'riniske yeliklewshi so'zi bar ga'plerdi bir bo'lek, seske yeliklewshi so'zi bar ga'plerdi bir bo'lek terip ko'shirip jazi'n' ha'm **yet** ko'mekshi feyili dizbeklesken yeliklewishlerdin' asti'n si'zi'n'.

1. Wol ti'q yetken ses shi'qsa, u'ydi basi'na ko'terip qi'y-qi'wlap jiberiwge tayi'nlani'p jatti'. 2. Son'g'i' ret asxanani' aylani'p shi'g'i'p, shi'rani' wo'shirdi de, juwi'ri'wi' menen yesikten zon'q yetip si'rtqa shi'qti'. 3. Ju'zbasi' ka'tin qatti' selkildetip si'qi'r-si'qi'r yettirip jiberdi. 4. Grigoriy u'yilip jati'rg'an u'rgin qardi' arti'p, muzlap, qati'p qalg'an sharbaqqa shati'r-shati'r yettirip arqasi'n berip su'yendi. 5. Arbani'n' do'geregindegi qardi'n' u'stine i'bi'r-ji'bi'r qoyan izleri ap-ani'q boli'p tu'sip qalg'an. 6. Japi'ri'li'p shi'g'i'p ati'rg'an adamlardi'n' yepkinine shi'damay qapi'lar gu'rsa-gu'rs qulay basladi'. 7. Bul atti'n' ayi'bi' tek qoraz uqsap qoqan'-qoqan' jorg'alawg'a u'yrengen. (M.Sh.)

## § 34. Yeliklewish so'zlerdin' ma'nisine qaray tu'rleri

***142-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi asti' si'zi'lg'an yeliklewish so'zlerdin' ma'nisine di'qqat awdari'n'.

1. Bazda apam Biybizada kempir menen so'ylese qoysa bir uyadan ushqan qumi'ri'larday jug'ir-jug'i'r so'ylesedi. (T.Q) 2. Bu'gin Ziyada bes alg'an ba, shi'rayi' gu'l-gu'l jani'p tur. (T.Q) 3. Qazandag'i' bi'g'i'r-bi'g'i'r qaynap ati'rg'an go'shke ko'zi tu'siwden, ishi g'i'm yetti 4. Bir waqi'tta gu'rp-gu'rp mi'lti'q ati'la basladi'. (G'. S) 5. Atlardi'n' qulaqlari' bazda

selten'-selten' yetedi. (A.A) 6. Demnin' arasi'nda taq-tuq ati'spa, shaq-shaq nayzalasi'w baslani'p ketti. (T.Q)

8. Qarasi'n atti'n' ko'rgen son',
Gu'ldir-gu'ldir kisnedi,
Awzi'ndag'i' suwli'g'i'n,
G'ashi'r-g'ashi'r tisledi. («Alpami's»)

Yeliklewish so'zler ma'nilik wo'zgesheliklerine qaray **seske yeliklewish so'zler, ko'riniske yeliklewish so'zler** boli'p yekige bo'linedi.

1. Seske yeliklewish so'zler: tars, ti'si'r, g'ars, bi'lsh, shi'yq, gu'n'k, pi'r, gu'r, tars-tars, gu'rs-gu'rs, du'rs-du'rs, pi'r-pi'r, shi'yq-shi'yq, uwdi'r-juwdi'r, g'arq-g'arq, g'ashi'r-g'ashi'r, gu'ldir-gu'ldir, shu'yk-shu'yk, t.b. Bul so'zler turmi'stag'i' ha'r tu'rli zatlardi'n', qubi'li'slardi'n' ha'reketlerinen shi'qqan seslerge yeliklewdi bildiredi: Mi'sali': 1. Shi'mshi'qlar **jug'i'r-jug'i'r** yetip ana shaqadan mi'na shaqag'a qoni'p ju'r. 2. Awzi'ndag'i' suwli'g'i'n **g'ashi'r-g'ashi'r** tisledi. («Alpami's»)

2. Ko'riniske yeliklewish so'zler: jalt, ji'lt, zon'q, zi'mp, jarq, selk, jalp, jalt-jult, jalt-jalt, ji'lt-ji'lt, gu'rben'-gu'rben', jalp-jalp, uypa-juypa, sabalaq-sabalaq, jag'al-jag'al, iyrek-iyrek, zir-zir, dir-dir, wo'rim-wo'rim, burq-burq, t.b. Bul yeliklewish so'zler ta'biyattag'i' ha'r tu'rli qubi'li's-ha'diyselerdin', zatlardi'n' ha'reketinin' ko'rinislerine yeliklewin bildiredi. Mi'sali': 1. Jolg'a jaqi'n bu'klerden ushqan qi'rg'a-wi'llarg'a bazda-bazda atlardi'n' qulaqlari' **selten'-selten'** yetedi. (T.Q.) 2. Bir waqlari' **jalt-jult** yetip shaqmaq shaqti'. (W.X.)

***143-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Seske yeliklewish so'zlerdin' asti'n bir, ko'riniske yeliklewish so'zlerdin' asti'n yeki si'zi'n' ha'm wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin tu'sindirin'.

1. ... Izler. Qi'yi'r-shi'yi'r izler. Ju'z metr ju'rgennen keyin terektin' u'stinen ja'ne bir qi'rg'awi'l pi'rr yetti. 2. Dalada qori'q ha'wlisinin' wotlari' ji'lt-ji'lt yetip ko'rinedi. 3. Ha'wlige jaqi'nlag'ani'mi'zda, uw-shuw boli'p shag'allar uli'di'. 4. Qalpag'i'ni'n' yernegi menen betin si'pi'rdi' ha'm wolardi' woyati'w maqsetinde wo'he-wo'he dep jo'teldi. (A.A.)

5. Jalt-jult yeter pa'rlerim,
Du'r-du'r silkinip taransam. (X.S.)
6. Asti'ndag'i' qara at,
Shin'g'i'r-shin'g'i'r kisnedi. («A»)

***144-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, tu'rlerine aji'rati'p ayti'p berin' ha'm wolardi'n' ne ushi'n seske yeliklewshi ha'm ko'riniske yeliklewshi dep atali'wi'n tu'sindirin'.

1. A'dette, alamang'a toli' bolatug'i'n qalani'n', bazarg'a jaqi'n ko'shelerinde bu'gin selt yetken tiri jan joq. 2. Shu'tik shi'ra lap yetip wo'ship qaldi'. 3. Za'hiyda qapi'ni'n' aldi'na barg'an jerde gilt toqtadi'. (X.A.) At barli'-joqli' jemdi gu'tir-gu'tir shaynay basladi'. 4. At tuyaqlari'ni'n' pati'r-pati'r du'rsil-disi uzaqtan-aq Sa'nemnin' di'qqati'n awdarg'an yedi. 5. Quyash bult asti'nan birden jarq yetip, palata ishi jaqti'lani'p ketti. (T.Q.) 6. Taq-taq yetip urg'anda trubadan ushqi'n shashi'raydi'.

***145-shi'ni'g'i'w.*** Yeliklewish so'zlerdin' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' qanday zat ha'm qubi'li'slardi'n' ha'reketlerine yeliklep kelgenligin tu'sindirin' ha'm qaysi' tu'ri yekenligin ani'qlan'.

1. Yekshembi ku'ni ha'rbir shan'araq wo'z aldi'na bir topar boli'p, du'rkin-du'rkin, lek-lek adamlar shirkewge qaray jol aladi'. 2. Tawnazardi'n' qarap turg'an jag'i'nan burq-burq yetip shan' ko'terildi. (A.B.) 3. Bir ma'ha'lleri ku'nnin' ju'zi ji'lt yetip ashi'li'p ketedi. 4. Jerge qumartqanday juldi'zlar ji'mi'n'-ji'mi'n' yetedi. (K.S.) 5. Bulardi'n' gu'bir-gu'bir so'yleskenlerin shalama-sha'kki yesittim. (A.A'.) 6. Padadan qaytqan mallar mo'-mo'-mo' degen dawi'slari'n sozi'p, balalari'na jetkenshe asi'g'adi'. (W.X.) 7. Ku'shli samal tereklerdin' baslari'n iyildirip gu'w-gu'w yetedi. (W.X.)

## § 35. Yeliklewish so'zlerdin' grammatikali'q wo'zgeshelikleri

Yeliklewish so'zler wo'z ma'nisinde turg'anda seplik, betlik qosi'mtalari' menen wo'zgermeydi, basqa so'z shaqaplari'nan jasalmaydi'. Biraq yeliklewish so'zler geypara atawi'sh ha'm feyillerdin' jasali'wi'na tiykar bo-

ladi'. Mi'sali': tars-i'l-di', gu'rs-il-di, taq-i'l-di', tars yetti, gu'rs yetti, taq yetti, mo'n'-ire, man'-i'ra, jalt-i'ra t.b.

Yeliklewish so'zler morfologiyali'q quri'li'si'na qaray dara, jup ha'm ta'kirar so'z tu'rinde qollani'ladi'.

Jup ha'm ta'kirar tu'rinde qollani'lg'an yeliklewishlerdin' arasi' defis arqali' jazi'ladi':

1. Jup yeliklewish so'zler: tars-turs, shaq-shuq, api'r-topi'r, taq-tuq, jalt-jult, shati'r-shuti'r, g'an'g'i'r-gu'n'gir, gu'mbir-sambi'r, ayg'i'sh-uyg'i'sh, uypa-juypa, uwdar-duwdar, uwdi'r-juwdi'r, t.b.

2. Ta'kirar yeliklewish so'zler: g'ashi'r-g'ashi'r, shi'n'g'i'r-shi'n'g'i'r, gu'ldir-gu'ldir, du'rs-du'rs, ji'lt-ji'lt, shaq-shaq, taq-taq, bi'j-bi'j, du'sir-du'sir, du'k-du'k, li'q-li'q, zi'r-zi'r, g'i'r-g'i'r, t.b.

Ta'kirarlang'an yeliklewish so'zler ses yamasa ko'riniske yeliklewdin' ta'kirarlani'w, dawamli'li'q ma'nilerin an'latadi'.

***146-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeliklewish so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi' morfologiyali'q quri'li'si'na qaray tu'rlerine aji'rati'p ayti'p berin'.

1. Gu'ldir-gu'ldir kisnegen,
   Suwli'qti' kese tislegen.

2. Minsem tawdi'n' basi'na,
   Buwdaq-buwdaq shan' keldi.

3. Shan' asti'na qarasam,
   Yesabi' joq, sani' joq
   Lek-lek jatqan yel keldi. («Alpami's»)

4. Wol juwi'ri'p bari'p zi'mp yetip da'nxanag'a kirip ketti. 5. U'ydin' ishi gu'bir-gu'bir so'z boldi'. (J.A.) 6. Bir waqi'tlari' shaqmaq jalt-jalt yetti. (W.X) 7. Sari'mbet tap u'yqi'dan shorshi'p woyang'anday selk yetip, Ma'mbetke jalt qaradi'. (A.A'.)

***147-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' morfologiyali'q quri'li'si'na qaray qaysi' tu'ri ha'm jup yelik-lewish penen ta'kirar yeliklewishtin' bir-birinen wo'zgesheligin tu'sindirin'.

1. Alti'nday jalti'rag'an qi'zg'i'sh-sari' sonalar wo'gizlerdin' a'tirapi'nda i'zi'n'-i'zi'n' yetip g'i'r aylani'p ju'r. 2. Dasturqan do'gereginde woti'rg'anlar tawi'qti'n' go'shin pushtarlap ali'p, awi'zlari'n pomp-pomp yetkizip, wo'rli-gu'rli awqatqa tiyisti. 3. Stepan basqi'shtan zi'mp yetip sekirip tu'sti. 4. Ha'r arbani'n' keyninde buwdaq-buwdaq boli'p ko'terilgen shan'lar shubati'li'p qali'p ati'r. 5. Grigoriy ati'na li'p yetip sekirip minip ali'p, turg'an jerden shawi'p, ala jo'neldi. 6. Atti' da'rriw bir shetke burdi' da, shan'di' burq yetkizip, atti' tikke suwg'a urdi'. 7. Pax-pax-pax dep woqlar zalp penen u'sti-u'stine ati'ldi' ja'ne de azdan son' tax-tux-tax dep jan'g'i'rg'an ses arttag'i' tog'aydi'n' ishin gu'n'irentti. 8. Jaydi'n' ishi jalt yetip jaqti'landi' da, shi'rpi' tag'i' wo'ship qaldi'. (M.Sh.)

***148-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdin' ishinen **yet** ko'mekshi feyili menen dizbeklesken yeliklewish so'zi bar ga'plerdi terip jazi'n'. Wolardi'n' qanday feyillerdi jasap kelgenin ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Kempir peshtin' qaqpag'i'n dan'g'i'r-du'n'gir yetkizip ashti' da, i'si'ti'lg'an kapusta sorpani' stolg'a a'kelip qoydi'. 2. Iyin ag'ash basqi'shtan-basqi'shqa domalap, sati'r-gu'tir yetip jerge tu'sti. 3. Gu'ldirmama tap jaydi'n' tas to'besinde gu'ldir-gu'ldir yetip, jan'g'i'ri'g'i' da'ryani'n' arg'i' jaqlari'na jayi'li'p ketti. 4. Jal-paq tasti'n' asti'nan bir na'rse aydi'n' jaqti'si'na shag'i'li'si'p, jarq-jurq yetip ketti. 5. Tan'ni'n' qaran'g'i'si'nda-g'i' ala gewgim aspanda birli yari'm g'ana juldi'z ji'mi'n'-ji'mi'n' yetedi. 6. U'stin baqa-tosqi'n basi'p ketken ko'lmek suwdi'n' beti samal menen yemeski tolqi'nsaqlani'p, ten'dey jalt-jult yetedi. 7. Jawi'ri'ni'nd-g'i' azi'q-tu'likleri sali'ng'an dorba ga' won' jag'i'na, ga' shep jag'i'na awi'p, bultan'-bultan' yetedi. 8. Sawsaqlari' ji'lp-ji'lp yetip, temekini mu'sindey yetip woraydi' da taslaydi'. (M.Sh.)

## § 36. Yeliklewish so'zlerdin' sintaksislik xi'zmeti

1. Yeliklewish so'zler atli'qlasi'p kelip baslawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': 1. Uzaqtan **taq-tuq** yesitildi. («J») 2. Si'rttan atti'n' **du'biri** yesitildi. (K.S.)

2. Atli'qlasqan yeliklewishler toli'qlawi'sh xi'zmetinde de keledi. Mi'sali': 1. Ali'stan yesitilgen **tasi'r-tusi'rg'a** qulaq saldi'm. (A'.Sh.) 2. Wol qasi'nan wo'tken adamdi', ha'tteki bir-yeki ret uri'lg'an **toqi'ldi'ni'** da sezbedi. (I.Yu.)

3. Yeliklewish so'zler ko'mekshi feyiller menen (a'sirese **yet** ko'mekshi feyili menen) dizbeklesip, geyde juplasi'p kelip, bayanlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': 1. Terektin' basi'nda woti'rg'an ha'kke mi'lti'q ati'li'wdan jerge **tors yete qaldi'**. (W.A.) 2. Ju'yrikten ju'yrik shi'qsa ayaqlari' **ti'pi'r-ti'pi'r**. (naqi'l)

4. Yeliklewish so'zler atli'qlardi' si'patlap kelgende ani'qlawi'sh boladi'. Mi'sali': 1. At tuyaqlari'ni'n' **pi'ti'r-pi'ti'r** sesti uzaqtan yesitildi. (T.Q.) 2. Tek gewishlerinin' **si'lp-si'lp yetken** sesti g'ana biraz waqi'tlarg'a shekem yesitilip turdi'. (M.Sh.)

5. Yeliklewish so'zler dara tu'rinde de, jup ha'm ta'kirar tu'rinde de, yamasa ko'mekshi feyiller menen dizbeklesip te pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': 1. Wol yesikke jaqi'nlag'an jerde **gilt** toqtadi'. 2. Jer woshaqta shu'len qazan **bi'g'i'r-bi'g'i'r** qaynap tur. (N.B.)

***149-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ga'ptin' qaysi' ag'zasi'ni'n' xi'zmetinde yekenin ani'qlan'.

1. Qalani'n' ishi uw-shi'w boldi'. Mo'n'iregen maldi'n', shuwlag'an jurtti'n' dawi'si', pan'q-pan'q mi'lti'qti'n' dawi'si' menen qalani'n' azan-g'azani' shi'qti'. 2. To'mendegi yesik tars yetip jabi'ldi'. U'lken yesik pi't-shi't boli'p si'ng'an. 3. Sa'liyma bir na'rseden seziklengendey selk yete qaldi'. (A.Bek.) 4. Toqpaq-tay qara shashi' duwdar-duwdar. (K.S.) 5. Qazi'wshi'lardi'n' belleri ku'nge shag'i'li'si'p, i'laydi' zi'n'g'i'tqan sayi'n jarq-jarq yetedi. (S.A.) 6. Ati'm kanaldag'i' gu'mbir-sambi'rdan u'rkip ketti. (A'.T.)

***150-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeliklewish so'zlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' ma'nisi boyi'nsha qaysi' tu'ri yekenin ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin tu'sindirin'.

1. Arbakeshler quri'g'an din'kesi,
Warra-warra ga'pke kiristi.

Du'rs-du'rs yetip sag'i'ng'an ju'rek,
Da'rya yan'li' tasti' mi'sali'.

*(M.T)*

3. Atlar gu'ldir-gu'ldir kisnep,
Sharq urar u'yirin izlep.
Qoy man'i'rap, bota bozlap,
Kewil-kewilden suw isher.

*(I.Y)*

***154-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi yeliklewish so'zlerdi ga'ptin' bas ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalari' yetip ga'p du'zin'. Yeliklewishlerdin' **yet** ko'mekshi feyili menen birge qollani'li'wi'n da yesapqa ali'n'.

Yeliklewish so'zler: jalt, jalt-jult, shambi'r-shambi'r, gu'bir-gu'bir, si'ldi'r-si'ldi'r, burq-burq, buwdaq-buwdaq, taq-tuq.

## YELIKLEWISH SO'ZLERDI MORFOLOGIYALI'Q TALLAW

### Tallaw jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi
II. Morfologiyali'q belgisi: Wo'zgermeytug'i'n so'z shaqabi',
III. Sintaksislik xi'zmeti.

### Tallaw u'lgisi:

Yekewi minberdin' za'n'gisinen zin'k-zin'k yetip to'men tu'se basladi'. (Sh.S.)

| **Awi'zeki tallaw** | **Jazba tallaw** |
|---|---|
| I. **Zin'k-zin'k**—yeliklewish seske yeliklewish,<br>II. Morfologiyali'q belgisi: Wo'zgermeytug'i'n so'z<br>III. Sintaksislik xi'zmeti: pi'si'qlawi'sh. | I. **Zin'k-zin'k**—yelik. seske yelik.<br>II. Morf.bel.:wo'zgm.so'z.<br>III. Sint.xi'z.: pi'si'ql. |

***152-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolarg'a awi'zeki morfologiyali'q ha'm sintaksislik tallaw jasan'. Keyingi yeki ga'pke jazba tallaw islen'.

1. Atlar gu'rt-gu'rt yetip pishendi gu'ysep tur. 2. Zubaydani'n' birden baqi'ri'p jibergeni sonshelli, Aytmurat ta, balasi' Baymurat ta selk yete qaldi'. (Sh.S.) 3. Ha'wlinin' u'stinen ushi'p wo'tip barati'rg'an g'arg'a dawi'si'ni'n' bari'nsha g'aqg'aq dedi. 4. Da'rya ta'repten bir bapta shuwi'ldag'an, shi'qi'rlag'an, gu'rs-gu'rs yetken sesler yesitilip tur. (M.Sh.) 5. Ali'stan buwdaq-buwdaq shan' ko'rindi. 6. Azdan keyin shi'yi'q yetip yesik ashi'ldi'.

## YELIKLEWISH SO'ZLERDI TA'KIRARLAW

### *I. Sorawlarg'a awi'zeki juwap berin'.*

1. Qanday so'zler yeliklewish so'z boladi'?
2. Yeliklewish so'zlerdin' ma'nili ha'm ko'mekshi so'z shaqaplari'nan ayi'rmashi'li'g'i' qanday?
3. Yeliklewish so'zler ma'nisine qaray qanday tu'rlerge bo'linedi?
4. Yeliklewish so'zlerdin' quri'li'si'na qaray tu'rlerin ayti'n'.
5. Ta'kirarlang'an yeliklewish qanday ma'ni an'latadi'?
6. Yeliklewishler ga'p ag'zasi' bola ala ma, yeger bolsa, qaysi' ag'zalardi'n' xi'zmetin atqaradi'?
7. Yeliklewish, ko'binese qanday ko'mekshi feyil menen dizbeklesedi?

### *II. Tapsi'rmalardi' wori'nlan'.*

1. Seske yeliklewish so'zlerdi keltirip 3 ga'p jazi'n'.
2. Ko'riniske yeliklewish so'zlerdi keltirip 2 ga'p jazi'n'.
3. Dara, jup ha'm ta'kirar yeliklewishlerdin' ha'rqaysi'si'na bir-birden yadtan ga'p tawi'p jazi'n'. Jup yeliklewish penen ta'kirar yeliklewishtin' ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.
4. Dara ha'm ta'kirarlang'an yeliklewishlerdi yet ko'mekshi feyili menen dizbeklestirip, yeki ga'p du'zin'. Qurag'an ga'plerin'izdegi yeliklewish so'zler bayanlawi'sh boli'p kelsin.

***153-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ma'nisi boyi'nsha qaysi' tu'ri yekenin ha'm morfologiyali'q quri'li'si'n ayti'n'.

1. Qasqi'rdi'n' tisleri shi'qi'r-shi'qi'r yetedi. 2. Pan'q-pan'q, gu'rs-gu'rs ati'lg'an mi'lti'q dawi'slari' qulag'i'n'di' pitep taslaydi'. 3. Tan' toli'q atqan ma'ha'lde, si'rt-si'rt basqan ag'ash gewishinin' ti'qi'ldi'si' yesitildi. 4. Anaw aq shapanli'

mi'rs-mi'rs ku'ldi. 5. Ju'zi mi'n' ji'lg'i' tastay mi'j-mi'j. 6. Woni'n' gedir-budi'r so'zi de jag'i'p barati'r. 7. Qara bultlar awi'l u'stine kelgende, gu'ldirmama gu'rkirep, jarq-jurq yete qaldi'. (G'.S.) 8. Parr yetip ushqan qi'rg'awi'llar aspang'a ko'teriledi. (W.X.) 9. Uzaqtan jalt-jult yetip duman arasi'nan wotli' jali'n ko'rindi. (A.A'.)

***154-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeliklewish so'zlerdi dizbeklesip kelgen ko'mekshi feyiller menen birge asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' quri'li'si'na qaray qanday feyil jasap kelgenin, qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Awi'l kempirleri shuw yete qaldi'. 2. Aradan bes-alti' ku'n wo'tkennen keyin jalan'lag'an jas jigitler awi'lg'a saw yete qaldi'. 3. Qa'dimgi gu'lmi'yi'q arba do'n'gelegi arasi'nan jalt yetip ko'zge ko'rinedi. (G'.S.) 4. Bir g'one ha'wlinin' mushi'nda Juma sap yete qaldi'. 5. Aspan birden part-part yetti de, jawi'n jawa basladi'. (W.X.) 6. Asqardi'n' ayaqlari' dir-dir yetedi. (A.Bek.) 7. Qalashi' ji'lt yetip bir shabaq suw betine shapshi'p shi'qti'. (S.S.)

***155-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeliklewishten jasalg'an so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'p asti'n si'zi'n'.

1. Woraqti'n' g'i'rti'ldi'si' da yesitilmeydi. 2. Bazarbay wo'zinen wo'zi gu'birlene beredi, ha'r jerde bir gu'birlenip aladi'. (Sh.S.) 3. Ha'mme g'awi'rlasi'p, woni' tu'rgeltip, a'kesinin', anasi'ni'n' qoli'nan aldi'rdi'. 4. Qalmi'rza sol waqi'tta ashi'wli' ari'slanday gu'n'irenip atqa qamshi'ni' basti'. 5. Asan ketkennen keyin arada azmaz ji'm-ji'rtli'q hu'kim su'rdi. (K.M.)

6. Sol ka'rada Nurmanni'n'
Du'rsildep ketti ju'regi.

*(S.N.)*

7. Qos bu'yregi si'lqi'ldap,
Ko'zinin' jasi' mo'ltildep,
Sol waqlari' Barshi'njan,
«Ag'ajan»— dep so'yledi.

*(«Alpami's»)*

## SINTAKSIS HA'M PUNKTUACIYA

**Sintaksis** — grammatikani'n' bir bo'limi. Wol grek so'zi, «du'zilis», «dizbeklesiw» — degen ma'nini an'latadi'.

Sintaksis morfologiya menen ti'g'i'z baylani'sli' u'yreniledi. Yekewinin' birligi grammatikani' du'zedi.

So'zlerdin' sintaksislik baylani'si' arqali' du'ziletug'i'n so'z dizbegi, ga'p ha'm ga'p ag'zalari' tekst sintaksiste u'yreniledi.

Irkilis belgilerinin' qoyi'li'w qag'i'ydalari' punktuaciyada u'yreniledi. **Punktuaciya** — lati'nni'n' «punktum» «noqat» degen so'zinen ali'ng'an. Wol sintaksis penen birge u'yreniledi.

So'z dizbegi, ga'p ha'm teksttin' du'ziliw ha'm qollani'w ni'zamli'qlari' u'yreniletug'i'n til ilimine **sintaksis** dep ataladi'.

Irkilis belgilerinin' qoyi'li'w qag'i'ydalari' u'yreniletug'i'n ilimge **punktuaciya** delinedi.

## JAY GA'P SINTAKSISI

### § 37. Jay ga'p haqqi'nda tu'sinik

***156-shi'ni'g'i'w.*** Tekstten jay ga'plerdi tawi'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' bas ag'zalari'ni'n' asti'n si'zi'p, sol bas ag'zalardi'n' qatnasi'na qaray qanday jay ga'p yekenligin tu'sindirin' (yeki bas ag'zali'ma ya bir bas ag'zali'ma, ken'eytilgen be ya ken'eytilmegen jay ga'p pe?)

Ti'sqari'da qar borasi'nlap jawi'p tur. Aspan ashi'q ku'nleri tawlar ayqi'nlasi'p ko'rinedi. Mektep wo'zi ba'lent jerge sali'ng'anli'qtan, awi'l pa'ste qali'p qoyg'an.

Shabdar menen An'g'altori'ni' yeki tulpar dese boladi'. Yekewinin' de sa'ni birdey. Jolg'a shi'qsa boldi', atlardi' tek bir qa'liptegi ju'risine sali'p jiberedi. Shabdar menen An'g'altori' jol ali'p ju'rip ketkennen keyin, bir muqamda shayqati'li'p, jallari' ko'terilip basi'li'p kete beredi (Sh.A.).

**Grammatikali'q tiykari' bir ga'plik woraydan du'zilip, ti'yanaqli' pikir bildiretug'i'n ga'plerge jay ga'p delinedi.**

Jay ga'pler to'mendegi belgilerine iye boladi':

1) ti'yanaqli' bir woy-pikir ga'plik belgige (predikativlikke) iye boladi'; 2) yeki ya bir bas ag'zani'n' worayi'nan du'ziledi; 3) wo'zine ta'n ga'plik intonaciyasi' boladi'. Usi' si'yaqli' belgilerge iye bolg'an sintaksislik birlikler jay ga'p sintaksisin du'zedi. Mi'sali': Ba'ha'r baslandi'. Awi'l diyqanlari' yegiske kiristi. Ha'mme jerde tuqi'm sebiw g'ajja-g'aj baslandi'. (W.X.)

Jay ga'pler bas ag'zalardi'n' toli'q qatnasi'w ha'm qatnaspawi'na qaray **yeki bas ag'zali'** ha'm **bir bas ag'zali'** boli'p, yekige bo'linedi.

Grammatikali'q tiykari' yeki bas ag'zani'n' qatnasi'nan du'zilgen jay ga'pler yeki bas ag'zali', bir bas ag'zani'n' qatnasi'nan du'zilgen jay ga'pler bir bas ag'zali' dep ataladi'. Mi'sali': 1. Ko'p uzamay **g'awashalar** appaq shag'aladay boli'p **ashi'ldi'**. 2. Sonli'qtan paxta teriw mapazi'n tez **bas-lap jiberdi.** (W.X.) 3. Du't tog'ay. 4. Qapi'ri'q i'ssi'. (J.A.)

Jay ga'pler bas ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalardi'n' qatnasi'na qaray, ken'eytilmegen ha'm ken'eytilgen jay ga'pler boli'p bo'linedi.

Tek bas ag'zalardi'n' qatnasi'nan du'zilgen ga'pler **ken'eytilmegen ga'p** dep ataladi': Sabaq baslandi'. U'ydin' aldi' tep-tegis. (W.X.)

Ga'ptin' yekinshi da'rejeli menen ken'eyip kelgen ga'plerge **ken'eytilgen jay ga'pler** delinedi: Qudi'qti'n' basi' su'riw-su'riw qoy. Qoylar suw iship boldi'. Aldi' shubi'ri'si'p wo'riske jayi'li'p ketti. (W.X.)

***157-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Wolardi'n' grammatikali'q tiykarlari'n tawi'p, quri'li'si' boyi'nsha qanday ga'p yekenin (yeki bas ag'zali' ma ya bir bas ag'zali' ma) ani'qlan'.

Ku'n batti'. Duman. Ku'n sari' jiyektey boli'p ko'rinedi. Ku'n batar aldi'ndag'i' jag'i'mli' ko'riniske qarag'an sayi'n qarag'i'n' keledi. Shashi'rag'an sari' sag'i'm qi'z shashi'nday ko'ldenen' sozi'li'p jati'r.

Ku'n ko'k gu'mbezinin' qoyni'na kirgendey ko'zden g'ayi'p boldi'. I'mi'rt jabi'ldi'. Qas qaraydi'. Mallar qorag'a qamaldi'. Tawi'qlar ketekke kirdi. (J.A.)

***158-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' bas ag'zalari'ni'n' asti'n si'zi'n'. Bas ag'zalardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

Tu'n ti'ni'sh. Salqi'n hawa. Ti'ni'shli'q qushag'i'na kirgen bag'lar. Jawdi'rasi'p turg'an japi'raqlar. Wolardi'n' shaqasi'nda sayrap turg'an bu'lbu'llerdin' ju'rekke jag'i'mli' dawi'slari' adam balasi'n ra'ha'tke bo'leydi.

Ti'ni'sh ku'nge nuri'n shashi'p u'zliksiz qarap turg'anday, suli'w ta'biyatqa qarap ko'zin' qanar yemes. Wog'an qarag'an sayi'n qarag'i'n' keledi. (J.A.).

***159-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n', ken'eytilmegen ga'ptin' bas ag'zalari'ni'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n tu'sindirin'.

Jaz ayi'. Ku'n i'ssi'. Japi'raqlar ji'm-ji'rt. Tereklerdin' shaqalari' shi'jg'i'rg'an quyash denesin ku'ydirip turg'anday sallani'p tur. Qapi'ri'q i'ssi'da qali'n' tog'ayg'a kirip bolmaydi'. Jaylaw a'tirapi'nda qozi', i'laqlar, sabatta u'yirilip turg'an ji'lqi'lar menen qara mallar quyashqa arqasi'n berip toparlasi'p tur.

Aspan ashi'q. Aqsha bultlar uwi'qqa ildirilgen aq mami'qtay ji'lji'mastan tur. Ko'kte qi'ya ushqan qarli'g'ashlar qanat qaqpaqta. (J.A.).

***160-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa woyi'n'i'zdan yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' ga'plerdin' ha'rbirine 2 ga'p, ken'eytilmegen ha'm ken'eytilgen ga'plerge 2 ga'pten tawi'p jazi'n'.

## YEKI BAS AG'ZALI' GA'PLER

## GA'P AG'ZALARI'

### § 38. Ga'p ag'zalari' tuwrali' tu'sinik

Ga'p ishinde wo'z ara grammatikali'q baylani'sqa tu'sip, ga'p du'ziwge qatnasqan toli'q ma'nili so'zlerge **ga'p ag'zalari'** dep ataladi'.

Ga'p ag'zalari' to'mendegi belgilerge iye boladi': 1) toli'q ma'nili so'z arqali' bildiriledi; 2) ga'p ishinde wo'z ara sintaksislik baylani'sqa tu'sedi; 3) ga'p ag'zalari'na qoyi'latug'i'n sorawlardi'n' birine juwap beredi.

Ga'p ag'zalari' sintaksislik xi'zmeti boyi'nsha **baslawi'sh, bayanlawi'sh, ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh** ha'm **pi'si'qlawi'sh** si'yaqli' bes tu'rge bo'linedi.

Ga'p ag'zalari' ga'p du'ziwdegi xi'zmetine qaray **bas ag'zalar** ha'm **yekinshi da'rejeli ag'zalar** boli'p yekige bo'linedi.

Baslawi'sh ha'm bayanlawi'sh ga'ptin' tiykari'n du'zedi. Sonli'qtan, wolar **bas ag'zalar** dep ataladi'.

Ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh ha'm pi'si'qlawi'shlar ga'p du'ze almaydi'. Wolar bas ag'zalarg'a qatnasli', woni'n' tu'sindiriwshi, **ken'eyttiriwshi ag'zasi'** xi'zmetin atqaradi'. Sonli'qtan, wolar **yekinshi da'rejeli ag'zalar** dep ataladi'. Mi'sali': Arqa betten jag'i'mli' samal yesip tur. (W.X.)

Bul ga'pte **samal yesip tur** degen so'zler—baslawi'sh—bayanlawi'shli'q qatnastag'i' bas ag'zalar. Wolar ga'ptin' tiykari'n du'zip kelgen. Al **arqa betten, jag'i'mli'** degen so'zler bas ag'zalarg'a qatnasli'. Wolardi'n' birewi. (arqa betten) bayanlawi'shqa, yekinshisi. (jag'i'mli') baslawi'shqa qatnasli', solardi' si'patlap bas ag'zalardi'n' ken'eyttiriwshi (tu'sindiriwshi) ag'zasi' xi'zmetin atqari'p kelgen.

***161-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Ha'rbir ga'ptegi so'zlerge ga'p ag'zalari'n ani'qlaw belgileri tiykari'nda tallaw jasan'. Wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin ayti'n'.

Ba'ha'r. Qi'sti'n' qali'n' ko'rpesi ashi'ldi'. Aq tu'yedey sho'gip jatqan aqsha qarlar yeridi. Ken' dala ko'rkemlenip, ko'rgen ko'zdi wo'zine tartti'. Jasi'l mawi'ti' jami'lg'an jerden juparday iyis an'qi'ydi'.

Aspan a'leminde aqshi'l bultlar ko'rindi.

Ba'ha'r xabarshi'si' g'azlar kiyati'r. Ba'ha'r qarli'g'ashi' keldi. Aspan menen jer jadi'rap jaynap ketti. Ba'ha'r quyashi' ken' dalali' hasi'l jerdi qushag'i'n asha bawi'ri'na basti'. (J.A.)

***162-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' tiykari'n du'ziwshi ag'zalardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' ne ushi'n ga'ptin' tiykari' dep atali'wi'n tu'sindirin'.

Jer jibisti. Topi'raq torqaday toyi'ndi'. Jer jarasi'g'i' jasi'l sho'pler bo'rtip shi'qti'. Jer beti ko'k lipasqa bo'lendi.

Qos to'benin' u'stinen qarasan' Qi'zi'lqum mawi'ti' jami'lg'anday. Juwsanni'n' jupar iyisi murni'n'di' jaradi'. Iyiskegen sayi'n iyiskegin' keledi. Ja'niwar juwsanni'n' jaynap wo'siwin qara? Qi'zi'lqumni'n' u'stine qatarlasti'ri'p teben shanshi'p qoyg'anday. Sup-suli'w sobi'g'i' nishterdey, na'wba'ha'rdin' jag'i'mli' sa'ni menen jani'n'di' ra'ha'tke bo'leydi. (J.A.)

Ga'p ag'zalari' du'zilisine qaray **jay, qospa** ha'm **ken'eytilgen ag'za** boli'p u'shke bo'linedi.

1. Jay ag'za toli'q ma'nili bir so'zden boladi'. Mi'sali': **Mashina jolda ko'p irkildi**. (W.X.) —degen ga'ptegi ha'r bir so'z dara ag'za boli'p kelgen.

2. Qospa ag'za qospa so'zlerden, turaqli' dizbek ha'm sintaksislik bo'lekke bo'linbeytug'i'n so'z dizbeginen boladi'. Mi'sali': Wol sportti' **jaqsi' ko'redi.** Mine **rayon worayi'** da artta qaldi'. 2. Turi'mbet Jumagu'lge **jaman ko'zi menen** qaradi'. (T.Q.) **Qarsaq jortpas qali'n'nan, ne bir qi'ya sho'llerden asi'p wo'ttik.** (W.X.)

3. Ken'eytilgen ag'za hal feyil, kelbetlik feyil ha'm atawi'sh feyillerinin' basqari'wi'ndag'i' feyil toplamlari' arqali' bildiriledi. Mi'sali': 1. **Bul jerden shi'qqali'** udayi' ku'n-tu'n jol ju'rdik. 2. Mashina taqi'rli'qta **jel menen jari'sqanday** zi'mi'raydi'. (W.X.) 3. **Da'ryani' jag'alap ju'rip kiyati'rg'an** Tilewmuratovtan wol biyxabar yedi. (K.S.) 4. **Tan' atpay jumi'sqa shi'g'i'p ketiw** woni'n' su'yegine sin'gen a'det. (Q.D.)

***163-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an ga'p ag'zalari'n du'zilisine qaray tallaw jasap ayti'n'. Wolardi'n' qaysi'si' jay, qaysi'si' qospa ha'm qaysi'si' ken'eytilgen ag'za yekenine di'qqat yeti'n'.

**Na'wba'ha'r No'kisti** ko'rkem ko'riniske bo'ledi. Ko'shesindegi **suli'w** ha'm **ko'p qabatli'** jaylar kewildi quwanti'p, **ju'rekti tasti'radi'. Ba'ha'r aqshami'na jaqti' berip turg'an** elektr nurlari' aspan juldi'zi'n **ta'siyin qaldi'rg'anday boladi'.**

**To'ktin' tawi'nan** to'men tu'sken mashina zi'mi'rap kiyati'r. **Ko'z ilmey zi'mi'rap kiyati'rg'an** mashina **minut sayi'n** ju'risin tezletpekte.

**Boranbay** mashinadag'i' woti'rg'anlardi'n' barli'g'i' menen **ko'risti. Mu'na'yim minezli, ashi'q kewilli, kishipeyil** Boranbay ha'mme menen **ku'le shi'ray berip, ji'lli' ju'z benen** ko'risti. (J.A.)

***164-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wolardi' tallaw u'lgisi boyi'nsha ga'p ag'zalari'na aji'rati'p asti'n si'zi'p ko'rsetin'.

Ga'p ag'zalari'na tallaw jasaw u'lgisi:

Baslawi'sh
Bayanlawi'sh
Ani'qlawi'sh
Toli'qlawi'sh
Pi'si'qlawi'sh

Men qi'sta an'da bolg'an yedim. Sondag'i' bolg'an bir qi'zi'q waqi'yalardi' jazbay qoyi'w mu'mkin yemes. Birden jaza basladi'm. «Daraqlardi'n' shaqalari'na aspannan qar tu'sti, wolar menin' qoyni'ma da kirdi... Suwi'q tamshi'lar jawi'ri'ng'a wo'tti». Usi'ni'n' menen is pitti. Men usi' so'zlerden basqa so'z taba almadi'm.

Ashi'q terezeden ku'n nuri' tu'sip tur: ko'shede balalardi'n' qi'zg'i'n woyi'ni'. Kewlim alag'ada bola berdi. Ko'shedegi balalar menen woynap ketkim keledi. (R.R.)

## GA'PTIN' BAS AG'ZALARI'

Ga'ptin' tiykari'n du'zetug'i'n baslawi'sh ha'm bayanlawi'shqa **ga'ptin' bas ag'zalari'** dep ataladi'.

Yeki bas ag'zali' ga'plerde baslawi'sh ga'ptin' kim ya ne haqqi'nda ayti'lg'ani'n bildiredi de, bayanlawi'sh sol baslawi'shti'n' is-ha'reketin yamasa basqa bir xabardi' bayanlaydi'. Baslawi'sh qaysi' bet, qaysi' sanda kelse, bayanlawi'sh ta sol bet, sol sanni'n' qosi'mtalari'n qabi'l yetedi. Yeger ga'ptin' bayanlawi'shi' feyilden bolg'an bir bas ag'zali' boli'p kelse, baslawi'sh bayanlawi'sh arqali' ma'lim boladi'.

Baslawi'sh penen bayanlawi'sh wo'z ara kelisiw joli' menen baylani'sadi'.

# § 39. Baslawi'sh

*165-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' yekenin ha'm sorawlari'n ayti'p berin'.

1. **Yaqi'p** wo'zinin' joldaslari'n ko'p ku'ttirmedi. 2. **Wol** kartofel ati'zi' arqali' ten'izdin' jag'asi'na shi'qti'. 3. **Qonaqlar** u'y iyesinin' mira'tine qarsi'li'q yetpedi. 4. Qorani'n' si'rti'nda u'lken bir jazi'q tasti'n' jatqani'n **ha'mme** de biledi. 5. **Men** bulardi' keshe g'ana ali'p keldim. 6. **Bizler** sen qusap mudami' qant shaynap ju'rgenimiz joq. 7. Tan' atqan waqi'tlari' **sizler** bizin' Qi'li'sh ko'ldi ko'rip pe yedin'iz. (M.K.)

Ga'ptin' kim ya ne na'rse haqqi'nda ayti'lg'ani'n bildi-retug'i'n bas ag'zag'a **baslawi'sh** delinedi.

Baslawi'sh to'mendegi belgilerge iye boladi': 1) zatli'q ug'i'mdi' an'latatug'i'n ataw sepligindegi so'z arqali' bildiriledi; 2) is-ha'rekettin' iyesin bildirip keledi; 3) kim? ne? kimi? nesi? sorawlari'na juwap beredi; 4) ga'pte bayanlawi'shtan aldi'n ayti'ladi'.

Baslawi'sh ko'binese atli'q, atli'q worni'na qollani'latug'i'n almasi'qlardan boladi'. Mi'sali': **Ulli'li'q** aqi'l ha'm a'dep penen payda boladi'. **Ilim** ha'm **a'dep** — ten'i joq g'a'ziyne. Yeger **kim** wog'an **iye bolsa**, **qa'dir-qi'mbati'** ulli' boladi'. («Atalar so'zi») Awi'ldi'n' shetinde **pada** ko'rindi. **Wol — Bu'rkitli awi'li'ni'n' padasi'.** (M.K.)

Baslawi'shlar atli'qlasqan kelbetlik, sanli'q, kelbetlik feyil, atawi'sh feyil ha'm yeliklewish so'zler arqali' da bildiriledi. Mi'sali': 1. **A'depli** —isi menen a'depli. 2. **Yekewi** ishke kirip keldi. **Alti'** yekige bo'linedi. 3. **Qi'ymi'ldag'an** qi'r asar. 4. **Juwi'ri'w** — sportti'n' bir tu'ri. 5. Jaydi'n' **tasi'rli'si'** ko'beyip ketti. **Yerten'** — demali's.

*169-shi'ni'g'i'w.* Tekstti woqi'n'. Tekst boyi'nsha kitapti' si'patlap mazmuni'n so'ylep berin' ha'm bas ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ayti'n'.

A'y, a'ziz. Adam ushi'n kitaptan a'zizirek ha'm jag'i'mli'law si'rlas joq. Jalg'i'zli'qta wol ten'i joq si'rlas. Wonda heshqanday

perde ha'm giyne joq. Wol sonday joldas, so'zlerinde hesh qanday wo'tirik ha'm qa'te bolmaydi'. Gu'rrin'inen adamg'a za'lel keltirmeydi. Wol wo'z dosti'ni'n' kewlin qaldi'rmaydi'. Ju'regin jaralamaydi'. Wol sonday joldas, kisi arqasi'nan g'i'ybat aytpaydi'. Woni'n' gu'rrin'inen sag'an sonday paydalar keledi. Bunday paydani' adamlardan taba almaysan'. Kerisinshe, jaramas adamlardi'n' so'zlerinen adamg'a za'lel keledi. Kitaptay dosti'n' ishinde barli'q ilim-bilim jaylasqan, wol insanlardi' wo'tmishten ha'm keleshekten xabardar yetip turadi'. Sonli'qtan da, «Kitap — aqi'l qalasi'» — degen. (Muhammed Jabalrudiy)

***167-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'plerdegi baslawi'shlardi' tawi'p asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ani'qlan'.

1. Ji'llar wo'tedi. Bul balalar wo'sip, jigit boli'p yer jetedi. 2. Wolar Ka'ramat tawi'nan da biyigirek, taza to'belerge ko'teriletug'i'n boladi'. Wolar bir ko'ldi g'ana janlandi'ri'p qoymastan, aspandi' da wo'zlestiriwge talaplanadi'.

Sizler bug'an isenesizler me? Men isenemen. (M.K.) Jaqsi' — isi menen jaqsi'. Bilegi ku'shli birdi ji'g'adi', bilimi ku'shli mi'n'di' ji'g'adi'. (naqi'l) 4. Uyalmag'an buyi'rmag'an astan ishedi. (naqi'l) 5. Ju'ziw — dene shi'ni'qti'ri'wg'a paydali'. 6. Birewden yekew jaqsi'. 7. Ko'p ko'pligin yetedi, az azli'g'i'n yetedi. (naqi'l) 8. Japti'n' ko'pirine jan'a mine bergende shambi'r-shambi'r yesitildi. (A.B..)

***168-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen so'zlerdi baslawi'sh yetip ga'p du'zin'. Du'zgen ga'plerin'iz ken'eytilgen ha'm ken'eytilmegen ga'p tu'rinde bolsi'n ha'm baslawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, woni'n' qanday so'z shaqabi' yekenin tu'sindirin'.

S o ' z l e r: Awi'li'mi'z, Azat, bizler, ha'rkim, aqi'lli', yerinbegen, ko'pti jamanlag'an, bu'gin, gu'bir-gu'bir.

## § 40. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen baslawi'shlar

Baslawi'sh du'zilisine qaray **jay baslawi'sh**, **qospa baslawi'sh** ha'm **ken'eytilgen baslawi'sh** boli'p u'shke bo'linedi.

1. Jay baslawi'sh dara bir so'zden, iyelik sepligindegi atli'q penen ataw sepligindegi ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen boladi'. Iyelik sepligindegi atli'q penen ko'mekshi atawi'sh yekewi qosi'li'p bir sorawg'a juwap beredi ha'm jay baslawi'shti'n' xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': **U'shewi** pi'yadalap g'awashalardi' aylani'p shi'qti'. Wolar birna'rselerdi woylasti'. **Shertektin' ishi** jaqsi' bezelgen yedi. **Tog'aydi'n' sheti** joq, **ji'n'g'i'llar, quwraylar** si'g'asi'p tur. (W.X.) **Bag'di'n' do'geregi** diywal menen qorshalang'an. (M.D.)

2. Qospa baslawi'shlar qospa so'z ha'm sintaksislik bo'lekke bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbegi arqali' bildiriledi. Mi'sali': **Wo'zbekstan Respublikasi'** 1991-ji'li' g'a'rezsizlikke yeristi. («Y.Q.») **Tawmurat degen jigit** sport penen shug'i'llani'wdi' jaqsi' ko'redi. **Ayzada yekewimiz** fermada sawi'nshi' boli'p isleymiz. («Y.Q.») **Wot jag'i'w, kir juwi'w** Aysa'nemnin' belgili isi boldi'. (N.D.)

3. Ken'eytilgen baslawi'sh kelbetlik feyil ha'm atawi'sh feyillerinin' basqari'wi'ndag'i' toplamlardan boladi'. Mi'sali': **Ko'pti jamanlag'an** ko'miwsiz qaladi'. **Yeki kemenin' basi'n uslag'an** suwg'a ketedi. (naqi'l) Ata-anag'a **hu'rmet ha'm izzet ko'rsetiw, wolarg'a miyrimli boli'w** — ha'rbir perzenttin' wazi'ypalari'ni'n' biri. (Mustafa Hamiypashsha)

**An'lati'w:** Iyelik sepligindegi atli'q tarti'm qosi'mtali' ko'mekshi atawi'sh penen dizbeklesip kelgende iyelik sepliginin' qosi'mtasi' jalg'anbay keliwi de mu'mkin. Bunday jag'dayda jay baslawi'sh boladi'. Mi'sali': **Yel sheti** ko'rinbeydi. **Tog'ay ishi** men'irewlik. Bul jerge, ha'tte **adam izi** de tu'spegen. (W.X.)

***169-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' du'zilisine qaray qanday baslawi'sh yekenin ha'm bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.

**Yel ag'asi'** axmaq bolsa, yelin **jolawshi'** talaydi'. **Haqi'yqatli'q** — hadal ju'rektin' joldasi'. (naqi'l) **Qa'wmetine isengen** qa'ddin bu'gip wo'tedi, **ko'pshilikke isengen** maqsetine jetedi. (naqi'l) **Sadullani'n' bir wo'zi** yeki jigittin' islegenin isley-

di. (N.D.) Ustazi' bolmag'an adamdi' **wo'mirdin' wo'zi** ta'rbiyalaydi'. («Atalar so'zi») **Talant iyesin ta'rbiyasi'z qaldi'ri'w** zuli'm. **Talantsi'z kisini ta'rbiyalaw** — wo'mirdi zaya wo'tkiziw degen so'z. **Jaqsi' a'det** — ja'ha'nde ulli' ma'rtebe ha'm u'lken da'rejege jetkeriwshi. Biraq, **bug'an jetisiw** tek ilim ha'm a'det arqali' boladi'. (Muinniddin Juwayniy)

***170-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Baslawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm du'zilisine qaray qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

Atami'z u'yimizdin' uzag'i'n jaqi'n ha'm jog'i'n bar yetiw ushi'n barli'q waqi't ha'rekette boladi'. Wol bizin' jasawi'mi'z ushi'n u'y-jay tayarlaydi'. Kiyindiriw ushi'n kiyim-kenshek tabadi'. Iship-jewimiz ushi'n azi'q-awqat tayarlaydi'. Wo'z ata-analari'n razi' yetpeytug'i'n, wolardi' renjitetug'i'n perzenttin' isi hesh waqi'tta alg'a baspaydi' ha'm yeldin' aldi'nda abi'rayi' bolmaydi'. (Mustafa Hamiypashsha)

Ata-anani'n' xi'zmetin yetiw ha'rbir perzenttin' minneti yesaplanadi'. (Ja'miy)

Atalardi'n' dosli'g'i' balalari'n jaqi'nlasti'radi'. Ata-anasi'n hu'rmetlegen kisinin' wo'miri uzaq boladi'. Ata-anani'n' so'zine kirmegennin' jatatug'i'n worni' wot ishinde boladi'. («Atalar so'zi»)

***171-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa baslawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'ni'n' dizbeginde du'zilgenin ayti'n'.

1. Kewil kiri aytsa keter, ko'ylek kiri juwsa keter. (naqi'l) 2. Biz wo'zimiz awi'lda wo'skenbiz (W.X.). 3. An'li'sqan yel yel bolmas. 4. Jaramas a'det ko'p bolar, yen' jamani' – ku'nshillik (naqi'l). 5. Yeki jaqsi' bas qossa, qi'l wo'tpeydi aradan (naqi'l). 6. Dossi'z wo'mir wo'lim menen ten' (T.Q.). 7. Jaqsi' dos is tu'skende biliner (naqi'l). 8. Tog'aydan shi'g'a bergende aldi'mnan tori' atli' shi'qti' (A.Da'wqaraev). 9. Jaqsi'li'q yetiw — wopali' adamni'n' isi. (Sh.S) 10. Bizler yekewimiz awi'l xojali'g'inda yeginlerdin' jiyin-terimine qatnasti'q. 11. Yelmurat degen kisi buri'n usi' yelatti'n' jasulli'si' bolg'an.

## § 41. Bayanlawi'sh

*172-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetin'. Wolar qatnasli' baslawi'shti' tawi'p, sog'an qatnasli' bayanlawi'shti'n' sorawlari'n ayti'p berin'.

Bizler da'rya jaqtan u'yge keshirek **qaytti'q.** Bul — qi'mbatli' **qonaq**. Wol ha'zir g'ana **keldi**. (M.K.) Ku'n **bultli'.** Biraq jawi'n **jawg'an joq.** Mende qi'zi'qli' kitap **bar**. Wol mennen **u'lken**. Jasi' **won u'shte**. Ten'iz betten bult **ko'terilip kiyati'r**. (W.A.)

Baslawi'shti'n' kim, ne haqqi'nda is-ha'reketin, hal-jag'dayi'n, jan'ali'q xabari'n bildiretug'i'n bas ag'za **bayanlawi'sh** delinedi.

Bayanlawi'sh **ne qi'ldi'? ne qi'ladi'? ne isledi? kim? ne? qanday? qansha? qalay?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': Bi'yi'l ba'ha'r yerte **baslandi'.** Biraq la'mgershilik **ko'p boldi'**. (W.X.) Sebepsiz ku'lki — **biya'deplik belgisi**. («Atalar so'zi») Ku'n **salqi'n**. Jerde qar **bar**.

Bul ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'zler bayanlawi'sh xi'zmetinde kelgen. Wolar **ne qi'ldi'? qalay boldi'? ne? qanday?,** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Bayanlawi'shti' ani'qlaw belgileri to'mendegiler: 1) ga'ptin' tiykari'n du'zetug'i'n bas ag'za; 2) baslawi'shti'n' is-ha'reketin, hal-jag'dayi'n, jan'ali'g'i'n xabarlaydi'; 3) is-ha'rekettin' ma'ha'llik belgisin ko'rsetedi; 4) betlik qosi'mtali' kelip, baslawi'sh penen kelisiw joli' menen baylani'sadi'; 5) wori'n ta'rtibi jag'i'nan baslawi'shtan son' keledi; 6) ko'binese betlik qosi'mtali' ani'qli'q meyilden, atli'q, kelbetlik ha'm t.b. so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi.

Bayanlawi'shlar qanday so'z shaqabi'nan bildiriliwine qaray, **feyil bayanlawi'sh** ha'm **atawi'sh bayanlawi'sh** boli'p yekige bo'linedi.

Bayanlawi'sh jay (dara) so'zler arqali' da, yeki ya birneshe so'zlerdin' dizbegi menen de bildirile beredi. Usi' si'yaqli' wo'zgesheligine qaray **jay bayanlawi'sh** ha'm **qospa bayanlawi'sh** boli'p bo'linedi.

***173-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Bayanlawi'shlardi' tawi'p, wolardi' ani'qlaw belgilerine tu'sinik berin'.

Woraldi'n' bir yeski qalasi'nda a'yyemgi bag'di'n' to'rinde tastan sali'ng'an biyik bir ha'wli turi'pti'. Bag'di'n' yesigi ha'mme ushi'n ashi'q. Ku'ndiz bunda na'restelerin shayqap jubatqan analar menen kempirler skameykalarda so'ylesip woti'radi'. Keshte bul jerde jaslar gezip ju'rip si'rlasadi'.

Bag'dag'i' yen' su'ykimli ag'ash g'arri' shi'nar yedi. Wol bul jerde qalani'n' wo'zi tu'we, ati' hawazasi' joq waqi'tlarda wo'sip tami'r basqan. Wol shi'nardi'n' usha basi'na ko'z tikti. Wonda shaqag'a qoni'p alg'an qanday da bir u'rpek ju'nli qus sayrap tur yedi. (R.A.)

***174-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Bayanlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n', qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ha'm qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin tu'sindirin'.

1. Wolar iygilikli iske barati'r. Sen bizdi wozal bastan arnami'sli' boli'wg'a ta'rbiyaladi'n'. Kemeler arnani'n' jani'na kelip toqtadi'. (W.X.) 2. Wo'mir — yen' jaqsi' ustaz. Paydalanbag'an ilim — miywesiz ag'ash. («Atalar so'zi») 3. A'depli adamlar menen sa'wbetlesiw — gu'llerdin' xosh iyisi an'qi'p turg'an tan' samali'nan la'zzetli. («Atalar so'zi») 4. U'sh jerdegi u'sh — tog'i'z. 5. Senin' izlegen kitabi'n' — usi'. 6. Yerte turg'anni'n' i'ri'si' arti'q. 7. Awi'l tawdan to'mende. 8. Tawdan tiregi bardi'n', tastan ju'regi bar. (naqi'llar)

## § 42. Jay feyil bayanlawi'sh

Dara feyil so'zden bolg'an bayanlawi'shqa **jay feyil bayanlawi'sh** delinedi.

Jay feyil bayanlawi'sh to'mendegi ma'nili feyiller arqali' bildiriledi:

1. Ani'qli'q meyil formasi'ndag'i' feyillerden boladi'. Ani'qli'q meyil arqali' bildirilgen bayanlawi'shlar boli'p wo'tken, boli'p ati'rg'an ya yendi bolatug'i'n is-ha'reket, waqi'yalardi' bayanlaydi'. Mi'sali': 1. Shan'qay tu'ste ha'mme tu'slikke **shi'qti'**. Kanaldi'n' boyi'ndag'i' sayaman shertektin' si'pasi'nda adamlar **woti'r**. 2. Wolardi'n' birazi' to'mende **woti'r**. (W.X.) Woni'n' ju'reginde bir si'rli' waqi'ya **jati'r**. (X.S.) Qalani' qi'di'ri'p bolg'annan keyin bizler vokzalg'a **kelemiz**. (S.K.)

2. **-i’p/-ip, -p** qosi’mtali’ hal feyillerge betlik qosi’mtalari’ni’n’ jalg’ani’wi’nan boladi’. Mi’sali’: Tag’i’ bir to’beden assa ji’lqi’lar menen qoylar **ju’ripti.** Tu’simde jeti aspang’a **ushi’ppan**, sen jerde **qali’psan’**... Buri’ng’i’ zamanda bir jarli’ni’n’ u’sh balasi’ **boli’pti’**. («Q.x.y.».)

3. Buyri’q, tilek ha’m maqset meyilleri arqali’ bildiriledi. Mi’sali’: Yendigi ga’pti Amanqul biy aytsi’n. (T.Q.) Men yendi woni’n’ ju’zin ko’rmeymen. (K.S.) Yendigiden bi’lay tu’simde de, woni’mda da sizlerdi ko’rmegeymen. (X.S.)

4. Kelbetlik feyildin’ **-g’an/-gen**,. (qan/-ken), **-ar/-er** qosi’mtali’ tu’rlerinen boladi’. Mi’sali’: Ku’n keshegige qarag’anda bu’gin qatti’ **suwi’tqan**. Buri’n bul do’gerekte yel bolg’an. (M.D.)

5. Atawi’sh feyildin’ –i’w\-iw,-w ha’m wori’n seplik qosi’mtali’ –i’wda\-iwde qosi’mtali’ tu’rlerinen boladi’. Mi’sali’: Menin’ tiykarg’i’ maqsetim – **woqi’w**. Bizlerdin’ maqsetimiz gu’zgi ji’yi’n-terimdi tez **tamamlaw**. Ha’zir respublikami’zda sportshi’lardi’n’ sani’ ku’n sayi’n **wo’siwde**. (gazetadan)

***175-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Jay feyil bayanlawi’shlardi’ tawi’p, wolardi’n’ qanday feyiller arqali’ bildirilgenin ayti’n’.

1. Men qalani’n’ shetindegi shossege qaray kettim. —Siz ha’zir ju’resiz be? Meni Ri’bashiege deyin ali’p ketin’,—dep shofyordan wo’tinish yettim.

—Yaq, ag’ay, imkaniyat joq,—dedi. — Hesh kimdi de almayman. Qansha aqsha kerek desen’iz de bereyin... Ha’demey bizin’ basqa mashinalar keledi. Biraq, men adam almayman. Mashina ketip qaldi’. Jan’ag’i’ hayal budkadan shi’qti’. Wol «Ha’zir siz de ketesiz», — dedi. Men u’ndemedim. (Sh.A.)

2. Bir ku’nleri tog’ayda hesh an’ qalmapti’. («Q.x.y.») 3. Sheberlerdin’ ismin awi’llaslari’ qa’dirlep, wolardan u’yrengen. («Q.x.y.») 4. Wolar tog’ay arqali’ ju’rmekshi. 5. Qoshqarbay woni’n’ ko’z jasi’n qa’ha’ri menen juwmaqshi’ yedi. (S.X.)

***176-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Jay feyil bayanlawi’shlardi’ tawi’p asti’n si’zi’n’. Wolardi’n’ qaysi’ bette yekenin ha’m betlik qosi’mtasi’ arqali’ baslawi’shi’n tawi’n’.

Bizler Oksana yekewimiz bizin' bag'di'n' qasi'na ji'ynalg'an ag'ashlardi'n' u'stinde woti'rmi'z. Bizler de u'lkeygennen keyin biyday yegemiz. Sen traktor aydaysan'. Men apam qusap seyalkani'n' keyninde turaman. Men Oksanani'n' ne dep turg'ani'n tu'sinbedim. Wol menin' menen ti'ni'sh g'ana qatara woti'r. Quyash jerdi ha'zir keptiredi. Tez barayi'q, Oksana. Sen jasi' u'lkenlerdin' ga'pine aralaspa. Wol bul so'zi menen wo'zinin' segizge shi'qqani'n bildirejaq. Apamni'n' ju'zlerin quyash shalg'an. Man'layi'nda tamshi' terler ji'lti'raydi'. (M.K.)

***177-shi'ni'g'i'w.*** Yadi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan jay bayanlawi'shti'n' ani'qli'q meyilden bolg'an tu'rine 2 ga'p, basqalari'na bir-birden ga'p tawi'p jazi'n'.

## § 43. Qospa feyil bayanlawi'sh

Yeki yamasa birneshe feyillerdin' dizbeginen du'zilgen bayanlawi'shqa **qospa bayanlawi'sh** delinedi.

Qospa bayanlawi'sh to'mendegi qospa feyiller arqali' bildiriledi:

1. Feyil tiykarli' qospa feyillerden boladi'. Bul si'yaqli' qospa bayanlawi'shti'n' yeki si'n'ari' da feyilden boladi'. Mi'sali': 1. Wol u'yden tez **shi'g'i'p ketti**. (J. S.) 2. Ku'n **qaran'g'i'lana basladi'**. (J. S.)

2. Atawi'sh tiykarli' qospa feyiller arqali' bildiriledi. Qospa bayanlawi'shti'n' bul tu'ri feyilden basqa so'z shaqaplari'na **yet**. (qi'l), **al, ber, bol, basla, sal, qoy, ko'r, jet**, t.b. ko'mekshi feyillerdin' qosi'li'wi'nan boladi'. Mi'sali': Xojali'qlarda ba'ha'rgi yegiske tayarli'q tuwrali' **woylasi'q boldi'**. Wolar bir-birewine **ja'rdem berdi.** Wolar hu'rmet-izzet penen jasag'andi' **jaqsi' ko'redi**. (W.X.) Si'rttan elektr jari'g'i' **jarq yete qaldi'**. (N.D.)

3. Kelbetlik feyil, hal feyil ha'm basqa da feyillerge baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmettegi **yedi, yeken**, (yemes) **toli'qsi'z feyildin'** dizbeklesip keliwi arqali' bildiriledi. Mi'sali': Yekinshisin wog'an atasi' **ayti'p bergen yedi.** Avtolavka bajbanni'n' u'ylerine ha'r dayi'm **qayri'li'p wo'tetug'i'n yedi**. (Sh.A.) Men yesimdi bilgeli woni'n' bu'gingidey quwani'shi'n **ko'rgen yemespen.** Saratanni'n' jumsaq jeli **yesip tur yedi**. (W.X.)

***178-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qospa bayanlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' bildiriliwin. (qanday so'zlerden bolg'ani'n) ani'qlan'.

Ku'n jan'a-jan'a qi'zdi'ri'p kiyati'r. Bizler buri'n usi' Aqqalada woti'ratug'i'n yedik. (N.D.) Woni'n' kiyimleri suw boldi'. Woraqshi'lar tu'ste u'lken gu'jimnin' sayasi'na kelip dem aldi'. (J.Sh.) Jayda woti'rg'anlardi'n' ha'mmesi woni'n' so'zine kewil bo'ldi. Mu'yeshtegi etajerkada turg'an kitaplari'na ko'z juwi'rti'p wo'tti. (I. Q.) Sabaq yele dawam yetip ati'r yedi. Inkamal apay bolsa bul waqi'tlari' Avstraliya haqqi'nda so'ylep ati'r yeken. (Sh.A.)

***179-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shiri'n'. Qospa feyil bayanlawi'shlardi' tawi'p asti'n si'zi'n'. Qospa bayanlawi'shti'n' qaysi' ma'ha'lde kelgenin ayti'n'.

Sultanmurat da'rhal wo'zinin' partasi'na bari'p woti'rdi'. Kelgenler woqi'wshi'lar menen sa'lemlesti.

Qa'pelimde klasti'n' ishi ti'm-ti'ri's boldi' da qaldi'. Ha'tte heshkim jo'telmedi de.

Men basqa bir jumi's penen kelgen yedim. Menin' balalarg'a aytatug'i'n bir ga'pim bar.

Woqi'wshi'lar bir tegis woti'ri'p qaldi'. Kolxozdi'n' basli'g'i'n ha'mme tani'ytug'i'n yedi. Basli'qti'n' sabaq waqti'nda kelgeninin' ma'nisi woqi'wshi'lar menen ayri'qsha si'patta so'ylesiw yedi. Sizlerdin' mektebin'izdin' ishi suwi'q yeken. (Sh.A.)

***180-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli ko'mekshi feyil ha'm baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmettegi toli'qsi'z feyillerdi qoyi'p ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' qaysi' ma'ha'l ma'nisinde yekenin tu'sindirin'.

1. Biybayi'm qaltasi'nan bir tu'yinshik shi'g'ari'p ... . 2. Keshikpey Serimbet te kirip ... . 3. Awi'l aqsaqallari' jaslarg'a ba'rha' na'siyat .... 4. Tuwri' sizin' aytqanlari'n'i'zdi' yesapqa ... . 5 Bir waqlari' telefon shi'r yete ... . 6. Woni' men buri'nnan tani'ytug'i'n ... . 7. Bular a'kesinin' traktori'ni'n' aldi'na shi'g'i'p ketken... . 8. Atam hesh na'rseni bilmeydi.... 9. Shi'g'i's ta'repten samal yesip ... .

Ko'mekshi ha'm toli'qsi'z feyiller: berdi, beredi, qaldi', keldi, yeken, alami'z, yeken, yedim, tur.

## § 44. Jay ha'm qospa atawi'sh bayanlawi'shlar

**Jay atawi'sh bayanlawi'sh to'mendegi so'zlerden boladi'**:

1. Jay atawi'sh bayanlawi'shlar ataw, bari's, shi'g'i's, wori'n sepligindegi atli'qtan, almasi'q, kelbetlik, sanli'q ha'm ra'wish so'zlerden boladi'. Mi'sali': Bul sawg'a **u'keme.** Barli'g'i' **quwani'shtan. Yerler** — **ati'zda**, bala-shag'alar — **u'yde**. (T.Q.) Mi'naw — **mektep**. (N.D.) Ladan dostan aqi'lli' dushpan **jaqsi'**. («Atalar so'zi») Bi'yi'l bag'i'mi'z **miyweli**. Nurli'baydi'n' uli' da, qi'zi' da — **usi'.** (M.D.) Bizin' jay —**mi'naw**. Ja'ha'ngir ag'a ja'ne **birinshi**. (W.X.) Wol g'arri'ni'n' ul balasi' — **u'shew**, qi'zi' — **birew**. (Q.T.) Qi'zketkennin' keleshegi **aldi'nda.** (N.D.)

2. Jay atawi'sh bayanlawi'sh **bar, joq, kerek, da'rkar, za'ru'r, lazi'm**, t.b. bayanlawi'shli'q so'z shaqabi' arqali' bildiriledi. Mi'sali': Portfeldin' mayda zatlar salatug'i'n qaltasi' da **bar**. Do'gerekte heshkim **joq**. (Sh.A.)

3. Yeliklewish so'zlerden boladi'. Mi'sali': Ku'n birden suwi'tti', ayaq asti'lari'mi'z **g'i'rt-g'i'rt-g'i'rt.** Tog'aydi'n' ishi **ji'm-ji'rt**. (T.Q.)

Qospa atawi'sh bayanlawi'sh to'mendegi so'zler arqali' bildiriledi:

1. Ma'nili atli'q so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': Bizin' isimiz — **xali'qti'n' isi**, bizin' ku'shimiz — **xali'qti'n' ku'shi**. (X.S.) Bul du'nyani'n' ko'rki — **adam balasi'**. (A'.Q.) A'kemiz—**Xudaybergen degen kisi**. (N.D.)

2. Kelbetlik, ra'wish ha'm t.b. atawi'sh so'zler jupkerlesiwshi baylani'sta kelip qospa atawi'sh bayanlawi'sh boladi'. Mi'sali': Densawli'q — **teren' bayli'q**. (Q.F.) Zu'ra'a'tti artti'ri'w — tiykarg'i' wazi'ypa.

3. Qospa atawi'sh bayanlawi'sh atawi'sh so'zlerge baylani'sti'ri'wshi'li'q xi'zmettegi ko'mekshi ha'm toli'qsi'z feyillerdin' dizbeklesiwinen de boladi'. Wol uzi'n boyli' **adam yedi**. Boz jerdin' sali'lari' **zu'ra'a'tli yeken**. Wol awi'l mekteplerinde **mug'allim boldi'.** Portfeldin' ji'lti'rawi'q temirden islengen qulpi' **bar yedi**. (Sh.A.)

***181-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Jay ha'm qospa atawi'sh bayanlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' bildiriliwin ani'qlan'.

Bir so'z benen si'patlag'anda, qa'dimgi mektepke ali'p barati'rg'an woqi'wshi'ni'n' portfeli. 2. Wol jerde tek bolg'ani' u'sh xojali'q bar. (Sh.A.) 3. Jurt ha'm yeldin' rawaji' da wo'nerge baylani'sli'. 4. Wo'ner — jasi'ri'n g'a'ziyne. 5. Wo'ner senin' barli'q waqi'tta joldasi'n', ma'datkari'n'. 6. Wo'ner de barli'q islerde adam ushi'n za'ru'r. («Atalar so'zi») 6. Ha'r qi'yli' tawarlar bar yedi, hayallardi'n' ko'zi bolsa wolardi' jep barati'r. 7. Hayallar bolg'anda ne, ha'mmesi tek u'shew g'ana. (Sh.A.) 8. Wol uzi'n boyli', yelli jaslar shamasi'ndag'i' adam yedi. (Sh.S.)

***182-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Jay ha'm qospa atawi'sh bayanlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Berilgen ga'plerge di'qqat yetip, ma'nisin tu'sindirin'.

1. Ha'rbir ag'ashti'n' miywesi boladi', kewil miywesi — perzent. («Atalar so'zi») 2. Baxtiyar boli'wdi' qa'lesen', to'mendegi a'detlerdi wo'zin'de saqla: da'slep ata-anan'ni'n' qari'zi' moyni'n'da ketpesin, ata-ana quwani'shi' adam ushi'n du'nyadag'i' u'lken da'wlet. (Muhammed Husayn) 3. Mu'na'sip perzent boli'w — ata-ana ushi'n u'lken quwani'sh. («Atalar so'zi») 4. Haqi'yqi'y perzent ha'r bir tarawda wo'z atasi'ni'n' hu'kimine boysi'nadi'. 5. Wol ata-ana i'razi'shi'li'g'i'nan juwapsi'z is islese, wonday biyrehim kisiden aqi'lli' biygana adam jaqsi'. (Barhurdar ibn Mahmud)

***183-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan jay atawi'sh bayanlawi'shi' bar u'sh ga'p, qospa atawi'sh bayanlawi'shqa u'sh ga'p tawi'p jazi'n'. Bayanlawi'shlar ha'r tu'rli so'z shaqaplari'nan du'zilgen bolsi'n.

## § 45. Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' sintaksislik baylani'si'

Ga'p ishinde baslawi'sh penen bayanlawi'sh yeki tu'rli jol menen baylani'sadi'.

1. Baslawi'sh penen bayanlawi'sh ga'pte bet ha'm birlik, ko'plik sanlarda kelisip baylani'sadi'.

Baslawi'sh betlik almasi'qlari'nan bolsa, bayanlawi'sh penen u'sh bette ha'm sanda qosi'mtalar arqali' kelisiw arqali' baylani'sadi'. Mi'sali': 1. **Men** ha'zir ga'pimdi

ta'riyiplewge **kirisemen**. **Bizler** shaydi' yerte **iship ati'rmi'z**. (M.K.) 2. **Sen** yele **uyqi'lamadi'n' ba**? **Sizler** wolardi'n' kewilli woynap ju'rgenin **ko'rsen'izler yedi**. (M.K.) 3. **Wol** a'dewir-aq **wo'sti. Wolar** ha'mme jerde **wo'rip ju'r**. (M.K.)

Bul ga'plerde **men, sen** almasi'qlari' I-II betlerde, birlik ha'm ko'plik sanlarda kelisiw joli' menen baylani'sqan. **Wol** almasi'g'i' III bette, tek birlik sanda baylani'si'p kelgen.

Al, atli'qtan bolg'an baslawi'shlar bayanlawi'sh penen tek III bette g'ana baylani'sadi'. Mi'sali': **Mansur atam** (wol) da'rwazadan **shi'g'i'p ketti**. **Palapan** qorqqani'nan jerge **qulap tu'sti**. **Oksana** woni' qoli'na **aldi'.** (M.K.)

2. Baslawi'sh penen bayanlawi'sh wo'z ara intonaciya arqali' baylani'sadi'. Baslawi'shtan keyin a'dettegiden go're sozi'li'n'qi'law intonaciya islenip, irkilis jasaladi'. Bunday jag'dayda baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' arasi'na si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Densawli'q — teren' bayli'q. Balamni'n' u'lkeni — Da'wletnazar, kishisi — Sa'piwra. Bul — Xojako'l.

Atawi'sh bayanlawi'shlar baslawi'sh penen III bette betlik qosi'mtasi'z, wori'n ta'rtibi arqali' da kelisip baylani'sadi'. Bunday jag'dayda kishigirim intonaciya islenip, irkilis jasaladi', biraq si'zi'qsha qoyi'lmaydi'. Mi'sali': Taw biyik. Joli' qi'yi'n. («Q.F.») Ga' jer adi'r, ga' jer budi'r... Jol shan'. (W.X.)

***184-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Bas ag'zalardi' tawi'p, wolardi'n' qalay. (qaysi' bette, qaysi' sanda ha'm qaysi' tu'rde) baylani'si'p kelgenin ayti'n'.

1. Bizler bul kitapti' aldi'q. 2. Sizler wo'z u'lken'izdin' tariyxi'nan jan'a bet ashatug'i'n boldi'n'i'z. 3. Biz ha'zir bir ti'yanaqli' juwmaqqa keldik. 4. Bizler Shirikqalag'a barami'z. 5. Sizlerdin' tawi'p alg'an zatlari'n'i'zg'a izertlew ju'rgizemiz. 6. Sol waqi'tta sizler bizlerge — ilimpazlarg'a ja'rdem beretug'i'n bolasi'z. 7. Ilyas ku'limsirewi menen stoldi'n' bir shetine keldi. 8. Wol bunnan keyin azmaz woylani'p qaldi'. 9. Men ji'yi'nda so'ylep ko'rgen yemespen. 10. Sen tan'ni'n' atqani'na qayi'lshi'li'g'i'm joq deysen'. Menin' ku'nnin' batqani'na razi'shi'li'g'i'm joq. (W.X.)

***185-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi yeki bas ag'zali' ken'eytilmegen ga'p yetip ko'shirip jazi'n'. Bas ag'zalardi'n' asti'n tallaw u'lgisi boyi'n-sha si'zi'p, wolardi'n' baylani'si'w usi'li'n (qaysi' bette, qaysi' sanda yekenin) ayti'n'. Yeger baslawi'shi' berilmegen bolsa, bayan-lawi'shi' arqali' baslawi'shi'n tawi'p jazi'n'.

1. Oksana yekewimiz de izlep ati'rmi'z. 2. Bizler alma na'llerin ali'p keldik. 3. Sen bu'gin ju'da' jaqsi' jumi's isledin'. 4. Men basi'mdi' ko'rpe menen japti'm. 5. Sizler bizin' da'ryani' ko'rgen joq shi'g'arsi'zlar. 6. Wol tap Farittin' sharbag'i'ni'n' qasi'nan wo'tip, jaylawlarg'a qaray buri'ladi'. 7. Bizler i'zg'ar qumda izlerimizdi qaldi'ri'p, da'rya boyi'na qi'di'rdi'q. 8. Wonnan keyin da'ryag'a jalpaq tas i'laqti'ri'p «suw qaymaq» woynadi'q. 9. Jalpaq tas suwdi'n' betinde neshe ret sekirse, sonsha bilezik nan jeysen'. (M.K.)

***186-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen so'zlerdi baslawi'sh yetip, ga'p du'zin'. Du'zgen ga'plerin'izde jay ga'plerdin' ken'eytilmegen tu'rlerin yesapqa ali'n'. Baslawi'sh ha'm bayanlawi'shti'n' qalay baylani'si'p kelgenin tu'sindirin'.

S o' z l e r: men, sen, bizler, wolar, wol, sizler, Abat, woqi'wshi'lar, ata-ana, bizler yekewimiz.

## § 46. Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' arasi'na si'zi'qshani'n' qoyi'li'wi'

Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' bildiriliwi ha'm intonaciyasi'na qaray, wolardi'n' arasi'na to'mendegi jag'daylarda si'zi'qsha qoyi'ladi':

1. Baslawi'sh ta, bayanlawi'sh ta ataw sepligindegi atli'q so'zlerden bolg'anda, aralari'na si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Atalar so'zi — aqi'ldi'n' ko'zi. Perzent — wo'mir gu'li. Wo'mir — yen' jaqsi' ustaz. («Atalar so'zi») Woni'n' ati' —Gu'lsari'. (Sh.A.)

2. Baslawi'sh siltew, geyde betlik almasi'g'i'nan, bayan-lawi'sh atli'q so'zden bolg'anda yamasa kerisinshe boli'p kelse, baslawi'shtan keyin si'zi'qsha qoyi'ladi': Bul — student. Wol — shopan. Anaw — Qara taw. Sizlerdin' basshi'n'i'z —men.

3. Geyde atawi'sh bayanlawi'shti'n' qurami'nda zatli'q ma'nidegi bul siltew almasi'g'i' kelgende, baslawi'shtan keyin si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Aral ta'g'diri — bul adam ta'g'diri. Araldi' saqlap qali'w — bul ha'mmenin' isi. («Y.Q.») Diyqanni'n' ha'm sharwani'n' minneti — bul ani'g'i'nda adamni'n' mu'ta'jin qanaatlandi'ri'w. («Y.Q.»)

4. Baslawi'sh ta, bayanlawi'sh ta sanli'qtan bolg'anda, aralari'na si'zi'qsha qoyi'ladi': Alti' jerdegi alti' — woti'z alti'. Bes jerdegi alti' — woti'z.

5. Baslawi'sh atli'qlasqan kelbetlik ha'm kelbetlik feyillerden boli'p, bayanlawi'sh atli'qtan bolsa, baslawi'shtan keyin si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Balasi'ni'n' u'lkeni — Azat, kishkentayi' — Abat. Jari'sta wozi'p shi'qqan — Marat.

6. Baslawi'sh atawi'sh feyilinen (dara ha'm qospa tu'rde), bayanlawi'sh atli'qtan bolsa yamasa kerisinshe boli'p kelgende de aralari'na si'zi'qsha qoyi'ladi'. Mi'sali': Ilimnin' maqseti — iygilikli ha'm ko'rkem islerdi a'melge asi'ri'w. Talantsi'z kisini ta'rbiyalaw — wo'mirdi zaya wo'tkeriw degen so'z. («Atalar so'zi») Barli'q iste aldi'ng'i' qatarda boli'w — menin' maqsetim.

***187-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Bas ag'zalardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' arasi'na si'zi'qshani'n' qoyi'li'w sebeplerin ayti'p berin'.

1. A'miwdin' tolqi'ni' — tabi's tolqi'ni'. (A.D.) 2. Miynet — baxi't ha'm hu'rmetli dan'qi'mi'z. (N. J.) 3. Ku'ndiz — i'ssi', tu'nde — suwi'q. 4. Bizlerdin' densawli'g'i'mi'z — yelimizdin' bayli'g'i' bul. (Sh.A.) 5. Ba'ha'r — suli'wli'qti'n' baslawshi'si'. Suli'wli'q — qi'zlar ji'lwasi', qi'zlar ku'lkisi. (G.Y.) 6. Mekteptin' bag'i' — usi'. 7. —Kim Asanbaev Qazanqap? Men— Asanbaev. (Sh.A.) 8. Jeti jerdegi jeti — qi'rq tog'i'z. 9. Yesapqa ali'w—ma'mleketlik is. Menin' maqsetim — woqi'w. («Y.Q.») 10. Ha'rqanday qul saqlawshi'lardi'n' yen' za'rresi qalmay qorqatug'i'ni' — bul qullardi'n' ko'terilisi. (Sh.A.)

***188-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi irkilis belgilerin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Tallaw u'lgisi boyi'nsha bas ag'zalardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ayti'n'.

1. Densawli'q teren' bayli'q. 2. Dene shi'ni'qti'ri'w densawli'qti'n' girewi. 3. Su'yektin' ko'miwsiz du'zde qalg'ani' bul ha'mmenin' betine shirkew salatug'i'n tan'ba yedi. (Sh.A.) 4. Bizin' jumi'si'mi'z joldi' tazalaw. (Sh.A.) 6. Jaqsi' so'z jari'm i'ri's. (naqi'l) 7. Jeti ji'ynaqlaw san. 8. Ta'rbiya balani'n' keleshegi.

*189-shi'ni'g'i'w.* Qosi'qti' woqi'n'. Wondag'i' baslawi'sh ha'm bayanlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin ha'm si'zi'qshani'n' qoyi'li'w sebebin tu'sindirin'.

1. Bizde so'z bar: miyman — i'ri's, bereket,
Qonaq ku'tiw — ziyneti ha'r adamni'n'.

2. Na'reste — wol adamni'n' yen' u'lkeni,
Kim bolsan' da, sen balasan' keshegi.
Sheshen' bul turi'si'nda tuwmag'an seni,
G'arri'lar da bala bolg'an desedi.

3. Na'reste — wo'mirdin' ju'regi, demi,
Yele bult ko'rmegen, wol bir alti'n tan'.
Na'reste — adamni'n' tun'g'i'sh qa'demi,
Son'g'i' qa'demin' de aparar wog'an.

(*I. Y.*)

*190-shi'ni'g'i'w.* To'rt pasi'ldi'. (ma'wsimdi) su'wretlep, shi'g'arma jazi'n'. Ji'l ma'wsimlerinin' wo'zine ta'n bir-birinen wo'zgesheligin, wolardag'i' adamlardi'n' ta'shwishleri, ta'biyat ko'rinisleri t.b. si'yaqli' ko'rinisler ko'rkem a'debiy stilde su'wretlengen bolsi'n. Temasi'n wo'zlerin'iz atan'.

### *Bas ag'zalardi' ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar.*

1. Jay ga'pler dep nege aytami'z? Jay ga'plerdin' ani'qlaw belgilerin ayti'n'.
2. Jay ga'plerdin' du'zilisine qaray tu'rlerin ayti'n'. Ne ushi'n jay ga'pler yeki bas ag'zali' ha'm bir bas ag'zali' boli'p bo'linedi?
3. Qaysi' ag'zalar jay ga'plerde grammatikali'q tiykar boli'p keledi?
4. Ga'p ag'zalari' dep nege aytami'z? Ga'p ag'zalari'n ani'qlaw belgilerin ayti'n'.
5. Qaysi' ag'zalar bas ag'za, qaysi' ag'zalar yekinshi da'rejeli dep ataladi'?

6. Baslawi'sh dep nege aytami'z? Woni'n' ani'qlaw belgilerin ayti'n'.

7. Bayanlawi'sh dep nege aytami'z? Woni'n' ani'qlaw belgilerin ayti'n'. Bayanlawi'sh ko'binese qaysi' so'z shaqabi' arqali' bildiriledi?

8. Baslawi'sh penen bayanlawi'sh qalay baylani'sadi'? Wolardi' baylani'sti'ri'wshi' qosi'mtalar qanday?

9. Jazi'wda baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' arasi'na ne ushi'n si'zi'qsha qoyi'ladi'? Woni'n' qoyi'li'w sebeplerin ayti'n'.

***191-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Baslawi'sh ha'm bayanlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Adamda a'dep bolsa, ilim de boli'wi' lazi'm. 2. A'dep aqi'lg'a baylani'sli' na'rse. 3. Aqi'l u'stine a'dep te qosi'lsa, nur u'stine nur boladi'. 4. Ulli'li'q aqi'l ha'm a'dep penen payda boladi'. 5. Aqi'ldi'n' qa'diri a'dep penen, bayli'q qa'diri saqawat penen, ku'sh-quwat qa'diri bahadi'rli'q penen iske asadi'. 6. A'depli adam ta'wipke usaydi', woni'n' menen gu'rrin'lesiw kewildegi g'amdi' quwadi'. («Atalar so'zi»)

7. Wo'li sanaladi' wo'nersiz kisi,
Wo'nersiz bolg'annan wo'lgeni yaqshi'. (*Termiziy*)

***192-shi'ni'g'i'w.*** Bas ag'zalardi'n' arasi'na si'zi'qsha qoyi'p, ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Si'zi'qshani'n' qoyi'li'w sebeplerin tu'sindirin'.

1. G'arri'li'q aqi'l ha'm wo'mir ta'jiriybesinin' g'a'ziynesi. (I.Y.) 2. Wo'lgennen keyin maqtali'w yekinshi wo'mir. 3. Tiriligin'de jaman degen at ali'w bul wo'lim. («Atalar so'zi») 4. Anaw A'mu'wda'rya. 5. U'sh jerdegi u'sh tog'i'z. 6. Bizin' jumi'si'mi'z joldi' tazalaw. (Sh.A.) 7. Tan'lawda wozi'p shi'qqan Ba'ha'rgu'l.

***193-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti di'qqat penen woqi'p shi'g'i'n'. Teksttin' nege arnalg'ani'na di'qqat yetip, mazmuni'n so'ylep berin'. Teksttin' mazmuni'nan paydalani'p ha'm wo'z turmi'si'n'i'zdan ali'p, a'deplilik tuwrali' kishi gu'rrin' jazi'n'.

A'dep — ulli'li'q na'rwani', bul na'rwan arqali' barli'q maqset ma'nziline jetiw mu'mkin. Haqi'yqatli'q ta'repdari' bolg'an adamlar adamgershilik sabaqlari'n woqi'wg'a ju'reksinip, baxti'yarli'q ko'shesine qa'dem qoyg'an ha'rbir insang'a yen' da'slep ar-uyat ha'm a'deplilik qag'i'ydalari'n yad ali'wi' kerek.

Haqi'yqati'nda da, a'dep insaniyat ushi'n a'jayi'p taj ha'm adamgershilikti bezewshi qi'mbat baha ga'whar.

A'dep sonday bir bult, woni'n' bir tamshi' jawi'ni' jaqsi' adamlardi'n' diyqanshi'li'g'i'na jawsa, woni'n' u'mit pali'zi'n ma'n'gi jasi'l jaynati'p, jaqsi' at-abi'ray zu'ra'a'tinen paydalar qi'rmani'n binyat yetedi. (Barhurdar ibn Mahmud)

## GA'PTIN' YEKINSHI DA'REJELI AG'ZALARI'

### Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' haqqi'nda tu'sinik

Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' bas ag'zalardi' yamasa basqa bir atawi'sh so'zden bolg'an yekinshi da'rejeli ag'zalardi' toli'qti'ri'p, tu'sindirip keledi. Yekinshi da'rejeli ag'zalar grammatikali'q ma'nisine ha'm xi'zmetine qaray toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh ha'm pi'si'qlawi'sh boli'p u'shke bo'linedi. Bul ma'ni wo'zleri tu'sindirip kelgen so'zlerge qatnasli' sorawlar qoyi'w arqali' ani'qlanadi'. Mi'sali': **Mayda ulpa, qunarli'** topi'raq **wolarg'a ju'da'** unadi'. (W.X.)

Bul ga'ptegi di'qqat yetilgen so'zler to'mendegi yekinshi da'rejeli ag'zalarg'a bo'linedi:. (qanday topi'raq?) mayda ulpa, qunarli'—ani'qlawi'sh; (kimlerge unadi'?) **wolarg'a** — toli'qlawi'sh; (qalay unadi'?) **ju'da'** — pi'si'qlawi'sh.

***194-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' qaysi' ag'zalardi' si'patlap kelgenin ani'qlan'.

1. Fermerlerdin' wo'zine ta'n mashaqatli' joli' bar. 2. Buni' wo'z ati'na xojali'q sho'lkemlestirip, jumi's islegen adam g'ana jaqsi' tu'sinedi. 3. Yelimizde awi'l xojali'g'i' salasi'nda jumi's ali'p bari'wdi'n' bul jan'asha usi'li' yen jaydi'ri'ldi'. 4. Haqi'yqati'nda kewlin'de ju'rgen mehrin', qoli'n'da texnikan' bolmasa, dan'garali' fermer boli'p kete almaysan'.

***195-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirin'. Yekinshi da'rejeli ag'zalardi'n' as-ti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

A'mir Temur — xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y ji'lnamasi'ndag'i' yen' jarqi'n qaharmanlardi'n' biri. 1996-ji'l yelimizde "Amir

Temur ji'li'" dep ja'riyalandi'. Saqi'pqi'ranni'n' tuwi'lg'ani'ni'n' 660 ji'lli'g'i' xali'qarali'q ko'lemde belgilendi. Tashkent, Samarqand ha'm Shahrisabz qalalari'nda sawlatli' yestelikleri boy tikledi. Ulli' babami'zdi'n' hu'rmetine orden sho'lkemlestirildi. 2011-ji'li' Yel basshi'mi'zdi'n' usi'ni'si' ha'm alg'i' so'zi menen «Amir Temur tuzikleri» toli'qti'ri'li'p, joqari' sapada jan'adan basi'p shi'g'ari'ldi'. G'a'rezsizlik ji'llari'nda Amir Temurdi'n' tuwi'lg'an ku'nin xalqi'mi'z ha'r ji'li' 9-aprelde bayramlap kelmekte (gazetadan)

***196-shi'ni'g'i'w.*** Yadi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan izlestirip, ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' ha'rbir tu'rine 2 ga'pten tawi'p jazi'n'. Jazg'an ga'plerin'izdegi yekinshi da'rejeli ag'zalar ha'r tu'rli so'z shaqaplari'nan bolsi'n.

## § 47. Toli'qlawi'sh

***197-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qanday seplik qosi'mtalari'nda kelgenin, sorawlari'n ha'm sol so'zlerdin' qaysi' ag'za menen baylani'si'p kelgenin ani'qlan'.

1. Apam **Oksanag'a** yen' jaqsi' **ko'ylegin** kiygizdi. 2. Kempir apam **ha'mmemizge** bir minutqa woti'ri'wdi' buyi'rdi'. 3. Bizler ha'mmemiz **Petro ag'ani'n' u'yine** miyman boli'p barami'z. 4. Solay ma, qi'zi'm?—dep, wol **Oksanadan** a'lpayi'm g'ana soradi'. 5. Qari'ndasi'm **wolarg'a qoli'n** bi'lg'adi'. 6. Ag'am **atlardi'** toqtatti' da, **arbadan** sekirip tu'sti. (M.K.)

Is-ha'reketti zatli'q ma'nide tu'sindiretug'i'n yekinshi da'rejeli ag'zag'a **toli'qlawi'sh** delinedi.

Toli'qlawi'shlar ko'binese bayanlawi'sh penen baylani'sadi'. Wolar zatli'q ma'nidegi tabi's ha'm qi'ya seplik qosi'mtali', tirkewishli so'zlerge qoyi'latug'i'n sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': **Shopanlarg'a** wog'ada qolayli' sharayat du'zildi. (J.A.) **Aspandi'** tunji'rag'an bult basti'. (M.D.) Bizin' u'yde **jolawshi'lar ushi'n** ha'mmesi tayar bolg'an yedi. Bu'gin Oksana **wo'zinin' ag'asi' menen** Ukrainag'a ketedi. (M.K.)

Toli'qlawi'shlar to'mendegi so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi:

1. Toli'qlawi'sh ko'binese zatli'q ma'nidegi seplik qosi'mtali' atawi'sh so'zlerden boladi': Danalar **ilimdi mal-du'nyadan** abzal ko'redi. Kim de kim **kitapqa** ko'p qarasa, kitap **woni'n' zeynin** ashadi'. Kitap **wo'tmishten** de, **keleshekten** de xabar beredi. («Atalar so'zi») Ana, **sag'an** minnetdarman. (S.X.) **Jaqsi'g'a** aytsan' bir ga'pti aldi'n'da basi'n iyedi. **Jamang'a** bir is tapsi'rsan', pitkenshe ishin' ku'yedi. **Aqi'lli'g'a** ga'p aytsan', ko'p keshikpey pitedi. (naqi'l) Bilegi juwan **birdi** ji'g'adi', bilimi ku'shli **mi'n'di'** ji'g'adi'. Ayag'i' u'lken **si'yg'ani'n** kiyedi, ayag'i' kishkene **su'ygenin** kiyedi. (Q.n.m.) Wolar **wo'sip-wo'rlewdi, bekkemleniwdi** biledi. (J.A.)

2. Atawi'sh so'zlerge **haqqi'nda, tuwrali', jo'ninde, menen, ushi'n** tirkewishlerinin' dizbeklesiwinen de boladi'. Mi'sali': Sa'nem **qi'zi' tuwrali'** ko'p woylanatug'i'n boldi'. (T.Q.) Inkamal apay okeandag'i' **Ceylon atawi' jo'ninde** woqi'wshi'larg'a so'ylep berip ati'r. (Sh.A.) Ba'rimiz de **mal menen** adambi'z. (T.Q.) Men To'rtku'lde ju'rip, usi' shaydi' **siz ushi'n** aldi'm. (T.Q.)

Toli'qlawi'sh grammatikali'q bildiriliw ha'm ma'nisine qaray *tuwra toli'qlawi'sh* ha'm *qi'ya toli'qlawi'sh* boli'p yekige bo'linedi.

***198-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Toli'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n, qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ha'm qaysi' seplikte yekenin ayti'n'.

1. Sol sapari' wol tawdan tu'sip kiyati'rg'an avtolavkani' ko'rgen yedi. 2. Wol suwdan da'rhal ati'li'p shi'qti' da, soqpaq penen u'yler ta'repke qaray juwi'ri'p ketti. 3. Sebebi wol avtolavkani'n' kiyati'rg'ani'n ha'mmeden buri'n xabarlag'i'si' kelgen yedi. 4. Mu'mkin, wolar bir-birewine ko'rgen tu'slerin aytatug'i'n shi'g'ar. 5. Mag'an Shabdar unaydi'. (Sh.A.) 6. Jaqsi'g'a bari'p jali'nsan', gu'nayi'n'di' keshedi. 7. Mi'n'di' tani'g'ansha, birdin' ati'n bil. 8. Maldi' tapqang'a baqti'r, woti'ndi' shapqang'a jaqti'r. (Q.n.m.)

***199-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Toli'qlawi'shlardi' ha'm sol toli'qlawi'sh qatnasli' so'zdin' asti'n si'zi'n'. Toli'qlawi'shti'n' qaysi' so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ha'm qaysi' seplikte yekenin ani'qlan'.

1. Na'siyatti'n' jaqsi'si' sol, wol adamdi' jamanli'qtan uzaqlasti'radi'. («Atalar so'zi») 2. U'yreniwdi qa'lemegen adamg'a na'siyat yetpe. Axmaqqa na'siyat aytqan insan, shor jerge tuqi'm taslag'an menen ten'. («Atalar so'zi»)

3. Woqi'wdan ti'yi'lma, uli'm, bir zaman,
Biysawatli'q ati' ku'ydirer jaman.

(*Mahzam a'l-ulum*)

***200-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'plerdegi tirkewishli kelgen so'zlerdin' qaysi'si' toli'qlawi'sh yekenin ani'qlap asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'zler arqali' bildirilgenin, sorawlari'n ayti'n'.

Qa'lwen woni'n' yen' bas dushpani'. Bala geyde ku'ni menen ju'rip, wolardi'n' birazi'n shawi'p taslaydi'. Sonda da woni'n' tuqi'mi' qurti'lmaydi', qayta ko'beye beredi. Al shi'rmawi'qlar bolsa jag'i'mli' gu'lleri menen adamdi' wo'zine tartadi'. Wol adamlarg'a ko'rinbew ushi'n shi'raljinlerdin'* arasi'na kelip jasi'ri'natug'i'n yedi. Avtolavka u'ylerdin' arti' menen jaqi'nlap kelip qaldi'. G'arri' qap-qatti' salmaqli' qollari' menen balani'n' basi'n si'ypalay berdi. A'tko'nshek kishkene balalar ushi'n quri'lg'an. (Sh.A.) Bizler ustaxanadan ali'p kelgen temir g'a'ziynelerimizdi jasi'ri'w ushi'n bag'qa qaray buri'ldi'q. Siz bizler ushi'n u'lken g'amxorli'q isledin'iz. (Sh.A.)

## § 48. Jay ha'm qospa toli'qlawi'sh

***201-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' ga'ptin' qaysi' ag'zasi' yekenin ha'm neshe so'zden du'zilip kelgenin ani'qlan'.

1. Du'ysenbay **so'zinin' izin** dawam yetti. 2. **Wolar arasi'nda** ayri'qsha yerlik ha'm bati'rli'q ko'rsetkenleri de bar. 3. Yendi **Wo'mirbek g'arri'ni'** shaqi'rti'n'. (T.Q.) 4. A'ne usi'nday jaylardi' **xojali'qlar** ushi'n sali'w kerek. (W.X.) 5. Qayg'i'si'z **qara suwg'a** semiredi (naqi'l). 6. Wol **Tashkenttegi awi'l xojali'q instituti'na** kirdi. 7. Jadi'rap jaynag'an ku'n jer betin nurg'a bo'ledi. (J.A.)

---

*shi'raljin — ji'n'g'i'ldi'n' bir tu'ri.

Toli'qlawi'shlar du'zilisine qaray jay ha'm qospa toli'q-lawi'sh boli'p yekige bo'linedi.

Zatli'q ma'nidegi dara atawi'sh so'zlerden bolg'an toli'qlawi'shqa jay toli'qlawi'sh delinedi.

1. Jay toli'qlawi'shlar du'zilisine qaray dara so'z, birikken so'z ha'm ma'nili so'zler menen tirkewishlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': Ku'n batqannan keyin **elektr nuri' U'stu'rtti** birden jaqti'g'a bo'lep jiberdi. (J.S.) Quwat dalag'a qatar qag'i'p qoyi'lg'an qazi'qlardi'n' birewine **Temirko'kti** bayladi'. (J.S.) Gu'res waqti'nda arzi'maytug'i'n na'rseler tuwrali' woylag'annan go'ri **jen'is haqqi'nda** woylaw abzal. (Termiziy)

2. Birikpegen qospa so'z yamasa ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen bolg'an toli'qlawi'shqa qospa toli'qlawi'sh delinedi.

Qospa toli'qlawi'shlar birikpegen qospa atli'qlardan, qospa sanli'qlardan, atli'qlasqan qospa feyillerden ha'm ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': 1. **Mal sharwashi'li'g'i'na** ayri'qsha itibar berildi. (G.S.) 2. Terezeden tu'sken quyash nuri' **jaydi'n' ishin** jaqti'rti'p jiberdi. (T.Q.) 3. **Woti'z besti** alti'g'a bo'liwge boladi'. 4. Sonda da **tu'sindirmey ketiwdi** naduri's ko'rdi. (T.Q.) 5. Da'rya **mayda wo'zeklerdin' birikpesinen** payda boladi'. 6. Intali' adam sonday adam, **wol wo'zin ulli' islerdi wori'nlawg'a** tayarlaydi'. (Abdulbarakat Qadiriy)

Bul ga'plerde 5-6-ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'zlerdi sintaksislik ga'p ag'zalari'na aji'rati'wg'a bolmaydi'. Wolar sol birikpe tu'rinde neden? nege? degen sorawlarg'a juwap beredi.

***202-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n' jay ha'm qospa toli'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Jay toli'qlawi'shlardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ani'qlan'.

1. Sol ku'ni Qon'i'rat a'meldarlari' Muhammed Panani' gilem sali'p, saraydi' aylandi'rdi' da, Qon'i'rat taxti'na mingizdi. 2. Saraydi'n' barli'q jumi'slari'n wo'z qoli'na aldi'. 3. Xan sali'g'i' tiyelgen arba ha'zir Xojelige bari'p jetti. 4. Xojelide arbani' quwi'p jetken no'kerler arg'i' jag'i'na Go'ne U'rge-

nishke, Atamurat xang'a xabar berdi. 5. Usi'layi'nsha wol diywanbegini shaqi'rti'p ali'p Muhammed Pana ha'ziretinin' ati'nan Atamurat xang'a xat jazi'wdi' buyi'rg'an yedi. (K.M.) 6. Saat won birdi ko'rsetti. 7. Wol payli' jumi'si'n heshkimge isletpeydi. (N.D.)

***203-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Toli'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' du'zilisine di'qqat yetin'. Qanday sorawlarg'a juwap berip kelgenin ha'm qospa toli'qlawi'shlardi'n' du'zilisin tu'sindirin'.

1. Yeger adamda g'ayrat bolmasa, wonda basqalarg'a u'lgi bolatug'i'n heshna'rse isley almaysan'. 2. Ma'rt penen joldas bolg'an adam ma'rtlikke jetedi. 3. Na'ma'rt penen jaqi'n ju'rgen adam ba'rqulla g'am-qayg'i'da boladi'. ("Atalar so'zi") 4. Sabi'rli' adam sonday adam, wol qoli'nda bari'n aqi'l-woy menen jumsaydi'. ("Atalar so'zi") 5. Bug'an Nurjan ustani' jumsaw kerek. (T.Q.) 6. Usharg'a atsa da ha'r wog'i' yeki u'shti jalpi'ldatatug'i'n yedi. (A'.Sh.) 7. Izlep kiyati'rg'anlardi' ko'rip turman. (J.A.)

***204-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa yadi'n'i'zdan jay toli'qlawi'shi' bar 3 ga'p, qospa toli'qlawi'shti'n' birikpegen atli'qlardan qospa sanli'qlardan du'zilgen tu'rinin' ha'r birine 1 ga'pten tawi'p jazi'n' ha'm wolardi' tallaw u'lgisi boyi'nsha du'zilisine qaray aji'rati'p tallaw jasan'.

## § 49. Tuwra toli'qlawi'sh

***205-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli qollani'lg'an so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi' seplikte yekenine, sorawlari'na ha'm grammatikali'q ma'nisine (zatli'q ma'nide me yamasa basqa ma'nide me?) itibar berin'.

Wolardi'n' yen' birinshisi, dan'qli' Sultanmurat bati'r yedi. Wo'zi qatari'ndag'i'lardan jasi' u'lken yemes, jan'a won beske shi'qti'. Biraq aqi'lli' ha'm qaharman bolg'ani' ushi'n Sultanmurat komandir tayi'nlandi'. Al, woni'n' a'kesi ali's jaqlarda sawashta ju'r. Wol wo'zinin' yen' jaqsi' ju'yrik ati' Shabdardi' balasi' Sultanmuratqa qaldi'ri'p ketti. Sultanmuratti'n' inisi A'jimurat yele buwi'ni' qatpag'an jas yedi. Qi'yqanli'g'i'na qaramastan, wol inisin wog'ada jaqsi' ko'redi. (Sh. A)

Awi’spali’ feyilge qatnasli’ tabi’s sepligi arqali’ bildiretug’i’n toli’qlawi’shqa **tuwra toli’qlawi’sh** delinedi.

Tuwra toli’qlawi’sh **kimdi? neni? kimin? nesin? qayerin**? degen sorawlarg’a juwap beredi.

Tuwra toli’qlawi’sh, ko’binese awi’spali’ feyilden an’lati’lg’an is-ha’reketke qatnasli’ ayti’ladi’, sol is-ha’reket tuwra qarati’lg’an obiektti (zatti’) bildiredi. Mi’sali’: Wolar qazi’lg’an **shuqi’rlardi’** ko’rdi. **G’awashani’n’ tu’plerin** suwi’ri’p aldi’. **Wolardi’** tekserip ko’rdi. **Suwdi’n’ beriliwin, woni’ jerdin’ qabi’l yetiwin** jaqsi’lap ko’rip shi’qti’q. Ja’ha’ngir ag’ani’n’ aytqani’ ju’z procent mu’ltiksiz duri’s. Ha’mmemiz de **soni’** tasti’yi’qlaymi’z. (W.X.)

Geyde tuwra toli’qlawi’sh bayanlawi’shqa jaqi’n, qatarlasa kelgende, tabi’s sepliginin’ qosi’mtasi’z tu’rinde de qollani’ladi’. Bunday jag’dayda tuwra toli’qlawi’sh xi’zmetindegi so’z uluwmali’q ma’nidegi zatti’ bildiretug’i’n g’alabali’q atli’qlardan boladi’. Mi’sali’: Arbakesh Shortanbaydan **woti’n** tasi’ydi’. (Sh.S.) Pursatti’ qoldan bermey tez **tuqi’m** sebiw kerek. (W.X.)

***206-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’n’. Tuwra toli’qlawi’shlardi’ tawi’p, wolardi’n’ bildiriliwin, qanday feyil menen baylani’si’p kelgenligin ha’m sorawlari’n ayti’n’.

1. Atajan ata ati’z basi’nan kesh qaytti’. Adamlarg’a yerten’ atqari’latug’i’n jumi’slardi’ tapsi’rdi’. Japti’n’ sag’asi’n bari’p ko’rdi. U’yine keshki tamaq piskende keldi. G’arri’ balashag’asi’ menen keshki tamaqti’ jedi. (X.S.)

2. Kimdi aytsan’ sol keledi. Bilgen bilgenin isler, bilmegen barmag’i’n tisler. Jaqsi’ni’ isinen bil. (naqi’l)

3. A’jiniyaz Maqtumquli’ni’n’ qosi’qlari’n woqi’di’. Ha’mmeni de wo’zin’dey ko’r, heshkimdi wo’zin’nen kem ko’rme. (K.S.)

***207-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi jazi’n’. Tuwra toli’q-lawi’shlardi’n’ ha’m tuwra toli’qlawi’sh qatnasli’ so’zlerdin’ asti’n si’zi’n’. Tuwra toli’qlawi’shti’n’ bayanlawi’sh penen baylani’si’w usi’li’n tu’sindirin’.

A’depsiz ata-ana u’yin qa’rep qi’ladi’. («Atalar so’zi») Biya’deplik sonday, wol abi’ray-ataq sarayi’n qulati’p, ma’rtebe moyni’n ha’r qi’yli’ arqanlar menen buwi’p taslaydi’.

A’dep degen sonday su’rme, wonnan ha’rbir adamg’a su’rtse, itibar ko’zinin’ rawshanli’g’i’ heshqanday sebep penen a’zzilik illetine joli’qpaydi’. Zaman woni’n’ u’lken-kishisin hu’rmetke bo’leydi. (Barhurdar ibn Mahmud)

*208-shi’ni’g’i’w.* Seplik qosi’mtasi’z qollani’lg’an tuwra toli’qlawi’shti’ tawi’p, woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheligin tu’sindirin’.

1. Bul adam balasi’na baxi’tli’ wo’mir tuwg’i’zdi’. (A.B.) 2. Wolar mekteptin’ a’tirapi’na daraqlar, gu’ller yekti. 3. Wol az jerden ko’p zu’ra’a’t aldi’. (J.A.) 4. Jaz shi’qqannan keyin, men tag’i’ da ko’p g’ana suli’w zatlar ji’ynayman. (M.K.) 5. Worazqul heshqashan woraq siltep, wot-sho’p wori’p ju’rmeydi. 6. Yergash penen Qubatquldi’ shamali’ ku’n awi’lda irkip qaldi’. (Sh.A.)

7. Ma’rtlik, bati’rli’qti’ sizden u’yrendik,
To’zim, sabi’rli’qti’ sizden u’yrendik,
Shi’nli’q, a’deplikti sizden u’yrendik,
Sizler wo’ner toli’ sag’ami’z bizin’.

(S.N.)

## § 50. Qi’ya toli’qlawi’sh

*209-shi’ni’g’i’w.* Ga’plerdegi qara ha’rip penen jazi’lg’an seplik formali’ so’zlerge di’qqat yetip, wolardi’n’ qanday seplikte kelgenin ani’qlan’. Sol seplik formali’ so’zlerge zatli’q ma’nide me yamasa basqa ma’nide me, usi’ jag’i’na tu’sinik berin’.

1. A’zizim, wo’nerli adamlardi’n’ **ta’rbiyasi’na** a’mel yet. Wo’nersiz **adamlarg’a** atasi’ni’n’ xi’zmeti ushi’n itibar yetpe. Adamlarg’a atasi’ni’n’ xi’zmetleri yemes, al **wo’zlerinde** bolg’an qa’biletine qarap ta’rbiyalaw kerek.

2. Ha’rkim yeger jaslayi’nan biya’depler menen wo’sip yerjetse, u’lkeygennen keyin woni’n’ **ko’kiregine** wornasi’p alg’an jawi’zli’q illetin ali’p taslaw qi’yi’n boladi’.

**Balali’qtan jamanli’qqa** u’yrengen?
Ju’z miynet penen woni’ joq yetip bolmas.
Jaqsi’ jolg’a salaman dep uri’nba
Wo’sip qatqan **shaqa** to’men iyilmes.

*(Termiziy)*

Bari’s, shi’g’i’s, wori’n seplik qosi’mtalari’ ha’m geypara tirkewishler arqali’ bildirilgen zatli’q ma’nidegi so’zlerge qi’ya toli’qlawi’sh delinedi.

Qi’ya toli’qlawi’sh, ko’binese awi’spasi’z feyillerden, geyde atawi’sh so’zlerden bolg’an bayanlawi’sh penen baylani’si’p, kimge? nege? kimnen? neden? kimde? kim (ne) haqqi’nda? Kim (ne) menen? Kim ushi’n? t.b. sorawlarg’a juwap beredi. Mi’sali’: 1. **Wo’zin’nen keyingilerge** u’lgi bolaman desen’, **wo’zin’nen buri’ng’i’lardan** ibrat al. (“Atalar so’zi”) 2. **Da’sturqang’a** mazali’ tag’am keldi. (M.K.) 3. Sira, **g’awashalarg’a** bir na’rse jetispeydi. 4. Nege desen’iz, **tu’p-tami’rda** la’m-i’zg’ar joq boli’wi’ itimal. (W.X.) Siz **is jo’ninde** so’ylestin’iz. (M.D.)

***210-shi’ni’g’i’w.*** Ha’dislerdi woqi’p, ma’nisine di’qqat yetin’. Wolardi’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyetine ma’ni berip, mazmuni’n ayti’n’ ha’m qi’ya seplik qosi’mtali’ toli’qlawi’shlardi’ tawi’p, sorawlari’n ani’qlan’.

Imam Buxariy ta’repinen ji’ynali’p baspag’a tayarlang’an ha’dislerden III tomi’ Muxammed payg’ambari’mi’zdi’n’ wo’z U’mmetlerine aytqan u’sh na’siyati’nan baslang’an. Bul u’sh na’siyatti’n’ birinshisi:

1) ha’rbir insan wo’z baxti’nan marapatlani’p, ka’yip-sapag’a beriliwden awlaq boli’wi’; 2) uluwma adamgershilikke ta’n bolmag’an ha’diyselerden wo’zin awlaq tuti’wi’; 3) ilim ha’m bilimge iye boli’p, wog’an a’mel qi’lmasli’qtan saqlani’wi’ sha’rt.

Ha’distegi so’zler quran hayati’ni’n’ wo’zi bolmag’ani’ menen de, woni’ teren’lestiriwshi ha’m shari’qlawshi’ so’zlerge aylang’an. Ma’selen:

1. Awi’rg’anda seni ko’rmege kelmegen adamdi’ sen bari’p ko’re ber. Birewdi qayi’r ko’rsetpegeni ushi’n ayi’plama.

2. Joldan tikendi ali’p taslasan’, ju’z adamg’a jaqsi’li’q yetken bolasan’.

3. Mo’hmin adamlardi’n’ bir-biri menen uri’si’p qali’wi’ ka’pirlik.

4. Yesitken ha’rbir so’zdi ayta bersen’, adam gu’na’ka’r yesaplanadi’.

5. Ta’n’iri ushi’n tuwri’ so’zden arti’q sadaqani’n’ keregi joq.

6. Ilim izlegen adamda baxi’t bar. («Ustaz» gazetasi’)

*211-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli seplik qosi'mtalari'n yamasa **haqqi'nda, tuwrali', jo'ninde, menen** tirkewishlerinin' tiyislisin qoyi'p, toli'qlawi'sh yetip jazi'n'. Toli'qlawi'shti'n' qaysi' ag'za menen baylani'si'p turg'ani'n ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Bala wo'zi menen wo'zi so'ylesken ... jaqsi' ko'retug'i'n yedi. 2. Men du'rmiyin ... usi'lay so'ylesemen. 3. Wol wo'zi portfel ... bilmeytug'i'n na'rselerdi aytti'. 4. Bala worni'nda woti'ri'p, du'rmiyinin qol ... aldi'. 5. Du'rmiyin ... da'ryani'n' arg'i' jag'asi' jaqsi' ko'rinip turdi'. 6. Ha'zir wol du'rmiyini ... sol tas qorshaw ... qarap woti'r. 7. Da'ryani'n' jag'asi' ... bir qatar ko'zden wo'tkergennen keyin, bala du'rmiyin ... wo'zinin' u'yinin' aldi'na qaratti'.

## § 51. Ani'qlawi'sh

*212-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetip, wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ha'm qanday so'zlerdi ani'qlap kelgenin ayti'n'.

1. **Ken' daladan yesken** samal **ko'gildir do'nip ati'rg'an** da'ryani'n' ag'i'si'na qarap wo'rlep, **g'i'r-g'i'rlap** yesip turadi'. 2. Jigitler **Arnasaydag'i' pishenge** qalay kelgenin g'arri'g'a ayta basladi'. 3. Barsa u'lken u'sh gu'di pishen tur yeken. (Sh.A.) **U'lken dan'g'arali' toydi'n'** gu'resi baslandi'. 5. **Menin'** yeki ko'zim **wortadag'i'** palwanda. 6. Wol **iri jawi'ri'nli', jas** jigit yeken. (A.A.')

Zat ha'm zatli'q ma'nidegi so'zdin' si'n-si'pati'n, sapasi' ha'm menshikleniwin bildiretug'i'n yekinshi da'rejeli ag'zag'a **ani'qlawi'sh** delinedi.

Ani'qlawi'sh **qanday? qaysi'? qansha? neshe? qaydag'i'? kimnin'? nenin'?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': 1. Ku'nnin' (nenin'?) sa'wlesi **alti'n**. (qanday?) nuri'n shashti'. (N.D.) 2. **Keshki** (qaysi'?) sag'i'm jiyekti worap aldi'. (W.A.) 3. Bizler jolda **tog'aydag'i'** (qayerdegi?) awi'lg'a qayi'ri'ldi'q. (T.Q.) 4. Ku'n awg'ansha **won segiz** (qansha?) bala ji'ynaldi'. (N.D.)

Ani'qlawi'shlar, tiykari'nan, to'mendegi belgilerge iye boladi': 1) zat ha'm zatli'q ma'nidegi ga'p ag'zalari'n si'-

patlaydi'; 2) tiykari'nan kelbetlikten ha'm zatti'n' sapasi'n, sani'n ha'm t.b. belgilerin bildiretug'i'n so'z shaqaplari'nan boladi'; 3) wo'zi tu'sindiretug'i'n ag'zasi' menen jupkerlesiw ha'm u'ylesiw usi'li'nda. (iyelik sepliginde) baylani'sadi'; 4) wo'zi ani'qlaytug'i'n so'zdin' aldi'nda turadi'.

Ani'qlawi'shlar morfologiyali'q bildiriliwi ha'm baylani's usi'li'na qaray jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh ha'm u'ylesiwshi ani'qlawi'sh boli'p yekige bo'linedi.

***213-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Berilgen ga'plerdegi ani'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' ani'qlaw belgilerin ha'm qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n tu'sindirin'.

1. Ba'ha'rdin' jag'i'mli' ji'lli' samali' jerdin' ton'i'n ketirdi. 2. Buyra tolqi'nli' ten'izdin' u'stinde ha'wlirip suwi'q samal yesedi. 3. Ashi'wli' tolqi'ndi' samal aldi'ma sali'p quwi'p jag'ag'a apari'p uradi'. (W.A.) 4. Bul jaqsi' istin' baslamasi' yedi (W.A.). 5. Buni'n' na'tiyjesinde ka'rxana 30 mi'n' manattan aslami'raq qarji'ni' u'nemlewge yeristi. 6. Ku'nge shag'i'li'sqan aq jaylarg'a qarasan' ko'zin' toymaydi'. (G.S.) 7. Awi'ldan kelgen ziyrek, aqi'lli' balalar menen dos boldi'm. (S.S.)

***214-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerge sintaksislik tallaw u'lgisi boyi'nsha tallaw jasap, da'pterin'izge jazi'n' ha'm qanday so'z shaqabi' arqali' bildiriliwin ayti'n'.

1. Wol jerde u'ymelesken qus ta, kiyati'rg'an adam da joq. 2. Qali'n' qopani' qaq jari'p, si'mbatli' adam shi'g'a keldi (W.A.). 3. Wol to'rde turg'an temir krovatqa qarap qoydi' (X.S.). 4. Wo'zektin' qasi'nda jigirmalag'an ji'lqi' jayi'li'p ju'r (D.T.). 5. Suwg'ari'w jumi'slari' sapali' wo'tkerildi ("Y.Q.")

## § 52. Jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh

Ga'pte zatlardi'n' si'n-si'pati'n, sapasi'n, san-mug'dari', ta'rtibi ha'm t.b. ma'nilerin bildiretug'i'n ani'qlawi'shqa jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh delinedi.

Jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh wo'zi si'patlap kelgen ani'qlani'wshi' ag'za menen birgelikte jupkerlesiwshi so'z dizbegin du'zedi: salqi'n samal, qi'zi'l gu'l.

Jupkerlesiwshi ani'qlawi'shlar to'mendegi so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi:

**1) kelbetlik arqali':** Wol juwi'lg'an **aq** ko'ylek kiyip, **aq** jawli'q jami'li'p alg'an yedi. (Sh.A.)

**2) sanli'q arqali':** Sayaxatqa **won yeki** bala kettik. (N.D.)

**3) almasi'q arqali':** Ha'zir **bul** jerler ti'ni'sh mu'lgip tur. (Sh.A.)

**4) atli'q arqali':** Wol to'rde turg'an **temir** krovatlarg'a bir-bir qarap qoydi'. (X.S.)

**5) ra'wish arqali':** Teatrdi'n' aldi'na **birtalay** adam ji'ynalg'an. (W.X.)

**6) kelbetlik arqali':** Wol **toqi'p ati'rg'an** zati'n toqtatti'. (M.K.)

**7) yeliklewish so'z arqali':** At tuyag'i'ni'n' **pitir-pitir** du'rsildisi yesitildi. (T.Q.)

***215-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Jupkerlesiwshi ani'qlawi'shlardi'n' wo'zi baylani'sli' so'zi menen birge asti'n si'zi'n'. Ani'qlawi'shlardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ani'qlan'.

Bir ku'ni bizin' u'yge bir biytani's adam keldi. Woni'n' qi'sqa shashi', murti' woni' ku'ta' ku'lkili yetip ko'rsetip tur. Wolar bir na'rseler tuwrali' so'ylesip woti'rdi'. Biytani's adam mag'an qayta-qayta qaray berdi. Men sandi'qti'n' u'stine shi'g'i'p jatti'm. Men qalali'q bag'qa kelgenimde a'dewir qaran'g'i' tu'sken yedi. Xali'q ju'da' ko'p. Do'gerekke ko'p adamlar ji'ynala basladi'. Do'gerektin' ha'mmesi adam. Ayaq basar wori'n joq. Ha'mme azada kiyingen. (D.Y.)

***216-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Jupkerlesiwshi ani'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ha'm woni'n' zatti' qanday ma'nilerde si'patlap kelgenin tu'sindirin'.

1. Bul jaqsi' istin' baslamasi' yedi. 2. Qali'n' tog'aydi' ti'ni'shli'q basti'. 3. Salqi'n gu'zdin' sabi'rsi'z samali' wo'rden-i'qqa yesip, du't tog'aydi'n' qon'i'rawli' shen'geli, so'kli sari' jantag'i', yermani' ji'n'g'i'li' ten'izdey shayqati'ladi'. (M.D.) 4. Jipek kiymesem de boyi'-si'ni'm kelisken suli'w qi'z bolg'a-

ni'mdi' bilemen. (Sh.A.) 5. Wo'zektin' qasi'nda jigirmalag'an ji'lqi' jayi'li'p ju'r. 6. Ha'rqanday jara pitken menen worni'nda ti'rti'q qala beredi. 7. Ko'p adamlar aqi'l menen sumli'qti' sali'sti'radi'. (T.Q.) 8. Suwg'ari'w jumi'slari' sapali' wo'tkerildi. («Y.Q».)

***217-shi'ni'g'i'w.*** Woylari'n'i'zdan yamasa woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalari'n'i'zdan kelbetlik, sanli'q, atli'q, almasi'q, ra'wish, kelbetlik feyil ha'm yeliklewish so'z shaqaplari'n ani'qlawi'sh boli'p keliwine bir-birden ga'p tawi'p jazi'n'. Wolardi'n' ani'qlawi'sh ag'zalardi'n' tu'sindirip ma'nilerin ayti'n'.

## § 53. U'ylesiwshi ani'qlawi'sh

Iyelik sepliktegi so'z arqali' bildirilgen ani'qlawi'shqa u'ylesiwshi ani'qlawi'sh delinedi.

U'ylesiwshi ani'qlawi'sh ani'qlani'wshi' so'z benen tarti'm qosi'mtasi' arqali' baylani'sadi'.

U'ylesiwshi ani'qlawi'sh iyelik sepliginde qollani'l-g'anli'qtan kimnin'? nenin'? qay jerdin'? degen sorawlar-g'a juwap beredi. Mi'sali': **A'bdika'rimnin'** g'azi' joq boli'p ketken. (A.B.) **Araldi'n'** salqi'n samali' yesip tur. (A.B.)

U'ylesiwshi ani'qlawi'sh wori'n ta'rtibi jag'i'nan ani'q-lani'wshi' ag'za menen jaqi'n, qatar turi'p ta yamasa aralari'nda basqa so'zler kelip, uzaq turi'p ta baylani'sadi'. **Jazdi'n'** bu'gingi aysi'z **aqshami'** biraz salqi'n yedi. (T.Q.) **Reyimbaydi'n'** baylawli' turg'an **yeki ati'** anda-sanda woqi'rani'p qoyadi'. (S.S.)

U'ylesiwshi ani'qlawi'sh to'mendegi so'z shaqaplari'nan boladi':

**1) atli'qtan:** Bul wo'nimler, a'sirese **Qarjawbaydi'n'** ati'zi'nan ko'birek ali'ndi'. (Q.J.);

**2) almasi'qtan:** Ha'rbir padashi' **wo'zlerinin'** mallari'n tu'wellep ati'r. (Q.J.)

**3) sanli'qtan:** Besewinin' minez-qulqi', haqi'yqattan da **bir-birine** jaqi'n. (Q.T.)

**4) kelbetlik feyilden: Ji'ynalg'anlardi'n'** kewlin ali'w ushi'n ha'rbirine kewilli juwap qaytari'wg'a ha'reket yetedi. (S.K.)

***218-shi'ni'g'i'w***. Ga'plerdi woqi'n'. U'ylesiwshi ani'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin, sorawlardi'n' ha'm qalay baylani'si'p kelgenin ani'qlan'.

1. Posti'nni'n' jen'i menen jorg'ani'n' tumsi'g'i'n ha'm moyni'n artti'. 2. Tanabay jorg'ani'n' awzi'na bir qi'si'm pishen tutti'. 3. Woni'n' yerinleri qi'ymi'ldadi', biraq pishendi qamti'p almadi'. 4. Ha'mme na'rsenin' de wo'zinin' waqti' saati' bar. (Sh.A.) 5. G'arri'ni'n' toqi'ma so'zine u'ydegilerdin' ha'mmesi ken'kildesip ku'listi. 6. Ishte woti'rg'anlardi'n' yekewi si'rtqa shi'qti'. (K.S.)

***219-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdin' ishinen da'slep jupkerlesiwshi ani'qlawi'shi' bar ga'plerdi, wonnan son' u'ylesiwshi ani'qlawi'sh bar ga'plerdi terip ko'shirin'. Wolardag'i' ani'qlawi'sh ani'qlawshi' ag'zalardi'n' asti'n si'zi'p, qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

1. A'yyemgi zamanlarda jer ju'zin qali'n' tog'ay qaplap, bizin' jaqlardi' suw basi'p jati'rg'an ma'ha'lde u'lken ha'm salqi'n suwli' da'ryani'n' ati' Enesay yedi. 2. Wol da'rya bul jerden ali'sta, Sibir jaqta boladi'. 3. Wog'an bari'w ushi'n atli' u'sh ji'l, u'sh ay jol ju'riw kerek. 4. Sol waqi'tlari' Enesay dep ati' keshken da'ryani' ha'zir Enisey deydi. 5. Enesaydi'n' sag'asi'nda ha'r qi'yli' xali'qlar jasag'an. 6. Baltani'n' da'slepki toqi'ldi'si' yesitildi. 7. Woni'n' plashi'ni'n' shalg'aylari' putalarg'a ti'rnali'p barati'r. 8. Mo'min g'arri' bolsa su'yretilgen ag'ashti'n' izinen da'ldireklep ju'r.

***220-shi'ni'g'i'w***. Ko'shirip jazi'n'. Ani'qlawi'shlardi' wo'zi ani'qlap kelgen so'zi menen birge asti'n si'zi'n' ha'm qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n, ani'qlawi'shti'n' qaysi' tu'ri yekenine tu'sinik berin'.

Tog'ayg'a tag'i' gu'zdin' ta'siri urdi'. Jasi'l do'ngen shawqi'mli' jazdi'n' sa'ni tag'i' da gu'zgi ji'm-ji'rtli'qti'n' qushag'i'nda mu'lgip qan'tari'li'p qaldi'. A'tirapta padalardi'n' tuyag'i' menen tozan'g'i'g'an shan'lar jerge sho'gip, tu'nlerde ji'lti'rag'an wotlar so'nip qaldi'.

Yen' biyik ba'lent shi'n'lardi'n' basi' tu'nde jan'adan gu'mis ren'li qar menen si'rlanatug'i'n boldi'. Azanda taw jotalari'ni'n' targ'i'l shoqqi'lari' tap qara qon'i'r tu'lkinin' yen'sesinde boli'p ko'rinbeytug'i'n yedi. (Sh.A.)

## § 54. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen ani'qlawi'shlar

Ani'qlawi'shlar du'zilisine qaray jay, qospa ha'm ken'eytilgen ani'qlawi'sh boli'p u'shke bo'linedi.

1. Jay ani'qlawi'shlar to'mendegi du'zilistegi so'zlerden boladi':

a) dara ha'm birikken so'zlerden boladi': 1. Awi'ldan kelgen **ziyrek**, **aqi'lli'** balalar menen dos boldi'm. 2. Jami'-rat penen yekewin **Aqsuwattag'i'** ji'lqi'g'a jiberdim. (J.S.)

b) jup so'zlerden boladi': **Su'riw-su'riw** mallar birinin' izinen biri dizilisip kete beredi. (Sh.A.) **Pada-pada** mali', **u'yir-u'yir** ji'lqi'lari' qarawsi'z qalg'an. (K.S.)

d) Ma'nili so'z benen tirkewishlerdin' dizbeginen boladi': **Ku'ni menengi** miynetimiz zayag'a ketpedi. (K.S.)

2. Birikpegen qospa so'zlerden, ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen bolg'an ani'qlawi'sh-larg'a qospa ani'qlawi'sh delinedi. Mi'sali': **Qi'zi'l ju'zli** jigittin' qi'zarg'ani' wo'lgeni. (naqi'l) **Worta boyli',** qara-pa'ren' jigit a'sten worni'nan turdi'. Bul quri'li'sqa pu'tkil Qaraqalpaq-stanni'n' barli'q jerlerinen **won mi'n'nan aslam** adam ji'ynaldi'. (N.D.) Si'di'qti'n' **sumli'qqa ju'yrik** gellesi ma'selenin' yeki jag'i'n da woylap u'lgergen yedi. (Sh.S.)

3. Ken'eytilgen ani'qlawi'shlar to'mendegi toplamlar arqali' bildiriledi:

a) Kelbetlik feyildin' basqari'wi'ndag'i' feyil toplam-lari'nan boladi'. Mi'sali': U'lken ken' woypatti'n' ishinde **jelkildesip i'rg'ali'p wo'sken** g'awashalar jawdi'rasi'p turi'pti'. (W.X.) **Ali'sta g'awdi'yi'p ju'retug'i'n** kombaynlar da ko'rinbeydi. (Sh.A.)

b) Atawi'sh feyillerdin' basqari'wi'nan boladi'. Mi'sali': **Mallar ushi'n wot-sho'p tayarlaw** isi gu'jidi. (T.Q.)

***221-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ani'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' du'zilisine qaray qaysi' tu'ri yekenin, wolardi'n' sorawlari'n ha'm qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ayti'n'.

1. Gu'zgi jan'bi'r betke tikendey qadaladi'. 2. Adamlar u'yilgen topi'raqti' i'lg'alli' tu'rde tasi'p ati'r. 3. Bul jaqsi' istin' baslamasi' yedi. 4. Wol ha'r gektar jerden 30 centner paxta aldi'. (X.S.) 5. Jas maraldi'n' ko'zindey mo'ldir qara ko'zin

do’geregine ton’kerip taslap qaranadi’. (M.D.) 6. Ken’ ko’sheli, bag’-baqshali’ awi’l anaw ko’ringen aq terekler menen qara tallardi’n’ arasi’nda ko’rinip turdi’. (J. Sap) 7. Da’rya boyi’na aparatug’i’n jolg’a shi’g’i’p, tez-tez ju’rip kiyati’rman. (A’.Sh.) 8. Bunnan tag’i’ da birneshe salmalar ali’ni’p, ko’p jerlerdi suwg’ari’w isi ko’zde tuti’lg’an. (T.Q.)

***222-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Jay, qospa ha’m ken’eytilgen ani’qlawi’shlardi’n’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ sorawlari’n ha’r qaysi’si’ni’n’ tusi’nda qawi’sqa ali’p jazi’n’ ha’m ani’qlawi’shlardi’n’ du’zilisi boyi’nsha ayi’rmashi’li’g’i’n tu’sindirin’.

1. Aqpag’an suw sasi’ydi’, woylamag’an miy ashi’ydi’. (naqi’l) 2. Bir ku’ni Maqsettin’ kabinetine worta boyli’, tapaltas bir adam kirip keldi. 3. Ishki jap-salmalardi’ qazi’w jumi’si’ qi’zg’i’n qolg’a ali’ndi’. (Q. J.) 4. Wotawdi’n’ keregelerine aq kiyiz tuti’lg’an. (B. B.) 5. Paraxodti’n’ kapitani’ tez-tez du’rmiyin menen jan-jag’i’na qarap tur. (N. D.) 6. Wol ashi’q minezli jaydari’ jigit yedi. (M.D.)

***223-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdin’ ishinen ken’eytilgen ani’qlawi’shi’ bar ga’plerdi terip ko’shirip jazi’n’. Ken’eytilgen ani’qlawi’shlardi’n’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ qanday so’zlerdin’ qatnasi’wi’nda du’zilgenin ha’m sorawlari’n ani’qlan’.

Da’ryani’n’ arg’i’ ju’zindegi u’ylerdin’ tusi’ndag’i’ tog’ayli’q tez ku’n ishinde gu’z ko’rkine yendi. Da’ryadan baslap joqari’ qaray wo’rlegen qali’n’ qarag’ayli’q bar. A’sirese tik jarlardi’n’ u’stin qaplag’an qayi’n’lar menen osinalar qi’zg’i’sh-sari’ ren’ge do’nip, lawlap ati’rg’anday boli’p turadi’.

Qali’n’ qarag’ayli’qti’n’ arasi’ tap shirkewdin’ ishindey tu’nerip turadi’. Qi’zg’i’sh-qon’i’r dizilisken juwan qarag’aylardi’n’ to’mengi shaqalari’ni’n’ ushi’n qi’p-qi’zi’l tikenekli putali’qlar qaplag’an. Wolardi’n’ arasi’nan jelimdey shayi’rdi’n’ iyisi an’qi’ydi’.

## § 55. Ayqi’nlawi’sh

Yeki atli’q qatar kelip, biri yekinshisin qosi’msha ma’nide tu’sindirip, ayqi’nlap kelgen so’zler **ayqi’nlawi’sh** delinedi. Qatar kelgen yeki atli’qti’n’ qosi’msha ma’ni

beriwshi, tu'sindiriwshi so'zi ayqi'nlawi'sh, al qosi'msha ma'nige iye bolg'an, tu'sindiriliwshi so'z **ayqi'nlani'wshi' ag'za** delinedi.

Ayqi'nlawi'sh qaysi'? degen sorawg'a juwap beredi. Mi'sali': **Bas shi'paker** Yesemurat Tamarag'a na'wbetshi boli'wdi' tapsi'rdi'. (Q.J.) Bul ga'ptegi di'qqat yetilgen **bas shi'paker** so'zi ayqi'nlawi'sh, Yesemurat so'zi ayqi'nlani'wshi'. Bunda Yesemurat so'zin bas shi'paker so'zi ka'sibi boyi'nsha ayqi'nlap kelgen.

Ayqi'nlawi'sh ha'm ayqi'nlani'wshi' g'alabali'q ha'm ani'q ma'nili atli'qlardan boli'p kelgende, ani'q ma'nili atli'q ayqi'nlawi'sh boladi' da, g'alabali'q atli'q ayqi'nlani'wshi' boladi'. Jazi'wda wolardi'n' aralari'na defis qoyi'ladi'. Mi'sali': Lyotshik-**kosmonavt**, mexanik-**aydawshi'**, xatker-**mashinistka**, shi'paker-**terapevt,** ana-**watan,** ana-**jer** t.b.

Gazeta-jurnal, ko'rkem a'debiyat, ma'keme t.b. menshikli atlari' ayqi'nlawi'sh ma'nisinde qollani'ladi'. Bunday ayqi'nlawi'sh ma'nisindegi atli'qlar bas ha'ripten baslani'p, ti'rnaqshag'a ali'ni'p jazi'ladi'. Mi'sali': «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', «A'miwda'rya» jurnali', «Qi'rq qi'z» da'stani' t.b.

Yeger ayqi'nlawi'shlar adam atlari'nan boli'p kelse, ti'rnaqshag'a ali'nbaydi'. Bunday jag'dayda adam ati'nan keyin ati'ndag'i' so'zi qollani'ladi'. Mi'sali': Berdaq ati'ndag'i' mektep, Qasi'm A'wezov ko'shesi, A'jiniyaz ati'ndag'i' pedinstitut, Yernazar alako'z gu'zari' t.b.

Ayqi'nlawi'shlar ayqi'nlani'wshi' ag'zani' ka'sibi, mamanli'g'i' ha'meli, milleti, tuwi'sqanli'g'i', laqabi', hu'rmetli atag'i' t.b. belgileri boyi'nsha ayqi'nlaydi': Womar **shayi'r**, Yerejep **yetikshi**, Yelmurat **zerger**, G'aniy **palwan**, Dosbergen **traktorshi'**, Jiyrenshe **sheshen**, **akademik** Nurmuxammedov, **professor** Nasi'rov t.b.

Ayqi'nlawi'shlar wori'n ta'rtibi jag'i'nan ayqi'nlani'wshi' ag'zadan aldi'n da, keyin de kele beredi.

Ayqi'nlawi'shlar ayi'ri'mlanbag'an ayqi'nlawi'sh ha'm ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh boli'p yeki tu'rge bo'linedi. Ayi'ri'mlang'an ayqi'nlawi'sh ayi'ri'mlang'an ag'zali' ga'plerdin' qurami'nda u'yreniledi.

*224-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Ayqi'nlawi'sh ha'm ayqi'nlani'wshi' ag'zalardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin tu'sindirin'.

1. Qa'nigu'l jen'gey keshegi ketken jag'i'nan yele kelmey ati'r. 2. Atamurat ag'a da, Qa'nigu'l jen'gey de kelmedi. 3. Dosmi'rza sawi'nshi' Biybisa'nem menen so'ylesti. (Q.J.) 4. Razvedchik Worazbay won' ta'repke qarap ketti. (A'.T.) 5. Tejen ta'repten aq nikellerin ku'nge shag'i'li'sti'ri'p, tap-taza «Volga» avtomashinasi' ko'rindi. (B. S.) 6. Qayi'pbergenovti'n' «Tu'siniksizler» romani'nda Yernazar alako'z da'wiri su'wretlenedi. («Y.Q») 7. A'bdimurat telefon-avtomat arqali' u'yi menen so'ylesti.

*225-shi'ni'g'i'w.* Berdaq G'arg'abay uli'na wornati'lg'an yestelikke di'qqat yetip qaran'. To'mendegi jobadan paydalani'p, Berdaq (Berdimurat) G'arg'abay uli'ni'n' yesteligin su'wretlep, 10—15 ga'pten ibarat shi'g'arma jazi'n'. Bul ushi'n to'mendegi mag'luwmatlardan paydalani'n'.



Qaraqalpaq xalqi' wo'zinin' milliy maqtani'shi' Berdaq shayi'rg'a 1977-ji'li' 27-fevralda No'kis qalasi'ndag'i' ko'rkem wo'ner sarayi'ni'n' aldi'na u'lken yestelik wornatti'. Berdaq — ulli' demokrat, gumanist ha'm teren' woyshi'l shayi'r. Ber-

daqti'n' ismi ha'm qunli' a'debiy miyraslari' barli'q tuwi'sqan xali'qlarg'a ten'dey qa'dirli. Berdaqti'n' bul yestelik tulg'asi' ha'zir Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi imarati'ni'n' aldi'nda Respublika wo'rayi'na sa'wlat berip tur.

*226-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Ayqi'nlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' ne ushi'n ayqi'nlawi'sh dep atali'wi'n, ayqi'nlawi'shlardi'n' ayqi'nlani'wshi' ag'zani' qanday ma'nide ayqi'nlap kelgenin ayti'n'.

1. Qa'dirbay atamni'n' u'yine Xorezmnen qa'dirli qonaq keldi. 2. Ulli'bag'tag'i' Si'rbay shabarmandi' bilesen' be?. (A.Bek.) 3. Traktorshi' U'derbay bulardi'n' kewlin basqa jaqqa buri'w ushi'n jubati'w so'zlerin aytti'. (A'.T.) 4. Filologiya ilimlerinin' kandidati', docent Genjebay Ubaydullaev qaraqalpaq tilin da'slepki izertlewshilerdin' biri. 5. Yernazar alako'z Yernazar keneges penen zamanlas bolg'an yedi. 6. Shaqli' Maral Issi'q ko'l jaylawlari'n taslap hesh qayda ketpedi. 7. Ko'pti ko'rgen adamlar Mo'min g'arri'ni' da'lbirek Mo'min deytug'i'n yedi. 8. Mo'min g'arri' ha'mmege birdey jalbi'raqlay bergenlikten, da'lbirek boli'p laqabi' jayi'li'p ketken. (Sh.A.)

*227-shi'ni'g'i'w.* Wo'zlerin' woyi'n'i'zdan ku'ndelikli turmi'stan ali'p, ayqi'nlawi'shi' bar 6 ga'p tawi'p jazi'n'. Jazg'an ga'plerin'izde ayqi'nlawi'shlardi'n' ti'rnaqshali' ha'm ti'rnaqshasi'z, defis arqali' jazi'latug'i'n tu'rleri bolsi'n.

## § 56. Pi'si'qlawi'sh

*228-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' bayanlawi'shqa qatnasli' qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ha'm qanday ma'ni bildirip kelgenin ani'qlan'.

1. Jaylardi'n' mori'lari'nan burqi'rag'an tu'tinler **joqari'** ko'terildi. (S.S.) 2. **Kesheden berli** Da'rmenbay yekewi joq. 3. Atlardi'n' kisnegeni, arbalardi'n' shi'yqi'ldi'si' **qatti'raq** shi'g'adi'. (A.G.) 4. Jawi'ngerler **a'dewir** ku'lisip aldi'. (T.Q.) 5. Ha'mme Jiyengu'lge **tigilip** qaradi'. (Sh.A.) 6. Wol **albi'rag'ani'nan** bosag'ag'a su'rinip ketti. (T.Q.) 7. Jigit wog'an **jorta** kewil awdarmadi'. 8. **Miynet yetsen'** hu'rmetke bo'lenesen'. (Q.J.) 9. Wol **biletura** aytpadi'. (T.Q.)

**Is-ha'reketti (bayanlawi'shti') wori'n, waqi't, si'n, mug'dar-da'reje, sebep-maqset ha'm t.b. ma'nilerde si'patlaytug'i'n yekinshi da'rejeli ag'zag'a pi'si'qlawi'sh delinedi**.

Pi'si'qlawi'shlar **qayda? qayerde? qashan? qalay? qa'ytip? qansha? qansha ret? ne sebepten? nelikten? nege? ne ushi'n? ne qi'lsa? ne qi'lsan'? ne qi'lsa da, ne qi'lg'an menen** t.b. sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': Keshe (qashan?) usi' fermag'a (qayda?) keldim. (J.S.) Wol woyi'n tez (qalay?) juwmaqladi'. (T.Q.) Quyash kem-kemnen (qalay?) qi'zara basladi'. (Sh.A.) Ten'izden (qayerden?) bali'q ko'p (qansha) uslandi'. Woni'n' ju'zi quwang'ani'nan (nelikten) qi'zari'p ketti. (S.S.)

Pi'si'qlawi'sh to'mendegi belgilerge iye boladi':

1) is-ha'rekettin' isleniwindegi ha'r tu'rli ra'wishlik ma'nilerdi bildiredi;

2) ra'wishlik ma'nidegi sorawlarg'a juwap beredi;

3) ra'wish, hal feyil, qi'ya seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli atli'q ha'm t.b. so'zlerden boladi';

4) wo'zi qatnasli' so'z benen jupkerlesiw ha'm basqari'w usi'llari'nda baylani'sadi';

5) bayanlawi'shtan uzaqlasi'p, ga'ptin' basi'nda kelgende bayanlawi'sh penen sintaksislik baylani'si' ku'shsizlenedi.

***229-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' ag'zag'a qatnasli' yekenin, sol ag'zag'a qatnasli' qanday soraw qoyi'li'p turg'ani'n, qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm wo'zi qatnasli' ag'za menen qanday baylani'sta kelgenin tu'sindirin'.

Aliybektin' jasi' bi'yi'l qi'rq u'shte. 2. Aralda bali'q ko'p. 3. Wol fermada sawi'nshi'. (W.A') 4. Kesheden berli Da'rmenbay yekewi joq. (T.Q) 5. Bizler tu'ni menen ju'rdik. 6. Yele wol menin' ushi'n na'reste. 7. Subanqul meni awi'ldi'n' shetindegi joldi'n' boyi'nda ku'tip turatug'i'n yedi. (Sh.A.)

***230-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplar arqali' bildirilgenin ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Yesiktin' aldi'ndag'i' ken' maydan bu'gin adam menen tolg'an. (N.D.) 2. Men sonda isleymen. 3. To'mende ko'gis

do'nip tog'aylar ko'rinedi. (S.X.) 4. Ra'wshan wog'an jalt qaradi'. 5. Ha'mme xali'qti'n' tilegi tuwi'sqanli'qta, dosli'qta jasaw. (J.A.) 6. Trubashev Ta'jibay ata menen jaqsi' so'ylesti. (J.S.)7. Biybijan woni'n' menen qatarlasa woti'rdi'. 8. Iz tuppa-tuwri' A'miwda'ryag'a qaray ketti. (T.Q.) 9. Ha'zir wol Qi'zi'lnurdag'i' yemlewxanani'n' shi'pakeri boli'p isleydi. (W.A.)

***231-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen so'zlerdi pi'si'qlawi'sh yetip ga'p du'zin'. Wolardi'n' sorawlari'n qawi's ishine ali'p, tusi'na jazi'p ko'rsetin' ha'm pi'si'qlawi'shti'n' qanday so'z shaqabi' yekenin tu'sindirin'.

S o ' z l e r: Bi'yi'l, jazda, sheleklep, a'ste, jalt-jalt, tu'ske deyin, tu'ni menen, kewilli, telefon arqali'.

## § 57. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen pi'si'qlawi'shlar

Pi'si'qlawi'shlar du'zilisine qaray jay, qospa ha'm ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh boli'p, u'shke bo'linedi.

Dara so'zlerden bolg'an pi'si'qlawi'shqa **jay pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Jay pi'si'qlawi'sh jup so'z ha'm dara so'zlerge tirkewishlerdin' dizbeklesip keliwinen de boladi'. Mi'sali': **Keshquri'n** ag'am **qaladan** u'yge keldi. Wol **Taxtako'pirde** tuwi'li'p wo'sken. Sha'rigu'l **ku'ndiz** de, **tu'nde** de isler yedi. (K.M.) **Ku'n sayi'n** yemeski samal yesedi. Bizler **tu'ni menen** jol ju'rdik. Quyash **kem-kemnen** qi'zdi'ra basladi'. (Sh.A.)

Birikpegen qospa so'z yamasa ga'p ag'zalari'na bo'linbeytug'i'n so'zlerdin' dizbeginen bolg'an pi'si'qlawi'shqa qospa pi'si'qlawi'sh delinedi. Dara so'zlerge atawi'sh tirkewish (ko'mekshi atawi'sh) dizbeklesiwinen qospa pi'si'qlawi'sh jasaladi'. Mi'sali': Sultanmurat hesh qashanda ti'rnani' **jaqi'n jerden** ko'rmegen yedi. Ti'rnalar a'ste-aqi'ri'n **do'n'istin' u'stine** qonaqlay basladi'. (Sh.A.) **Bul jerde** de qarawi'l bar yedi. (W.X.) **Ko'z jeter jerde** ko'k suwdan basqa hesh na'rse ko'rinbeydi. (W.B.)

Hal feyil, kelbetlik feyil ha'm atawi'sh feyillerinin' basqari'wi'ndag'i' toplamlardan bolg'an pi'si'qlawi'shqa **ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh** delinedi.

1. Hal feyil toplamlari' arqali' bildiriledi. Mi'sali': Wol **wo'zinin' tuwi'lg'an Shi'bi'qli' awi'li'nda woqi'p ju'rip** miynet yetiwge qi'zi'qsi'ndi'. (X.S.) Wolar **bir gramm da paxtani' ati'zg'a qaldi'rmastan** ma'mleketke ji'ynap tapsi'rdi'. (X.S.) **Mi'lti'g'i'mdi' arqalap,** Qarateren'ge jetip
2. Kelbetlik feyili toplamlari'nan boladi'; Kewlimjay **quri'li'sqa jumi'sqa kelgende** sarras won jeti jasta yedi. **Rossiyadan qayti'p kelgen son'**, Qi'li'shbay ko'p waqti'n u'yinde wo'tkerdi. (Q.A'.)

3. Atawi'sh feyili toplamnan boladi'. Mi'sali': **Kinoni'n' baslani'wi'na** yele ta'wir-aq waqi't bar yedi. (Sh.S.) Yesikten kire kelgen Aqsholpan **Joldasti'n' dawi'si'n yesitiwden** qushag'i'n ashti'. (J.A.) Asqar **Woraldi'n' bas iyzewinen son'** Baymang'a qaradi'. (W.X.) **Yeginlerdi mal-haldan qori'w ushi'n** sol a'tirapta juwi'ri'p ju'retug'i'n yedim. (Sh.A.)

***232-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Jay ha'm qospa pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, qanday so'zlerden bolg'ani'n ha'm bir-birinen wo'zgesheligin ayti'n'.

1. Jawi'n azannan keshke shekem quydi' da turdi', biraq, yen' keyninde keshke qaray ti'ndi'. 2. Ha'zir g'ana jawi'n menen juwi'lg'an ashi'q ko'k aspanda quyash jarqi'rap shi'g'a keldi. (M.K.) 3. Shan'g'i't jaqi'n ko'ringen menen kem-kemnen ali'sladi'. 4. Topar-topar qi'z-jigitler a'tko'nshek betke barati'rsa, birewler uydi'r-juwdi'r boli'p qayti'p barati'r. (T.Q.) 5. Mine, wonnan beri woti'z ji'lg'a shamalas waqi't wo'tti. (K.S.) 6. Ha'zirgi ku'nde bizge mal da, jan da qa'dirli. (W.A.)

***233-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa ha'm ken'eytilgen pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, asti'n si'zi'n'. Jazi'p barati'ri'p wolardi'n' sorawlari'n tusi'nda qawi's ishinde ko'rsetin'. Ja'ne de neshe so'zden du'zilgenin ha'm qanday so'zlerden bolg'ani'n ani'qlan'.

1. Mashinalar Teren'qudi'qqa keldi. (X.S.) 2. Men tawdag'i' awi'ldi' bala waqti'mnan biletug'i'n yedim. 3. Wol sol ju'risi menen bir awi'lg'a keldi. (M.D.) 4. Wol ko'rpege worani'p jatqannan keyin de qalti'ray berdi. 5. Ko'p waqi'tqa deyin uyqi'lay almadi'. 6. Mashinalardi'n' gu'rildegen dawi'si'n yesitiwden-aq, bala Qarawi'l tawi'ndag'i' joldi'n' buri'latug'i'n jerine qaray juwi'rdi'. (Sh.A.)

*234-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Ken'eytilgen pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, asti'n si'zi'n'. Ken'eytilgen pi'si'qlawi'shqa awi'zsha tallaw jasap, wolardi'n' qanday feyillerdin' toplami'nan du'zilgenin, sol toplamni'n' qurami' neshe so'zden quralg'ani'n ha'm wolardi'n' sintaksislik baylani'si'n tu'sindirin'.

1. Iri toran'g'i'llar, juwan yermani' ji'n'g'i'llar izshilerge jol siltegendey dizilisip artta qali'p barati'r. 2. Jag'adag'i' Jumagu'ldi ko'rip wolar irkildi. (T.Q.) 3. Jan'ag'i' bir na'rselerden qorqqani'nan woni'n' yeki dizesi qalt-qalt yetedi. (X.S.) 4. Shaysuw iship bolg'annan son' bizler awi'ldi'n' bag'i'na kettik. (N.D.) 5. Ha'r kim wo'z jumi'si'n sapali' yetip wori'nlawg'a umti'lg'an. (N.D.) 6. Seydaxmet bolsa ton'lap qalg'an motorlardi' ji'li'ti'w ushi'n suw qaynatatug'i'n i'di'sti' ali'p ju'rdi. (Sh.A.)

## PI'SI'QLAWI'SHTI'N' MA'NISINE QARAY TU'RLERI

Pi'si'qlawi'shlar is-ha'reketti si'patlaw ma'nisine qaray **wori'n, waqi't, si'n, mug'dar-da'reje, sebep, maqset, sha'rt** ha'm **qarsi'las pi'si'qlawi'sh** boli'p, 8 tu'rge bo'linedi.

## § 58. Wori'n pi'si'qlawi'sh

*235-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Bayanlawi'sh (is-ha'reket) penen baylani'si'p, woni'n' isleniw worni'n bildiretug'i'n so'zlerdi tabi'n' ha'm wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip kelgenin tu'sindirin'.

1. Bati'stan bult ko'terilip kiyati'r. (T.Q.) 2. Buri'n bul do'gerekte yel bolg'an. 3. Vokzal keyinlep izde qaldi'. 4. Bul To'rtku'lde bolg'an yedi. (W.X.) 5. Wolar keyin shegindi. (N.D.) 6. Wol tog'ayli'qqa qarap ketti. (T.Q.) 7. Aspanda asi'qtay bukt joq (N.D.)

1. Is-ha'rekettin' isleniw worni'n bildiretug'i'n pi'si'qlawi'shqa **wori'n pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Wori'n pi'si'qlawi'sh **qayerde? qayaqqa? qayda? qayerge? qaydan? qayerden? qayaqtan? qayer menen? qalay qaray? qayer arqali'?** t.b.sorawlarg'a juwap beredi.

Wori'n pi'si'qlawi'sh, ko'binese wori'n ra'wishi, bari's, wori'n, shig'i's seplik qosi'mtali' so'zler ha'm tirkewishli atli'qlar arqali' bildiredi. Mi'sali: Wol **peshtin' arti'na**. jasi'ri'ndi'. (T.Q.) **Uzaqta** qarawi'ti'p mallar jayi'li'p ju'r. (S.A.) U'lken hawa sharlari' **aspang'a** ko'terildi. («Y.Q».) **Daladan** du'rsildi yesitildi. Wolar **seyisxana ta'repke ketti.**

***236-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Wori'n pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, sorawlari'n ha'm qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ayti'n'.

1. Azanda Quwat Aldi'zbay menen birge jaylawg'a shi'g'ip ketti. (I.S.) Tap sol waqi'tta ali'stan atli' ko'rindi. (S.A.) 3. Wol awi'lg'a kelgeli pillexanani'n' basli'g'i'. (N.D.) 4. Ha'r jerde qar i'laqti'ri'si'p woynag'an balalar ko'rinedi. (T.Q.) 5. Da'ryani'n' i'rashi'nan joqari' shi'g'i'p, qami'sli'qqa kirdik. (A'.T.) 6. Bizin' yelimizde ilim ken' rawajlanbaqta. («Y.Q».) 7. Yeshki i'laqlari'n yertip soqpaq penen ketip barati'r. (S.S.)

***237-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na wori'n ma'nisinde so'z tawi'p qoyi'p, ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' sorawi'n ha'm qaysi' ag'za menen baylani'si'p kelgenin tu'sindirin'.

1. ... azi'raq ti'm-ti'ri'sli'q payda boldi'. (Q.J.) 2. ... a'ynektin' aldi'nda qaranlap birew ko'rindi. 3. ... qi'zi'l jabi'lg'an stol, u'sh-to'rt gu'rsi, bir uzi'n skameyka tur. (T.Q.) 4. Diyqan ... wo'tip ketti. (I.Y.) 5. Qarawi'l tawg'a jetkennen keyin jol janbawi'rdag'i' tar ... joqari' ko'teriledi. (Sh.A.)

## § 59. Waqi't pi'si'qlawi'sh

***238-shi'ni'g'i'w*.** Woqi'n'. Bayanlawi'sh penen baylani'si'p, is-ha'rekettin' isleniw waqti'n bildiretug'i'n pi'si'qlawi'shlardi' ani'qlan' ha'm wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ayti'n'.

1. Buri'n bul do'gerekte yel bolg'an. (W.X.) 2. Ha'r ku'ni birneshe shaqi'ri'm arali'qti' kesip wo'temiz. 3. Bu'gin woni'n' wo'zi de kewilli yedi. 4. Wol bul xabardi' keyin yesitti. (W.A.) 5. Jan'a ay a'lleqashan bati'p ketken. 6. Yesiktin' aldi'ndag'i' ken' maydan bu'gin adam menen tolg'an. (N.D.) 7. Qoyshi'ni'n' qi'zi' qoy kelgende ju'n tu'tedi. (naqi'l)

Is-ha'rekettin' isleniw waqti'n si'patlaytug'i'n pi'si'qlawi'shqa waqi't pi'si'qlawi'sh delinedi.

Waqi't pi'si'qlawi'sh **qashan? qay waqta? qashannan beri? qashang'a deyin?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Waqi't pi'si'qlawi'sh, ko'binese waqi't ra'wishinen, waqi't atawi'shlardan, atawi'sh so'zler menen ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen, hal feyil ha'm hal feyildin' basqari'wi'ndag'i' so'zler arqali' bildiriledi. Mi'sali': Serimbet Shegirko'lge sa'skede keldi. Bu'gin bul a'rmang'a jetistim. Bul qosi'q buri'nnan bar. (W.X.) Qi'sta ba'rinen de buri'n suw ishetug'i'n qolayli' jeri bolmasa kelispeydi. (Sh.A.) Liza juwi'ri'p barati'ri'p ko'yleginin' jen'ine qoli'n suqti'. (J.A.) Wol To'rtku'ldi qorg'awda birneshe yerlik ko'rsetti. (T.Q.) U'sh ku'nlikte bali'qshi'lar ushi'n tuti'ni'w zatlari' keldi. (W.A.)

***239-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Waqi't pi'si'qlawi'shlardi' ani'qlap, sorawlari'n ha'm qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n tu'sindirin'.

1. Gu'lsa'nem ha'zir g'awasha ta'rbiyasi'n ju'rgizip ati'r. 2. Bunnan u'sh ku'n buri'n ku'nnin' ju'zi ta'wir yedi. 3. Qa'dir-baydi'n' kewiline keshki awqat tayi'n boldi' (J.S.). 4. Abat penen Turdi'murat bayag'i' tani'si'wdan keyin ayi'ri'lmas bolg'an yedi (T.Q.). 5. Shan'qay tu'ste ha'mme tu'slikke shi'qti'. 6. Jazg'a shi'qqan son' Ja'ha'ngirdin' ta'shwishleri ko'beyip ketti. 7. Son'g'i' ku'nleri sayaman shertektin' asti' payi'zli' boli'p ketti (W.X.).

***240-shi'ni'g'i'w.*** Woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan wori'n ha'm, waqi't pi'si'qlawi'shi'na u'sh ga'pten jazi'n'. Wolardi'n' bildiriliwinin' ha'r tu'rli so'z shaqaplari'nan boli'wi'n yesapqa ali'n'.

## § 60. Si'n pi'si'qlawi'sh

***241-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Is-ha'rekettin' isleniw sani'n, sapasi'n, qalay islengenin bildiretug'i'n so'zlerdi ani'qlan'. Wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip kelgenin ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

1. Jumsaq mebeller tayarlaw cexi' jaqsi' islep tur. 2. Woni'n' so'zi salmaqli' yesitiledi. 3. Hawa rayi' a'bden buzi'lg'an. (W.A.) 4. Bu'ginde wol ko'p woylani'p bir a'n'gimeni yadtan

so'yledi. 5. Wol basi'n ko'terip qaradi'. (J.A.) 6. Wol suwi'q-law sa'lemlesti. 7. Wol tez woyi'n juwmaqladi'. (T.Q.)

Is-ha'rekettin' isleniw si'ni'n, sapasi'n, qalay islengenin pi'si'qlawi'shqa si'n pi'si'qlawi'sh delinedi.

Si'n pi'si'qlawi'sh **qalay? qa'ytip? qalayi'nsha?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Si'n pi'si'qlawi'sh ko'binese si'n ra'wishi, kelbetlik, hal feyil, yeliklewish so'zler qi'ya seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli atawi'shlar arqali' bildiriledi. Mi'sali': Jabayi' sho'pleri tazarti'li'p, g'awasha na'lleri **tez** rawajlandi'. (Q.J.) Hawa rayi' **a'bden** buzi'ldi'. Wol arti'na **jalt-jalt** qaraydi'. (W.A.) Ta'jibay ata menen **jaqsi'** so'ylesti. Trubasher fermada **zootexnik boli'p** isleydi. (J.S.) Serke-bay **tunji'rawi' menen** woti'r.

***242-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Si'n pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ha'm ba-yanlawi'shqa qatnasli' qanday sorawlarg'a juwap betug'i'ni'n ani'qlan'.

1. Qi'z-jawanlar bir-biri menen ji'lli' ju'rekten so'ylesedi. (J.A) 2. Birneshe ku'nlik tayarli'q jumi'slari' tez wo'tip ketti. (N.D.) 3. Qandi'ri'p suwg'ari'lg'an g'awashalar jaqsi' rawajlan-g'an. 4. Appaq paxtalar jawdi'rasi'p ashi'li'p tur. (W.A.) 5. Ja'lmen woni'n' bul ha'reketine tan'lani'w worni'na g'arq-g'arq ku'ldi. 6. Ja'lmen ko'z asti'nan Jiyemuratqa qarap woti'r-di'. (T.Q.) 7. Stoldi'n' u'stinde ishektey sozi'lg'an qamshi' ja-ti'r. (N.D.)

***243-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli si'n pi'si'qlawi'sh ma'nili so'zlerdi qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qanday so'zler arqali' bildirilgenin ani'qlan'.

1. U'y-ishi bizdi ... qarsi' aldi'. (I.Y.) 2. Ku'n ... ko'terilip, jer-du'nyani' qi'zdi'ra basladi'. (N.D.) 3. Wol ayaqlari' ton'lap qalg'an ji'lqi'day ... qozg'aladi'. (T.Q.) 4. Ra'wshan bug'an ... qaradi'. (J.A.) 5. Wol qayti'p ... shi'g'i'p ketti. (T.Q.) 6. Qi'zi' kelip aman-yesen, ... tasti' ana. (J.A.)

Kerekli so'zler: zorg'a, arqan boyi', miymandosli'q penen, da'rya kibi, jalt, til qatpastan.

## § 61. Mug'dar-da'reje pi'si'qlawi'sh

*244-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Is-ha'rekettin' isleniw mug'dari'n, sani'n, shamasi'n bildiretug'i'n so'zlerdi ani'qlap, sorawlari'n ayti'n'.

1. Woti'ri's uzaqqa sozi'ldi'. 2. Men jaslar menen ko'p gu'rrin'lestim. 3. Woni'n' a'n'gimesi bir tan'g'a tawsi'lmaydi'. 4. Aradag'i' ti'm-ti'ri'sli'q bir kese shay ishimge sozi'ldi'. (N.D.) 5. Bir qatar aldi'ng'i' xojali'qlar g'awashag'a to'rt ret kompleksli ta'rbiya berdi. («Y.Q.») 6. Paroxod az irkildi. (A.B.) 7. Jas usta bul jerde yeki ji'lg'a jaqi'n isledi. (J.S.)

Is-ha'rekettin' isleniw mug'dari'n, sani'n, shamasi'n bildiretug'i'n pi'si'qlawi'sh mug'dar-da'reje pi'si'qlawi'shi' dep ataladi'.

Mug'dar-da'reje pi'si'qlawi'shi' **qansha? neshe? neshe ret? qanshadan?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Mug'dar-da'reje pi'si'qlawi'shi', ko'binese mug'dar ra'wishinen, atawi'sh so'zler menen waqi'tli'q, ken'islik, san ha'm awi'rli'q ma'nidegi so'zlerden boladi'. Mi'sali': Bizler wolardi' **ko'p** ku'ttik. Woni'n' tu'ri **azi'raq** wo'zgergen. Wolar az waqi't u'nsiz woti'rdi'. Wolar yele **u'sh ji'l** woqi'ydi'. Men alg'a qaray **to'rt-bes qa'dem** ju'rdim. (J.S.) Bir ji'ldi'n' ishinde paxta ati'zi'ni'n' zu'ra'a'ti **3,2 centner** ko'beydi. («Y.Q.»)

*245-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Mug'dar da'reje pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin ha'm wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' qanday sorawlarg'a juwap beretug'i'nli'g'i'n tu'sindirin'.

1. Paroxod stanciyada az irkildi. (A.B.) 2. Bizler posyolkadan 18 kilometrdey ali'slap kettik. (S.S.) 3. Wol U'stu'rtke birneshe ret keldi. (J.S.) 4. Biz ju'n tapsi'ri'wdi' da keminde yeki yese artti'rami'z. (X.S.) 5. Wol jetpis metrdey kelip qaldi'. (N.D.) 6. Wol ha'r si'yi'rdan ku'nine 10-12 litrden su't sawi'p aladi'. («Y.Q.») 7. Jerdegi balshi'q ayag'i'n'di' jerden to'rt yeli ko'tertpeydi.

*246-shi'ni'g'i'w.* U'yge tapsi'rma. Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli so'zlerin tawi'p ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Ag'ash kessen' ... kes, temir kessen' ... kes. (naqi'l). 2. Wo'mir adamg'a ... beriledi. 3. Qara suw ... aparadi' (naqi'l). 4. Aradag'i' ti'm-ti'ri'sli'q ... sozi'ldi'. 5. Ku'n ... juwsa, terek ... jasawdi' (naqi'l). 6. Bati'r jigit ... wo'ledi, qorqaq ... wo'ledi (naqi'l). 7. Qorqaqti' ... quwsan', bati'r boladi' (naqi'l).

## § 62. Sebep pi'si'qlawi'sh

Is-ha'rekettin' isleniw ya islenbew sebebin bildiretug'i'n pi'si'qlawi'shqa **sebep pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Sebep pi'si'qlawi'sh **nege? ne sebepten? ne sebepli? nelikten? ne ushi'n?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Sebep pi'si'qlawi'shi' xi'zmetindegi so'zler is-ha'rekettin' isleniwine sebepshi boladi'.

Sebep pi'si'qlawi'sh to'mendegi so'zler arqali' bildiriledi.

1. Shi'g'i's seplik qosi'mtali' atawi'sh so'zlerden, sebep ra'wishinen boladi'. Mi'sali': 1. Woni'n' ju'zi **quwani'shtan** qi'zari'p ketti. (J.S.) 2. Yeshkinin' qabi'rg'alari' say-say boli'p, **ari'qli'qtan** wo'liwge kelipti. (Q.x.y.) 3. Murat **i'lajsi'zdan** qoylardi' baydi'n' u'yine aydap keldi. (S.A.)

2. **-i'p/-ip,-p** ha'm **-g'anli'qtan/-genlikten** qosi'mtali' hal feyil ha'm hal feyilli toplamlardan boladi'. Mi'sali': Wol qi'si'ni'p terley basladi'. Bir waqi'tta wol **wo'zine qarsi' kiyati'rg'an adamdi' ko'rip** gilt toqtadi'. (T.Q.) Wol **su'ysinip woqi'g'anli'qtan** waqi'tti'n' wo'tip ketkenin de sezbedi. (J.S.)

3. Shi'g'i's seplik qosi'mtali' kelbetlik feyil, atawi'sh feyillerden ha'm sol feyillerdin' toplami'nan boladi'. Mi'sali': Wol **albi'rag'ani'nan** bosag'ag'a su'rnigip ketti. **Biytani's kisini ko'riwden** yekewinin' de hu'reyi ushi'p qorqi'si'p qaldi'. (T.Q.)

4. Atawi'shlar menen tirkewishler ha'm ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen boladi'. Mi'sali': Wol **qurdasi'n ko'rgen son'** so'ylesip qalg'an shi'g'ar. (T.Q.) Uqi'pli' basshi' dep **sol ushi'n** aytadi' g'oy. (Y.M.) Wol **qi'stawli' tapsi'rma menen** ju'rip ketti.

***247-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Sebep pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' sorawlari'n qoyi'p qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n tu'sindirin'.

1. Gu'lnara i'lajsi'zdan si'rtqa shi'qti'. (Q.D.) 2. Men senin' tu'sinbey ju'rgenin'e hayranman. (W.A.) 3. Woni'n' wori'nsi'z ashi'wlang'ani'na basqalar duw ku'listi. (T.Q.) 4. Sho'llep kiyati'rg'an qoylar suwdi' ko'rip juwi'ri'sti'. (J.S.) 5. Wol usi' sebepli buri'ng'i' pikirge kelisim bermedi. (T.Q.) 6. Azat ko'p juwi'rg'anli'qtan yentigip qaldi'. (J.S.) 7. A'bdimurat Polatovti'n' kirip keliwi menen ba'ri de wori'nlari'nan wo'rre turdi'. (T.N.) 8. Gu'di biyiklegen sayi'n woni'n' basi'na qami's shi'g'ari'w, tasi'w qi'yi'ng'a tu'sti. (W.A.)

***248-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Sebep pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' sorawlari'n, qanday so'z shaqaplari'nan ha'm so'z dizbeklerinen bolg'ani'n ayti'n'.

1. Annabaydi' i'lajsi'zdan mal bag'i'wg'a ma'jbu'rledi. 2. Qi'di'rbaydi' unatqani' ushi'n wog'an jaqsi' ken'es berdi. (J.S.) 3. Yekewi de jalg'i'z baladan bolg'anli'qtan ma'rdikardan qalatug'i'n bolg'an yedi. (M.D.) 4. Temirbektin' selk-selk ku'lkisi Gu'lsimnin' kirip keliwi menen ti'yi'ldi'. (T.Q.) 5. Jiyemurat Serkebaydi' qonaq-qopsi'lardi' jayg'asti'ri'p ju'rgen shi'g'ar dep irikpedi. (T.Q.) 6. Dosti'n'nan tu'ye sora, uyalg'ani'nan biye berer. (Q.n.m.) 7. Wol ashi'qli'qqa shi'g'ayi'n dese qorqadi'. (T.Q.)

***249-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdin' ma'nisine qaray ko'p noqatti'n' worni'na to'mendegi so'zlerdin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n ha'm qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ani'qlan'.

1. Wol ag'asi'n ko'rgende ji'lap jiberdi. (J.S.) 2. Wol terley basladi'. (T.Q.) 3. Wo'giz wo'gizden ko'redi (naqi'l). 4. Wol ji'ldi'n' wo'tip ketkenin de bilmedi. (J.S.) 5. Qali'n' toran'g'i'llardi'n' sari' tu'sli japi'raqlari' si'ldi'rap turar yedi. (J.S.) 6. Wol terley basladi'.

Kerekli so'zler: qi'si'ni'p, qi'si'ng'ani'nan, su'ysinip woqi'g'anli'qtan, jer qatti' bolsa, yesken samal menen.

## §63. Maqset pi'si'qlawi'sh

Is-ha'rekettin' isleniw maqsetin bildiretug'i'n pi'si'qlawi'shqa **maqset pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Maqset pi'si'qlawi'sh **nege? ne maqset penen? qanday maqset penen? kim ushi'n? ne ushi'n?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Maqset pi'si'qlawi'sh to'mendegi so'zler arqali' bildiriledi:

1. Maqset pi'si'qlawi'sh **arnap, a'deyi, jorta, jortag'a, biykarg'a, bilqastan, qasaqana, jay, jaysha** t.b. maqset ra'wishleri arqali' bildiriledi: Gu'ljanni'n' keliwine **arnap** awqat asi'ldi'. (W.A.) Wo'zim **bilqastan** so'ylesiwge keldim. (J.A.) Jigit wog'an **jorta** kewil awdarmadi'. (T.Q.)

2. Bari's, wori'n seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli atawi'shlardan, atawi'sh feyil, ha'm sol feyillerdin' basqari'wi'ndag'i' so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': Mine, tap usi' ma'sele boyi'nsha Murat Qa'mekbayg'a **woylasi'wg'a** barg'an yedi. (J.A.) **Qoylardi' semiz yetip bag'i'wda** ha'm **wolardi'n' wo'nimliligin artti'ri'wda** Ta'jibay ata yerinbey isledi. (J.S.) Bizler **azatli'q ushi'n, jer ushi'n, suw ushi'n** gu'resemiz. (A.Bek.) Sari'gu'l **Ja'miylani' ali'p qayti'w ushi'n** Aqda'ryag'a ketti. (K.S.)

3. Atawi'sh so'zlerge ha'm atawi'sh feyilden keyin **maqsetinde, maqseti menen, niyetinde, niyet penen** so'zlerinin' dizbeklesiwi arqali' bildiriledi. Mi'sali': **Bul isti tezletiw maqsetinde** bali'q zavodi'na Ta'jeken'nin' wo'zi ketti. Qurbaniyaz worni'nan turi'p **dosli'q niyet penen** qoli'n sozdi'. (W.A.)

4. Tilek, sha'rt, buyri'q ha'm ani'qli'q meyillerge **dep, degendey** ko'mekshi feyillerinin' dizbeklesiwinen boladi'. Mi'sali': **Men shashi'mdi' aldi'ri'p qaytayi'n dep** ag'amdi' ku'tip qaldi'm. (Sh.A.) Toyg'a shaqi'rti'lg'an To'remurat suwpi' **Qon'i'rat sha'ha'rinin' bas palwani' bolsi'n dep** Mi'rji'qqa mira't sali'p jiberipti. (T.Q.)

***250-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Maqset pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n ha'm qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm qaysi' ag'za menen baylani'si'p kelgenin ani'qlan'.

1. Wolar azang'a shekem qashi'rmay saqla dep, qasaqana wo'zime tapsi'rdi'. (T.Q.) 2. Biyshara meni woqi'si'n dep a'deyi a'keledi yeken. (T.Q.) 3. Ati'mi'zdi' atap arnap shaqi'ri'p woti'r. 4. Adamlar a'dettegishe ati'z sherteginde dem ali'wg'a

keldi. (W.X.) 5. Wolar tu'slenip ali'w ushi'n, jan'ag'i' u'yge kirdi. (A.A'.) 6. Wol so'zden soqqi' bergisi kelip woni' shi'mshi'p so'yledi. (A.D.) 7. Bul fermani'n' u'lgili islerin ko'riw ushi'n ta'jiriybe almasi'w maqsetinde qon'si'las ferma xi'zmetkerleri kelip turatug'i'n yedi. (J.S.) 8. Men segizinshini pitkeriwden No'kiske ketemen dep direktorg'a arza berdim. (T.Q.)

***251-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdin' ishinen maqset pi'si'qlawi'shi' bar ga'plerdi terip ko'shirip jazi'n'. Maqset pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' wo'zi qatnasli' so'zlerge baylani'sli' sorawlari'n, qanday so'z shaqaplari' ha'm so'z dizbeklerinen bolg'ani'n ayti'p berin'.

1. Qali'n' toran'g'i'ldi'n' sari' tu'sli japi'raqlari' yesken samal menen si'ldi'rlap turar yedi. (J.A.) 2. Wol Bekimbet yesitsin degendey juwan dawi'si'n a'deyi dari'ldata so'yledi. (W.A.) 3. Jalg'i'z nar qami'sqa aralasi'p wo'sken bir tu'p aq shen'geldin' tu'bine keledi de, ilajsi'zdan tu'yeni sho'giredi. (U.P.) 4. Shayi'r qosi'qti' sol jigitlerge arnap shi'g'arg'an. (T.Q.) 5. Wol bul ha'reketti bilqastan islegen. 6. Wolar su'yikli Watan ushi'n, tuwi'sqan xali'q ushi'n gu'resip ati'r. (A.Bek.) 7. Jas Ji'g'a wo'zi woylag'an maqsetine jetiw ushi'n gu'resti. (J.A.) 8. Wol Awi'lxojali'q instituti'nda biykarg'a woqi'mag'an bolsa kerek. (U.P.)

***252-shi'ni'g'i'w.*** **U'yge tapsi'rma.** Ga'ptin' ma'nisine qaray ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli so'zlerin qoyi'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qaysi'si' sebep, qaysi'si' maqset pi'si'qlawi'sh yekenin, sorawlari'n, qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

1. Wo'zim woni'n' menen ... so'ylesiwge keldim. (J.A.) 2. Bala... ko'nedi. (A'.T.) 3. ... Jumagu'ldin' ju'zleri ... gu'l-gu'l jaynadi'. (T.Q.) 4. Wol xatti' u'y-ishine ... jazi'pti'. 5. Men aldi'n'nan ... ali'ppan g'oy. (W.A.) 6. Qa'dir qoylardi' ... ayday basladi'. (S.S.) 7. Jigit baydi' ... ku'lip woti'r dep gu'man yetpedi. (T.Q.) 8. Men qi'stawli' ... Nokiske keldim. 9. Wol ... seskeneyin dedi. (W.X.)

Kerekli so'zler: arnap, quwani'shtan, bilqastan, biykarg'a, ilajsi'zdan, hawli'qg'ani'nan, suwg'armag'a, jumi'si'm sebepli, jorta.

## § 64. Sha'rt pi'si'qlawi'sh

1. **Islesen'** tislersen'. (naqi'l),
2. Wol **bilgende** aytar yedi,
3. Yer **shekinispey** bekinispeydi (naqi'l),

1. Wol **bilse de** aytpadi'
2. Azat **bile tura** aytpadi'
3. Wol **ketken menen** qayti'p keledi. (T.Q.)

Bag'ana menen bo'lingen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetin'. Wolar is-ha'rekettin' isleniwine qanday ma'nide qatnasli' yekenine ser sali'n'.

Is-ha'rekettin' isleniw sha'rtin bildiretug'i'n pi'si'q-lawi'shqa **sha'rt pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Sha'rt pi'si'qlawi'sh **ne qi'lsa? ne qi'lsan'? ne qi'lg'an-da? qa'ytkende? ne qi'lmay? ne qi'lmag'ansha?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Sha'rt pi'si'qlawi'sh to'mendegi so'zler arqali' bildiriledi:

1. Sha'rt meyil ha'm sha'rt meyildin' basqari'wi'nda-g'i' so'zlerden boladi'. Mi'sali': **Bersen'** alarsan', **yeksen'** worarsan'. **Yen'bek yetsen'** yemersen'. (Q.n.m.) Yeger **ta-bi'lmasa** bul balani'n' da, qoydi'n' da joq bolg'ani'. (S.S.)

2. Wori'n seplik qosi'mtali' kelbetlik feyil ha'm kelbet-lik feyilli toplamnan boladi'. Mi'sali': **Avtomatlasti'rg'anda** miynettin' sapasi' tu'p tami'ri'nan wo'zgeredi. («Y.Q».) Wol **kuzovti'n' yerneginen asi'li'p bekkem uslamag'anda** ji'g'i'li'p ketetug'i'n yedi. (J.S.)

3. **-g'an/-gen** qosi'mtali' kelbetlik feyilge **jag'dayda** so'zinin' dizbeklesiwi arqali' bildiriledi. Mi'sali': **Shigitti yerte yekken jag'dayda** wonnan mol wo'nim ali'wg'a boladi'. (X.S.)

4. Hal feyil ha'm hal feyilli toplamnan boladi'. Mi'sali': **Sa'wir bolmay** ta'wir bolmas. (naqi'l), **Mi'n'di' tani'g'ansha** birdin' ati'n bil. (naqi'l)

***253-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Sha'rt pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' ha'm so'z dizbeginen bolg'ani'n, wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' sorawlari'n ani'qlan'.

1. Miynet yetsen' hu'rmetke bo'lenesen'. (Q.J.) 2. Yeger de bulay bolmag'anda xali'q wolardi' a'shkara yetedi. (J.A.)

3. Wol qatal ashi'wlang'an jag'dayda kimdi bolsa da ayamaydi'. (T.Q.) 4. Men bilgenimde ashkaralaytug'i'n yedim. 5. Wol qori'qpay kelmeydi. (A'.T.) Yeger saw bolsan' u'sh-to'rt ji'ldan keyin sizlerdi de jemiske toydi'raman. (A.B.) 7. Yen'bek yetsen' yemersen'. (naqi'l) 8. Womi'rawlasam won jigittin' ju'gin tartaman. (K.S.)

*254-shi'ni'g'i'w.* Ko'shirip jazi'n'. Sha'rt pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'zlerden bolg'ani'n ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Men qaraqalpaqtan wotjaqqi'shi'm bar dep aytpadi'm, aytqanda seni de no'kerlikke alatug'i'n yedi. (T.Q.) 2. G'awashani' yerte yeksen' utasan'. («Y.Q») 3. Men bilgende kelmes yedim. 4. Ba'rjay yetpegenshe senin' kewlin'di, perzentin'men kewli qarar tappag'an. (K.S.) 5. Ti'ni'shli'q qanday suwdi' ko'r, shaypala berse bi'lg'anar. (naqi'l) 6. Baqi'rg'an menen arg'i' jag'adag'i'larg'a dawi'si' jetpedi. (Q.D.) 7. Wa'de bersen' wori'nla. 8. Jasli'q g'ayrat jumsamasan' bos keter. (I.Y.)

## § 65. Qarsi'las pi'si'qlawi'sh

Is-ha'rekettin' isleniwine qarsi'lasli'q ma'nide ayti'latug'i'n pi'si'qlawi'shqa **qarsi'las pi'si'qlawi'sh** delinedi.

Qarsi'las pi'si'qlawi'sh **ne qi'lsa da? ne qi'lg'an menen? ne qi'lg'ani'na qaramastan?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Qarsi'las pi'si'qlawi'sh to'mendegi so'z ha'm so'z dizbeklerinen boladi':

1. Sha'rt meyilge **da/de** janapayi'ni'n' dizbeklesiwinen boladi'. Mi'sali': Wol **jatsa da** (ne qi'lsa da?) uyqi'lay almadi'. (W.A.) Wol **ketse de** (ne qi'lsa da? ) uzaq tura almadi'. (W.A.)

2. Hal feyil ha'm hal feyildin' basqari'wi'ndag'i' so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': Wol **yesitip turi'p** u'ndemedi. (G.I.) Wol **bile tura** aytpadi'. Wol **bir aydan beri usi' shan'araqti'n' mug'allimi bola turi'p,** kempir g'arri' arasi'ndag'i' ja'njeldi tu'sinbegenine wo'kindi. (T.Q.)

3. **-g'an/-gen** qosi'mtali' kelbetlik feyil ha'm kelbetlik feyilli toplamlarg'a tirkewish ha'm janapayli'q xi'zmettegi

ko'mekshi so'zlerdin' dizbeklesiwinen boladi'. Mi'sali': Wol **ko'zin ashqan menen** do'geregin won'lap ko're almadi'. Wolar **ko'p bolg'ani'na qaramay** ti'm-ti'raqay qashti'. (A'.T.) **Jayi'n' menen islegenin'de** de seni quwi'p jibere almaydi'. (T.Q.)

*255-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Qarsi'las pi'si'qlawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' bildiriliwin ha'm bayanlawi'shqa qatnasli' sorawlari'n ani'qlan'.

1. Ati'n' shappasa da shulg'i'si'n. (naqi'l.) 2. Wol quwg'an menen jete almadi'. 3. Arti'qti'n' anasi' balasi'ni'n' izinen ko'rinbey ketse de qarap turdi'. (T.Q.) 4. Atamurat jatqan menen uyqi'lay almadi'. (T.Q.) 5. Wol wo'zinin' jasli'g'i'na qaramay Atamuratqa is buyi'ri'p ta qoyar yedi. 6. Jumagu'ldin' qarsi'li'g'i'na qaramastan, yeki jigit Sa'nemdi ko'terip arbag'a mingizdi. (T.Q.) 7. Wol i'n'i'rsi'g'ani' bolmasa awi'ri'wi'n sezdirmedi. (A.A'.)




*256-shi'ni'g'i'w.* **U'yge tapsi'rma**. Kestedegi pi'si'qlawi'shti'n' ma'nisine qaray tu'rlerin keltirip ha'r birine bir-birden woyi'n'i'zdan yamasa ko'rkem shi'g'armadan ga'p tawi'p jazi'n'.

***257-shi'ni'g'i'w.*** Qarsi'las pi'si'qlawi'shi' bar ga'plerdi terip ko'shirip jazi'n'. Qarsi'las pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' bildiriliwin, qanday sorawlarg'a juwap berip turg'ani'n tu'sindirin'.

1. Palwan woylang'an menen sheshe almadi'. 2. Yegisti qanshama keshiktirsek, ali'natug'i'n zu'ra'a't sonshama kem boladi'. (J.S.) 3. Wol sharshag'ani'na qaramastan mennen kem islegen joq. (N.D.) 4. Ji'lli'-ji'lli' so'ylesen', ji'lan innen shi'g'adi'. (naqi'l) 5. Xojan sharshasa da uyqi'lamadi'. (X.S.) 6. Ku'nnin' jelemikligi bolmasa, wonsha suwi'q yemes yedi. 7. Wolar ha'zir kelmegen menen keshletip keliwi mu'mkin. (T.Q.) 8. Wol yesitip turi'p u'ndemedi. 9. Men de wo'zimnin' jasli'g'i'ma qaramay anaw-mi'naw jumi'slarg'a kirisip ketetug'i'n yedim. (Sh.A.) 9. Men wo'zin'di ko'rmesem de, ati'n', familiyan' mag'an tani's boli'p shi'qti'. (A.W.)

## GA'PTIN' YEKINSHI DA'REJELI AG'ZALARI'N TA'KIRARLAW USHI'N SORAWLAR HA'M SHI'NI'G'I'WLAR

1. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' qanday tu'rlerge bo'linedi? Ne ushi'n wolar yekinshi da'rejeli ag'zalar dep ataladi'?
2. Toli'qlawi'sh ha'm woni'n' tu'rlerin ayti'n'. Toli'qlawi'sh bolatug'i'n so'zlerdin' ma'nisi qanday? Wolar qanday sepliklerde keledi? Sorawlari'n ayti'n'. Toli'qlawi'sh wo'zi qatnasli' bayanlawi'sh penen qanday usi'lda baylani'sadi'?
3. Ani'qlawi'sh degenimiz ne? Woni'n' ani'qlaw belgilerin ayti'n'. Ani'qlawi'shlar qanday so'zlerdi ani'qlap keledi? Sorawlari' qanday? Ani'qlawi'shti'n' ani'qlani'wshi' ag'za menen baylani'si'n ayti'n'.
4. Ayqi'nlawi'sh degen ne? Mi'sal keltirin'. Ayqi'nlawi'sh wo'z aldi'na ga'p ag'zasi' bola ala ma?
5. Pi'si'qlawi'sh degen ne? Pi'si'qlawi'shti'n' tiykarg'i' belgilerin ayti'n'. Wol qaysi' ag'zani' tu'sindirip, si'patlap keledi? Pi'si'qlawi'sh ma'nisine qaray neshege bo'linedi? Wolardi'n' tu'rlerin ha'm sorawlari'n ayti'n'. Pi'si'qlawi'sh tiykari'nan qaysi' ag'za menen baylani'sadi'.

***258-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n tawi'p, wolardi' tu'rlerine aji'rati'p ayti'n' ha'm bir-birinen wo'zgesheligin tu'sindirin'.

Qap-qara mayda, na'zik shashlari' shi'yi'ri'li'p-shi'yi'ri'li'p moyni'na tu'sip tur. Kamzoli' bolsa iyninen ji'li'si'p tu'sip ketkenlikten, woni' shi'g'anag'i' menen ilip, wo'zi mag'an tiyip ketiwden seskenip, armani'raq i'si'ri'li'p woti'r. Ko'zqarasi' ashi'wli' bolsa da, uluwma bet-a'lpetinen mehirbanli'q ha'm adamgershilik sezilip turg'an yedi. Ju'zleri jaynag'an, bet ajari' ti'ni'q. Qabag'i'n u'ymekshi boladi'dag'i', biraq, kelistire almay jol-jo'nekey i'qti'yatli'q penen mag'an qarap-qarap qoyadi'. Ko'zlerimiz ushi'rasi'p qaldi'. Wol mi'yi'q tartti'. Mine, usi' waqi'tta men ga'p baslawg'a ta'wekel yettim:

***259-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm qanday sorawlarg'a juwap beretug'i'ni'n ayti'n'.

1. Ja'miyla kirpiklerin u'sti-u'stine qaqti'. 2. Ha'r waqta taqi'r muzg'a asaydi'n' girsh yetip tiygen dawi'si' qulaqqa tal-tal keledi. (K.S.) 3. Jantaqlardi' qoylar pi'ti'rlati'p jey basladi'. (M.D.) 4. Appaq paxta jawdi'rasi'p, jarqi'rasi'p ashi'ldi'. (T.J.) 5. Buni' sezgen Aqi'lbek keynine wonsha qaray bermedi. (S.X.) 6. Arkadiy qalani'n' si'rti'na shi'g'i'p ketti. (A.W.)

***260-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh ha'm pi'si'q-lawi'shlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bil-dirilgenin, wo'zi qatnasli' ag'za menen sintaksislik baylani'si'w usi'li'n ayti'n'.

1. Mi'na jaqta studentlerdin' zawi'qli' ku'lkisi yesitiledi. (I.Y.) 2. Ten'izdin' salqi'n ja'ne taza hawasi' murni'n'di' jaradi'. (W.A.) 3. Uzi'n, ari'q kempir darwazani' ashti'. (B.B.) 4. Ken' alan'nan biliner-bilinbes salqi'n samal yesedi. (S.S.) 5. Zavod toqtawsi'z ju'rip tur. 6. Jumi's qi'zg'i'nli' ju'rip ati'r.

***261-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Pi'si'qlawi'shlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' bildiriliwin, sorawlari'n, pi'si'qlawi'shti'n' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

Bizler awi'lg'a jaqi'nlasa basladi'q. Yendi jol biraz tegislew yedi. Men mashinani' qatti'raq aydadi'm. Bizler ti'm-ti'ri's woti'rmi'z. Mashina awi'ldi'n' arasi'nan wo'tip barati'rg'an yedi.

Woti'rg'an jerimnen turi'p, diywaldan ha'wlige qaray basladi'm. Woshaq basi'nda qati'n-qalashlar u'ymelesip ju'r. U'lken samawri'nnan burqasi'nlap tu'tin shi'g'i'p ati'r.

Wol waqi'tlari' a'yne ba'ha'r yedi. Taw yeteklerinde lala gu'lleri ashi'lg'an. Bala waqti'mnan beri, men bul shoqtay jaynap turg'an gu'llerdi jaqsi' ko'retug'i'n yedim. (Sh.A.)

***262-shi'ni'g'i'w.*** **«Bizin' mektep», «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni»** degen temani'n' birewin tan'lap, kishi ko'lemli shi'g'arma jazi'n'. Shi'g'armani'n' jobasi'n wo'zlerin' du'zin'. Du'zgen ga'plerin'izde bas ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalar qatnasqan bolsi'n.

## WOQI'WSHI'LARDI'N' TIL BAYLI'G'I'N WO'SIRIWGE ARNALG'AN MATERIALLAR

***263-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi u'zindini di'qqat penen woqi'p shi'g'i'n'. Adamlardi'n' si'rtqi' ko'rinisin, is-ha'reketin ha'm t.b. belgilerin su'wretlewge qanday so'zlerdin' qollani'latug'i'ni'na di'qqat yetin'.

### I

A'ziz Shu'ku'rullaev ari'q-turi'qtan kelgen, suli'wshi'q qoyi'w qasli', qara ko'zli shaqqan jigit. A'zizdin' a'kesi Shu'ku'rulla temirshi usta Abdulla degennin' ko'rigin basi'p, ko'mirin tasi'p ju'retug'i'n jumi'sshi' yedi.

To'besi ku'nge ku'ygen, yetegin kir basqan ala taqi'yani'n' g'i'r do'geregine woramaldi' worap ali'p, qi'sta da, jazda da bir ju'risi yedi. Kiyimleri jupi'ni' bolg'an menen, buwday ren'nen kelgen bardamli' jigit yedi. Qoli'nan kelmeytug'i'n na'rsesi joq yedi. Saz-sa'wbet, woyi'n-ku'lki menen a'dep-ikramli', wa'dege i'qi'rarli' boli'w jaqsi' a'deti yedi.

Hamid zerger tun'g'i'sh uli' Shu'ku'rullani' a'dep-ikramli' yetip saqladi'. Kishi jasi'nan sazendege sha'kirt yetip berdi. Shu'ku'rulla wog'ada jaqsi' muzi'kani' su'ygen, duwtar shertkish jigit boli'p wo'sti. Shu'ku'rulla duwtar shertkende bu'lbu'lgo'yalar da ta'slim bolar yedi.

Shu'ku'rulla tug'i'rg'a qong'an qarshi'g'aday, sol ayaqti'n' u'stine minip woti'rar yedi. Qumarti'p qoli'na duwtar alar yedi. Ko'zleri masaladay jalti'ldap, alma beti gu'l-gu'l jani'p qushtarlanar yedi. (J.A.)

## II

Aysholpan ka’malg’a keldi. Mu’nayi’m minezli, qi’yqash qasli’, qara ko’z qi’z boldi’. Woni’n’ qolan’ shashi’ tallang’an jipektey jawi’ri’ni’n jawi’p tur. Qi’zg’i’sh do’ngen almaday betinin’ u’stinde turg’an noqattay qali’ ju’zikke qas qondi’rg’anday jarasadi’. Badam qabag’i’ni’n’ asti’nda ko’z jiyegine qatara wo’sken kirpik qi’yi’lg’an qasqa suli’wli’qti’n’ tamg’asi’n basi’p qoyg’anday ko’rinedi.

Ken’ jawi’ri’nli’, ay ju’zli Aysholpan ji’mi’yi’p qarap, mi’yi’q tartqanda, juldi’zlar ji’mi’n’lap ketkendey bolar yedi. Aq tamag’i’ bu’lkildep, so’ylegende suli’w diydari’na su’ysine qaraysan’. Suli’w si’mbati’ millionlag’an adamlardi’ tan’ qaldi’rar yedi. Ko’zinde i’shqi’ni’n’ woti’, miyirbanli’q nuri’ bar. I’si’q ju’zine ko’zin’ tu’skende ju’regin’e jag’i’mli’li’q payda bolg’anday seziledi.

Hinji marjanday dizilgen tis dodag’i’nan du’r shasha so’ylegende jarq-jurq yeter yedi. Qi’zi’l yerni aq ju’zine jarasi’q berip tur. Ay ju’zli Aysholpandi’ ko’rgen jigit ju’zine bir qaramay ketpes yedi. Bir g’ana qarap na’zer sali’w yemes, si’ltawg’a sebep tawi’p so’ylesiwge «Siz, biz», — degen bir awi’z so’zin yesitiwge qushtar yedi. (J.A.)

***264-shi’ni’g’i’w.*** Joqari’dag’i’ berilgen u’zindilerden paydalani’p, wo’zin’izge tani’s adami’n’i’zdi’n’ yamasa wo’z dosti’n’i’zdi’n’, unamli’ a’dep-ikramli’ ha’reketlerin bayanlap su’wretleme jazi’n’.

***265-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Mazmuni’n so’ylep berin’. Teksttegi qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerge tu’sindirme jasan’.

## QARAQALPAQ AWI’LLARI’

Buri’ng’i’ qaraqalpaq awi’llari’ni’n’ qi’sta jasag’an jeri **qi’slaw** dep ataladi’. Qi’slawlar qami’stan, ji’n’g’i’ldan, shen’gelden islenedi. Wolardi’n’ tu’bi jerge ko’milip, wortasi’nan **qi’spaq** buwi’ladi’. Bul **qoralar** bir qon’si’ menen yekinshi qon’si’ni’n’ qoralari’ bir-birine tutasti’ri’li’p u’lken qora qi’li’nadi’. Wonday qora ken’ ko’lemdi wo’z ishine aladi’. Wolar **ko’she-ko’she** boladi’. Bunday qali’n’ qoni’slasqan awi’ldi’ **bir gu’ren’ awi’l** dep ataydi’.

Qi’slawda qoralardi’n’ ishine **qara u’yler** tigiledi. Qi’s aylari’ awi’l adamlari’ usi’ u’ylerdin’ ishinde wo’mir keshiredi. Qi’sti’n’ qatti’ ayazli’ keshelerinde qara u’ydin’ wortasi’ndag’i’ **woshaqqa** wot jag’i’ladi’. Qatti’ ayaz ku’nleri balalar ku’ni menen sol woshaqti’n’ do’gereginde boladi’. Tu’n bolg’anda jatar waqta u’y ishinin’ ha’mmesi bir ko’rpege ti’g’i’ladi’. Adamni’n’ demi menen jatqan ko’rpenin’ yernegine **qi’raw** qatadi’. Jas balalardi’n’ kiyimi tek g’ana bir ko’ylekten ibarat boladi’. Tu’nde ko’rpede jatqanda ko’yleklerin sheship jatadi’. Azanda balalar jalan’ash yetine suwi’q ko’ylekti kiyiwge jerkenip, apasi’na:

—Apa, ko’ylegimdi ji’lti’p ber,—dep dawi’slaydi’. Miyirman ana balasi’ni’n’ ko’ylegin jani’p turg’an wotti’n’ jali’ni’na **qopsalay** ji’li’ti’p, balasi’na kiygizedi.

(Q.A’)

***266-shi’ni’g’i’w.*** Qosi’qti’ woqi’n’. Mazmuni’n tu’sinip ali’n’. Qosi’qtan paydalani’p, «Mehriban ana» degen temada anani’ su’wretlep kishi ko’lemli shi’g’arma jazi’n’.

## ANA

Sel burshaqtan qorg’ap wo’z palapani’n,
Kekilik qus wo’lipti shi’qpay uyadan ...
Men senin’ shadli’g’i’n’, demin’, da’wrani’n’.
Iske asqan a’rmani’n’man, anajan.

Jaralg’ansan’ meni jarati’w ushi’n,
Du’nyag’a tirishilik tarati’w ushi’n.
Men dep uyqi’ ko’rmey tan’ ati’w ushi’n,
Du’nyag’a kelgensen’ wo’zin’, anajan.

Aq su’tin’di qari’sti’ri’p qani’n’a,
Ha’yyiw ayti’p ko’terdin’ alaqani’n’a.
Aqsham aq besikti qoyi’p jani’n’a,
Tu’n uyqi’n’di’ to’rt bo’lgensen’, anajan.

Men ketsem wo’mirdin’ quwi’p qi’zi’g’i’n,
Sen jatarsan’ joyi’ti’lg’anday ju’zigin’,

Kirpigin’ ushi’nda woynap uzi’n tu’n,
Uyqi’n’di’ urlawshi’ mendur, anajan.

Sen miywali’ daraq, mendur jemisin’,
Boylari’mdi’ ko’rsen’ piter kemisin’,
Ha’r bir alg’an g’aniybetli dem ushi’n,
Ma’ngi minnetdarman sag’an, anajan.

*(I.Y.)*

## II

Yerjetken balalar jaqsi’ ta’rbiya ali’p, bir ka’sip iyelep alg’annan keyin ha’r waqi’t analari’ aldi’na kelgende aq su’t yemip, u’lken bolg’ani’n, woni’n’ bawi’ri’nda yerjetkenin yeslewi, anag’a qatti’ so’ylemewi, woni’n’ barli’q waqi’t jaqsi’ so’zler menen kewlin tabi’wi’ kerek. Anani’n’ bir waqi’tlari’ wo’zi ushi’n shekken japalari’n ko’z aldi’na keltirip, sol shekken japa ha’m miynetlerin umi’tti’ri’wg’a uri’nadi’, woni’n’ raxmetin ali’p, bir wo’mirge shad yetiwge ti’ri’sadi’.

*(Mustapa Hamiypashsha)*

***267-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen tekstti woqi’p, mazmuni’n tu’sinip ali’n’. Wonnan keyin’ «Dosli’q» degen temada gu’rrin’ jazi’n’. Jazg’an gu’rrin’in’izde wo’zin’nin’ doslari’n’ni’n’ turmi’si’nan mi’sallar keltirin’.

Dos dosti’n’ qasi’nda bolsa da, yaki uzaqta bolsa da, wolar bir-birine ko’zqarasi’n wo’zgertpeydi, bir-birinin’ shadli’g’i’na quwani’p ju’redi. G’am kelse birge tartadi’, dosti’na jaqsi’li’q yetse woni’ umi’tadi’. Dos wog’an jaqsi’li’q qi’lsa heshqashan umi’tpaydi’. Yeger dosti’ qa’te islep qoysa woni’ keshiredi. Dosti’na jaqsi’li’q yetse, wol woni’ qashan qaytarar yeken dep u’midiwar boli’p ju’rmeydi. Tek g’ana du’nyaxor kisiler barli’q na’rseni mal-du’nya menen wo’lsheytug’i’n adamlar sonday qi’yalda ju’riwi mu’mkin.

*(Abdulbarakat Kadiriy)*

# WOQI’W JI’LI’ DAWAMI’NDA WO’TILGENLERDI TA’KIRARLAW

## KO’MEKSHI SO’ZLERDI TA’KIRARLAW

***Sorawlarg’a juwap berin’.***

1. Ma’nili so’z shaqaplari’ neshew? Wolardi’ atap ayti’p berin’.
2. Ko’mekshi so’z shaqabi’ neshew? Wolardi’n’ ati’n atap ayti’n’.
3. Komekshi so’zler menen ma’nili so’zlerdin’ ayi’rmashi’li’g’i’ qanday? Wolar ne ushi’n ko’mekshi so’zler dep ataladi’?
4. Tirkewishler dep nege aytami’z? Wolar qanday xi’zmet atqaradi’? Tirkewishlerge mi’sal keltirin’.
5. Da’nekerler dep nege aytami’z? Wolar neshege bo’linedi? Atap ayti’n’.
6. Dizbeklewshi ha’m bag’i’ndi’ri’wshi’ da’nekerlerdin’ xi’zmetlerin ayti’n’.
7. Janapaylar degen ne? Wolardi’n’ xi’zmetin ayti’n’. Ma/me, ba/be, janapaylari’ni’n’ jazi’li’wi’n ayti’n’, mi’sal keltirin’.

***268-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Ko’mekshi so’zlerdi tawi’p, wolardi’ tu’rlerine aji’rati’n’ ha’m qanday xi’zmet atqari’p kelgenin ayti’n’.

Tereze jerden wonsha biyik yemes yedi. Birinshi boli’p Aydar sekirdi. Wonnan keyin i’qti’yatli’q penen Abdulla tu’se basladi’. Aydar woni’ yeki qoli’ menen qushaqlap, ayag’i’ jerge tiygenshe ja’rdemlesti. Yen’ son’i’nda Yakup sekirdi. Wol qulap ketip, qarag’aydi’n’ qatti’ tami’ri’na dizesin uri’p aldi’. Ayag’i’ juda’ qatti’ awi’rdi’, biraq Yakup, ha’tteki waq demedi.

Balalar do’gerekke bir qarasi’p aldi’ da, tog’ayg’a qaray juwi’-ri’si’p ketti. Adamlardi’n’ ko’zlerinen azmaz tasa bolg’an son’, wolar toqtadi’ ha’m Aydar qusti’n’ sayrag’ani’na usati’p, sozi’p i’sqi’rdi’. Wa’zirdin’ qulag’i’na bul i’sqi’ri’q jag’i’mli’ saz si’yaqli’ yesitildi. Biraq, solay bolsa da, joldaslari’ni’n’ bergen xabari’na, woti’rg’an worni’nan birden turi’p kete qoymadi’. (M.K.)

***269-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdegi ko’p noqatti’n’ worni’na to’mendegi tirkewishlerdin’ tiyislisin qoyi’p ko’shirip jazi’n’. Wolardi’n’ qanday seplik qosi’mtali’ yamasa qosi’mtasi’z qollani’li’w wo’zgesheligin tu’sindirin’.

Tirkewishler: sayi’n, arqali’, menen, keyin, benen, qarsi’, ta’rizli, qaray.

1. Bag’di’n’ aynalasi’ diywal ... qorshalg’an. (N.D.) 2. Ka’r-wan jollar usi’ Qon’i’rat ... wo’tedi yeken. (N.D.) 3. Ji’l ... ba-li’q awlaw jobasi’n asi’ri’p wori’nladi’. (K.S.) 4. Bizler Tashkentke ... poezd benen bardi’q. 5. Jigitler apatshi’li’qqa ... pida’kerlik penen gu’resti. («Y.Q») 6. Bular ji’ynali’sta ko’riskennen ... bir-yeki ret ushi’rasti’. (W.X.) 7. Azi’raq ti’ni’spadan ... wol qatti’ ju’rip ketti. (W.A.) 8. Shertek qaqi’ra ... quri’lg’an. (J.A.) 9. Tu’nge ... ku’n suwi’ta basladi’. (W.A.)

***270-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Da’nekerlerdi tawi’p, wolardi’n’ da’nekerdin’ qaysi’ tu’ri yekenin, baylani’sti’ri’wshi’li’q xi’zmetin ha’m ma’nisin (wolar jay ga’plerdegi so’zlerdi baylani’sti’ri’p kelgen be yamasa qospa ga’plerdin’ qurami’ndag’i’ jay ga’plerdi me) ani’qlan’.

1. Bala atasi’n ku’tken menen, biraq wol juwi’q arada kele qoymadi’. 2. Maraldi’n’ ko’zleri ya ji’pi’li’qlamaydi’, ya jumi’l-maydi’. 3. Arbakesh woti’ratug’i’n jer yeki adamg’a boladi’dag’i’, al u’sh adam woti’ra qoysa tarli’q yetedi. 4. Al, yendi bul arbag’a jegilgen atlar yen’ saylandi’, ku’shli ha’m ju’yrik qi’yli’si’nan yedi. (Sh.A.) 5. Qori’qtag’i’ jalg’i’zaqlar adamnan qorqpaydi’, sonli’qtan woni’ jaqsi’ baqlawg’a boladi’. (V.B.) 6. Buni’n’ ushi’n seni ayi’plawg’a bolmaydi’, nege desen’ sen yele ko’p na’rselerdi ko’rgenin’ joq. (Sh.A.)

***271-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi berilgen da’nekerlerdi keste ishine tu’rlerine aji’rati’p (qaysi’si’ dizbeklewshi, qaysi’si’ bag’i’ndi’ri’wshi’ yekenin) bo’lip jazi’n’.

Da’nekerler: ha’m, ha’m de, ja’ne, ja’ne de, tag’i’, tag’i’ da, menen. (benen,penen) da/de, yeger, yeger de, sebebi, wo’ytkeni, biraq, lekin, al, sonda da, solay da, so’ytse de, degen menen, nege desen’, sonli’qtan, sol sebepli, ya, ya’ki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne, a’lle, meyli, ya’ki bolmasa, sol ushi’n, soni’n’ ushi’n, negedur, na’tiyjede, soni’n’ na’tiyjesinde, ga’, ga’hi, geyde, ga’de, bazda, bir, birese, birde, a’ri.

Dizbekleniwshi da'nekerler, ha'm, ...,

Bag'i'ndi'ri'wshi' da'nekerler sebebi, ...

***272-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Janapaylardi' tawi'p, asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' qanday ma'nide qollani'li'p turg'ani'n ayti'n'.

1. Sultanmurat quwang'ani'nan ne derin bilmey qaldi'. Quwan-basqa bola ma, aqi'ri'. 2. Buni'n' qashannan beri qalag'a barg'i'si' kelip ju'rgenin a'kesi qalay bile qoydi' yeken-a'. 3. Sultanmurat degen yele qalag'a bari'p ko'rgen joq g'oy. Mine, joli' boli'p qaldi' yendi ... (Sh.A.) 4. Balali'q wo'mir de wo'z aldi'na bir wo'tkinshi qi'zi'q wo'mir g'oy. (K.S.) 5. Usi'ni' yesitiwden-aq Qanli'qi'li'shti'n' tu'rleri tebendey shanshi'ladi'. (Sh.S.)

## MODAL SO'ZLERDI TA'KIRARLAW

***Sorawlarg'a juwap berin'.***

1. Modal so'zler dep nege aytami'z?
2. Modal so'zler qanday ma'nilerdi bildiredi?
3. Modal so'zler ga'p ag'zasi' bola ala ma?
4. Modal so'zler qanday jag'dayda kiris ag'za, qanday jag'dayda qospa bayanlawi'shti'n' qurami'nda keledi?

***273-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Modal so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' so'ylewshinin' pikirine qatnasli' qanday ma'nide qollani'li'p turg'ani'n tu'sindirin'.

1. —Meyli, wonda men basli'qlar menen so'ylesip ko'remen, — dedi. 2. Demek, barmaytug'i'n boldi'm ba? — dep woyladi'm men. 3. Itimal, wol u'yinde shi'g'ar. 4. Wol anasi' ta'repten biraz jaqi'n yeken, shamasi', bo'leleri bolsa kerek. 5. Mu'mkin, Hasi'ldi'n' awi'li'nan shi'g'ar. (Sh.A.) 6. A'lbette, bilmewin'iz itimal, Ra'met ag'ay. 7. Ba'lkim, wolar di'm u'ndespey, til biriktirip ju'rgen shi'g'ar. (W.X.) 8. Xojali'qti'n' sani' ko'beyip, fermani'n' sa'ni kirip qali'pti', qullasi'. (G.I.)

***274-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi modal so'zlerdi qatnasti'ri'p ga'p du'zin'. Ga'ptegi pikirge wolardi'n' qanday ma'nide qatnas jasap turg'ani'n ayti'n'.

Modal so’zler: Mu’mkin, ba’lkim, a’lbette, ma’selen, shi’ni’nda da, itimal, so’zsiz.

## TAN’LAQ HA’M YELIKLEWISH SO’ZLERDI TA’KIRARLAW

***Sorawlarg’a awi’zsha juwap berin’.***

1. Qanday so’zlerdi tan’laq so’zler deymiz? Wolar qanday so’zlerdin’ topari’na kiredi?
2. Tan’laqlardi’n’ qurami’na qaray tu’rlerin ayti’n’.
3. Tan’laqlardi’n’ ma’nisine qaray bo’liniw tu’rlerin ayti’n’.
4. Qanday so’zler yeliklewish so’z boladi’?
5. Yeliklewish so’zlerdin’ qurami’na qaray tu’rlerin ayti’n’.

***275-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Tan’laqlardi’ ma’nisine qaray aji’rati’p ayti’n’.

1. Ah, Dolan, Dolan. Tyan-Shanni’n’ aybatli’ asi’ri’mi’. 2. Yapi’rmay-a, zor yekensen’ g’oy, — dep tan’i’rqandi’ birew. 3.— Bay-buw, muzlap qali’psan’ g’oy. Toqta, ji’li’ti’p jibereyin, — dep qoli’mdi’ paltosi’ni’n’ qoyni’na ti’qti’. 4. — Haw, buni’n’ ne jora. 5. Yapi’rmay-a’, bul bir qolaysi’z boldi’-aw. (Sh.A.) Pay, wo’zin’iz ku’ta’ qayi’rqom, ten’i joq adamsi’zdag’i’. 7. Ba’rekella, ja’bir shekken adamlar, shi’dan’lar. 8. A’tten’, usi’ waqi’tta Zerxan bolar ma yedi. 9. Ilayi’m, alawi’zli’q bolmag’ay, shi’rag’i’m. (T.Q.)

***276-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Tan’laqlardi’n’ asti’n si’zi’p, ayti’li’w intonaciyasi’na qaray tiyisli irkilis belgilerin qoyi’n’ ha’m wolardi’n’ sintaksislik xi’zmetin ani’qlan’.

1. Haw Sapar ag’a, usi’nday du’beleyde qayda ju’rsiz. 2. Raxmet balalari’m raxmet. 3. Yeh balam-aw, ayti’wg’a an’sat-aw. 4.Astapi’ralla, Sapar ag’a jati’p qaldi’ ma?—dep dawi’slap soradi’. 5. Ta’wbe keshe g’ana sap-saw ju’r yedi g’oy. 6. Alla yar bolsi’n ag’a... . 7. A’wmiyin aytqani’n’i’z kelgey. (Sh.S.) 8. Pah-pah qanday go’zzalli’q. U’wh Ju’magu’l bir gu’rsindi. (T.Q.) 9. Pay mi’na jani’warlardi’n’ shad boli’wi’n-ay — dep qoyadi’ kempir apam. 10. Pa-a-ay Yeger menin’ qari’ndasi’m bolg’anda ma ...(M.K.)

*277-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Yeliklewish so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ma'nisi boyi'nsha qaysi' tu'ri yekenin ha'm morfologiyali'q quri'li'si'n, irkilis belgilerin ha'm sintaksislik xi'zmetin ayti'p berin'.

1. Nege turi'psan', qa'ne zuwla. Jen'ilgen gewdesin kernep dem aladi' da: Zuw-zuw-zuw... 2. Qa'ne, gewden'di kernep dem al!—dedi. —Uff!—dep u'pledim men woni'n' betine. 3. U'lken maral moyni'n sozi'p, shaqi'n arqasi'na qayi'rdi' da, tap dawi'si'n trubadan shi'g'i'p ati'rg'anday yetip: Ba-o! Ba-o!—dep mo'n'irep jiberdi. 4. Woni'n' dawi'si' menen da'ryani'n' salasi' da A-o! A-o!—degendey jan'g'i'ri'p ketti. (Sh.A.) 5. «Wajj, wajj, bi'jj, bi'jj!!!» A'bden tislenip alg'an wol jip penen qosa qoli'ni'n' da ku'yip ati'rg'ani'n sezdi. (A.S.) 6. Tan' toli'q atqan ma'ha'lde gewishinin' ti'qi'ldi'si' yesitildi.7. Qara bultlar awi'l u'stine kelgende, gu'ldirmama gu'rkirep jarq-jurq yete qaldi'. (G'.S.)

## GA'PTIN' BAS HA'M YEKINSHI DA'REJELI AG'ZALARI'N TA'KIRARLAW

***Sorawlarg'a awi'zsha juwap berin'.***

1. Jay ga'pler dep nege aytami'z? Jay ga'plerdin' ani'qlaw belgilerin ayti'n'.
2. Jay ga'plerdin' grammatikali'q tiykari'n qaysi' ag'zalar du'zedi?
3. Ga'p ag'zalari' dep nege aytami'z? Ga'p ag'zalari' sintaksislik xi'zmetine qaray neshege bo'linedi?
4. Wolar ne ushi'n bas ag'za ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalar boli'p bo'linedi?
5. Bas ag'zalardi' ayti'n', wolardi'n' ati'n atan'. Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' baylani'si'w usi'li' qanday?
6. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' tu'rlerin ayti'n'. Toli'q-lawi'sh, tiykari'nan qaysi' so'z shaqaplari'nan boladi' ha'm qaysi' sepliklerde keledi?
7. Ani'qlawi'sh qanday so'zlerdi si'patlap keledi ha'm qanday so'z shaqaplari' arqali' bildiriledi?
8. Pi'si'qlawi'sh, ko'binese qaysi' ag'zag'a qatnasli' boladi'. Pi'si'qlawi'shlar is-ha'reketti qanday ma'nilerde si'patlaydi'? Ma'nilik tu'rlerin ayti'n'.

***278-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' grammatikali'q tiykarlari'ni'n' (bas ag'zalardi'n') asti'n tallaw u'lgisi boyi'nsha si'zi'p ko'rsetin'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan bolg'ani'n ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Ja'ha'nde yeki na'rse bar. Sol yeki na'rseden hesh na'rse jaqsi' yemes. 2. Birinshi — quwani'sh. Yekinshi — biyazarli'q. 3. Ha'rkim qoli'nda bari'na qanaat yetip, quwani'shli' jasasa, wol heshkimge jali'ni'shli' bolmaydi'. 4. Ha'rkim wo'zin jaqsi'li'q joli'na salsa, barli'q jamanli'qtan aman boladi'. 5. Sabi'rli'li'q ha'm shi'dam barli'q mu'shkillerdi jen'illestiredi. 6. Kishipeyillik ha'mmenin' ha'wesin ha'm hu'rmetin jaqsi'laytug'i'n a'detlerden sanaladi'. («A'deplilik bostani'»)

***279-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' asti'n tallaw u'lgisi boyi'nsha si'zi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilgenin, sorawlari'n ha'm wo'zi qatnasli' ag'za menen sintaksislik baylani'si'n (qanday usi'lda baylani'si'p kelgenin) tu'sindirin'.

1. Hawa rayi' azannan beri ashi'q. Ku'n jadi'rap ku'lip tur. A'dettegishe shi'mi'ri' ayaz betin'di qarpi'ydi'.

Samolyot tu'setug'i'n maydansha mektep-u'yden qashi'q yemes jerde. Adamlar ha'r jerde shomlar buwi'p qoydi'. Biraq samolyot wonda da, won birde de kelmedi.

Aybergen ag'a u'yinen shi'g'i'p maydanshag'a qaray ju're basladi'. Samolyot tuw uzaqtan sarqi'li'p kelip, maydanshani'n' da'l wortasi'nan wo'tip, arg'i' bastan aylana berip, bir shetirek qondi'. (W.X.)

## SHA’RTLI QI’SQARTI’WLAR

“A”. — “Alpami’s” da’stani’
A. A’. — Abat A’liyev.
A. B. — Asan Begimov
A. Bek — Aytbay Bekimbetov
A. D. — Abbaz Dabi’lov
A. G. — Arkadiy Gaydar
A. Q. — Abdulla Qahhar
A. M. — Ayapbergen Muwsaev
As. M. — Askad Muxtar
A. Wo. — Aman Worazov
A’jiniyaz — A’jiniyaz
A’. A. — A’bdimurat Atajanov
A’. A’ — A’skerbay A’jiniyazov
“A’”. j. — “A’miwda’rya” jurnali’
A’. Q. — A’bdibay Qarli’bayev
A’. N. — A’lisher Nawayi’
A’. W. — A’bilqasi’m Wo’tepbergenov
A’. T. — A’denbay Ta’jimuratov
A’. Sh. — A’met Shamuratov
B.B. — Bazargu’l Bekniyazova
Berdaq — Berdaq
B.S. — Bazarbay Seytekov
D. Sh. — D. Sherniyazova.
“Y.Q.” — “ Yerkin Qaraqalpaqstan”
G. E. — Genjemurat Yesemuratova
G. I. — Genjemurat Izimbetov
G’. S. — G’alim Seytnazarov
I. Q. — Ismayi’l Qurbanbayev
I. Y. — Ibrayi’m Yusupov
“J.” — “Jetkinshek”
J. A. — Jolmurza Aymurzaev
J. D. — Joldas Dilmuratov
Jiyen Ji’raw — Jiyen Ji’raw.
J. M. — Jubatxan Muratbayev
J. S. — Joldas Seytnazarov
J. S. — Jan’abay Saparov
J. Sh. — Jumaniyaz Sha’ripov
K. A. — Ken’esbay Allambergenov
Ku’nxoja — Ku’nxoja
K. M. — Kamal Ma’mbetov
K. S. — Karamatdin Sultanov

"Q". — "Qi'rq qi'z" da'stani'
"Q. x. y." — Qaraqalpaq xali'q yertekleri
Q. J. — Qa'liy Jumaniyazov
"Q. x. l." — Qaraqalpaq xali'q legendalari'
"Q. n. m." — "Qaraqalpaq naqi'l- maqallari'"
L.T. — Lev Tolstoy
Maqtumquli' — Maqtumquli'
M.D. — Mi'rzag'aliy Da'ribayev
M.K. — Mustay Ka'rim
M.S. — Ma'ten Seytniyazov
M.T. — Mi'rza Tursi'nzada
M.Sh. — Mixayl Sholoxov
N. B. — Na'biy Bo'rekeshev
N. D. —Na'jim Da'wqaraev
N. J. — Nawri'z Japaqov
N. S. — Na'zir Saparov
W. B. — Worazaq Bekbawlov
W. A. — Wo'tegen Ayjanov
Wo'tesh — Wo'tesh Alshi'nbay uli'
W. X. — Wo'serbay Xojaniyazov
S. A. — Sadritdin Ayniy
S. A. — Saparbay Ari'slanov
S. X. — Sapar Xojaniyazov
S. J. — Saylawbay Jumag'ulov
S. K. — Su'yin Kapaev
S. M. — Seyfulg'abit Ma'jitov
S. N. — Sadi'q Nuri'mbetov
S. P. — Seydulla Pirjanov
S. S. — Saparbay Saliyev
S. Sm. — Sergey Smirnov
T. X. — Tashkenbay Xalmuratov
T. J. — Tilewbergen Jumamuratov
T. Q. — To'lepbergen Qayi'pberge-nov
T. Q. — Toli'bay Qabulov
T. M. — To'lepbergenov Ma'tmura-tov
T. N. — Turdi'murat Na'jimov
T. S. — Tajetdin Seytjanov
U. P. — Uzaqbay Pirjanov
V. B. — Volentin Boshin
Z. V. — Zoya Voskresenskaya
Sh. A. — Shi'ng'i's Aytmatov
Sh. R. — Sharap Rashidov
Sh. S. — Shawdi'rbay Seytov

## MAZMUNI’

Kirisiw ........ 5
A’debiy til ha’m woni’n’ a’hmiyeti ........ 5

VI KLASTA WO’TILGENLERDI TA’KIRARLAW

Fonetika boyi’nsha wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw ........ 6
Leksikologiya boyi’nsha wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw ........ 8
So’z jasali’w boyi’nsha wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw ........ 9
Morfologiya boyi’nsha wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw ........ 10

MORFOLOGIYA HA’M IMLA

Ko’mekshi so’z shaqaplari’ ........ 12
§ 1. Ko’mekshi so’zler haqqi’nda tu’sinik ........ 12

TIRKEWISHLER

§ 2. Tirkewish haqqi’nda tu’sinik ........ 14
§ 3. Tirkewishlerdin’ tu’rleri ........ 16
§ 4. Tu’pkilikli tirkewishlerdin’ qollani’li’wi’ ha’m ma’nileri ........ 18
§ 5. Atawi’sh tirkewishlerdin’ qollani’li’wi’ ha’m ma’nileri ........ 20
§ 6. Feyil tirkewishlerdin’ qollani’li’wi’ ha’m ma’nileri ........ 21
Tirkewishlerdi morfologiyalli’q tallaw ........ 23
Tirkewishlerdi ta’kirarlaw ........ 24

DA’NEKERLER

§ 7. Da’neker haqqi’nda tu’sinik ........ 26
8. Dizbeklewshi da’nekerler haqqi’nda tu’sinik ........ 28
§9. Biriktiriwhsi da’nekerler ........ 29
§10. Qarsi’las da’nekerler ........ 30
§11. Awi’spali’ da’nekerler ........ 31
§12. Gezekles da’nekerler ........ 33
§13Bag’i’ndi’ri’wshi’ da’nekerler haqqi’nda tu’sinik ........ 34
§14. Sebep da’nekerleri ........ 36
§15. Na’tiyje da’nekerleri ........ 37
§16. Sha’rt da’nekerleri ........ 38
§17. Da’nekerlik xi’zmette qollani’latug’i’n so’zler ........ 39
Da’nekerlerdi morfologiyali’q tallaw ........ 41
Da’nekelerdi ta’kirarlaw ........ 42

JANAPAYLAR

§ 18. Janapay haqqi’nda tu’sinik ........ 43
§19. Soraw janapaylari’ ........ 45
§20. Ayi’ri’w-sheklew janapaylari’ ........ 47

§21. Ku'sheytiw janapaylari' ... 48
§22. Modal janapaylari' ... 50
§23. Janapaylardi'n' jazi'li'wi' ... 52
Janapaylardi' morfologi'yali'q tallaw ... 54
Janapaylardi' ta'kirarlaw ... 55

## MODAL SO'ZLER

§ 24. Modal so'zler haqqi'nda tu'sinik ... 56
§ 25. Modal so'zlerdin' ma'nileri ... 58
§ 26. Modal so'zlerdin' sintaksislik xi'zmeti ... 60
Modal so'zlerdi morfologiyali'q tallaw ... 62
Modal so'zlerdi ta'kirarlaw ... 62

## TAN'LAQ

§ 27. Tan'laq haqqi'nda tu'sinik ... 64
§ 28. Tan'laqlardi'n' quri'li'si' boyi'nsha tu'rleri ... 66
§ 29. Tuyg'i'-sezim tan'laqlari' ... 68
§ 30. Buyri'q tan'laqlar ... 69
§ 31. Turmi's-salt tan'laqlari' ... 70
§ 32. Tan'laqlardi'n' intonaciyasi', ga'ptegi xi'zmeti ha'm irkilis belgileri ... 71
Tan'laqlardi' morfologiyali'q tallaw ... 74
Tan'laqlardi'ta'kirarlaw ... 74

## YELIKLEWISH SO'ZLER

§ 33. Yeliklewish so'zler haqqi'nda tu'sinik ... 75
§ 34. Yeliklewish so'zlerdin' ma'nisine qaray tu'rleri ... 77
§ 35. Yeliklewish so'zlerdin' grammatikali'q wo'zgeshelikleri ... 79
§ 36. Yeliklewish so'zlerdin' sintaksislik xi'zmeti ... 81
Yeliklewish so'zlerdi morfologiyali'q tallaw ... 83
Yeliklewish so'zlerdi ta'kirarlaw ... 84

## SINTAKSIS HA'M PUNKTUACIYA
## JAY GA'P SINTAKSISI

§ 37. Jay ga'p haqqi'nda tu'sinik ... 86

## YEKI BAS AG'ZALI' GA'PLER
## GA'P AG'ZALARI'

§ 38. Ga'p ag'zalari' tuwrali' tu'sinik ... 88
§ 39. Baslawi'sh ... 92
§ 40. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen baslawi'shlar ... 93
§ 41. Bayanlawi'sh ... 96
§ 42. Jay feyil bayanlawi'sh ... 97
§ 43. Qospa feyil bayanlawi'sh ... 99

§ 44. Jay ha'm qospa atawi'sh bayanlawi'shlar ................................................ 101
§ 45. Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' sintaksislik baylani'si' ..................... 102
§ 46. Baslawi'sh penen bayanlawi'shti'n' arasi'na si'zi'qshani'n' qoyi'li'wi' ... 104

## GA'PTIN' YEKINSHI DA'REJELI AG'ZALARI'

§ 47. Toli'qlawi'sh ........................................................................................ 109
§ 48. Jay ha'm qospa toli'qlawi'sh ............................................................... 111
§ 49. Tuwra toli'qlawi'sh ................................................................................ 113
§ 50. Qi'ya toli'qlawi'sh ................................................................................. 115
§ 51. Ani'qlawi'sh .......................................................................................... 117
§ 52. Jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh ................................................................ 118
§ 53. U'ylesiwshi ani'qlawi'sh ....................................................................... 120
§ 54. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen ani'qlawi'shlar ........................................... 122
§ 55. Ayqi'nlawi'sh ......................................................................................... 123
§ 56. Pi'si'qlawi'sh ......................................................................................... 126
§ 57. Jay, qospa ha'm ken'eytilgen pi'si'qlawi'shlar .......................................... 128

## PI'SI'QLAWI'SHTI'N' MA'NISINE QARAY TU'RLERI

§ 58. Wori'n pi'si'qlawi'sh ........................................................................... 130
§ 59. Waqi't pi'si'qlawi'sh ............................................................................ 131
§ 60. Si'n pi'si'qlawi'sh ................................................................................ 132
§ 61. Mug'dar-da'reje pi'si'qlawi'sh ............................................................... 134
§ 62. Sebep pi'si'qlawi'sh .............................................................................. 135
§ 63. Maqset pi'si'qlawi'sh ............................................................................ 136
§ 64. Sha'rt pi'si'qlawi'sh .............................................................................. 139
§ 65. Qarsi'las pi'si'qlawi'sh .......................................................................... 140
Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm shi'ni'g'i'wlar ................................................................................ 142
Woqi'wshi'lardi'n til bayli'g'i'n wo'siriwge arnalg'an materiallar .................. 144
Woqi'w ji'li' dawami'nda wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw ....................................... 148
Sha'rtli qi'sqarti'wlar ........................................................................................ 154

**Abatbay Davletov, Ma'denbay Davletov**

Qoraqalpoq tili

Umimiy o'rta ta'lim maktablarining
7-sinfi uchun darslik

«Bilim» nashriyoti
Nukus – 2013

Redaktori' *Z. Oserbaeva*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Operatori' *N. Qaypbergenova*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**

Original-maketten basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 12.06. 2013-j.
Formati' 60x90 $^{1}/_{16}$. Kegl 11. Ofset usi'li'nda basi'ldi'.
Ko'lemi 10,0 b/t. 10,23 yesap b/t. Nusqasi' 8641. Buyi'rtpa № 13–97.

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» Ma'mleketlik ilimiy baspasi'.
100129, Tashkent q., Nawayi' ko'shesi, 30.

O'zbekstan Baspa so'z ha'm xabar agentliginin'
"O'zbekiston" baspa poligrafiya do'retiwshilik u'yi baspaxanasi'nda basi'ldi'.
100129, Tashkent, Nawayi' ko'shesi, 30-u'y.

## Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste

| № | Woqi'wshi'ni'n' ati' a'kesinin' ati' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilip, woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaat-landi'rarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri qayta jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaat-lanarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' qayta tiklew mu'mkin yemes. |